Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

E. Sariqov, B. Haydarov

# EKONOMI'KALIQ BILIM TI'YKARLARI 8

*O'zbekistan Respublikasi' Xali'q bilimlendiriw ministrligi ta'repinen uluwma orta bilim beriw mekteplerinin' 8-klasi' ushi'n sabaqli'q si'pati'nda usi'ni's yetilgen*

**«O'zbekiston milliy ensiklopediyasi»**
Ma'mleketlik ilimiy baspasi'
Tashkent–2014

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

UO'K 37.015.6(075)
KBK 65.01ya721
S-32

Pikir bildiriwshiler

U.G'afurov – TDİU ekonomika teoriyası kafedrası' baslı'g'ı' ekonomika pa'nleri kondidatı' dotsent .
N. Xotamova – RTM bas metodisti.
N. Doshmuratova – Tashkent qalalı'q g'h-mektep woqı'tıwshı'sı'.
M. Joraeva – XTV qaramag'ı'ndag'ı'

**Respublikali'q maqsetli kitap qori' qarji'si' yesabi'nan ijara ushi'n shi'g'ari'ldi'.**

© **"O'zbekiston milliy ensiklopediyasi"** Ma'mleketlik ilimiy baspasi', 2014.
© «Huqı'q ha'm jamiyet» MShJ, 2014

ISBN 978-9943-07-299-2

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MAZMUNI

Sabaqli’qtan paydalani’w boyi’nsha uluwma ko’rsetpeler ........ .......................... 5

**I bap. Ekonomikag’a kirisiw**

***1-tema.*** Yekonomika menen tani’si’w ..................................................................8
***2-tema.*** Sheklengenlik mashqalasi’ ............................................................... 11
***3-tema.*** Tan’law ha’m woni’n’ alternativ quni’ .............................................. 14
***4-tema.*** O’ndiris ha’m woni’n’ faktorlari’ ...................................................... 18
***5-tema.*** Miynettin’ bo’listiriliwi ha’m qa’nigelesiw ........................................ 22
***6-tema.*** Yekonomikali’q sistemalar ............................................................... 26
*I bapti’ ta’kirarlaw ushi’n soraw ha’m tapsi’rmalar* ........................................ 30

**II bap. Bazar**

***7-tema.*** Almasti’ri’w ha’m pul .......................................................................... 34
***8-tema.*** Bazar ha’m woni’n’ tu’rleri ................................................................. 38
***9-tema.*** Bazarlar ha’m ni’rqlar ......................................................................... 42
***10-tema.*** Bazar qatnasi’wshi’lari’ ..................................................................... 46
*II bapti’ ta’kirarlaw ushi’n soraw ha’m tapsi’rmalar* ....................................... 50

**III bap. Shan’araq — u’y xojali’qlari’ ekonoimaksi’**

***11-tema.*** Tuti’ni’wshi’lardi’n’ da’ramatlari’ ha’m qa’rejet tu’rleri ...................... 54
***12-tema.*** Mu’lk ha’m menshiklestiriw ............................................................... 58
***13-tema.*** Da’ramat ha’m bayli’q ........................................................................ 62
***14-tema.*** Toplaw ha’m qamsi’zlandi’ri’w .............................................................. 66
***15-tema.*** Yekonomikali’q sheshim qabi’llaw ........................................................ 70
***16-tema.*** Tuti’ni’wshi’lardi’n’ huqi’qlari’ .............................................................. 74
*III bapti’ ta’kirarlaw ushi’n soraw ha’m tapsi’rmalar* ...................................... 78



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## IV bap. Talap ha'm usi'ni's

***17-tema.*** Talap ha'm talap ni'zami' ........ 82
***18-tema.*** Talapqa ta'sir yetiwshi basqa faktorlar ........ 86
***19-tema.*** Usi'ni's ha'm usi'ni's ni'zami' ........ 90
***20-tema.*** Usi'ni'sqa' ta'sir yetiwshi basqa faktorlar ........ 93
***21-tema.*** Tovardi'n' bazar ni'rqi' ........ 96
***22-tema.*** Talap ha'm usı'nı's nı'zamları'na baylanı'slı' a'meliy shı'nı'g'ı'w... ........ 100
***23-tema.*** Talap ha'm usi'ni's wwo'zgeriwinin' bazar ni'rqi'na ta'siri ........ 102
*IV bapti' ta'kirarlaw ushi'n soraw ha'm tapsi'rmalar* ........ 105

## V bap. Ba'seki ha'm bazar yekonomikasi'

***24-tema.*** Ba'seki ........ 108
***25-tema.*** Monopoliya ha'm monopoliyalasqan bazarlar ........ 112
***26-tema.*** Bazar yekonomikasi' ........ 117
***27-tema.*** O'zbekistan bazar yekonomikasi'na qaray ........ 121
*V bapti' ta'kirarlaw ushi'n soraw ha'm tapsi'rmalar* ........ 126

## VI bap. Sali'q sistemasi'

***28-tema.*** Salı'qlar ha'm wolardı'n' tu'rleri ........ 130
***29-tema.*** Salı'qqa tartı'w tiykarları' ........ 134
***30-tema.*** Salı'q to'lewshilerdin' huqı'qları' ha'm minnetleri ........ 137
*VI bapti' ta'kirarlaw ushi'n soraw ha'm tapsi'rmalar* ........ 140
Bilimin'izdi si'nap ko'rin' ........ 143
Geypara yekonomikali'q atamalar so'zligi ........ 148
Ta'kirarlaw ushi'n berilgen test ha'm tapsi'rmalardi'n' juwaplari' ........ 157



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## SABAQLİ’QTAN PAYDALANİ’W BOYİ’NSHA ULUWMA KO’RSETPELER

Ha’r bir temag’a tiyisli materiallar to’mendegi punktlerge bo’lingen ha’m belgili bir ta’rtipte sabaqli’qti’n’ betlerinde jaylasti’ri’lg’an, bazi’ punktler ani’q bir belgi asti’nda aji’rati’p ko’rsetilgen:

1. Sabaqti’n’ qatar sani’ ha’m temasi’.
2. Sabaq temasi’n jari’ti’p beriwge ja’rdem beretug’i’n mashqalali’ jag’dayg’a tiyisli ko’rgiz-beli mag’luwmat, su’wret, keste, diagramma ha’m basqalar.
3. Temag’a baylani’sli’, tiykari’nan u’yde u’yreniwge arnalg’an tiykarg’i’ tekst.
4. Berilgen mashqalali’ jag’dayg’a tiyisli jedellestiriwshi soraw ha’m tapsi’rmalar.
5. Sabaq dawami’nda qollani’latug’i’n tayani’sh atamalardi’n’ ani’qlamasi’.
6. Wo’zlestirilgen bilimlerdi teren’lestiriw, ta’kirarlaw ha’m wo’zin-wo’zi tekseriw ushi’n berilgen sorawlar.
7. Ysaplaw jumi’slari’ talap etiletug’i’n, a’meliy xarakterdegi tapsi’rma ha’m shi’ni’g’i’wlar.
8. I’zleniw ha’m kishi izertlew ali’p bari’w ushi’n woqi’wshi’larg’a wo’z aldi’na beriletug’i’n wo’z betinshe u’y tapsi’rmalari’.
9. Wo’z betinshe pikirlew ha’m bilimlerin teren’lestiriw ushi’n berilgen sorawlar.
10. Temani’n’ yadta saqlani’wi’ kerek bolg’an tiykarg’i’ wo’zegi.
11. Jurti’mi’zg’a ta’n shi’g’i’s u’rp-a’detleri ha’m wolarg’a baylani’sli’ soraw ha’m tapsi’rmalar.
12. Temag’a baylani’sli’ du’nyag’a ko’zqarasti’ ken’eytetug’i’n mag’luwmatlar.
13. Wo’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti I’.A.Karimovti’n’ shi’g’armalari’nan u’zindiler.
14. Yekonomikali’q tu’siniklerdi wo’zara baylani’sti’ratug’i’n formulalar



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sabaqli'q boyi'nsha 30 sabaq ha'm 4 (ha'r bir sherekte birewden) arali'q qadag'alaw wo'tkeriw maqsetke muwapi'q. Ha'r bir temag'a tiyisli materiallardi' bir sabaq dawami'nda ha'm u'yde wori'nlaw lazi'm.

Jan'a temani' wo'tiwde, tiykari'nan joqari'da ko'rsetilgen 2—5-punkt materiallari' menen islesiw kerek.

3-punkttegi berilgen materiallardan, tiykari'nan u'yde woqi'w ha'm u'yreniw ushi'n paydalani'w lazi'm.

Sabaq temasi'n bekkemlewdi 6-punkttegi soraw ha'm tapsi'rmalar menen 7-punkttegi shi'ni'g'i'w ja'rdeminde a'melge asi'rg'an maqul.

8-punkttegi tapsi'rmalar kishi izleniw ha'm izertlew si'pati'nda woqi'wshi'larg'a wo'z betinshe jumi's islewge arnalg'an.

9—12-punkttegi sorawlar, tiykarg'i' qatarlar ha'm qa'diryatlar wo'z betinshe baqlaw ju'rgiziw, bilimlerin bayi'ti'w, a'melde qollani'p ko'riw ha'm wo'zin-wo'zi tekseriw maqsetinde paydalang'ani' maqul.

Woqi'wshi'lar di'qqati' 4-punkttegi gilt atamalar ha'm 10-punkttegi temani'n' tiykarg'i' qatarlari'na qarati'li'wi' lazi'm.

U'yge tapsi'rmalar sabaqta talqi'lang'anda 9—10-punkt soraw ha'm tapsi'rmalari' tiykari'nda berilgeni maqul.

Ha'r bir bap aqi'ri'nda berilgen ta'kirarlaw ushi'n soraw ha'm tapsi'rmalardan wo'tilgenlerdi wo'z betinshe ta'kirarlap bari'w, arali'q qadag'alaw sorawlari'na tayarlani'w maqsetinde paydalani'w usi'ni's etiledi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE









# I bap. Ekonomikag'a kirisiw

**Usi' baptag'i' materiallardi' u'yreniw na'tiyjesinde to'mendegi bilim, sheberlik ha'm ko'nlikpelerge iye bolasi'z:**

— yekonomikani' xojali'qti' ju'rgiziw sistemasi' si'pati'nda si'patlay ali'w ha'm woni'n' qurami'n bo'limlerge aji'rata ali'w;
— za'ru'rliklerdi aji'rata ali'w;
— insan za'ru'rliklerinin' sheksizligin tu'siniw;
— resurslardi'n' sheklengenligin tiykarlaw;
— yekonomikani'n' tiykarg'i' mashqalasi'ni'n' man'i'zi'na tu'siniw;
— tan'lawdi'n' za'ru'rlik yekenligin an'law;
— tan'lawdi'n' alternativ quni'n taba biliw;
— wo'ndiris faktorlari'n aji'rata biliw;
— miynet wo'nimdarli'g'i'ni'n' man'i'zi'na tu'siniw;
— miynet wo'nimdarli'g'i'n a'piwayi' mi'sallarda esaplay biliw;
— miynet bo'listiriliwinin' arti'qmashi'li'q ha'm kemshilik ta'replerin sanaw;
— miynet bo'listiriliwinin' ha'm qa'nigelesiwdin' wo'zara baylani'sli'li'g'i'n tu'siniw;
— ha'r qanday ja'miyet aldi'nda turg'an u'sh tiykarg'i' sawaldi'n' man'i'zi'na tu'siniw;
— yekonomikali'q sistemalardi' bir-birinen aji'rati'w ha'm sali'sti'ri'w.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 1-TEMA EKONOMI’KA MENEN TANISIW









**1-sentyabr — O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ g’a’rezsizlik ku’ni!**







## JEDELLESTI’RI’WSHI’ SORAW HA’M TAPSIRMALAR

1. “Yekonomika” so’zin qalay tu’sinesiz? Yekonomika neden quralg’an?
2. Ekonomikani’n’ tiykarg’i’ wazi’ypasi’ neden ibarat boli’wi’ kerek dep woylaysi’z?
3. Ne sebepten yekonomikani’ u’yreniw kerek?
4. Joqari’da keltirilgen su’wretlerdi ko’zden wo’tkerip, g’a’rezsizlik ji’llari’nda boy tiklegen, respublikami’z yekonomikasi’ni’n’ ti’rnag’i’n quraytug’i’n wo’ndiris ka’rxanalari’ ha’m sho’lkemlerin sanan’?

## EKONOMI’KA

Ta’biyatta tayar hali’nda nan, kiyim-kenshek, u’y-jay joq. I’nsan ta’biyatta tayar hali’nda gezlespeytug’i’n barli’q na’rselerdi wo’zi jarati’wg’a ma’jbu’r. Wol usi’ maqsette ta’biyat qushag’i’nda *yekonomika* dep atalatug’i’n u’lken xojali’qti’ ju’zege keltiredi. Son’g’i’li’g’i’nda yekonomika xojali’q ju’rgiziw sistemasi’ si’pati’nda — insanni’n’ jasaw ha’m kamalg’a keliwinin’ birden-bir qurali’na aylang’an.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ekonomikani'n' yen' tiykarg'i' quramli'q bo'legi — bul adamlar boli'p tabi'ladi'. Adam wo'z miyneti, aqi'l-oyi' arqali' yekonomikani' ha'reketke keltiredi, basqaradi'. Ekonomikani'n' yekinshi quramli'q bo'legi — bul ta'biyat. Ta'biyat yekonomikani'n' shiyki zat qoymasi'. Ekonomikani'n' u'shinshi bo'legi — jay ha'm imaratlar, zavod ha'm fabrikalar, jol ha'm ko'pirler, a'sbap-u'skeneler, mashina ha'm mexanizmler ha'm basqa bir qansha insan qoli' menen do'retilgen na'rselerden quri'lg'an jasalma ortali'q.

Ekonomikani'n' usi' u'sh quramali' bo'leklerinin' birigiwi na'tiyjesinde, yekonomikali'q protsessler payda boladi'. Yekonomikali'q protsessler to'rt basqi'shta wo'tedi. Birinshi basqi'shta, insan za'ru'rliklerin qanaatlandi'ri'w ushi'n xi'zmet yetetug'i'n wo'nimler, yag'ni'y tovar ha'm xi'zmetler jarati'ladi', islep shi'g'ari'ladi'. Yekinshi basqi'shta, jarati'lg'an tovar ha'm xi'zmetler bo'listiriledi. Keyingi basqi'shta, wolar almasti'ri'ladi' ha'm aqi'rg'i' basqi'shi'nda paydalani'ladi'..

**Yekonomika** — insanni'n' wo'miri ushi'n za'ru'r wo'nimlerdi jarati'wg'a qarati'lg'an xojali'q ju'rgiziw sistemasi'.

Ekonomikani' ju'rgiziw, yag'ni'y yekonomikali'q protsesslerdi basqari'w mashqalasi' menen adamlar a'yyemnen tani's bolg'an. Gretsiyada yeki mi'n' ji'l buri'n *"Ekonomikos"* (awdarmasi' *"u'y xojali'g'i'n ju'rgiziw wo'neri"*), dep atalg'an yekonomikag'a baylani'sli' birinshi kitap Ksenofont (erami'zdan buri'ng'i' 430—355-ji'llar) ta'repinen jazi'lg'an. "Yekonomika" (o'zbek tilinde "iqtisodiyot") so'zi usi' kitap ati'nan kelip shi'qqan.

Ekonomika pa'ni - insannı'n' ekonomikalı'q wo'nimlerdi jaratıw protsessindegi xı'zmetin ha'm wo'z-ara qatnası'qları'n u'yrenetug'ın pa'n.

Ha'zirgi waqi'tta yekonomika pa'ni tek g'ana bir u'y xojali'g'i'n yemes, al, pu'tkil bir ma'mleket, ha'tte, du'nya xojali'g'i'n ju'rgiziw jol-jobalari' haqqi'ndag'i' ilim si'pati'nda tu'siniledi. Solay yetip, *yekonomika pa'ni* — adamlardi'n' yekonomikali'q wo'nimlerdi jarati'w protsessindegi iskerligin, wo'zara mu'na'sebetlerin u'yrenetug'i'n pa'n yeken.

Zamanago'y yekonomika pa'ni mikroekonomika ha'm makroekonomika dep atalg'an bo'limlerge bo'linedi. *Mikroekonomika* — jeke ali'ng'an shan'araq, ka'rxana, taraw yekonomikasi'n u'yrenedi. *Makroekonomika* bolsa, ma'mleket ko'lemindegi yekonomikani' u'yrenedi. Biz tani'si'wdi' mikroekonomikadan baslaymi'z.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Ksenofont**
(425 – 356)

Ksenofont (erami'zdan aldi'ng'i' 425-356 jillar jasag'an) grek tariyxshi'si' ha'm filosof. Ksenofont yekonomika pa'nine baylanisli bir neshe shi'g'armalar jazg'an.

Ksenofont yekonomika ilimi tariyxi'na miynet bo'listiriliwinin' a'hmiyeti, woni'n' bazar wo'lshemlerine baylani'sli' yekenligin, tovar quni' wonin' paydali'li'g'i' ha'm almasi'wli'li'g'i'na baylani'sli' yekenligin, puldi'n' sheksiz ko'lemde toplaw mu'mkin bolg'an arnawli' tovar yekenligin birinshi boli'p tu'sinik bergen shaxs sipati'nda kirgen.

## BILIMIN'IZDI SINAP KO'RIN'!

1. Yekonomika xojali'qti' ju'rgiziw sistemasi' si'pati'nda nelerden quralg'an?
2. Yekonomika pa'ninin' kelip shi'g'i'wi' haqqi'nda qi'sqasha ayti'p berin'.
3. Yekonomikali'q protsess basqi'shlari'n sanan' ha'm bir mi'sal tiykari'nda olardi' tu'sindirin'.
4. Ha'r bir puqara ushi'n yekonomikani' u'yreniw turmi'sli'q za'ru'rlik yekenligin u'sh da'lil ja'rdeminde tiykarlan'.
5. Ku'ndelikli turmi'sta yekonomikali'q bilimler qashan ha'm qanday jag'daylarda kerek boladi'?
6. Yekonomika pa'ni neni u'yrenedi? Yekonomika pa'ni qanday bo'limlerden quralg'an?.

## Buni' yadta tuti'n'!

- Yekonomika – insanni'n' jasawi' ha'm kamal tabi'wi'ni'n' birden-bir usi'li'.
- Ekonomikani'n' quramli'q bo'lekleri: ta'biyat adamlar ha'm adamlar ta'repinen jarati'lg'an barli'q zatlar.
- Yekonomikali'q protsess basqi'shlari': wo'ndiris, bo'listiriw, almaslaw ha'm paydalani'w.
- Mikroekonomika ha'm makroekonomika yekonomika pa'ninin' quramli'q bo'lekleri.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# SHEKLENGENLI'K MASHQALASI

## 2- TEMA










### JEDELLESTI'RI'WSHI' SORAW HA'M TAPSİ'RMALAR

1. I'nsan jer betinde jasap, talap da'rejesinde turmi's keshiriwi ushi'n wo'zinde nelerge mu'ta'jlik, za'ru'rlik sezedi? 3 minut ishinde bul za'ru'rlikler dizimin islen'. Yeger waqi't jetkilikli bolg'anda, bul dizimdi ja'ne qansha dawam yetiwin'iz mu'mkin yedi? Uluwma alg'anda, insan za'ru'rliklerinin' son'i', shegi bar ma?
2. 1-su'wrette su'wretlengen pillekeshtin' qanday za'ru'rligi boli'wi' mu'mkin?
3. 2-su'wrettegi su'wretlengen mektep woqi'wshi'lari'ni'n' she?
4. Joqari'da ani'qlang'an jetispewshiliktin', mashqalalardi'n' tiykarg'i' sebebi nede dep woylaysi'z?

### EKONOMIKANI'N' TI'YKARG'I' MASHQALASI'

I'nsan — sanali' tirishilik iyesi. Wol ha'r qashan jaqsi' jasawg'a umti'li'p kelgen. Ayi'wdi'n' qarni' toysa, uyasi'na kirip uyqi'laydi'. I'nsan bolsa qolg'a kirgizgen na'rsesi ha'm abi'roy-atag'i' menen qanaatlanbaydi'. Wol jaqsi'raq awqatlani'wg'a, jaqsi'raq kiyiniwge, jaqsi'raq turmi's sharayati'na iye boli'wg'a, joqari'raq ma'rtebelerge iye boli'wg'a, jaqsi'raq bilim ali'wg'a umti'ladi'. Wog'an ha'r qashan qanday da bir na'rse jetispeydi. Soni'n' ushi'n da, insan za'ru'rliklerinin' son'i', shegi joq, dep aytami'z.

I'nsan za'ru'rlikleri belgili bir adamg'a yamasa toparg'a tiyisliligi boyi'nsha *jeke za'ru'rlik* ha'm *sotsialli'q za'ru'rlik* si'yaqli' tu'rlerge bo'linedi.

**Za'ru'rlik** — insanni'n' belgili bir sharayatta jasawi' ha'm kamalg'a keliwi ushi'n za'ru'r bolg'an na'rselerge mu'ta'jligi.

Jeke za'ru'rlik dep bo'lip ali'ng'an jeke adamg'a g'ana tiyisli jeke gigiena quralları', kiyim-kenshek, gazeta woqi'w si'yaqli' za'ru'rliklerge ayti'ladi'.

Sotsialli'q za'ru'rlikler adamlardi'n' bir-birine jaqi'n, tati'wli'qta turmi's keshiriwi menen baylani'sli', birgelikte qanaatlandi'ri'latug'i'n mektepte bilim ali'w, ja'miyetlik transporttan paydalani'w si'yaqli' uli'wmali'q za'ru'rliklerden ibarat.

I'nsan za'ru'rliklerin qanaatlandi'ri'w ushi'n wog'an ha'r qi'yli' azi'qlar za'ru'r boladi'. Bul azi'qlardi'n' ayri'mlari'n (hawa, suw, quyash jaqti'si',



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Pa’n tariyxi’na baylani’sli’ shi’g’armalardan u’zindi.**

“Haywan ta’biyat wo’nimlerine qanaat yyetedi. Adamlarg’a bolsa ta’biyat wo’nimleri kemlik yyetedi. Wolar awqat, kiyim-kenshek, u’y-jayg’a za’ru’rlik sezedi. Haywan ta’biyat inamlari’n tayar halda wo’zlestirip aladi’, adam bolsa wo’z miyneti menen wo’zine awqat, kiyim-kenshek,turaq jay jaratadi’. Usi’ maqsette insan diyqanshi’li’q ha’m wo’nermentshilik penen shug’i’llani’wi’ kerek.

*(Abu Ali Ibn Sino)*

i’ssi’li’g’i’ ha’m basqalardi’) insang’a ta’biyat inam yyetedi. Wolardi’ *yyerkin azi’qlar* dep ataymi’z. Al, basqalari’n insan wo’z miyneti, yekonomikali’q iskerligi menen jarati’wi’, wo’ndiriwi za’ru’r boladi’. Wolardi’ *yekonomikali’q azi’qlar* dep ataymi’z. I’nsan za’ru’rliklerin qanday da bir materialli’q na’rse — tovardi’ tuti’ni’wi’ yamasa qanday da bir xi’zmet tu’rinen paydalani’w arqali’ qanaatlandi’ri’wi mu’mkin. Qanday da bir wo’nimdi islep shi’g’ari’w ushi’n ta’biyattan shiyki zattan baslap insanni’n’ fizikali’q ku’shi, bilimi, ha’r tu’rli mashina ha’m mexanizmler, a’sbap-u’skeneler, imarat ha’m quri’li’slar, qullasi’, bir so’z benen aytqanda, *wo’ndiris* resurslari’ za’ru’r boladi’. Yekonomikali’q resurslar mug’dari’ bolsa, tilekke qarsi’ shegaralang’an. Sol sebepli, insanni’n’ barli’q jetispewshiliklerin, za’ru’rliklerin toli’q qanaatlandi’ri’wdi’n’ ilaji’ joq. Ekonomistler bul mashqalani’ *sheklengenlik mashqalasi’* dep ju’ritedi ha’m wol yekonomikani’n’ *tiykarg’i’ mashqalasi’* yesaplanadi’.

Adamlardi’n’ sheklengen resurslari’nan paydalani’p, sheksiz za’ru’rliklerin toli’g’i’raq qanaatlandi’ri’wg’a qarati’lg’an, aqi’lg’a muwapi’q xojali’qti’ ju’rgiziw jol-jobalari’n yekonomika pa’ni u’yrenedi.

Sheklengen resurslardan qalay paydalani’w insanni’n’ ruwxi’y dun’yasi’na da baylani’sli’. Ruwxi’y ta’repten to’men adam wo’z za’ru’rliklerinin’ materialli’q ta’repin g’ana itibarg’a aladi’. Bul bolsa aqi’r-aqi’betinde sol insanni’n’ turmi’si’na, woni’n’ ja’miyettegi wworni’na jaman ta’sirin ko’rsyetedi. Sol sebepli, ha’r bir adam wo’z za’ru’rliklerinin’ ruwxi’y ha’m materialli’q ta’repine a’hmiyet beriwi lazi’m. Ruwxi’y jaqtan joqari’ insan wo’zinin’ materialli’q za’ru’rliklerin qanaatlandi’rar yeken, a’tiraptag’i’ adamlarg’a ha’m ja’miyetke zi’yan bermewge umti’ladi’.

**Yekonomikali’q resurslar** — tovar ha’m xi’zmetler jarati’w ushi’n kerekli barli’q na’rseler.

**Yyerkin wo’nimler** — insang’a ta’biyat ta’repinen inam yetilgen biypul azi’qlar.

**Yekonomikali’q wo’nimler** — insan yekonomikali’q iskerligi na’tiyjesinde jarati’lg’an wo’nimler.

**Sheklengenlik mashqalasi’** — sheksiz za’ru’rlikler ha’m sheklengen resurslar arasi’ndag’i’ qarama-qarsi’li’q.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Tsitata**

I’nsang’a ta’n arzi’w-umti’li’slardi’ ju’zege shi’g’ari’w, woni’n’ sanali’ wo’mir keshiriwi ushi’n za’ru’r bolg’an materialli’q ha’m ruwxi’y du’nyani’, pa’rwaz yetip ati’rg’an qusti’n’ yeki qanati’na ten’lestirsek, ju’da’ wori’nli’ boladi’ dep woylayman.

Qay waqi’tta usi’ yeki a’hmiyetli faktor wo’z ara u’ylesse, haqi’yqi’y qos qanatqa aylansa, sonda g’ana insan, ma’mleket ha’m ja’miyet turmi’si’nda wo’siw-o’zgeris, joqari’law protsessi ju’z beredi.

*I’.A. Karimovti’n’ “Joqari’ ma’nawiyat—jen’ilmes ku’sh” kitabi’nan.*

Ekonomikali’q

Siz wo’zinizdin’ ay dawami’ni’zda kiris qi’lg’an qa’rejetin’izdi qalay woylag’ani’n’i’zdi’ keste ko’rinisinde ko’rsetin’ ay dawami’nda kiris qi’lg’an barli’q pullari’n’i’zdi’n’ mug’dari’n kiris qatari’na barli’q jumsalg’an qa’rejetinizdi qa’rejet qatari’na jazi’p shi’gi’n. Yeger birewden qari’z alg’an bolsan’ız yamasa wo’zinizdin’ sa1lap qoyg’an pulların’i’zdan jumsap jibergen bolsan’ız wolardi’ “kiris” qatari’na yeger aldi’nan algan qari’zi’n’i’zdi’ qaytadan bo’lsen’iz wolardi’ qa’rejet qatari’na jazi’n’ kiris qatari’ndag’i’ barli’q sanlardi’ qosi’p shi’gi’n’. Ji’yi’ndi’lar, yag’ni’y sizin kiris ham qa’rejetlerin’izdi ten’ bo’lip shi’gi’wi’ kerek.

Du’zgen tablitsan’i’z ja’rdeminde to’mendegi sorawlarg’a juwap berin.

1. Ata-anan’i’z sizin’ qa’rejetlerin’iz ushi’n jane qansha 25000 sum aji’ratsa siz ja’ne qanday za’ru’rliklerdi qandi’rg’an bolar yedin’iz mine sonnan kiyin sizin’ za’ru’rligin’iz toli’q qandi’ri’lama 50000 sum aji’ratsa ne
2. Sizge ja’ne qansha pul aji’rati’lsa sizin’ za’ru’rliklerin’iz to’legi menen qandi’riladi’ dep aylaysi’z.
3. Ne sebepten sizge qa’leginshe pul aji’rati’lmaydi’ Tablitsan’i’zdi’ resuruslar sheklengenligi menen tiykarl’anadi’.

## BILIMIN’IZDI SINAP KO’RIN’!

1. Nege insan za’ru’rliklerinin’ izi joq? Sheksiz za’ru’rlikler qalay qanaatlandi’ri’ladi’?
2. Awi’l ha’m qalada jasaytug’i’n shan’araqlardi’n’ za’ru’rliklerinin’ ha’r tu’rli boli’wi’ni’n’ sebebi nede?
3. Sheklengenlik mashqalasi’ni’n’ man’i’zi’ nede? Wog’an 5 mi’sal keltirin’.
4. Shan’araq boli’p jasawdi’n’ qanday abzalli’g’i’ bar?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 3-TEMA

## TAN'LAW HA'M WONIN' ALTERNATI'V QUNI'









### JEDELLESTI'RI'WSHI' SORAW HA'M TAPSIRMALAR

Shahja'ha'nnin' tuwi'lg'an ku'nine a'kesi wo'zine jaqqan bir na'rse ali'w ushi'n 25000 swm pul berdi. Wol ko'pten berli portfel, jan'a ayaq kiyim (krassovka) ha'm futbol tobi'n sati'p almaqshi' boli'p ju'r yedi. Shahja'ha'n du'kanlardi' aralap ju'rip, bul pulg'a wo'zi qa'legen na'rselerden tek g'ana birewin ali'w imkaniyati' barli'g'i'n ani'qladi' ha'm ne alsam eyken, dep woylap qaldi'. Shahja'ha'n u'sh imkaniyattan tek birewin tan'lawg'a ma'jbu'r. Yekonomikada bunday imkaniyatlar alternativ imkaniyat dep ayti'ladi'.

Aytayi'q, Shahja'ha'n ushi'n usi' na'rselerdi sati'p ali'w to'mendegi ta'rtipte qanaatlani'w sezimin woyatadi': 1) krassovka; 2) futbol tobi'; 3) portfel. Sol sebepli, wol krassovkani' sati'p aldi', sebebi, bul qanaatlani'w sezimin woyatadi'. Shahja'ha'nni'n' bul tan'lawi' futbol tobi'n ala almaytug'i'ni' menen wog'an "qi'mbatqa tu'sedi". Ekonomistler buni' — *tan'lawdi'n' alternativ quni'* dep ataydi'. Demek, Shahja'ha'n tan'lawi'ni'n', yag'ni'y krassovkani'n' alternativ quni' — futbol tobi' menen wo'lshenedi.

1. Qa'ne ayti'n', Shahja'ha'n ne sebepten u'sh imkaniyattan birewin tan'lawg'a ma'jbu'r boldi'?
2. Shahja'ha'n ne sebepten krassovkani' tan'ladi'?
3. Nege Shahja'ha'nni'n' tan'lawi'ni'n' alternativ quni' portfel menen wo'lshenbey ati'r?
4. Siz Shahja'ha'nnin' worni'nda bolg'ani'n'i'zda bul u'sh imkaniyatti'n' qaysi'si'n tan'lag'an bolar yedin'iz? Nege?
5. Tan'lawdi'n' alternativ quni'n ani'qlan'.

### TAN'LAW ZA'RU'RLI'GI

Adamzat talabi'n qanaatlandi'ri'w ushi'n za'ru'r bolg'an barli'q tovar ha'm xi'zmetlerdi islep shi'g'ari'wdi'n' imkani' joq. Sebebi, yekonomikali'q resurslar shek-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

lengen. Sonli'qtan da, tek g'ana ayi'ri'm jeke adam, bolmasa ka'rxanalar ha'm firmalar, ma'mleket ha'm ja'miyet ko'leminde de sheklengenlik mashqalasi'na duwshar boladi'. Ha'r qanday firma da wo'z xi'zmetin ken'eytiw ha'reketinde boli'p, ko'birek sapali' wo'nim tu'rlerin islep shi'g'arg'i'si' keledi. Ma'mleket bilimlendiriw, densawli'qti' saqlaw tarawlari'na ha'm qorshag'an ortali'qti' qorg'awg'a imkani' bari'nsha ko'birek qarji' aji'rati'wdi' qa'leydi. Tilekke qarsi', imkaniyatlar, duri'si'rag'i' wo'ndiris resurslari' sheklengen. Sheklengenlik mashqalasi' bar yeken, bar imkaniyatlardan birewin tan'lawg'a, yag'ni'y sheklengen resursti' nege jumsaw haqqi'nda bir sheshimge keliwige tuwri' keledi. ***Tan'law* dep** sheklengen resurslardan paydalani'w imkaniyatlari' arasi'nan birewin tan'lawg'a ayti'ladi'.

Tan'law — sheklengen resurslardan paydalani'w imkaniyatlari'ni'n' arasi'nan birewin tan'law.

Alternativ imkaniyatlar birewin tan'lag'anda qalg'anlari'nan bas tarti'latug'i'n imkaniyatlar.

Tan'lawdi'n' alternativ qun'-tan'law natiyjesinde bas tarti'lg'an imkaniyatlar ishinen yen' u'lken paydali'si'.

## TAN'LAWDI'N' ALTERNATI'V QUNI'

Bankten qari'z almaqshi' bolg'an firmani'n' aldi'nda da'slep bul pulg'a jan'a stanoklar sati'p ali'p, wo'ndiristi ken'eytiw yaki yeski stanok ha'm imaratlardi' won'lap, jumi'sshi'lardi'n' miynet sharayatlari'n jaqsi'law mashqalasi' turadi'. Ma'mleketten 10 gektar jer alg'an fermer xojali'g'i' aldi'nda bolsa ba'ha'rde jerge qaysi' eginlerdi yegiw mashqalasi' ko'ldenen' turadi'. Qala ha'kimiyati' wo'z i'qti'yari'ndag'i' belgili bir mug'dardag'i' qarji'ni' jollardi' won'law yamasa jan'a mektep quri'wg'a jumsaw haqqi'nda bas qati'radi'. Ma'mleket ko'leminde bolsa densawli'qti' saqlaw tarawi'na ko'birek pul aji'rati'w kerek pe yamasa iri neftti qayta islew zavodi'n quri'w kerek pe degen mashqalag'a dus kelinedi.

Joqari'da keltirilgen mi'sallarda bir neshe imkaniyattan birewin tan'lawg'a, qalg'anlari'nan bolsa bas tarti'wg'a tuwri' keledi. Tan'law na'tiyjesinde bas tarti'lg'an imkaniyatlar ishinen yen' ko'p payda keltiriwshi imkaniyatti' *tan'lawdi'n' alternativ quni'* dep ayti'ladi'.

## KELI'SI'MLI' TAN'LAW

Tan'law a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an jag'daylarda da imkaniyatlardi'n' birewi tan'lani'p, qalg'anlari'nan bas tarti'lmaydi'. Sonday jag'daylar da boladi', wolarda tan'law a'melge asi'ri'lg'an waqi'tta barli'q imkaniyat penen de kelisimge keliwge tuwri' keledi, yag'ni'y barli'q imkaniyattan da az-azdan paydalani'ladi'. Aytayi'q, sawda menen shug'i'llani'wshi' jeke du'kan iyesi Abdullaev 1080000 swmg'a ko'tere sawda firmasi'nan konfet yamasa peshenie sati'p almaqshi'. Konfettin' ni'rqi' 2700 swm boli'p, 1080000 swmg'a wonnan ja'mi 400 kilogramm sati'p



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ali’w mu’mkin. Peshenienin’ ni’rqi’ bolsa, 1800 swm boli’p, 1080000 swmg’a ja’mi 600 kilogramm peshenie sati’p ali’w mu’mkin. Biraq, Abdullaev wo’z qari’ydarlari’ni’n’ mu’ta’jlerin qanaatlandi’ri’w ushi’n konfet te, peshenie de sati’p ali’wi’ kerek boladi’. Sonli’qtan, Abdullaev yari’m qarji’si’ - 540000 swmg’a 200 kilogramm konfet, qalg’an yari’mi’na bolsa 300 kilogramm peshenie sati’p ali’wdi’ sheshti. Yag’ni’y, ha’r yeki imkaniyat penen de kelisimge bari’p, wolardan az-azdan bolsa da paydalandi’. Bunday tan’law usi’li’ yekonomikada *kelisimli (yaki aralas) tan’law* dep ju’ritiledi.

| Shampun mug’dar1 | Sabi’n mug’dar1 |
|---|---|
| 0 | 600 |
| 100 | ? |
| ? | 250 |
| 200 | 300 |
| | |
| | |
| 400 | 0 |




1. Abdullaev 1080000 swmg’a ja’ne qanday mug’darda konfet ha’m peshenye sati’p ali’wi’ mu’mkin yedi? Usi’nday imkaniyatlardi’n’ 4 — 5 in ani’qlap, kesteni tolti’ri’n’.
2. Kesteden paydalani’p, koordinatalar tegisliginde noqatlardi’ belgilep, wolardi’ tutasti’ri’p shi’g’i’n’. Koordinata ko’sheri ha’m usi’ si’zi’q penen qorshalg’an taraw wo’ndiris imkaniyatlari’ tarawi’ dep ataladi’.
3. Bul taraw ne sebepten usi’lay ataladi’?
4. Usi’ bolimnin’ ishinde jatqan (150; 250) noqati’na sa’ykes keletug’i’n imkaniyatti’ tu’sindirip berin’. Bul jag’dayda pul qarji’lari’nan na’tiyjeli paydalani’p ati’r ma? Juwabi’n’i’zi’di’ tiykarlap berin’?
5. Usi’ bolimnin’ si’rti’nda jati’rg’an (250; 350) noqati’na sa’ykes keletug’i’n imkaniyat haqqi’nda ne ayta alasi’z? Bul jag’day Abdullaevti’n’ imkaniyat da’rejesinde me? Juwabi’n’i’zdi’ tiykarlap berin’?
6. Pul qarji’si’nan toli’q paydalang’an imkaniyatlarg’a sa’ykes keletug’i’n noqatlardi’n’ bir neshshesin ko’rsetin’ ha’m grafikte belgilen’.

**Kelisimli tan’law** — bir waqi’tti’n’ wo’zinde bir neshe imkaniyatlardan azazdan paydalani’w.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### BUL HAQQI’NDA WOYLAP KO’RIN’!

Yen’ u’lken du’nyali’q mashqala resurslardi’n’ sheklengenligi yemes, al, wolardan aqi’lg’a muwapi’q, u’nemli paydalanbawi’mi’z degen pikirge wo’z ko’zqarasi’n’i’zdi’ bildirin’.

### QA’DIRIYATLAR!

1. Belgili ag’arti’wshi’ Abdulla Avloniydin’ “Yekonomika dep, pul ha’m mal-du’nya si’yaqli’ bayli’qlardi’n’ qa’dirin biliwge ayti’ladi’. Mal-du’nyani’n’ qa’dirin biletug’i’n adamlar wori’nsi’z jerge bir tiyindi de sari’plamas, worni’ kelgende swmdi’ da ayamas”, degen so’zlerin tu’sindirin’.
2. Ata-babalari’mi’zdi’n’ «biri kem du’nya» degen naqi’li’ ne haqqi’nda?
3. «Ri’sqi’» ha’m «na’psi» so’zlerin qalay tu’sinesiz?

### BILIMIN’IZDI SINAP KO’RIN’!

1. Woqi’w qurallari’ du’kani’na kirdin’iz. Qaltan’i’zda 200 swm pul bar. Puli’n’i’z bir da’pter yamasa bir rushka ali’wg’a jyetedi. Siz bul na’rselerdin’ qaysi’ birin sati’p alg’an bolar yedin’iz? Ne ushi’n? Tan’lawi’n’i’zdi’n’ alternativ quni’ neden ibarat boladi’?
2. Keshquri’n televizordan bir waqi’tti’n’ wo’zinde sport kanali’nan “O’zbekistan” ha’m “Yaponiya” saylandi’ komandalari’ arasi’ndag’i’ futbol, 2-kanaldan bolsa “Zakovat” intellektual woyi’ni’ baslani’p qaldi’. Siz qaysi’ kanaldag’i’ ko’rsetiwdi tamashalar yedin’iz? Bul jag’dayda tan’lawi’n’i’zdi’n’ alternativ quni’ nege ten’ boladi’?
3. Ne sebep adam ushi’n tan’lawdi’n’ alternativ quni’n biliw za’ru’r dep woylaysi’z?
4. Rayoni’n’i’z worayi’nda bos jati’rg’an jer maydani’ bar. Ha’kimiyat bul jerge yemlewxana, bazar, tennis korti’ yaki mektep sali’wi’ mu’mkin. Wo’kinishlisi, bul maydang’a tek g’ana bir ma’kemeni quri’w mu’mkin. Yekinshi ta’repten bolsa, ha’kimiyatti’n’ tek bir ma’kemeni quri’wg’a qarji’si’ bar. Tan’law imkaniyati’ sizge berilse, siz neni quri’wdi’ sheshken bolar yedin’i’z? Tan’lawi’n’i’zdi’ tiykarlan’ ha’m woni’n’ alternativ quni’n ani’qlan’.

### Buni’ yadta saqlan’!

- Sheklengenlik mashqalasi’ adamlardan talaplari’ ushi’n za’ru’r tovar ha’m xi’zmetler arasi’nan bazi’lari’n tan’lawg’a tuwri’ keledi.
- Adamlar si’yaqli’, hu’kimet ha’m ja’miyet te jetispewshilikti sezedi, sebebi wolardi’n’ da za’ru’rlikleri sheksiz, resurslar bolsa sheklengen boladi’.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 4-TEMA WO’NDI’RI’S HA’M WONIN’ FAKTORLARI’


1


2


3


4


5


6

## JEDELLESTI’RI’WSHI’ SORAW HA’M TAPSI’RMALAR

1. Joqari’dag’i’ su’wretler tiykari’nda a’piwayi’ yerler ko’ylegin islep shi’g’ari’w menen baylani’sli’ wo’ndiris ka’rxanalari’ni’n’ dizimin du’zin’.
2. Su’wrettegi ka’rxanalardan basqa ja’ne qanday ka’rxanalardi’ bul dizimge qosi’wg’a boladi’?
3. Shigit yegiwden baslap, tap ko’ylektin’ tuti’ni’wshi’g’a jetip bari’wi’na shekemgi wo’ndiris protcesslerinin’ shi’nji’ri’ni’n’ logikali’q izbe-izligin du’zin’.
4. Bir g’ana yerler ko’ylegin islep shi’g’ari’wda qanday: a) ta’biyiy; b) kapital; d) miynet resurslari’ qollani’li’p ati’rg’ani’n ani’qlan’.

## WO’NDI’RI’S

I’nsanlardi’n’ wo’z talaplari’n qanaatlandi’ri’w maqsetinde yekonomikali’q bayli’qlar jarati’w protsessi *wo’ndiris* dep ju’rgiziledi. Ekonomistler bayli’qlardi’ islep shi’g’ari’wshi’ ka’rxanalardi’ — *islep shi’g’ari’wshi’lar*, wolardi’ paydalani’wshi’lardi’ bolsa — *tuti’ni’wshi’lar* dep ataydi’.

I’slep shi’g’ari’wshi’lar a’dette, materialli’q ha’m materialli’q yemes wo’ndiris tarawlari’na bo’linedi. Materialli’q tarawda materialli’q ko’rinistegi wo’nimler islep shi’g’arladi’. Materialli’q wo’ndiris tarawi’na sanaattag’i’ zavod ha’m fabrikalardi’, awi’l xojali’g’i’ndag’i’ fermer ha’m diyqan xojali’qlari’ si’yaqli’ ko’p tu’rli ka’rxanalardi’ mi’sal keltiriwge boladi’.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Wo'ndiristin' materialli'q yemes tarawi'na bolsa, tiykari'nan ha'r qi'yli' ko'rinistegi xi'zmetler ko'rsetiledi. wolardi'n' qatari'na bilimlendiriw, densawli'qti' saqlaw, jol qa'wipsizligi, qorg'ani'w, turmi'sli'q ha'm komunalli'q xi'zmet, ma'deniyat si'yaqli' tarawlar kiredi.

**Wo'ndiris** — insan talaplari'n qanaatlandi'ri'w maqsetinde yekonomikali'q bayli'qlardi' jarati'w protcessi.

**I'slep shi'g'ari'wshi'lar** — yekonomikali'q wo'nimlerdi islep shi'g'ari'wshi' ka'rxanalar yamasa jeke adamlar.

**Tuti'ni'wshi'lar** — yekonomikali'q wo'nimlerdi paydalani'wshi'lar.

## O'NDI'RI'S FAKTORLARI




Qanday da bir wo'nimdi shi'g'ari'w ushi'n resurslar kerek boladi'. Wo'ndiriske yengizilgen resurslar tek qor, da'rek si'pati'nda g'ana yemes, al, woni' ha'reketke keltiriwshi, wog'an ta'sir ko'rsetiwshi faktor si'pati'nda da qaraladi'. Sol sebepli, wo'ndiriske tarti'lg'an resurslardi' basqasha — *wo'ndiris faktorlari'* dep ataydi'.

Resurslar, a'dette, ta'biyiy, kapital ha'm miynet resurslari'na bo'linedi. *Ta'biyiy resurslarg'a* hawa, suw, quyashtan keletug'i'n ji'lli'li'q ha'm jaqti'li'q, jer maydani', jer asti' ha'm jer u'sti bayli'qlari', wo'simlikler ha'm haywanatlar du'nyasi', qullasi', adamlar za'ru'rligi ushi'n kerekli bolg'an ta'biyatti'n' barli'q bayli'qlari' kiredi.

*Kapital resurslar* dep, insan ta'repinen jarati'lg'an ha'm basqa wo'nim tu'rlerin jarati'wda qatnasatug'i'n resurslarg'a ayti'ladi'. Ekonomistler wolardi' basqasha — wo'ndiris qurallari' dep te ataydi'. Wolarg'a imarat ha'm quri'li'slar, a'sbap-u'skene ha'm mashina mexanizmleri, ha'r qi'yli' stanoklar ha'm u'skeneler, shiyki zatlar ha'm basqa da san-sanaqsi'z tu'rdegi na'rseler kiredi. *Miynet resurslari'* degende, miynet yetiwge uqi'pli' adamlar, wolardi'n' bilimi, is ta'jiriybesi ha'm sheberligi birgelikte tu'siniledi.

**Ta'biyiy resurslar** — tovar ha'm xi'zmetler, wo'ndiriste tikkeley isletiletug'i'n ta'biyatti'n' barli'q bayli'qlari' .

**Kapital resurslar** — insan ta'repinen jarati'lg'an ha'm basqa wo'nim tu'rlerin jarati'wg'a qatnasatug'i'n resurslar.

**Miynet resurslari'** — miynet islewge uqi'pli' adamlar, wolardi'n' bilim, is-ta'jiriybesi ha'm sheberligi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Tapsi'rma**

A'piwayi' qa'lem islep shi'g'ari'w menen baylani'sli' protcess shi'nji'ri'n logikali'q izbe-izlikte ilaji' bari'nsha toli'g'i'raq du'zin'. Bul protcesste qatnasi'p ati'rg'an barli'q ta'biyiy, kapital, miynet resurslari'ni'n' dizimin jazi'p shi'g'i'n'.

## I'SBI'LERMENLI'K

Son'g'i' waqi'tlarda wo'ndiristin' ta'biyiy, miynet ha'm kapital faktorlari' qatari'na, to'rtinshi faktor — adamlardi'n' yekonomikali'q sheshim qabi'llawi', islep shi'g'ari'wdi' uyi'mlasti'ri'w ha'm sho'lkemlestiriw menen baylani'sli' iskerligi — *isbilermenlikti* de kirgizbekte.

**I'sbilermenlik** — adamlardi'n' yekonomikali'q sheshim qabi'llawi' menen baylani'sli' bolg'an tovar ha'm xi'zmetlerdi islep shi'g'i'w iskerligi.

Quri'li's ushi'n yen' za'ru'r bolg'an tcement islep shi'g'ari'wdi' sho'lkemlestiriw mi'sali'nda woni'n' menen baylani'sli' faktorlardi' ani'qlayi'q. Tcement islep shi'g'ari'wdi' a'melge asi'ri'w ushi'n, birinshiden, ta'biyiy resurs — jer maydani' ha'm csement ali'natug'i'n taw ji'ni'si' boli'wi' kerek. Yekinshiden, tcement islep shi'g'ari'w ushi'n miynet resurslari' — adamlar — jumi'sshi' ku'shi boli'wi' lazi'm. Miynet faktori' — adamlarsi'z, wolardi'n' fizikali'q ku'shisiz, aqi'li' ha'm qa'nigeligisiz hesh na'rse islep bolmaydi'. U'shinshiden, taw ji'ni'slari'na islew beriwde qollani'latug'i'n a'sbap-u'skene, imarat ha'm quri'li'slar, yag'ni'y kapital resurslar da boli'wi' kerek.

Bul faktorlardi' wo'zara birlestiriw — to'rtinshi faktor — isbilermenlik yesabi'nan a'melge asi'ri'ladi'. I'sbilermen tcement wo'ndiriw imkaniyatlari'n ha'mmeden buri'n ko'rip, baslamani' qolg'a aladi'. Bul jumi'sti' a'melge asi'ri'w ushi'n u'sh faktordi' da birlestiredi. Bar resurslardi' iske qosadi', ku'sh-g'ayrati', bilimi ha'm belgili bir mag'anada ta'wekel yetip, isbilermenligin iske saladi'. En' son'i'nda woni'n' is-ha'reketleri, isbilermenligi tcement islep shi'g'ari'wdi' jolg'a qoyi'wg'a sebepshi faktor boladi'. Demek, wo'ndiris ta'biyiy, miynet, kapital ha'm isbilermenlik faktorlari'ni'n' birlestiriwinen ju'zege keledi yeken. Bazar yekonomikasi' sharayati'nda isbilermenlik faktori' ayri'qsha a'hmiyetke iye.

## ISLEP SHIG'ARI'W TU'RLERI

Su't, nan, avtomobil, ayaq kiyim, top, kitap, miyman xana ha'm shashta'rez xı'zmeti ha'zirgi waqı'tta ekonomika tarawı' ta'repinen islep shıg'arı'lı'p atı'rg'an tarawlar ha'm xı'zmet ko'rsetiwdin' bir bo'limi.

İslep shı'g'arı'lı'p atı'rg'an tovarlar ha'm ko'rsetilip atı'rg'an xı'zmetlerdin' tu'rleri ju'da' ko'p ha'm ha'r tu'rli ekonomistler wolardi' bir neshe jollar menen to'mendegi



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

tu’rlerge aji’ratadi’.

**1.** İslep shıg’ari’w ekonomikani’n’ qaysi’ tarawi’nda ju’z beriwine qarap ekonomikani’n’ birinshi tarawi’nda paydali’ qazi’lma bayli’qlar, suw. gaz, neft, ag’ash qusag’an ta’biyiy bayli’qlar shiyki zat si’pati’nda ta’biyatti’n’ wo’zinen tuwri’dan-tuwri’ ali’nadi’. Bul bayli’qlardi’ biz islep shi’g’ari’wdi’n’ ta’biyiy foktori’ dep atag’an yedik.

- ekonomikani’n’ yekinshi tarawi’nda shiyki zat qayta islenedi, ha’m kiyim kenshek, konfet, da’pter, velosoped usag’an tayar wo’nimge aylandi’ri’ladi’.

- ekonomikani’n’ u’shinshi yamasa xi’zmet ko’rsetiw tarawi’nda bolsa turizm, teatr tamashalari’, den sawli’qti’ saqlaw si’yaqli’ xi’zmetler ko’rsetiledi.

**2.**. İslep shi’g’ari’lg’an wo’nim kimge arnalg’anli’g’i’na qarap.

-Ma’mleket sektori’ndag’i’ islep shi’g’ari’w

-jeke sektordag’i’ islep shıg’ari’w

**3.** İslep shi’g’ari’lg’an wo’nim kimge arnalg’anlı’g’ı’na qarap

- tutı’nı’wshı’lar ushı’n tayar wo’nim islep shi’g’ari’w.

- islep shi’g’ai’ıwshi’lar ushi’n islep shi’g’ari’w

**4.** İslep shi’g’ari’w foktorlari’nan paydalani’w da’rejesi boyi’nsha.

- kapitaldan ko’p paydalanılatug’i’n islep shi’g’ari’w mi’sali’ ximiya, neft ha’m gaz, avtomobil sanaatlari’nda imarattan, mexanizmlerden, a’sbap-uskenelerden ko’p paydalanadi’ ha’m wolardan islep shi’g’ari’w foktorlari’ndag’i’ u’lesi u’lken.

## BILIMI’N’IZDI’ SINAP KO’RI’N’!

1. Rayoni’n’i’zdag’i’ materialli’q ha’m materialli’q yemes wo’ndiris ka’rxanalari’n sanap berin’.
2. Rayoni’n’i’zdag’i’ bir ka’rxana mi’sali’nda usi’ ka’rxanani’n’ resurs tu’rlerinen paydalani’p ati’rg’ani’n ayti’p berin’. Usi’ ka’rxana mi’sali’nda isbilermenlik faktori’ qalay ko’zge taslanadi’?
3. I’sbilermenlik ha’m miynet faktori’ arasi’nda qanday wo’zgeshelik bar?
4. Asaka qalasi’ndag’i’ avtomobil zavodi’ni’n’ iske tu’siriliwi na’tiyjesinde wo’tken ji’llar dawami’nda respublikami’zda qanday wo’zgerisler ju’z berdi?
5. Keyingi ji’llarda respublikami’zda jetistirilgen paxtani’n’ biraz bo’legi qayta islenip, tayar wo’nim tu’rinde shet yelge sati’li’p ati’r. Buni’n’ sebebi nede dep woylaysi’z?

**Buni’ yadta saqlan’!**

- islep shıg’ari’w protsessi arqali’ ekonomikali’q wo’nim islep shi’g’ari’ladi’.
- islep shi’g’ari’wdi’n’ ta’big’iy kapi’tal miynet ku’shi ha’m bul u’sh foktordi’ biriktiriwshi isbilermenlik foktorlari’ bar



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 5-TEMA MI’YNETTI’N’ BO’LI’STI’RI’LI’WI’ HA’M QA’NI’GELESI’W






## JEDELLESTI’RI’WSHI’ SORAW HA’M TAPSIRMALAR

1. Joqari’dag’i’ si’zi’lmada muzqaymaq islep shi’g’ari’w ushi’n za’ru’r resurslar, wolardi’n’ kelip shi’g’i’wi’, qaysi’ ma’mleketlerde tayarlani’wi’ haqqi’nda mag’luwmat keltirilgen. Muzqaymaq islep shi’g’ari’wda ja’ne qanday resurslardan paydalani’li’wi’, wolardi’n’ qaysi’ ma’mleketlerden keltiriliwin ani’qlap, sxemani’ tolti’ri’n’ (za’ru’r bolsa ja’ne qosi’msha sxemalar si’zi’n’).
2. Joqari’dag’i’ su’wrette muzqaymaq islep shi’g’ari’w tsexi’ su’wretlengen. Muzqaymaq islep shi’g’ari’wda neshe adam qatnasi’p ati’r?
3. Jumi’sshi’lardi’n’ ha’r biri tu’rli wazi’ypani’ atqari’wi’ni’n’ qanday abzalli’g’i’ bar?
4. Bul protcesske siz qanday wo’zgeris kirgizgen bolar yedin’iz?

## MI’YNET WO’NI’MDARLIG’I HA’M OG’AN TA’SI’R YETI’WSHI’ FAKTORLAR

Wo’ndiris protcessi resurslardi’n’ wo’z ara birigiwi na’tiyjesinde ju’zege keledi. Resurs birliginen paydalani’p, islep shi’g’ari’lg’an wo’nim mug’dari’ *wo’nimdarli’q* dep ataladi’. Ha’r bir ka’rxanani’n’ maqseti az resurs sarplap, ko’p mug’darda wo’nim islep shi’g’ari’wdan, yag’ni’y wo’nimdarli’qti’ artti’ri’wdan ibarat. Sebebi, islep shi’g’ari’li’p ati’rg’an wo’nimnin’ ko’lemi qansha jumi’sshi’ islep ati’rg’ani’na g’ana yemes, al qalayi’nsha islep ati’rg’ani’na da baylani’sli’ boladi’. Bul ko’rsetkish miynet wo’nimdarli’g’i’ ja’rdeminde ani’qlanadi’.

*Miynet wo’nimdarli’g’i’* dep waqi’t birligi ishinde bir birlik resurstan paydalani’p, islep shi’g’ari’lg’an tovar ha’m xi’zmet mug’dari’na ayti’ladi’.

To’mendegi faktorlar miynet wo’nimdarli’g’i’ni’n’ arti’wi’na sezilerli ta’sir ko’rsyetedi:

— ka’rxanadag’i’ jumi’sshi’lardi’n’ qa’nigeligi, wolardi’n’ ka’siplik sheberligi;
— wo’ndiris stanoklari’ ha’m a’sbap-u’skenelerdin’ sapasi’;
— wo’ndiris protsessi texnologiyasi’ni’n’ duri’s tan’lani’wi’;



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Wo'nimdarli'q** — resurs birliginen paydalani'p, islep shi'g'ari'lg'an wo'nimnin' mug'dari'.

**Texnologiya** — wo'nimdi islep shi'g'ari'wda qaysi' resurslardan paydalani'w, qanday usi'l ha'm izbe-izlikte islep shi'g'ari'w jol-jori'g'i'.

**Miynet wo'nimdarli'g'i'** — waqi't birligi ishinde bir birlik resurstan paydalani'p islep shi'g'ari'lg'an tovar ha'm xi'zmetler mug'dari'.

— miynet bo'listiriliwinin' duri's sho'lkemlestirilgenligi.

Bir ka'rxanag'a bari'p wo'nim islep si'g'ari'w protcessin baqlag'an bolsan'i'z, shiyki zatqa islew beriw protcessi jumi'sshi'lar arasi'nda bo'listirilgen boli'p, ha'r bir jumi'sshi' wo'zine aji'rati'lg'an jumi'sti' g'ana ori'nlaydi'. Wo'nimdi wo'ndiriw protcessin bunday sho'lkemlestiriwge, yag'ni'y jumi'sshi'larg'a jumi'sti' bunday bo'listirip beriwge, wo'z atamasi' menen *miynet bo'listiriliwi* dep ataladi'. Miynet bo'listiriliwinin' tiykari'nda — jumi'sti' tezirek wori'nlaw, az resurs jumsap, ko'birek jaqsi', sapali' wo'nim islep shi'g'ari'w, yag'ni'y miynet *wo'nimdarli'g'i'n* artti'ri'w jatadi'. Miynet bo'listiriliwi na'tiyjesinde, adamlar ha'r tur'li ka'sip boyi'nsha qa'nigelesedi. Bulardi'n' barli'g'i' bir maqset — miynet wo'nimdarli'g'i'n artti'ri'wg'a qarati'lg'an boladi'.

**Miynettin' bo'listiriliwi** — wo'nimdi islep shi'g'ari'w protcessinin' jumi'sshi'lar arasi'nda jumi'sti' bo'listiriw tiykari'nda sho'lkemlestiriw.

**MI'YNET BO'LI'STI'RI'LI'WI'NI'N'**

**UNAMLI TA'REPLERI':**

— adamlar neni jaqsi' isley alsa, soni' wori'nlawg'a qa'nigelesedi;
— arzan bahada ko'birek wo'nim islep shi'g'aradi';
— arnawli' mashina ha'm stanoklardi' qollani'w imkaniyati' tuwi'ladi';
— ha'r bir jumi'sshi' ku'nnen-ku'nge wo'z jumi'si'n jaqsi'raq ha'm tezirek wori'nlaw ko'nlikpesine iye bola baslaydi'.
— keyingi jumi'sti' wori'nlaw ushi'n jumi'sshi'ni'n' bir wori'nnan yekinshi ori'ng'a ko'shiwine za'ru'rlik bolmag'ani' ushi'n wo'nim islep shi'g'ari'w waqti' qi'sqaradi';
— jumi'sshi'lardi'n' bir ka'sipti iyelewi jen'illesedi.

**UNAMSIZ TA'REPLERI':**

— tek bir jumi'sti' wori'nlaw jumi'sshi'lardi' sharshati'wi' mu'mkin;
— ha'mme tovarlar bir qalipte standart-lasqan halda shi'g'ari'la baslaydi', birdey avtomobiller, birdey televizorlar ha'm basqalar;
— jumi'sshi'lardi'n' sheberlik da'rejesi ha'm qa'nigeligi to'menlep kyetedi, sebebi, wolardi'n' jumi'si'n mashinalar wori'nlay baslaydi';
— wo'nimdarli'q barli'q jumi'sshi'lardi'n' jumi's islew tezligine baylani'sli' boli'p qaladi';
— jumi'sshi'lar tar ko'lemdegi jumi'sti' wori'nlawg'a qa'lipleskenligi ushi'n wolar jumi'stan bosati'lg'anda jumi'sqa wornalasi'w mashqalasi'na dus keledi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## QA'NI'GELESI'W

Wo'ndiristin' rawajlani'wi' na'tiyjesinde geypara wo'nim tu'rlerin islep shi'g'ari'w protcessi quramalasi'p baradi'. Bir ka'rxana ko'leminde bunday wo'nimlerdi islep shi'g'ari'wdi'n' ilaji' bolmay qaladi'. Sol sebepli, ka'rxanalar arasi'nda bul wo'nimlerdi islep shi'g'ari'w protcessi, yag'ni'y jumi's wo'zara bo'linip ali'nadi'. Na'tiyjede ka'rxanalar wortasi'nda miynet bo'listiriliwi ju'zege kelip, wolar bir pu'tin wo'nimdi yemes, al woni'n' belgili bir bo'legin islep shi'g'ari'wg'a beyimlesedi, yag'ni'y qa'nigelesedi.

Solayi'nsha, bir neshe ka'rxanalardan ibarat, belgili bir wo'nimdi islep shi'g'ari'wshi' tarmaq ju'zege keledi. Mi'sal ushi'n, avtomobil islep shi'g'ari'wdi' alayi'q. Avtomobildin' ju'zden aslam u'lken-kishi detallar, bo'leklerden turatug'i'ni' belgili. Woni'n' bir detali' mi'sali', rezina do'ngelekleri bir ka'rxanada islep shi'g'ari'lsa, aynasi' yekinshi ka'rxanada, al, motori' bolsa u'shinshi ka'rxanada islep shi'g'ari'ladi' ha'm basqalar. Qullasi', avtomobil bo'leklerin islep shi'g'ari'w menen wonlag'an ka'rxana shug'i'llanadi'. Yen' son'i'nda ji'ynaw ka'rxanasi'nda usi' bo'leklerden avtomobil ji'ynaladi'. Mine usi'layi'nsha bul ka'rxanalar avtomobil islep shi'g'ari'w tarmag'i'n quraydi' ha'm ha'r biri belgili bir detaldi' islep shi'g'ari'wg'a qa'nigelesedi. Ka'rxanalardi'n' belgili bir wo'nimdi islep shi'g'ari'w boyi'nsha bir tarmaqqa birlesiwi de miynet wo'nimdarli'g'i'n artti'ri'wg'a qarati'lg'an boladi'.

Wo'z na'wbetinde bir-birine jaqi'n bolg'an wo'nim islep shi'g'aratug'i'n tarmaqlar birlesip, wo'ndiristin' u'lkenirek tarmaqlari'n, wolar da wo'z na'wbetinde birlesip wo'ndiris tarawlari'n du'zedi.

**Qa'nigelesiw** — bir wo'nim tu'rin yamasa wo'nimnin' bir bo'legin islep shi'g'ari'w boyi'nsha ka'rxanalar arasi'ndag'i' miynet bo'listiriliwi.

**Aymaqli'q qa'nigelesiw** — sharayat, da'stu'r, jergilikli imkaniyatlar sebepli pu'tin bir aymaq wo'niminin' bir tu'rin islep shi'g'ari'wg'a beyimlesiwi.

## QA'NIGELESIWDI SHEKLEWSHI FAKTORLAR.

Qa'niygelesiwdin' bir qatar abzalli'qlari' bolsa da, ayirim faktorlar bar wolardi'n qa'nigelesiwdin a'melge asi'ri'wshi' ilaji'n joq qi'li'p qoyadi'. Bular to'mendegiler:

1. Ha'rqanday islep shi'g'ari'wdi' processlerge, bo'limlerge qanshelli ko'p bo'limin' belgili tarawdag'i' bo'liniwden keyin bul bo'limlerdi yele de maydaraq bo'limlerge yamasa proceslerge bo'liwdin' ilaji' joq boli'p qaladi'.

2. Wo'nimdi almasti'ri'w da qa'nigelesiwge ta'sir yyetedi. Ma'selen, ferma xojali'g'i' kartoshka jetistiriwge qa'nigelesken boli'p kartoshkni'n' bahasi' bir neshe ji'l dawami'nda arzan bola berse, fermer wo'z jerinde basqa yegin yegiwge wo'tiwi mu'mkin.

3. Qa'niygelesiwge bazardag'i' talap ta ta'sir yyetedi. Ma'selen, ma'mleketimiz



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

avtomobil sanaati’ “Malibu” avtomobilin “Spark” avtomobiline qarag’anda bir qansha az islep shi’g’aradi’, sebebi “Spark” u’nemli ha’m arzanli’g’i’ ushi’n ali’wdi’ qa’lewshiler sani’ ko’birek.

4. Wo’nim u’lken ko’lemde bir jerde islep shi’g’ari’lg’anda wo’ni’ tuti’ni’wshi’larg’a jetkiziw ayri’m jag’daylarda ko’p g’a’rejet ha’m waqi’tti’ talap yyetedi.

5. Tuti’ni’wshi’lar u’lken zavod ha’m fabrikalarda islep shi’g’ari’lg’an wo’nimge qarag’anda wo’nermentler ta’repinen jergilikli wo’nimlerdi qa’lewshiler de ko’p. Ma’selen, hayallar ayi’ri’m jag’daylarda fabrikalarda tigilgen kiyimlerge qarag’anda kishi tigiw atelyesinde arnawli’ buyi’rtpa tiykari’nda tigilgen kiyimlerdi abzal ko’redi.

## BILIMIN’IZDI SINAP KO’RIN’!

1. Miynet wo’nimdarli’g’i’ degen ne, wog’an ta’sir yetiwshi faktorlardi’ sanan’.
2. Wo’nimdarli’q ha’m miynet wo’nimdarli’g’i’ni’n’ bir-birinen ayi’rmashi’li’g’i’n ayti’p berin’.
3. Miynet bo’listiriliwi ha’m qa’nigelesiwiden go’zlengen tiykarg’i’ maqset ne?
4. Miynet bo’listiriliwi ha’m qa’nigelesiwdin’ arti’qmashi’li’g’i’ ha’m kemshiligin sanan’.
5. Miynet bo’listiriliwi ha’m qa’nigelesiwdin’ kelip shi’g’i’wi’na ne sebeb bolg’an?
6. Qa’nigelesiwdi ka’rxana, tarmaq ha’m taraw ka’rxanalari’ mi’sali’nda tu’sindirn’.
7. Aymaqli’q qanigelesiw degen ne? Ma’mleketimizdegi qanday da bir wo’nimdi jetistiriwge qa’nigelesken walayat, rayon ha’m aymaqlardi’ ani’qlan’.
8. Qa’nigelesiwdi restoran xi’zmeti haqqi’ndag’i ko’rsetiwine qarag’anda televizor islep shi’g’ari’di’ jolg’a qoyi’w an’sati’raq yekenligin tiykarlap berin’.
9. “Qa’nigelesiwge bazardag’i’ talap ta’sir yyetedi.” degen qatardi’ wo’z so’zlerin’iz benen tu’sindirip berin’.

## Buni’ yadta saqlan’!

- Yekonomikali’q rawajlani’w tiykari’nda miynet wo’nimdarli’g’i’n artti’ri’w jatadi’.
- Miynet wo’nimdarli’g’i’na — miynettin’ bo’listiriliwi, jumi’sshi’ xi’zmetkerlerdin’ qa’nigeliligi, texnologiya ha’m a’sbap-u’skenelerdin’ jag’dayi’ ta’sir ko’rsyetedi.
- Miynet bo’listiriliwinin’ bir qatar unamli’ ha’m unamsi’z ta’repleri bar.
- Qa’nigelesiwdin’ tiykarg’i’ maqseti islep shi’g’ari’w wo’nimdarli’g’i’n asi’ri’w ha’m islep shi’g’ari’wshi’lar imkaniyatlari’n ken’eytiw.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 6-TEMA EKONOMI'KALIQ SI'STEMALAR

**A**

Ma'mlekette "natural xojali'q" dep atalatug'i'n yekonomikali'q sistema hu'kim su'redi. Bunda:
- ma'mleket xalqi' ushi'n za'ru'r bolg'an barli'q wo'nimler ma'mleket aymag'i'nda islep shi'g'ari'ladi'.
- tuti'ni'w ushi'n za'ru'r wo'nimdi ha'rbir shan'araq wo'zi islep shi'g'arg'an wo'nimge almasti'radi'. Sebebi bul ma'mlekette pul joq.
- ma'mlekette jumi'ssi'zli'q joq.
- tuti'ni'wshi'lar ju'da' az mug'dardag'i' na'rseler menen qanaatlanadi'.

**B**

Ma'mlekette barl1q ekonomikal1q qatnasi'qlar qatan' jobalar tiykari'nda a'melge asi'ri'ladi'. Bunda:
- islep shi'g'ari'w ko'lemi, tovarlar ha'm xi'zmetler (ni'rqlari'), is haqi' wo'lshemi ma'mleket ta'repinen qatan' belgilenedi.
- wo'nimler tutti'nıwshi'lar arasi'nda ma'mleket ta'repinen bo'listiriledi.
- tiykarg'i' mulk ma'mlekettiki tiyisli

**D**

Ma'mlekette yekonomika isbilermenlik tiykari'nda quri'lg'an. Bunda:
- jeke mu'lk ken' tarqalg'an.
- isbilermenlikke ken' jol ashi'lg'an.
- qanday wo'nimdi, qanday ko'lemde islep shi'g'ari'wdi' isbilermenlerdin' wo'zi sheshedi.
- wo'nim bahasi' bazarda belgilenedi.
- yekonomika bazar faktorlari' arqali' basqari'ladi'.

### JEDELLESTI'RI'WSHI' SORAW HA'M TAPSIRMALAR

**1.** Ma'mlekettegi ekonomikali'q sistemalardi' wo'z-ara sali'sti'ri'n' Bunda ha'r bir ekonomikali'q sistemani'n' avzalli'qlari' ha'm kemshiliklerin ko'rsetin'
**2.** Qaysi' ma'mlekette belsendilik joqari' Ne sebepten
**3.** Qaysi' ma'mlekettegi ekonomikali'q sistemani' ha'zirgi paytta ushi'ri'ti'wdi'n' ilaji' joq Ne sebepten
**4.** Qaysı ma'mlekette wo'nimler si'patli'raq boladi'. Bug'an sebep ne.
**5.** Qaysi' ma'mlekette qanday adamlar ushi'n jasaw jaqsi'raq.
**6.** Siz ha'r qaysi' ma'mlekettin' ekonomikali'q sistemasi'na qanday wo'zgerisler kiritken bolar yedin'iz. Pikirin'izdi da'liylen'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## EKONOMI’KANI’N’ U’SH TI’YKARG’I’ SORAWI’

Ha’r qanday ma’mlekette, ja’miyette yekonomikani’n’ tiykarg’i’ wazi’ypasi’ resurslardi’n’ jetispewshiligi sharayati’nda bar resurslardan paydalani’wdi’n’ yen’ na’tiyjeli ha’m aqi’lg’a muwapi’q jollari’n tan’lap, ma’mleket puqaralari’ni’n’ za’ru’rliklerin toli’g’i’raq qanaatlandi’ri’wdan ibarat. Usi’ maqsette yekonomikani’n’ to’mendegi u’sh tiykarg’i’ sorawi’na juwap tabi’w mashqalasi’na dus kelinedi: *Ne?,Qalay?, Kim ushi’n?*

Bul u’sh soraw ha’r qanday *yekonomikali’q sistema* — ma’mleketlerdegi (ja’miyettegi) xojali’qti’ ju’rgiziw sistemasi’ ushi’n ortali’q boli’p, woni’ ha’r bir sistema wo’zinshe, ha’r tu’rli sheshedi. Sistemalar bul mashqalani’ qalay sheshiliwine qaray *da’stu’riy yekonomika*, *bazar yekonomikasi’*, *woraylasqan jobali’ yekonomika* ha’m *aralas yekonomika* usag’an tu’rlerge aji’rati’ladi’.

**Yekonomikali’q sistema** — ja’miyettin’ (ma’mlekettin’) yekonomikali’q turmi’si’n sho’lkemlestiriwdin’ formasi’.




## DA’STU’RI’Y EKONOMI’KA

Da’stu’riy yekonomikali’q sistema — Ne? Qalay? Kim ushi’n? degen sorawlarg’a ja’miyette saqlani’p kiyati’rg’an ju’z ji’lli’q da’stu’rlerge muwapi’q juwap beredi. Wo’nim ata-babalardan miyras boli’p kiyati’rg’an usi’llar ja’rdeminde islep shi’g’ari’ladi’, yeski u’rp-a’detler tiykari’nda bo’listiriledi. Bunday yekonomika tu’ri ju’da’ a’yyemgi boli’p, natural xojali’q payda boli’wi’ menen baslang’an. Ha’zirgi ku’nde bolsa artta qalg’an, pu’tkil du’nyadan bo’leklenip jasap ati’rg’an, si’rtqi’ du’nya menen baylani’si’w ha’m bari’w qi’yi’n bolg’an Tundra, Afrika ha’m Amazonka qali’n’ tog’ayli’qlari’, Sibir taygalari’, okeanlardag’i’ kishi atawlarda ha’m biyik tawlarda jasap ati’rg’an ja’ma’a’t ha’m qa’wimlerde ushi’rati’w mu’mkin.

**Da’stu’riy yekonomika** — yekonomikani’n’ tiykarg’i’ sorawlari’na ja’miyettegi da’stu’rlerge tiykarlani’p juwap beretug’i’n yekonomikali’q sistema.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## BAZAR EKONOMI'KASI

Bul yekonomikali'q sistemada derlik barli'q wo'ndiris qurallari' jeke ka'rxanalar, jeke adamlar qoli'nda boli'p, barli'q yekonomikali'q sheshimler tuti'ni'wshi' ha'm islep shi'g'ari'wshi'lar ta'repinen yyerkin qabi'l yetildi. Ne, qansha mug'darda islep shi'g'ari'w ma'selesi talap ha'm usi'ni'sqa tiykarlang'an bazar mexanizmi ja'rdeminde ani'qlanadi'. (Bul mexanizm haqqi'nda keyinirek toqtalami'z). Mi'sali', tuti'ni'wshi'larda temekini sati'p ali'wg'a bolg'an tilek, yag'ni'y talap bolmasa, fermer xojali'qlari' temeki yekpeydi, sebebi, woni' hesh kim sati'p almaydi' ha'm wonnan payda joq. Woni'n' wworni'na bolsa paydali'raq bolg'an da'n yeginlerin yegedi ha'm basqalar.

**Bazar yekonomikasi'** — jeke menshikke tiykarlang'an, barli'q yekonomikali'q sheshimler yyerkin qabi'l yetilgen, yekonomikali'q wo'nimler bolsa bazar ja'rdeminde bo'listirilgen yekonomikali'q sistema.

## ORAYLASQAN JOBALI EKONOMI'KA

Bul yekonomikali'q sistemada derlik barli'q wo'ndiris qurallari' ma'mleket qaramag'i'nda boli'p, barli'q yekonomikali'q sheshimler, neni qansha mug'darda islep shi'g'ari'w ma'selesi hu'kimet ta'repinen woraylasqan halda sheshiledi. Sonday-aq, bul wo'nimlerdi qalay islep shi'g'ari'w aldi'n-ala jobalasti'ri'li'p, worayda woti'rg'an bir topar qa'nigeler ta'repinen sheshiledi. I'slep shi'g'ari'lg'an wo'nim hu'kimet ta'repinen bo'listiriledi. I'slep shi'g'ari'wdan ali'ng'an payda ma'mleket i'qti'yari'nda qaldi'ri'ladi' ha'm wol jobag'a tiykarlani'p bo'listiriledi. Woraylasqan jobali' yekonomikali'q sistema buri'ng'i' awqam ha'm bir qatar sotcialistlik ma'mleketlerde bar yedi.

**Woraylasqan jobali' yekonomika** — derlik barli'q wo'ndiris qurallari' ma'mleket qaramag'i'nda boli'p, yekonomikali'q sheshimler woraylasqan halda ma'mleket ta'repinen qabi'l etiletug'i'n ha'm jobag'a qaray a'melge asi'ri'latug'i'n yekonomikali'q sistema.

## ARALAS EKONOMI'KA

Aniq berildi kerek wo'ndiris resurslari'ni'n' bir bo'legi ma'mleket qaramag'i'nda, al qalg'anlari' jeke ka'rxanalar ha'm adamlar qoli'nda boladi'. Geypara tu'rdegi tovar ha'm wo'nimler ma'mleket ta'repinen islep shi'g'ari'lsa, qalg'anlari' jeke ka'rxanalar ta'repinen islep shi'g'ari'ladi'. Sonday-aq, aralas yekonomikada ma'mleket yekonomikani' ta'rtipke sali'p turi'wshi' ku'sh si'pati'nda qatnasadi' ha'm soni'n' menen bir qatarda islep shi'g'ari'wshi'lardi'n' yekonomikali'q yerkinligi de ta'miyinlenedi. Sol sebepten, aralas yekonomikani' bazar yekonomikasi' ha'm woraylasqan jobali' yekonomikani'n' "birikpesi"nen



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ibarat yekonomika dep atawg'a boladi'. Ha'zir du'nyani'n' ko'plegen ma'mleketlerinde aralas yekonomika sistemasi' hu'kim su'rmekte. Bug'an mi'sal yetip, Germaniya, Shvetsiya, Norvegiya, Finlyandiya, Kanada si'yaqli' bir qatar ma'mleketlerdi keltiriw mu'mkin. Soni'si' qi'zi'q, bul ma'mleketlerde ma'mlekettin' yekonomikag'a aralasi'wi' barg'an sayi'n jetilistirilip barmaqta.

## BI'LI'MI'N'I'ZDI' SINAP KO'RI'N'!

1. Ne? Qalay ha'm Kim ushi'n? sorawlari' qanday mashqalalardi' wo'z ishine aladi'?
2. Yekonomikali'q sistemalar bir-birinen nesi menen wo'zgeshelenedi?
3. Da'stu'riy yekonomikani'n' arti'qmashi'li'q ha'm kemshilik ta'replerin talqi'lan'?
4. Woraylasqan jobali' yekonomikani' ta'riplep berin' ha'm woni'n' ne sebep kriziske ushi'rag'ani'n tu'sindirin'.
5. Bazar yekonomikasi'n ta'riplep berin'.
6. Ha'r bir yekonomikali'q sistemag'a mi'sallar keltirin' ha'm wolardi' tu'sindirin'.
7. Aralas yekonomikali'q sistemani'n' payda boli'wi'na ne sebep bolg'an dep woylaysi'z?
8. Ha'zir ma'mleketimizde qaysi' yekonomikali'q sistemani'n' tiykari' jarati'li'p ati'r?

### Shi'ni'g'i'w

Duri'si'n tabi'n'.

Ha'r qanday yel ushi'n tiykarg'i' yekonomikali'q mashqala bul:

a) xali'qti'n' ko'beyip ketiwi; b) resurslardi'n' jetispewshiligi;

d) jumi'ssi'zli'q; e) inflyatsiya; f) sali'qlardi' ji'ynaw.

### Buni' yadta saqlan'!

- Da'stu'rge tiykarlang'an yekonomikali'q sistemada islep shi'g'ari'w ha'm bo'listiriw u'rp-a'detler, yag'ni'y wo'tmishte qollani'lg'an usi'llar menen belgilenedi.
- Bazar yekonomikasi'nda islep shi'g'ari'w ha'm bo'listiriw sheshimi u'y xojali'qlari' ha'm firmalardi'n' ma'plerinen kelip shi'qqan halda qabi'l etiledi.
- Woraylasqan jobali' yekonomikali'q sistemada tiykarg'i' qararlardi' orayli'q hu'kimet qabi'l yyetedi.
- Ha'zir qanday zamanago'y yekonomikali'q sistema "aralas sistema" boli'p, wol wo'zinde da'stu'riy, woraylasqan jobali' ha'm bazar yekonomikasi' belgilerin ja'mlegen.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## I BAPTI TA'KI'RARLAW USHIN SORAW HA'M TAPSIRMALAR

### A. SORAWLAR.

1. Ne ushi'n son'g'i' waqi'tlari' yekonomikani' u'yrenbekshi bolg'anlardi'n' sani' ko'beyip barmaqta?
2. Ekonomikani' tek yekonomistler biliwi kerek pe?
3. Ku'ndelikli turmi'sta yekonomikali'q bilim za'rur bolg'an jag'daylarg'a mi'sallar keltirin'.
4. Ne ushi'n insan talaplari'ni'n' shegi joq.
5. Sheklengenlik mashqalasi'ni'n' man'i'zi' neden ibarat?
6. Sheklengenlik mashqalasi'na 5 mi'sal keltirin'.
7. Tan'law ha'm woni'n' alternativ quni' degen ne?
8. Miynet wo'nimdarli'g'i'n artti'ri'p, sheklengenlik mashqalasi'n sheshiw mu'mkin be?
9. Miynet wo'nimdarli'gi'n artti'ri'wdan go'zlengen tiykarg'i' maqset neden ibarat?
10. Miynet bo'listiriliwi ha'm qa'nigelesiwdin' ma'nisin tu'sindirip berin'?
11. Ekonomikani'n' tiykarg'i' u'sh sorawi' haqqi'nda ne bilesiz?
12. Da'stu'riy ha'm woraylasqan yekonomikani' bir-biri menen sali'sti'ri'n'.
13. Bazar yekonomikali'q sistemasi' Ne? Qalay? Kim ushi'n? degen sorawlarg'a qalayi'nsha juwap beriwin tu'sindirip berin'. Bazar yekonomikasi'ni'n' tiykarg'i' qa'siyetlerin sanan'.

### B. TAPSIRMALAR.

To'mende da'slep an'latpalardi'n' atlari', son' wolardi'n' talqi'lawlar berilgen. Ha'r bir atamag'a sa'ykes talqi'lawlardi' tawi'p, to'mendegi kesteni tolti'ri'n'.

**ATAMALAR:**

1. Talap.
2. Xi'zmetler.
3. I'sbilermenlik.
4. Resurslar.
5. Wo'ndiris.
6. Sheklengenlik mashqalasi'.
7. Tan'law.
8. Tan'lawdi'n' wo'zine tu'ser quni'.
9. Qa'nigelesiw.
10. Miynet bo'listiriliwi.
11. Yekonomikali'q sistema.
12. Da'stu'riy yekonomika.
13. Bazar yekonomikasi'

**TALQILAWLAR:**

a) yekonomikali'q bayli'qlardi' jarati'w protcessi;



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

b) adamlardi'n' payda ali'w maqsetinde yekonomikali'q sheshim qabi'llaw menen bay-lani'sli' bolg'an tovar ha'm xi'zmetler islep shi'g'ari'wi';
d) tan'law na'tiyjesinde bas tarti'lg'an imkaniyatlar ishindegi yen' u'lken payda;
e) sheklengen resurslardan paydalani'w imkaniyatlari' arasi'nan birewin tan'law;
f) insanni'n' belgili bir sharayatta jasawi' ha'm kamal tabi'wi' ushi'n za'ru'r bolg'an na'rselerge mu'ta'jligi;
g) talaplardi' toli'q qanaatlandi'ri'w ushi'n resurslardi'n' jeterli da'rejede bolmawi';
h) insan talaplari'n qanaatlandi'ri'w ushi'n kerek bolg'an barli'q na'rseler;
i) materialli'q zat jaratpaytug'i'n, biraq na'tiyjesi talaplardi' qanaatlandi'ratug'i'n iskerlik yamasa is-ha'reketler;
j) qandayda bir wo'nim tu'rin islep shi'g'ari'w boyi'nsha ka'rxanalar arasi'ndag'i' miynet bo'listiriliw;
k) tovar islep shi'g'ari'w protcessin jumi'sshi'lar arasi'nda jumi'sti' bo'listiriw tiykari'nda sho'lkemlestiriliwi;
l) jeke menshikke tiykarlang'an, barli'q yekonomikali'q sheshimler yyerkin qabi'l qi'li'natug'i'n, yekonomikali'q wo'nimler bolsa bazar ja'rdeminde bo'listiriletug'i'n yekonomikali'q sistema;

## D. TESTLER

Berilgan savolga mohiyati jihatdan eng to'g'ri va to'liq javobni belgilang.

**1. Talaplar — bul...**

A. ku'ndelikli talapqa paydalanatug'i'n zatlar du'kani'nda sati'latug'i'n barli'q tovarlar.
B. adamlardi'n' tovar ha'm xi'zmetlerge iye boli'wg'a degen tilegi.
D. insanni'n' belgili bir sharayatta jasawi' ha'm kamal tabi'wi' ushi'n za'ru'r bolg'an na'rsege mu'ta'jligi.
E. qanaatlandi'ri'wdi'n' imkani' bolmag'an insanni'n' arzi'w-tilekleri.

**2. Sheklengenlik mashqalasi' qaysi' jag'-dayda toli'g'i'raq sa'wlelengen?**

A. Ha'r qanday ma'mleket yeko-nomika-si'nda mudami' bir na'rse jetispeydi.
B. Barli'q waqi'tta insanni'n' ha'mme za'ru'rliklerin qandi'ri'w ushi'n resurslar jetkilikli bola bermeydi.
D. qanday da bir resurs az bolsa, wol sonshelli jetispeydi.
E. "u'y-u'n'gir" degenindey, shan'a-raqta mudami' bir na'rse jetispeydi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**3. Qaysi’ toparda keltirilgen mi’sallar tek ruwxi’y talaplarg’a tiyisli.**

A. da’pter, nan, kitap televizor ha’m xat jazi’w.

B. muzqaymaq, kompyuter, bilim ali’w, sport.

D. bilim ali’w, muzi’ka yesitiw, ka’sipo’ner u’yreniw, ayaq-kiyim.

E. til u’yreniw, kitap woqi’w, su’wret sali’w, muzi’ka yesitiw.

**4. Qaysi’ toparda keltirilgen mi’sallar tek g’ana sotsialli’q za’ru’rliklerge tiyisli?**

A. jol, ja’ma’a’tlik transport, mektep, kiyimkenshek, qol saati’.

B. qorg’ani’w, densawli’qti’ saqlaw sistemasi’, telefon tarmag’i’, kitapxana, muzey.

D. tariyxi’y yestelikler, yemlewxana, jeke menshik du’kan, metro, velosiped.

E. qori’qxana, da’rya, dem ali’w bag’i’, sali’q xi’zmeti, jeke avtomobil.

**5. Fermer ati’zi’na biyday yekse 40 t, sali’ yekse 80 t wo’nim ali’wi’ mu’mkin. 1 t biydaydi’n’ alternativ quni’ ...**

A. ani’qlaw mu’mkin yemes, sebebi qansha biyday yaki sali’ yegilgeni belgisiz

B. 0,5 tonna sali’g’a ten’.

D. 4 tonna sali’g’a ten’.

E. 2 tonna sali’g’a ten’.

**6. wo’ndiris faktorlari’ — bul:**

A. miynet wo’nimdarli’g’i’ ha’m na’tiy-jeliligi.

B. miynettin’ bo’listiriliwi ha’m qa’ni-gelesiw.

D. tek g’ana imarat, quri’li’slar, a’sbap-u’skeneler ha’m stanoklar.

E. Ta’biyiy resurslar, miynet faktori’, kapital ha’m isbilermenlik faktorlari’.

**7. To’mendegi toparlardi’n’ qaysi’ birinde wo’ndiris resurslari’ni’n’ ha’r u’shewine mi’sallar keltirilgen?**

A. ati’z, traktor, paxta.

B. ofis, menedjer, basli’q.

D. neft, zavod, jumi’sshi’.

E. kompyuter, bag’darlamashi’, printer.

**8. Ha’r qanday sistema aldi’nda turg’an yen’ tiykarg’i’ mashqala — bul:**

A. wo’ndiris.

B. sheklengenlik.

D. tuti’ni’w.

E. bo’listiriw

**9. Bazar yekonomikasi’ sharayati’nda...**

A. mu’lktin’ tiykarg’i’ bo’legi jeke adamlar qoli’nda boladi’.

B. ma’mleket jalg’i’z mu’lk iyesi boli’p qaladi’.

D. ma’mleket mu’lkine u’stinlik beriledi.

E. mu’lk wo’z ma’nisin jog’altadi’.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE







# II bap. Bazar

**Usi’ baptag’i’ materiallardi’ u’yreniw na’tiyjesinde to’mendegi bilim, ko’nlikpe ha’m uqi’plarg’a iye bolasi’z:**

— almasi’wdi’n’ ma’nisine tu’siniw;
— pul ha’m woni’n’ kelip shi’g’i’w tariyxi’n biliw;
— puldi’n’ yekonomikadag’i’ rolin tu’siniw;
— puldi’n’ wazi’ypasi’n sanap ko’rsetiw;
— bazardi’ ken’ mag’anada tu’siniw;
— bazardi’n’ wazi’ypasi’n sanap ko’rsetiw;
— bazardi’n’ yekonomikadag’i’ worni’n an’lap jetiw;
— bazardi’n’ tu’rlerin pari’qlay ali’w;
— ha’r bir bazar tu’rine mi’sal keltire ali’w;
— ha’r qi’yli’ bazarlar arasi’ndag’i’ baylani’sti’ biliw;
— bazar qatnasi’wshi’lari’n aji’rata ali’w ha’m wolardi’n’ arasi’ndag’i’ wo’z ara mu’na’sibetti biliw;
— bazardag’i’ resurslar, tovarlar, xi’zmetler ha’m puldi’n’ qalayi’nsha aylani’p turi’wi’n shamalaw;
— bazar infrastrukturalari’n sanap ko’rsetiw.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 7-TEMA ALMASTIRIW HA’M PUL



### JEDELLESTI’RI’WSHI’ SORAW HA’M TAPSIRMALAR

A’yyemgi zamanda adamlar qa’wim-qa’wim boli’p jasag’an. Ha’r bir qa’wim wo’zi ushi’n kerekli azi’q-awqat wo’nimlerin, kiyim-kensheklerdi ha’m a’piwayi’ jumi’s qurallari’n wo’zi islep shi’g’arg’an ha’m wo’zi paydalang’an. Bunday xojali’q yekonomikani’n’ yen’ da’slepki ko’rinisi boli’p, wol natural xojali’q dep ju’rgizilgen. Natural xojali’qti’n’ ha’r bir ag’zasi’ a’ste-aqi’ri’n belgili bir wo’nim tu’rin wo’ndirip shi’g’ari’wg’a iykemlesken. Waqi’tti’n’ wo’tiwi menen ha’r bir ka’sip iyesi wo’z wo’nimlerin basqalar menen belgili bir bo’legin almasti’ratug’i’n bolg’an. Aytayi’q, joqari’dag’i’ su’wrette su’wretlengen yetikshige nan, nanbayg’a un, digirmanshi’g’a biyday, diyqang’a oraq ha’m temirshige yetik kerek bolsi’n:

1. Bul jag’dayda etikshi bir nang’a bolg’an talabi’n qanaatlandi’ri’w ushi’n wo’zi tikken yetigin qalayi’nsha nang’a almasti’ri’p alg’an dep woylaysi’z?
2. Bul almasi’w protcessin qalayi’nsha an’satlasti’ri’w mu’mkin?
3. Joqari’da keltirilgen wo’nimlerdin’ ishinen qaysi’ birewine ha’mme wo’z wo’nimlerin wo’z yerki menen almasti’ri’wg’a razi’ dep woylaysi’z?
4. Joqari’da keltirilgen wo’nimlerdin’ birewin basqa wo’nimler ha’m xi’zmetler ushi’n to’lemdi a’melge asi’ri’wg’a arnalg’an universal almasi’w qurali’ si’pati’nda tan’lang’anda, yetikshi wo’zinin’ nang’a bolg’an za’ru’rligin qalay qanaatlandi’rg’an bolar yedi?
5. Nan ha’m biydaydi’n’ universal almasi’w qurali’ si’pati’nda qanday unamli’ ha’m unamsi’z ta’repleri bar yekenligin ani’qlan’.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## PUL

Natural xojali'q rawajlani'p, islep shi'g'ari'w rawajlani'p barati'rg'an da'wirge kelip, ha'mme wo'zi islep shi'g'arg'an wo'nimin wo'z qa'lewi menen almasti'ratug'i'n ha'mme ushi'n maqul (universal) arnawli' tovarg'a za'ru'rlik payda bolg'an. Bunday arnawli' tovar rolin ha'r tu'rli aymaqlarda, ha'r tu'rli da'wirlerde ha'r qi'yli' tovarlar atqarg'an. Mi'sali', A'yyemgi Gretciyada, Rimde, arab ha'm hind qa'wimlerinde pul rolin sharwa mallari' ori'nlag'an. Arqa ma'mleketlerde — mami'q ha'm teri, Afrika xali'qlari'nda — baqanshaqlar ha'm pil su'yekleri, A'yyemgi Mi'si'rda — biyday, Qi'tayda — duz, Mong'woliyada — shay pul wazi'ypalari'n atqarg'an. Usi' arnawli' tovarlardi' ali'p ju'riw adamlarga tu'rli qi'yi'nshi'li'q ha'm qolaysi'zli'q tuwdi'rg'an. Sol sebepli, adamlar bunnan da qolayli'si'n woylap tabi'wg'a umti'lg'an.

Adamlar metalldi' qayta islewdi u'yrengennen son' metall pullar payda bolg'an. Keyin ala, aylani'sta qi'mbat bahali' metallar, alti'n ha'm gu'misten islengen pullar payda bolg'an.

**Qadiriyatlar.**

B.E.Sh IV-III a'sirlerde ma'mleketimiz aymag'i'nda alti'n, gu'mis mi's draxma ha'm tetradraxma dep atalg'an ten'geler islep shi'g'ari'la baslag'an. Bul pullar Termez, Taxtasang'i'n, Denow, Kampirtepa, Afrosiyobta ali'p bari'lg'an arxeolog qazi'lmalar na'tiyjesinde tabi'lg'an.

Ha'r tu'rli awi'rli'qta bolg'an alti'n ha'm gu'mis bo'leklerin pul si'pati'nda qollang'anda ha'r sapar wolardi' ta'rezide wo'lshewge tuwri' kelgen. Bunday qolaysi'zli'qtan quti'li'w ushi'n belgili bir awi'rli'qqa ha'm ko'riniske iye bolg'an ha'm ha'r tu'rli mo'rler basi'lg'an *ten'geler* aylani'sqa kiritilgen. Waqi't wo'tiwi menen ten'gelerdin' de kemshiligi bar yekenligi bilingen. Alti'n ha'm gu'mis ten'geler qoldan-qolg'a wo'tip jelingen ha'm jen'illesip qalg'an. Al, bul bolsa wo'z na'wbetinde wolardi'n' baslang'i'sh quni', yag'ni'y basqa tovarlar menen almasi'w qa'biletinin' kemeyiwine ali'p kelgen. Bul mashqalani'n' sheshimin tabi'wg'a uri'ni'w na'tiyjesinde *qag'az pullar* payda bolg'an.Birinshi qag'az pul 812-ji'li' Qi'tayda basi'p shi'g'ari'lg'an, son'i'nan bolsa basqa ma'mleketlerde de shi'g'ari'la baslag'an.

**Almasti'ri'w** — bir wo'nimdi basqasi'na tuwri'dan-tuwri' almasti'ri'w.

**Pul** — Wo'nim ha'm xi'zmetler ushi'n to'lemdi a'melge asi'ri'wg'a arnalg'an arnawli' almasi'w qurali'.

**Tovar** — almasti'ri'w maqsetinde islep shi'g'ari'lg'an wo'nim.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### PULDIN’ QA’SI’YETLERI’

Ha’r tu’rli aymaqlarda ha’r qi’yli’ na’rseler pul si’pati’nda qollani’lg’an bolsa da, wolardi’ biz pul dep atay almaymi’z. Sebebi, pul si’pati’nda qollani’lg’an na’rse to’mendegi qa’siyetlerge, sapag’a iye boli’wi’ tiyis:

— adamlar jani’nda ali’p ju’riwi ushi’n qolayli’raq ha’m jen’ilirek, yag’ni’y iqsham boli’wi’;

— bekkem, shi’damli’ materialdan boli’wi’, waqi’t wo’tiwi menen wo’zinin’ sapasi’ ha’m mug’dari’n jog’altpawi’;

— siyrek ushi’rasi’wi’, ha’mmenin’ wog’an yerisiwge bolg’an imkaniyati’ni’n’ sheklengen boli’wi’;

— ha’r tu’rli qundi’ si’patlawshi’ tu’rlerinin’ boli’wi’;

— an’sat tani’latug’i’n ha’m woni’ qa’lbekilestiriwdin’ qi’yi’n boli’wi’.

**Qa’diriyatlar**

“Pul — bul qoldi’n’ kiri”, “Puli’n’ bolsa, shen’gelde sorpa”, si’yaqli’ naqi’l-maqallarg’a wo’z mu’nasiybetlerin’izdi bildirin’.

**Tapsi’rma**

Qaysi’ ma’mleketlerdin’ pul birliklerin bilesiz? Gazeta, jurnallar ha’m internet saytlari’nan ha’r tu’rli ma’mleket pullari’ haqqi’nda imkani’ bari’nsha ko’birek mag’luwmat toplan’ ha’m referat jazi’n’.

### PULDIN’ WAZIYPALARI





Joqari’da atap wo’tkenimizdey birinshiden, pul bul aylani’s qurali’. Pul ja’rdeminde tovarlar pulg’a almasti’ri’ladi’. Na’tiyjede tovar — pul almasi’wi’ a’melge asi’ri’ladi’. Ekinshiden, pul — bul tovar quni’ni’n’ wo’lshew qurali’. Ha’r bir tovardi’n’ quni’ pul ja’rdeminde wo’lshenedi. Tovardi’n’ pulda ko’rsetilgen quni’ — woni’n’ *bahasi’n* belgileydi. U’shinshiden, pul — bayli’q toplaw qurali’. Tovardi’ pulg’a almasti’ri’p, tu’sken pulg’a basqa na’rse almastan, woni’ belgili waqi’tqa shekem saqlaw, yag’ni’y ji’ynaw mu’mkin.

### PLASTI’K KARTOSHKALAR – ZAMANAG’O’Y PULLAR

Kompyuter texnologiyalari’ni’n’ rawajlani’wi’ na’tiyjesinde hazir plastik kartoshkalar ko’rinisindegi elektron pullar da to’lew qurali’ si’pati’nda qollani’lmaqta. Plastik kartoshkalar puldi’n’



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

zamanago'y ko'rinisi. Kartoshkalar kompyuter disketlerine usag'an boli'p, wonda pul iyesi haqqi'nda, pul mug'dari' ha'm qaysi' bankte saqlani'p ati'rg'ani' haqqi'nda mag'lwmat kiritilgen boladi'. Plastik kartoshka arnawli' u'skene (terminal) ge jaylasti'ri'li'p, kerekli pul mug'dari' qari'ydardi'n' banktegi esap betinen to'lewdi qabi'l qi'li'p ati'rg'an sho'lkem esap betine wo'tkiziledi. Kartoshkadan basqalardi'n' paydalani'wi'ni'n' aldi'n ali'w maqsetinde wog'an kartoshka iyesi ta'repinen "gilt" — si'rli' kod penen qorg'alg'an boladi'. Woni' tek usi' "gilt" penen g'ana ashi'w mu'mkin.

Sonday-aq, plastik kartoshkalardag'i' puli'n'i'zdi' kerek bolg'anda bankomat dep atali'wshi' u'skenelerden paydalani'p naq pulg'a aylandi'ri'p ali'wi'n'i'z mu'mkin.

Plastik kartoshkalar arqali' to'lewlerdi a'melge asi'ri'w bu'gingi ku'nde ha'r bir puqara ushi'n ku'ndelikli a'piwayi' awhalg'a aylani'p barati'r. Bug'an sebep wolar klient ushi'n qolay to'lew usi'li' ekenligi boli'p, naq pulg'a bolg'an za'ru'rlikti sezilerli da'rejede kemeytedi. Ma'mleketimizde plastik kartoshkalar arqali' to'lemlerdi a'melge asi'ri'wdi' rawajlandi'ri'w bari'si'nda bir qatar is-ilajlar ko'rilip ati'r.

## BILIMIN'IZDI SINAP KO'RIN'!

1. Bazardan yaki du'kannan qandayda bir na'rse sati'p alg'ani'n'i'zdi' su'wretlep berin'. Ne ushi'n bunday almasi'wg'a razi' bolg'ani'n'i'zdi' tu'sindirip berin'.
2. Pul bolmag'an da'wirlerde wo'nimlerdi almasti'ri'w protsessi haqqi'nda mag'luwmat berin'.
3. Alti'n ten'geler mi'sali'nda pul wo'z wazi'ypasi'n qalay atqarg'ani'n ta'riyplep berin'.
4. Ha'r qanday na'rse de pul wazi'ypasi'n atqara ala ma? Juwabi'n'i'zdi' tiykarlan'.
5. Puldi'n' ha'r bir wazi'ypasi'n ani'q ko'rsetip beretug'i'n turmi'sli'q mi'sallar keltirin'.
6. Sizin'she, pul qanday qa'siyetlerge iye boli'wi' kerek?
7. Ha'zirgi da'wirde yekonomikani' pulsi'z ko'z aldi'n'i'zg'a keltire alasi'z ba?

### Buni' yadta saqlan'!

- Pul barli'q tovar ha'm xi'zmetlerdi sati'p ali'w mu'mkin bolg'an arnawli' tovar.
- Pul adamzatti'n' yen' u'lken woylap tabi'wshi'li'g'i'ni'n' biri boladi'.
- Pul aylani's, wo'lshew ha'm toplaw qurali'.
- Adamlar belgili bir ma'pti go'zlep tovar ha'm xi'zmetlerdi almasti'radi'.
- Plastik kartoshkalar zamanago'y pul boli'p, qolay to'lew qurali' sanaladi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 8-TEMA BAZAR HA'M ONIN' TU'RLERI'


1



2


3


4



5


6

## JEDELLESTI'RI'WSHI' SORAW HA'M TAPSIRMALAR

**1.** 1-su'wrette ko'rsetilgen diyqan bazari'ndag'i' adamlardi' qanday yeki qatlamg'a aji'rati'w mu'mkin? Bazarda kim sati'wshi', kim qari'ydar si'pati'nda qatnasi'p ati'r? Wolardi'n' parqi' nede? Wolardi'n' maqseti neden ibarat?

**2.** 2 ha'm q-su'wretlerdi bazar dep atasaq bolama

**3.** Bazar qanday wazi'ypalardi' atqaradi' dep woylaysi'z? Pikirin'izdi turmi'stag'i' mi'sallar tiykari'nda tu'sindirip berin'.

4. 4,-5,-6-su'wretlerdi su'wretlengen tovar ha'r xi'zmetler qaysi' bazarlarda sati'ladi' yamasa sati'p ali'nadi'.

## BAZAR HA'M ONIN' WAZIYPALARI

Sizler adamlar menen toli', sawda-sati'q a'melge asi'ri'latug'i'n, bo'lek aji'rati'lg'an wori'n si'pati'ndadiyqan bazari', avtomobil bazari', kiyim-kenshek ha'm buyi'mlar bazari' si'yaqli' bazarlardi' jaqsi' bilesiz. *Bazar* — sati'wshi' ha'm qari'ydarlar «ali'w-sati'w» protsessin a'melge asi'ri'w ushi'n ushi'rasatug'i'n jer. Bazar ushi'n mudami' bo'lekaji'rati'lg'an wori'nni'n' boli'wi' sha'rt yemes.«Ali'w-sati'w» protsessi telefon ha'm internet tarmag'i' arqali' da a'melge asi'ri'li'wi' mu'mkin. Bazar — tovar xojali'g'i'ni'n' tiykari'n quraydi'. Tovar — basqalar ushi'n islep shi'g'ari'lg'an yeken, demekwoni' sati'w, basqana'rsege almasti'ri'w ushi'n bazar boli'wi' sha'rt.

**Bazar to'mendegi wazi'ypalardi' atqaradi':**

— wo'ndiris ha'm tuti'ni'wdi' bir-birine baylani'sti'radi', wolar arasi'nda da'ldalshi'li'q yetedi;



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

— «ali'w-sati'w» protsessi arqali' tovardi'n' bahasi'n belgileydi.

Tovardi' mo'lsherine qarag'anda qi'mbati'raq ni'rqta sati'p alg'an qari'ydar ya'ki tovardi' arzani'raq ni'rqtasati'p qoyg'an sati'wshi'ni'n' hesh biri de bazardan wo'kpelemeydi. Bazar — tovardi'n' ni'rqi'n belgilewshi yen' qali's to'reshi.

— yekonomikani', wo'ndiristi ta'rtipke sali'p turadi'.

**«Ali'w-sati'w» protcessi** — tovar ha'm xi'zmetlerdin' pulg'a, al, pul bolsa tovar ha'm xi'zmetlerge almasti'ri'latug'i'n protsess.

**Bazar** — qari'ydar ha'm sati'wshi'lar «ali'w-sati'w» protcessin a'melge asi'ri'w ushi'n ushi'rasatug'i'n jer.

Ne islep shi'g'ari'w kerek? Qalay islep shi'g'ari'w kerek? Kim ushi'n islep shi'g'ari'w kerek? Bul sorawlarg'a tek g'ana bazar juwap beredi. Bazar tovardi'n' ni'rqi'ni'n' arti'wi' yaki kemiyiwi arqali' wo'ndiriwshilerge qaysi' tovardan qansha mug'darda islep shi'g'ari'w kerekligin yaki kerek yemesligi haqqi'nda xabar berip turadi'. Tovar wo'timli bolsa, woni' islep shi'g'ari'w ko'beytiledi, tovar mo'lsherdegi ni'rqta wo'tpese, wonda woni' islep shi'g'ari'w toqtati'ladi' yaki jumsalatug'i'n qa'rejetlerin kemeytip, arzanlati'w ilajlari' ko'riledi.

— ha'r tu'rli ma'mleketler arasi'ndayekonomikali'q birge islesiwdi ornati'wdan ibarat. Wo'z arapaydali' birge islesiwden ha'mme paydako'redi. Solay yeken, bazar shegara bilmeydi. Ha'zirgi ku'nde bazarlari'mi'zdag'i' du'nyani'n' derlik barli'q ma'mleketlerinen keltirilgen tovarlar buni'n' ayqi'n da'lili boladi'.

## BAZARDIN' TURLERI'

Bazarlar wolarda sati'latug'i'n tovarlarg'a qarap tuti'ni'w tovarlari', wo'ndiris qurallari', finans, miynet, intellektual bazari' si'yaqli' tu'rlerge bo'linedi.

Xali'q ushi'n za'ru'r bolg'an tovarlar ha'm xi'zmetler tuti'ni'w tovarlari' bazari'nda sati'ladi'. Biz jaqsi' bilgen diyqan bazari', mal bazari', mashina bazari', u'y-jay bazari', kiyim-kenshek ha'm buyi'mlar bazari', du'kanlar, supermarketler, asxana, nanbayxana, transport, baylani's, yelektr, suw, gaz, ji'lli'li'qti' ta'miyinlew ka'rxanalari', shashta'rezxanalar, ma'deniyat, densawli'qti' saqlaw, bilimlendiriw ma'kemeleri — tuti'ni'w tovarlari' bazari'n quraydi'.

**Tuti'ni'w tovarlari' bazari'** — xali'q, u'y xojali'qlari' talaplari' ushi'n kerekli tovar ha'm xi'zmetler sati'latug'i'n bazar.

Ka'rxanalarda tovar islep shi'g'ari'wg'a kerek bolatug'i'n a'sbap-u'skeneler quri'li's-imaratlar, shiyki zat ha'm materiallar — wo'ndiris qurallari' bazari'nda sati'ladi'. Wo'ndiris qurallari' ali'w-sati'w tuwri'dan-tuwri' tikkeley islep shi'g'ari'wshi' ha'm tuti'ni'wshi' arasi'nda, yaki tovar birjalari' ha'm sawda firmalari' xi'zmetleri arqali' a'melge asi'ri'ladi'. Tovar birjalari' tovarlardi' ko'p



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

mug'darda, ko'tere sati'p ali'w ha'm sati'wdi' sho'lkemlestiretug'i'n da'lda'lshi' sho'lkemler yesaplanadi'.

**Tovar birjasi'** — tovarlardi' ko'p mug'darda, ko'tere sati'p ali'w ha'm sati'wdi' sho'lkemlestiretug'i'n da'ldalshi' sho'lkem.

**Wo'ndiris qurallari' bazari'** — ka'rxana ha'm firmalar talaplari' ushi'n za'rur tovar ha'm xi'zmetler sati'latug'i'n bazar.

Jumi'sshi' ku'shi, miynet te arnawli' tovar bolg'ani' ushi'n woni'n' da wo'z bazari' bar. Miynet bazari'nda jumi'sshi' ku'shi sati'ladi'. Bunday bazarda xali'qti' jumi'sqa wornalasti'ri'w menen shug'i'llani'wshi' miynet birjalari', basqa ka'rxanalar ha'm sho'lkemler xi'zmet ko'rsyetedi. Miynet birjasi' jumi'sshi' ku'shine za'rurligi bar jumi's ori'nlari'na iye ka'rxana ha'm jumi's izlep ju'rgen adamlar arasi'nda da'ldalshi'li'q xi'zmetin ali'p baradi'.

**Miynet birjasi'** — ka'rxanalar ha'm jumi's izlep ju'rgen adamlar wortasi'nda da'ldalshi'li'q xi'zmetin ali'p baratug'i'n sho'lkem.

**Miynet bazari'**—jumi'sshi' ku'shinin' «ali'w-sati'w» protcessleri a'melge asi'ri'latug'i'n bazar.

Puldi' arnawli', ha'mmege maqul bolg'an tovar dep aytqan yedik. Demek, woni'n' da wo'z bazari' boli'wi' kerek. Bul bazardi' finans bazari' dep ataydi'. Finans bazari'nda pul qari'zg'a beriledi, yaki qari'zg'a ali'nadi'. Bul tu'rdegi xi'zmetlerdi bankler ko'rsyetedi. Finans bazari'nda a'piwayi' puldan basqa «bahali' qag'azlar» — aktciya, obligatciya, veksel dep atalatug'i'n arnawli' pul sati'ladi' ha'm sati'p ali'nadi'. Bahali' qag'azlar sawdasi'n sho'lkemlestiriw menen fond birjalari' shug'i'llanadi'. Sonday-aq, finans bazari'nda si'rt ma'mleketlerdin' puli' valyutalar da sati'ladi' ha'm sati'p ali'nadi'. Bul jumi'slardi' bankler ha'm valyuta almasti'ri'w shaqapshalari' a'melge asi'radi'.

**Bahali' qag'az** — belgili bir mug'dardag'i' qarji'g'a yaki mu'lkke iyelikti, yaki olarg'a bolg'an mu'na'sibetti tasti'yi'qlawshi' arnawli' pul ko'rinisindegi hu'jjet.

**Fond birjalari'** — bahali' qag'azlar ali'w-sati'wi'n sho'lkemlestiriw menen shug'i'llani'wshi' da'ldalshi' sho'lkem.

I'ntellektual tovarlar bazari'nda — aqi'l miyneti wo'nimleri bolg'an tovar ha'm xi'zmetler sati'ladi'. Bunday tovarlarg'a ilimiy ideyalar ha'm ko'rkem wo'ner shi'g'armalari', ha'r tu'rli mag'luwmatlar, texnikali'q joybarlar ha'm ashi'li'wlar, kompyuter bag'darlamalari', kino, kontsert tamashalari' ha'm basqa da aqi'l miyneti na'tiyjeleri bolg'an tovar ha'm xi'zmetler kiredi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Soni'n' menen birge, ayi'ri'p ali'ng'an tovarlar bazari' da boladi'. Mi'sali', neft bazari', paxta bazari', g'a'lle bazari', ren'li metallar bazari' ha'm basqalar. Bazarlar aymaqli'q qamti'w da'rejesine qarap jergilikli, milliy ha'm xali'qarali'q bazarg'a bo'linedi.

Bazarlar a'dette yeki u'lken klasqa aji'rati'li'p u'yreniledi. Wolar tovar ha'm xi'zmetler bazari' ha'm wo'ndiris faktorlari' bazari' boladi'.



**Abu Ali ibn Sina**
(980—1037)

Shıg'i'sti'n' entsiklopedist ali'mi', woyshi'l. Ekonomika ilimine wo'zinen ilimine wo'zinin' ilimiy ko'z-qaraslari' menen u'lken u'les qosqan. Sonli'qtan, za'ru'rlik tu'sigine ani'qlama bergen. Materallar bayli'qlar jaratıwda miynettin' worni'n ani'qlap «berdi» miynet bo'listiriw tuti'nıwshı seveti ha'm insan awqatlani'w rejimleri haqqi'nda pikirler bildirdi.

## BILIMIN'IZDI SINAP KO'RIN'!

1. Bazardi'n' payda boli'wi' ushi'n barqulla belgili aji'rati'lg'an jerdin' boli'wi' sha'rt pe?
2. Bazar qanday wazi'ypalardi' atqaradi'? Wolardi' birme-bir tu'sindirip berin'.
3. Ma'mleketler ne sebepten bir-biri menen wo'z-ara sawda-sati'q ju'rgizedi?
4. Bazar tu'rlerin sanap berin'. Wo'ndiris qurallari' bazari'ni'n' tuti'ni'w tovarlari' bazari'nan parqi' nede?
5. I'ntellektual tovarlar bazari'nda ne sati'ladi'?
6. Miynet bazari'na mi'sallar keltirin'.
7. Finans bazari'nda qanday sawda a'melge asi'ri'ladi'?
8. Jergilikli, aymaqli'q, milliy ha'm xali'qarali'q bazarg'a mi'sallar keltirin'.
9. Qanday birjalardi' bilesiz? Wolardi'n' wo'zgesheligin ha'm uli'wmali'q ta'replerin ani'qlan'.

### Buni' yadta saqlan'!

- Bazar tovarlardi' wo'z ara almasti'ri'w mu'mkinshiligin jaratadi'.
- Tovardi'n' ni'rqi' bazarda ani'qlanadi'.
- Bazar ekonomikasi'n ta'rtipke sali'p turadi'.
- Bazarlar olarda sati'latug'i'n tovarlarg'a qaray tuti'ni'w tovarlari', wo'ndiris qurallari', finans, miynet, intellektual tovarlar bazari' si'yaqli' tu'rlerge bo'linedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 9-TEMA BAZARLAR HA’M NIRQLAR

1



2



3



4



5



6



## JEDELLESTI’RI’WSHI’ SORAW HA’M TAPSIRMALAR

1. 1-5 su’wretlerde tovarlar ha’m qara quti’ ishindegi sizge belgisiz bolg’an tovarg’a sati’wshi’ si’pati’nda ni’rq belgilen’.
2. Joqari’dag’i’ keltirilgen tovarlarg’a qari’ydar si’pati’nda ni’rq belgilen’.
3. Ni’rq belgilep ati’rg’an payi’ti’n’i’zda nelerge itibar berdin’iz?
4. Qara quti’ ishindegi tovarg’a ni’rq belgilew ushi’n sizge qanday mag’luwmatlar kerek boladi’?
5. Du’kanda qandayda bir tovardi’n’ sol payi’ttag’i’ ni’rqi’n sorasti’ri’n’ ha’m bul tovar ne sebepten bunday ni’rqta sati’li’p ati’rg’ani’n tu’sindiriwge uri’ni’p ko’rin’.

## BAZAR NIRQLARI

Bazar qari’ydarlar ha’m sati’wshi’larg’a tovar ha’m xi’zmetlerdi almasti’ri’w imkaniyati’n jarati’p beriwshi wortali’q. *Ni’rq* qari’ydarlar belgili bir tovar yaki xi’zmettin’ bir birligi ushi’n to’leytug’i’n pul mug’dari’ boladi’. Ma’selen, bir kilogramm sari’may ushi’n 9000 sum, bir qadaq shay ushi’n 1500 sum, bir dana velosiped ushi’n 120000 sum ha’m basqalar. Ni’rqlar ha’r qashan bir-birine sali’sti’ri’ladi’. Ha’r qi’yli’ wo’nimlerdin’ ni’rqlari’n sali’sti’ri’w arqali’ tuti’ni’wshi’lar wolardi’ sati’p aladi’. Ha’r tu’rli resurslardi’n’ ni’rqlari’n



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

sali'sti'ri'w arqali' firmalar belgili bir tovar ha'm xi'zmetlerdi sati'p aladi'. Ha'r tu'rli bazarlardag'i' ni'rqlardi' wo'z-ara sali'sti'ri'p, sati'wshi'lar tovarlardi'n' ni'rqi'n ani'qlaw imkaniyati'na iye boladi'. Usi' taqi'lette, ni'rqlar wo'z-ara sali'sti'ri'li'wi' arqali', yekonomikani'n': Qanday tovar ha'm xi'zmetler islep si'g'ari'w kerek? Qalay islep shi'g'ari'w kerek? Kim ushi'n islep shi'g'ari'w kerek? si'yaqli' u'sh tiykarg'i' sorawlari'na juwap beredi.

**Ne islep shi'g'ari'w kerek?**

Yen' ko'p payda keltiretug'i'n tovar ha'm xi'zmetlerdi islep shi'gari'w kerek.

**Qalay islep shi'g'ari'w kerek?**

I'laji' bari'nsha kemirek qa'rejet penen islep shi'g'ari'w kerek.

**Kim ushi'n islep shi'g'ari'w kerek?**

Usi' tovarg'a za'ru'rligi bar ha'm belgilengen ni'rqta pul to'lewge shamasi' keletug'i'n adam ushi'n islep shi'g'ari'w kerek.

Wo'z ara bir-birine baylani'sli' bazar ni'rqi' worayda jobalasti'rmay yaki jeke menshik islep shi'g'ari'wshi'lar ha'm qari'ydarlardi'n' sheshmlerin tikkeley qadag'alamay turi'p, ko'p tovar ha'm xi'zmetlerdi qa'legen payi'tta, qa'legen mug'darda islep shi'g'ari'w ha'm jetkerip beriwdi an'law ju'da' a'hmiyetli boladi'. Bul qubi'li's ni'rqlardi'n' bazar sistemasi'nda u'sh tiykarg'i' wazi'ypani' wori'nlawi'nan payda boladi': 1) xabar beriw wazi'ypasi'; 2) xoshametlew wazi'ypasi'; 3) bo'listiriw wazi'ypasi'.

**Qa'diriyatlar**

Hesh itibar bergensiz be, ha'r qashan bir na'rse sati'p alsaq, i'qti'yarsi'z tur'de woni'n' ni'rqi'n sorasti'rami'z. Buyi'mni'n' ni'rqi' haqqi'ndag'i' bul mag'luwmat bizge ne ushi'n kerek?

## NIRQLARDIN' XABAR BERI'W WAZIYPASI

Ni'rqlar ha'm wolar wortasi'ndag'i' qatnaslar bazar sistemasi'ndag'i' tuti'ni'wshi'lar, islep shi'g'ari'wshi'lar ha'm resurs iyelerin ne, qansha mug'darda sati'p ali'w kerekligi haqqi'nda sheshim qabi'llaw ushi'n za'ru'r bolg'an tiykarg'i' mag'luwmat penen ta'miyinleydi. Ni'rqlardi'n' xabar beriw wazi'ypasi'ni'n' a'hmiyetin toli'q tu'sinip ali'w ushi'n to'mendegi jag'daydi' ko'z aldi'n'i'zg'a keltirin': Supermarkette sawda islep ati'rsi'z. Tekshelerdegi buyi'mlardi'n' birewinin'de ni'rqi' ko'rsetilmegen; Yaki yeki jumi'sti'n' birewin olarg'a to'lenetug'i'n is haqi'ni' bilmey turi'p tan'lawdi' woylan'. Yaki boyawshi'lar jumi'si' ushi'n qansha sorawi', boyaw, boyaw qa'lemi (kist) ha'm basqa da materiallardi'n' ni'rqlari' haqqi'nda hesh qanday mag'luwmatqa iye bolmay turi'p, boyawshi'ni' jallaw yaki usi' jumi'sti' wo'zin'iz wori'nlay ali'wi'n'i'z haqqi'nda sheshim qabi'llawg'a umti'li'p ati'rg'ani'n'i'zdi' woylap ko'rin'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Tapsi'rma**

A'tirapi'mi'zdag'i' du'kanlardan qanday da bir tovardi'n' ni'rqi'n sorasti'ri'n' ha'm olardi' wo'z-ara sali'sti'ri'n'. Ne ushi'n ni'rqlarda ayi'rmashi'li'q bolatug'i'ni'n tu'sindiriwge uri'ni'p ko'rin'.

Bul jag'daylardi'n' ha'r birinde ni'rq haqqi'nda mag'luwmatqa iye bolmay turi'p, bir sheshimge keliw ju'da' qi'yi'n boladi'.

## NIRQLARDIN' XOSHAMETLEW WAZIYPASI

Ni'rqlardi'n' wwo'zgeriwi bazar yekonomikasi'nda resurslardi' ko'shiriw yaki qayta bo'listiriw ushi'n ba'sekiler payda yyetedi. Soya wo'simliginin' ni'rqi' ma'kkenin' ni'rqi'na sali'sti'rg'anda arti'wi' fermerlerdi ko'birek soya wo'simligi ha'm kemirek ma'kke yegiwge iytermeleydi. Huqi'qtani'wshi'lardi'n' ayli'g'i' yesapshi'larg'a sali'sti'rg'anda kemligi, azi'raq adamlardi'n' huqi'qti' ha'm ko'birek adamlardi'n' buxgalteriyani' u'yreniwine sebep boladi'. Yyerkin bazarda paydani'n' arti'wi' resurslardi' qatnasti'radi' ha'm usi' payi'tta zi'yanni'n' arti'wi' bug'an qarama-qarsi' na'tiyjege sebep boladi'. Payda yekonomikali'q turmi'sti'n' jasi'l shi'rag'i', zi'yan bolsa qi'zi'l shi'rag'i'. Jaqsi' isleytug'i'n jol ha'reketin qadag'alaw sistemasi'da jasi'l da, qi'zi'l da ren'lerdin' boli'wi'n talap yetkenindey, jaqsi' isleytug'i'n bazar sistemasi' ushi'n paydani'n' da, zi'yanni'n' da bar boli'wi' za'ru'r boladi'.

## NIRQLARDIN' BO'LI'STI'RI'W WAZIYPASI

Basqa jay-jag'daylar wo'zgermey, qanday da bir tovardi'n' ni'rqi' artsa, adamlar woni' kemirek sati'p ali'wg'a ha'reket yyetedi, kerisinshe, ni'rq qanshama pa's bolsa, adamlardi'n' usi' tovardi' sati'p ali'w tilegi artadi'. Ni'rqlar qurali'nda bazarda jetispewshi resurslar, wolar ushi'n pul to'lew tilegi ha'm qa'bileti yen' joqari' bolg'an tuti'ni'wshi'lar arasi'nda bo'listiriledi. Qala worayi'ndag'i' imarat iyesi woni' ofis imarati' ushi'n ijarag'a bergende, garaj yaki sklad ushi'n bergendegige sali'sti'rg'anda ko'birek ijara haqi' ali'w imkaniyati'na iye bolsa, demek, wonnan ofis imarati' ushi'n paydalanadi'. Yegerde 50000 adam 5000 adamli'q zalda wo'tkeriliwi go'zlengen kontsertti tamasha yetiwdi qa'lese, biletlerdin' ni'rqi' tek 5000 adam to'ley alg'ang'a shekem arti'wi' mu'mkin, qalg'an 45000 adam bilet ni'rqi' qi'mbat bolg'ani' ushi'n kontsertti tamasha qi'la almaydi'.

## ADAM SMIT NI'RQ HAQQI'NDA

Adam Smit bazar sistemasi' tovarlarg'a hesh kimnin' aralasi'wi'si'z "a'dil" ni'rqlardi' wornata aladi' dep yesaplag'an. Wol barli'q tovarlar wo'zinin' haqiyqiy ni'rqi'na iye boli'p bul ni'rq usi' tovardi' islep shi'g'ari'wshi'g'a ketken say ha'reketlerine baylani'sli' dep yesaplag'an. Woni'n' pikirinshe Tovar islep



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

shi’g’ari’w ushi’n isletiletug’i’n jer ushi’n renta ko’rinisindegi haqi’ to’leniwi lazi’m. Sol tovardi’ islep shi’g’ari’w ushi’n jumsalg’an kapitaldan paydalang’ani’ ushi’n da huqi’qi’y mug’dardag’i’ haqi’ to’lewi kerek boladi’. Jumsalg’an jumi’sshi’ ku’shi ushi’n is haqi’ to’leniwi kerek. Adam Smit pikirinshe, mine bul qa’rejetler Tovar ni’rqi’n qa’liplestiredi. Biraq ni’rq geypara jag’daylarda bir qansha wwo’zgeriwi mu’mkin, mi’sali’ jetispewshilik ju’z bergen jag’dayda dep yesaplag’an shotlandiyali’q ekonomist ali’m Adam Smitti ko’pshilik zamanago’y yekonomika tiykarshi’si’ dep yesaplaydi’.

## BILIMIN’IZDI SINAP KO’RIN’!

1. Tovardi’n’ ni’rqi’ dep nege ayti’ladi’?
2. Bazarda qanday da bir na’rse sati’p ali’p ati’rg’ani’n’i’zdag’i’ is-ha’reketin’izdi ayti’p berin’. Ne ushi’n birinshi dus kelgen sati’wshi’dan sati’p almaysi’z?
3. Bazar yekonomikasi’ sharayati’nda ni’rq qanday wazi’ypalardi’ wori’nlaydi’?
4. Bazarda tovar ni’rqi’: a) sati’wshi’larg’a; b) qari’ydarlarg’a qanday mag’luwmat beredi?
5. Ni’rqti’n’ xabar beriwi, xoshametlew ha’m bo’listiriw wazi’ypalari’n ani’q mi’sallarda tu’sindirin’.
6. I’slep shi’g’ari’wshi’lar ushi’n payda ha’m zi’yan neden xabar beredi.
7. Siz Adam Smittin’ pikirine tolıq qosılasi’zba
9. Adam Smittin’ da’wirindegi ha’m ha’zirgi zamandag’i’ sha’riyatti’n’ maslap, hazirgi zamandag’i’ ni’rqlardi’n’ wo’zgeriwine ja’ne neler ta’ris qi’li’wi’ mu’mkin yekenligin si’nap berin’.

**Buni yodda tuting!**

- Ni’rq tovar bahasi’ni’n’ puldag’i’ mug’dari’.
- Bazar yekonomikasi’ sharayati’nda ni’rq xabar beriw, xoshametlew ha’m bo’listiriw wazi’ypalari’n wori’nlaydi’ ha’m yekonomikani’n’ u’sh tiykarg’i’ sorawlari’na juwap beredi.
- Bazar sistemasi’nda ni’rq tuti’ni’wshi’ ha’m islep shi’g’ari’wshi’larg’a tovardi’ islep shi’g’ari’w ha’m bo’listiriw boyi’nsha qi’mbatli’ mag’luwmat beredi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 10-TEMA BAZAR QATNASIWSHILARI




## JEDELLESTI'RI'WSHI' SORAW HA'M TAPSIRMALAR

1-su'wrettegi zabod ha'm 3-su'wrettegi muzika mektebi ma'mleketke tiyisli.

2-su'wrettegi favrika jeke isbilermenge tiyisli.

4-su'wrette shan'araq ko'rsetilgen. Ha'r bir shan'araqti'n' wo'z xojali'g'i', wo'zinin' kishi ekonomikasi bar. Soni'n' ushin ha'm yekonomika pa'ninde shan'raq haqqinda gap yetilgendey "U'y xojali'g'i' termini" isletiledi.

1.Ma'mleket muzika mektebin quri'w ushin materiallardi, jumisshi kushi ha'm woni'n' ushi'n quri'lmalardi' qay jerden aladi'? Wol jerde isleytug'i'n woqiti'wshi ha'm islewshiler qa'ytip jumi'sqa jaylasadi'?

2. Toqi'mashi'li'q favrikasi' shiyki zatti' ha'm jumi'sshi' ku'shin qay jerden aladi'? Wol wo'zinin' wo'nimlerin qay jerde satadi'.

3. Ma'mleket wo'z zavodi' ushi'n jumi'sshi ku'shin qay jerden jallaydi' ha'm wo'z wo'nimlerin qay jerde satadi'?

4. U'y xojali'g'i' wo'zine tuti'ni'u ushi'n tovarlardi' qay jerden aladi'. U'y xojali'g'i' jumisshi ku'shi bazari'nda ne usi'ni's qila aladi'?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## I'SLEP SHIG'ARIWSHILAR

*I'slep shi'g'ari'wshi'lar* — tovar ha'm xi'zmetlerdi isleytug'i'n ka'rxanalar. Wolar bir ta'repten ta'biyiy resurslardi', islep shi'g'ari'w quralları'n, jumi'sshi' ku'shin bazardan sati'p ali'p qari'ydar si'pati'nda qatnassa, yekinshi ta'repten islep shi'g'arg'an tovar ha'm xi'zmetlerin, wo'zine tiyisli mu'lkti bazarda sati'p, sati'wshi' si'pati'nda qatnasadi'. Mi'sali', un zavodi' wo'zine kerekli imarat, digirman u'skeneleri, biyday ha'm jumi'sshi' ku'shin bazardan sati'p aladi', yag'ni'y bazarda qari'ydar si'pati'nda qatnasadi'. Soni'n' menen birge, biydaydan un islep shi'g'ari'p, woni' bazarda satadi', yag'ni'y bazarda sati'wshi' si'pati'nda da qatnasadi'.

**I'slep shi'g'ari'wshi'lar** — tovar ha'm xi'zmetlerdi jaratatug'i'n ka'rxanalar

## TUTINIWSHILAR

*Tuti'ni'wshi'lar* — xali'q, shan'araq, xojali'qlar wo'zleri ushi'n kerekli xi'zmetlerdi, tuti'ni'w tovarlari'n ha'm ha'r tu'rli mu'lklerdi qari'ydar si'pati'nda bazardan sati'p aladi'. Yekinshi ta'repten, xali'q wo'zine tiyisli mu'lkti bazarda satadi'. Sonday-aq, adamlar ha'r tu'rli ka'rxanalarda miynet yetip, wworni'na is haqi' aladi', yag'ni'y sati'wshi' si'pati'nda wo'zinin' ku'shin satadi'. Demek, tuti'ni'wshi'lar — xali'q ha'm xojali'qlar bazarda ha'm qari'ydar, ha'm tuti'ni'wshi' si'pati'nda qatnasadi' yeken.

**Tuti'ni'wshi'lar** — jarati'lg'an tovar ha'm xi'zmetlerdi tikkeley tuti'ni'wshi' yamasa wolardan paydalani'wshi'lar. Tuti'ni'wshi'lar tiykari'nan wo'z shan'arag'i' menen ku'n keshirgeni ushi'n, wolardi' basqasha **shan'araq-xojali'q** dep te ataydi'.

## MA'MLEKET

Bazarda ma'mleket (hu'kimet) ja'miyettin' basqari'w worgani', ta'biyiy resurslardi'n' iyesi si'pati'nda ayi'ri'qsha ori'n tutadi'. Sol sebepli, ma'mleket bazardi'n' u'shinshi qatnasi'wshi'si' si'pati'nda ayi'ri'p ko'rsetiledi. Ma'mleket te bir ta'repten ta'biyiy resurslardi', ma'mleketlik basqarma ha'm ma'kemelerinin' xi'zmetlerin, ha'r tu'rli ma'mleketlik ka'rxanalarda islep shi'g'ari'lg'an tovarlardi', ma'mleket mu'lkin satsa, yekinshi ta'repten ma'mleketlik ka'rxanalar za'ru'rlikleri ushi'n bazardan tovar, xi'zmet ha'm jumi'sshi' ku'shin sati'p aladi'. Ma'mleket xali'q ha'm ka'rxanalarg'a wo'z ken'se ha'm ma'kemeleri arqali' ko'rsetken xi'zmeti ushi'n ha'r tu'rli ma'jbu'riy to'lem, sali'q ko'rinisinde de haqi' wo'ndirip aladi'. Mi'sali', bi'lay qarag'anda xali'qqa biypul medicsinali'q xi'zmet ko'rsetilip ati'rg'anday ko'rinedi. Negizinde bul xi'zmet ushi'n ha'r birimiz da'ramati'mi'zdan uslap qali'natug'i'n sali'q ko'rinisinde haqi' to'leymiz.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sonday-aq, bazardi'n' ha'r bir qatnasi'wshi'si' — ma'mleket, islep shi'g'ari'wshi' ha'm tuti'ni'wshi'lar bazar arqali' bir-birine pul qari'z beredi ha'm qari'z aladi', bir-birewinin' bahali' qag'azlari'n sati'p aladi' ha'm satadi'. Solay yetip, bazardi'n' ha'r bir qatnasi'wshi'si' arasi'nda ali'w-sati'w protsessi payda boladi', bazardi' ba'rqulla ha'reketke keltirip turadi'?

### RESURSLAR, TOVARLAR, XIZMETLER HA'M PUL QARJILARININ' AYLANBA HA'REKETI'

Bazar qatnasi'wshi'lari' bolg'an ma'mleket, wo'ndiriwshiler ha'm shan'araq-xojali'q (tuti'ni'wshi'lar) bazardan bir na'rse sati'p aladi' ha'm bir na'rseni satadi'. Sol sebepli, bazarda resurslar, tovarlar, xi'zmetler ha'm pul qarji'lari' ti'nbay ha'rekette boli'p, aylani'p turadi' (41-bettegi si'zi'lmag'a qaran').




U'y xojali'qlari', yag'ni'y tuti'ni'wshi'lar wo'zlerine tiyisli mu'lkti, jumi'sshi' ku'shin, is haqi', ayli'q, payi'z to'lewi ha'm payda usi' si'yaqli' pul da'ramatlari' wworni'na ma'mleketke, islep shi'g'ari'wshi' firma ha'm ka'rxanalarg'a satadi'. Ali'ng'an da'ra,matqa bolsa, wo'z za'ru'rliklerin qanaatlandi'ri'w ushi'n bazardan kerekli xi'zmetlerdi, tuti'ni'w tovarlari'n ha'm ha'r tu'rli mu'lklerdi sati'p aladi'.

Wo'z na'wbetinde ma'mleket bul pulg'a wo'zi ushi'n kerekli tovar ha'm xi'zmetlerdi wo'ndiriw-shiler ha'm u'y xojali'qlari'nan sati'p aladi'. Wo'ndiriwshiler bolsa u'y xojali'qlari'nan alg'an pulg'a ja'ne xali'qtan ha'm ma'mleketten kerekli resurslardi' sati'p aladi' ha'm basqa. Solay yetip, yekonomikada resurslar, tovarlar, xi'zmetler ha'm pul qarji'lari' ti'nbay aylani'p turadi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## BAZAR I’NFRASTRUKTURASI

Bazar wazi’ypalari’n a’melge asi’ri’wda tikkeley qatnaspastan, wog’an ja’rdem beriwshi, xi’zmet ko’rsetiwshi ka’rxana, sho’lkem ha’m ma’kemelerdin’ ha’mmesi bir atama — *bazar infrastrukturasi’* dep ataladi’. Bazar infrastrukturasi’na bankler, qamsi’zlandi’ri’w kompaniyalari’, tovar, qor ha’m basqa tu’rdegi birjalar, sawda u’yleri, baji’xana basqarmalari’, yesap-sanaq, finans, huqi’qi’y ma’sla’hat xi’zmetin ko’rsetetug’i’n ha’r tu’rli sho’lkemler, ha’r tu’rli arnawli’ sawdalardi’ sho’lkemlestiriwshi ma’kemeler ha’m sho’lkemler kiredi.

**Bazar infrastrukturasi’** — bazardi’n’ wazi’ypalari’n a’melge asi’ri’wda tikkeley qatnaspastan, wog’an ja’rdem beretug’i’n, xi’zmet ko’rsetiwshi ka’rxana, sho’lkem ha’m ma’kemeler.

**Tapsi’rma**

Sabaqti’n’ mazmuni’n an’lati’wshi’ si’zi’lma tiykari’nda «Bazar qatnasi’wshi’lari’ arasi’nda resurs, pul, tovar ha’m xi’zmet ag’i’mi’ni’n’ aylani’si’» — dep atalatug’i’n plakat tayarlan’.

### BILIMIN’IZDI SINAP KO’RIN’!

1. Bazar qatnasi’wshi’lari’ni’n’ miynet bazari’ndag’i’ wo’z ara ali’w-sati’w qatnaslari’na sholi’w jasan’.
2. Keshquri’n ko’shelerimizdi jaqti’landi’ri’wg’a jumsalatug’i’n yelektr yenergiyasi’ ushi’n kim, qaysi’ da’rekten haqi’ to’leydi?
3. Ma’mleket mu’lkin u’nemlew ha’m saqlaw yen’ da’slep kim ushi’n a’hmiyetli?
4. Shan’arag’i’n’i’z mi’sali’nda bazardan ne sati’p ali’p ati’rg’ani’n’i’zdi’ yaki neni sati’p ati’rg’ani’n’i’zdi’ ayti’p berin’.
5. Rayoni’n’i’zda xi’zmet ko’rsetip ati’rg’an bazar infrastrukturasi’n sanan’.
6. Yekonomikada resurs, tovar, xi’zmet ha’m pul qarji’lari’ni’n’ aylani’p turi’wi’n tu’sindirip berin’.
7. Bu’gingi ku’nde ma’mleketimizdegi bazar infrastrukturasi’ haqqi’nda ne bilesiz? Pikirin’izdi turmi’stan ali’ng’an mi’sallar ja’rdeminde tu’sindiriwge ha’reket jetin’.

**Buni’ yadta saqlan’!**

- Ma’mleket, islep shi’g’ari’wshi’lar ha’m shan’araq-u’y xojali’qlari’ bazar qatnasi’wshi’lari’ yesaplanadi’.
- Bazarda ma’mleket, wo’ndiriwshiler, tuti’ni’wshi’lar arasi’nda resurs, tovar, xi’zmet ha’m pul qarji’lari’ da’wirli tu’rde aylani’p turadi’.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# II BAPTI TA'KI'RARLAW USHIN SORAW HA'M TAPSIRMALAR

## A. SORAWLAR.

1. Pul bolmag'an da'wirlerde wo'nimlerdi almasti'ri'w procsessinde qanday qi'yi'nshi'li'qlar bolg'ani'n tu'sindirip berin'.
2. Har qanday na'rse de pul wazi'ypasi'n atqara ala ma?
3. Puldi'n' ha'r bir wazi'ypasi'n ani'q ko'rsetetug'i'n turmi'sli'q mi'sallar keltirin'.
4. Ali'w-sati'w procsessinen qari'ydar da, sati'wshi' da payda ko'riwin talqi'lap berin'?
5. Bazar boli'wi' ushi'n ha'r qashan da arnawli' aji'rati'lg'an ori'n boli'wi' sha'rt pe? Juwabi'n'i'zdi' mi'sallar menen tiykarlan'.
6. Bazardi'n' wazi'ypalari'n ayti'n' ha'm wolardi' bazar mi'sali'nda tu'sindirip berin'.
7. Wo'ndiris quralları' bazari'ndag'i' tovardi'n' ni'rqlari'ni'n' arti'wi' tuti'ni'w tovarlari' bazari'ndag'i' tovar ni'rqi'na qanday ta'sir ko'rsyetedi?
8. Wo'ndiris quralları' bazari' tuti'ni'w tovarlari' bazari' menen uqsas ha'm wo'zgeshe ta'replerin sanap berin'?
9. Ma'mleket bazardan nelerdi sati'p aladi' ha'm nelerdi satadi'?

## B. TAPSIRMALAR.

To'mende da'slep atamalardi'n' atlari', son'i'nan wolardi'n' talqi'lawi' berilgen. Ha'r bir atamag'a sa'ykes keletug'i'n talqi'lawdi' tawi'p, atama sani'ni'n' jani'na saykes keletug'i'n talqi'lawshi' ha'ripti jazi'n'.

### ATAMALAR:

1. Almasti'ri'w.
2. Pul.
3. Ni'rq.
4. Bazar.
5. Tuti'ni'w tovarlari' bazari'.
6. Bazar qatnasi'wshi'lari'.
7. Wo'ndiris quralları' bazari'.
8. Wo'ndiriwshiler.
9. Tuti'ni'wshi'lar.
10. Bahali' qag'az.
11. Miynet birjasi'.
12. Bazar infrastrukturasi'.

### TALQILAWLAR:

a) xali'q, u'y xojali'g'i'ni'n' talaplari'n qanaatlandi'ratug'i'n ha'm tikkeley paydalanatug'i'n tovar ha'm xi'zmetler bazari';
b) tovar ha'm xi'zmetler ushi'n to'lewdi a'melge asi'ri'wg'a mo'lsherlengen, arnawli' almasti'ri'w qurali';



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

d) ka’rxana ha’m jumi’s izlep ju’rgen adamlar arasi’nda da’ldalshi’li’q xi’zmetin ali’p baratug’i’n sho’lkem;
e) bir wo’nimdi sati’w, sati’p ali’w yamasa basqasi’na almasti’ri’w;
f) qari’ydar ha’m sati’wshi’lar ali’w-sati’w protsessin a’melge asi’ri’w ushi’n ushi’rasatug’i’n jer;
g) bir birlik tovar quni’ni’n’ puldag’i’ ko’rinisi;
h) belgili bir mug’dardag’i’ qarji’g’a (yaki mu’lkke) iyelik etiwdi yaki wog’an qarag’andag’i’ qatnasti’ tasti’yi’qlawshi’ arnawli’ pul;
i) jarati’lg’an tovar ha’m xi’zmetlerden paydalani’wshi’ (tuti’ni’wshi’) u’y xojali’qlari’;
j) ka’rxana ha’m firmalar talaplari’ ushi’n kerekli tovar ha’m xi’zmetler sati’latug’i’n bazar;
k) tovar ha’m xi’zmetlerdi jaratatug’i’n ka’rxanalar;
e) ma’mleket, wo’ndiriwshiler ha’m u’y xojali’qlari’;

## D. TESTLER

Berilgen sorawg’a ma’nisi jag’i’nan yen’ duri’s ha’m toli’q juwapti’ belgilen’.

**1. Negizinde almasti’ri’w...**

A. bir ta’rep ushi’n paydali’, yekinshi ta’rep ushi’n paydasi’z boladi’.
B. ha’r yeki ta’rep ushi’n da paydali’ boladi’.
D. qanday tovarlar almasti’ri’li’p ati’r-g’ani’na qarap, ha’r yeki ta’rep ushi’n da paydali’ boladi’.
E. qanday tovar almasti’ri’li’p ati’rg’ani’na qarap ha’r yeki ta’rep ushi’n da pay-dasi’z boladi’.

**2. To’mendegi jag’daylardi’n’ qaysi’ birinde pul aylani’s wazi’ypasi’n atqarmaqta?**

A. jumi’sshi’g’a ayli’q belgilendi.
B. naq pulg’a sati’p ali’ndi’.
D. Yelektr yenergiyasi’ ni’rqi’ ko’terildi.
E. AQSH dollari’ni’n’ sumdag’i’ quni’ ani’qlandi’.

**3. Bazar — bul...**

A. sati’wshi’ ha’m qari’ydar ushi’rasatug’i’n jer.
B. tovar ha’m xi’zmetler almasti’ri’latug’i’n jer.
D. wo’ndiriwshini tuti’ni’wshi’ menen baylani’sti’ratug’i’n qural.
E. naduri’s juwap joq.

**4. Tovardi’n’ ni’rqi’ bul ...**

A. sati’wshi’ni’n’ tovar ushi’n almaqshi’ bolg’an pul mug’dari’.
B. tovardi’ islep shi’g’ari’w ushi’n sarplanatug’i’n ja’mi qa’rejet mug’dari’
D. tovardi’ islep shi’g’ari’w, saqlaw ha’m sati’w ushi’n sarplanatug’i’n ja’mi pul mug’dari’.
E. bir birlik quni’ni’n’ puldag’i’ ko’rinisi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**5. Anvar magnitofondi' 200000 sumg'a sati'p, woni'n' 150000 sumi'n amanat bankine qoydi' ha'm qalg'an puli'na tufli sati'p aldi'. Bul jag'dayda pul qanday wazi'ypani' atqardi'?**

A. wo'lshew ha'm toplaw qurali'.
B. aylani's ha'm wo'lshew qurali'.
D. aylani's ha'm toplaw qurali'.
E. wo'lshew, toplaw ha'm aylani's qurali'.

**6. Tuti'ni'w tovarlari' qanday maqsette paydalani'ladi'?**

A. stanoklar islep shi'g'ari'w;
B. basqa wo'nimlerdi islep shi'g'ari'w ha'm qayta islew;
D. xali'q ha'm u'y xojali'qlari'ni'n' talaplari'n qanaatlandi'ri'w;
E. awi'l xojali'g'i' wo'nimlerin jetilistiriw.

**7. Wo'ndiris qurallari' nege xi'zmet yetedi?**

A. wo'ndiris stanoklari'n won'law.
B. ka'rxanada shiyki zatqa islew berip, wo'nim islep shi'g'ari'w.
D. bazarda sati'w ushi'n
E. wo'ndiristi shiyki zat penen ta'miyinlew.

**8. Bazarda ...**

A. mudami' sati'wshi'ni'n' da'rejesi qa-ri'ydarg'a qarag'anda joqari' boladi'.
B. mudami' qari'ydardi'n' da'rejesi sa-ti'wshi'g'a qarag'anda joqari' boladi'.
D. mudami' sati'wshi' ha'm qari'ydardi'n' qa'rejetleri ten' boladi'.
E. sati'wshi'ni'n' qari'ydarg'a sali'sti'r-g'anda da'rejesin ani'qlap bolmaydi'.

**9. Aktsiyalar qaysi' bazarda sati'ladi'?**

A. wo'ndiris qurallar bazari'nda.
B. finans bazari'nda.
D. miynet bazari'nda.
E. intellektual tovarlar bazari'nda.

**10. Yekonomikada ... ti'nbay aylani'p turadi'?**

A. pul qarji'lari'.
B. pul qarji'lari' ha'm tovarlar.
D. tovar ha'm xi'zmetler.
E. resurs, tovar, xi'zmet ha'm pul qarji'lari'.

**11. Pul qanday qa'siyetlerge iye boli'wi' kerek?**

A. qolayli' ha'm i'qsham.
B. bekkem ha'm turaqli'.
D. qa'lbekilestiriw qi'yi'n.
E. joqari'dag'i'lardi'n' barli'g'i'.

**12. To'mendegi su'wretlerde su'wretlengen na'rselerdin' qaysi' biri pul wazi'ypasi'n atqara aladi'?**

A.



B.



D.



E.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE







# III bap. Shan'araq-u'y xojali'qlari' yekonomikasi'

**Usi' baptag'i' materiallardi' u'yreniw na'tiyjesinde to'mendegi bilim, sheberlik ha'm ko'nlikpelerge iye bolasi'z:**

— tuti'ni'wshi'lardi'n' bazardag'i' is-ha'reketleri ha'm wo'zlerin tuti'w printsipleri menen tani'si'w;
— tuti'ni'wshi'lardi'n' tiykarg'i' da'ramat tu'rlerin biliw ha'm aji'rata ali'w;
— tuti'ni'wshi'lardi'n' da'ramat da'reklerin ani'qlaw;
— ha'r tu'rli shan'araqlarda ma'jbu'riy ha'm yyerkin qa'rejetler qurami'ni'n' ha'r tu'rli boli'wi'ni'n' sebebin biliw;
— a'piwayi' shan'araq byudjetin du'ziw;
— mu'lk ha'm woni'n' tu'rlerin biliw;
— jeke menshiktin' mag'anasi' ha'm bazar yekonomikasi'ndag'i' a'meliyati'n an'law;
— respublikami'zdag'i' menshiklestiriw protsessin ta'riplep beriw;
— toplawdi'n' yekonomikali'q mag'anasi'na tu'siniw;
— toplawdi'n' tu'rlerin biliw ha'm olardi' bahalaw;
— tan'law kestesi ja'rdeminde yekonomikali'q sheshim qabi'llay ali'w;
— tuti'ni'wshi'lardi'n' yen' a'hmiyetli huqi'qlari' menen tani'si'w;
— bazarda qanday da bir tovardi' sati'p ali'wda a'meliy ko'nlikpelerge iye boli'w;
— reklama ha'm woni'n' arti'qmashli'q ha'm kemshilik ta'replerin biliw.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 11-TEMA

# TUTINIWSHILARDIN' DA'RAMATLARI HA'M QA'REJET TU'RLERI'



| Oilaning daromad turlari | Swmda | Pay1zda | Oilaning xarajat turlari | Swmda | Pay1zda |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. A'kenin' is haqi'si'<br>2. Anani'n' ayli'g'i'<br>3. I'jara haqi'<br>4. Atani'n' pensiyasi'<br>5. Apani'n' pensiyasi'<br>6. Amanat procsenti | | | 1. Azi'q-awqat wo'nimleri<br>2. Kiyim-kenshek<br>3. Transport qa'rejetleri<br>4. U'y-jay ushi'n to'lem<br>5. Turmi's xi'zmeti ushi'n to'lem<br>6. U'y-ruzger zatlari'<br>7. Ma'deniy dem ali'w<br>8. Sali'qlar<br>9. Basqa qa'rejetler | | |
| Jami: | | 100 % | Jami: | | 100 % |

### JEDELLESTI'RI'WSHI' SORAW HA'M TAPSIRMALAR

1. Kesteni da'pterin'izge ko'shirin' su'wrettegi shan'araqti'n' bir ayli'q da'ramatlari'n yoylap ko'rin' ha'm joqari'dag'i' kestenin' shep ta'repine jazi'n'.
2. Shan'araqti'n' bir ay dawami'nda qansha mug'darda qa'rejetlerdi kestenin' won' ta'repine jazi'n'. Mu'mkin bolsa basqa da'ramat ha'm qa'rejet tu'rlerin ha'm jazi'n', bir ayli'q barli'q da'ramat ha'm qa'rejetler mug'dari'n ani'qlan'. Payda bolg'an keste shan'araq byudjeti dep ataladi'.
3. Shan'araqti'n' bir ayli'q byudjetindegi uluwma da'ramatlari' ha'm uluwma qa'rejetlerinin' mug'dari'n wo'z ara sali'sti'ri'n'. Wolar barli'q waqi'tta da ten' boli'p shi'g'a bere me?

**Shan'araq byudjeti** — shan'araqti'n' belgili bir da'wirdegi da'ramat da'rekleri ha'm qa'rejetleri keltirilgen finansli'q jobasi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## TUTINIWSHILARDIN' DA'RAMAT DA'REKLERI'

Adamni'n' belgili bir waqi'tta (bir ayda yamasa bir ji'lda) islep tapqan yaki qoli'na kirgizgen barli'q materialli'q ha'm pul tu'simleri *da'ramat* dep ataladi'. Da'ramat tikkeley miynet arqali' yamasa qanday da bir mu'lk (bayli'q)ti qollani'w yesabi'nan ali'ni'wi' mu'mkin. Bul sabaqta da'ramatti'n' tikkeley miynet yesabi'nan ali'natug'i'n tu'ri haqqi'nda toqtaymi'z. I's haqi' tikkeley miynet yesabi'nan ali'natug'i'n da'ramat boli'p, wol tuti'ni'wshi'lar da'ramati'ni'n' tiykarg'i' bo'legin quraydi'.

**Da'ramat** — adamni'n' (shan'araqti'n') belgili bir waqi'tta islep tapqan yaki qolg'a kirgizgen barli'q materialli'q ha'm pul tu'simleri.

I's haqi'ni'n' to'mendegi tu'rleri boli'wi' mu'mkin.

— Jumi'sshi'ni'n' bir ay dawami'ndag'i' miyneti ushi'n qatan' belgilengen belgili bir pul mug'dari' — *ayli'q is haqi'*.

— Jumi'sshi'ni'n' tayarlag'an wo'niminin' mug'dari'na yamasa islegen jumi'si'na qarap to'lenetug'i'n pul mug'dari' *miynetli is haqi'*.

Ma'mleket sho'lkemlerinde islewshiler, tiykari'nan ayli'q is haqi' ko'rinisindegi is haqi' aladi'. Zavod ha'm fabrikalardi'n' jumi'sshi'lari'na ko'binese miynetli is haqi' belgilenedi. Oqi'ti'wshi'lar, a'dette, wo'tken saatlari' ushi'n waqi'tli' is haqi' aladi'. Sonday-aq, geypara ka'rxana ha'm sho'lkemlerde aralas ko'rinisindegi is haqi' belgilenedi, yag'ni'y jumi'sshi'larg'a qatan' ayli'q is haqi' belgilenip, ori'nlang'an jumi's ko'lemine baylani'sli' tu'rde qosi'msha miynet haqi' da belgilenedi.

Shan'araq da'ramatlari' ba'rqulla pul ko'rinisinde bola bermeydi. Mi'sali', shan'araq wo'z qi'ytaq jerinde pali'z eginlerin jetistirip, wo'zleri paydalanadi'. Buni'n' menen wolar tikkeley wo'nim ko'rinisindegi da'ramatti' wo'zlestirip ati'r.

**I's haqi'** — ka'rxana ta'repinen jallani'p islep ati'rg'an xi'zmetkerge atqarg'an jumi'si' ushi'n to'lenetug'i'n pul.

**Ayli'q is haqi'** — jumi'sshi'g'a bir ay dawami'ndag'i' miyneti ushi'n qatan' belgilengen pul mug'dari'.

**Miynetli is haqi'** — jumi'sshi'g'a tayarlang'an wo'nim mug'dari'na qarap to'lenetug'i'n pul mug'dari'.

**Waqi'tli' is haqi'** — jumi'sshi'g'a islegen waqi'ti'na qarap to'lenetug'i'n pul mug'dari'.

Ha'r bir islewshi islegen waqti' dawami'nda is haqi'ni'n' bir bo'legin pensiya qori'na wo'tkerip toplap baradi'. Waqi'tti'n' wo'tiwi menen islewshi qartayi'p, jumi's islewge jaramsi'z boli'p qalg'anda, wog'an a'ne usi' qordi'n' yesabi'nan *g'arri'li'q pensiyasi'* — ha'r ayda belgili bir mug'darda pul berip turadi'. *Stipendiya* studentlerge woqi'w dawami'nda, *napaqalar bolsa* jumi'ssi'zli'q, kesellik yaki basqa sebeplerge qaray waqi'tsha isley almaytug'i'n adamlarg'a, ko'p balali' yaki kem ta'miyinlengen shan'araqlarg'a ma'mleket ha'm ka'rxanalar ta'repinen



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

beriletug'i'n ja'rdem pul boli'p tabi'ladi'. U'y xojali'qlari'ni'n' da'ramati'n is haqi'dan basqa pensiya, stipendiya, jumi'ssi'zli'q yaki kem ta'miyinlengenlik napaqasi' si'yaqli' basqa da'ramatlar quraydi'. Ma'mleket ta'repinen beriletug'i'n ja'rdem pullari'n basqasha *sotsialli'q transfertler* dep te ataydi'.

## SHAN'ARAQ QA'REJETLERI'

Shan'araqti'n' to'mendegi tu'rdegi qa'rejetleri boli'wi' mu'mkin:

— azi'q-awqat wo'nimlerin sati'p ali'w;
— kiyim-kenshek ha'm ayaq kiyim sati'p ali'w;
— u'y-jaydan paydalang'ani' ushi'n to'lemler;
— gaz, yelektr yenergiyasi', ko'mir, woti'n ha'm basqa jani'lg'i'lardi' sati'p ali'w;
— u'y-ruzger buyi'mlari'n sati'p ali'w;
— u'y-ruzgerdegi turmi'sli'q xi'zmetler ushi'n to'lemler;
— jeke tuti'ni'w buyi'mlari' ha'm xi'zmetler ushi'n qa'rejetler;
— avtomobilden paydalani'w qa'rejetleri';
— transport qa'rejetleri;
— da'ramat sali'g'i', mu'lk sali'g'i' ha'm basqa ma'jbu'riy sali'q to'lemleri;
— emleniw qa'rejetleri;
— bilim ha'm ka'sip-wo'ner u'yreniw qa'rejetleri;
— u'y-jay sati'p ali'w yaki quri'w qa'rejetleri;
— avtomobil, bahali' u'skeneler ha'm buyi'mlar sati'p ali'w;
— bahali' qag'azlar sati'p ali'w;
— toy ha'm basqa ma'resimlerdi wo'tkeriw ushi'n qa'rejetler;
— ali'ng'an qari'z protsentlerin qayti'p to'lew to'lemleri.

Tuti'ni'w qa'rejetlerin yeki tu'rge bo'liw mu'mkin: ma'jbu'riy qa'rejetler ha'm yerkin qa'rejetler. *Ma'jbu'riy qa'rejetler* — ku'ndelikli turmi'sta wolarsi'z jasap bolmaytug'i'n birinshi qa'rejetler. Wog'an azi'q-awqat zatlari', turmi's xi'zmeti, kiyim-kenshek, transportqa ketken qa'rejetler kiredi. Woni' basqasha, *tuti'ni'w sebebi* dep te ataydi'. Qalg'an qa'rejetler — *yerkin qa'rejetler* qatari'na kiredi. Yeger adamni'n' yamasa shan'araqti'n' da'ramati' ma'jbu'riy qa'rejetlerden artpasa, woni'n' yerkin qa'rejetlerge qarji'si' qalmaydi'. Shan'araqti'n' daramatlari' qansha ko'p bolsa, woni'n' sonsha az bo'legi azi'q-awqatqa ha'm basqa ma'jbu'riy qa'rejetlerge jumsaladi'. Bul ni'zamli'li'qti' nemis ekonomisti Yernest Engel tapqan.

Ma'jbu'riy qa'rejetler — ku'ndelikli turmi'sta wolarsi'z jasap bolmaytug'i'n birinshi qa'rejetler.

Yerkin qa'rejetler — qanaatlandi'ri'li'wi' birlemshi bolmag'an za'ru'rlikler ushi'n qa'rejetler.

Tutti'nıwshi'lar seveti - bir kisi tutti'ni'wi' ushi'n bir ayda jumsalatug'i'n ma'jburiy qa'rejetler mug'dari'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Qa'diriyatlar**

Xalqi'mi'zdi'n' "Da'ramatqa qarap shi'g'i'ni'" degen maqali'n qalay tu'sinesiz?

## ENGEL NIZAMI

Nemis statisti Ernest Engeldin' ko'p ji'lli'q izleniwleri shan'araq da'ramatlari'ni'n' arti'wi' menen shan'araqti'n' qa'rejetlerinin' qurami' wwo'zgeredi degen juwmaqqa keldi. Shan'araq da'ramatlari'ni'n' mug'dari' artqanda ja'mi qa'rejetlerge sali'sti'rg'anda azi'q-awqatlarg'a jumsalatug'i'n qa'rejetlerlerdin' salmag'i' kemeyedi, kiyim-kenshek, u'y-jay ha'm yenergiya da'reklerine jumsalatug'i'n qa'rejetler salm,ag'i' wo'zgerissiz qaladi', ma'deniy ha'm materialli'q qa'rejetler salmag'i' bolsa arti'p baradi'.

**Tapsi'rma**

Yengel ni'zami'ni'n' ma'nisin turmi'stag'i' mi'sallar ja'rdeminde ko'rsetip berin'. Materialli'q ha'm materialli'q yemes qa'rejetler salmag'i' arti'p bari'wi'n tu'sindirip beriwge ha'reket yetin'.

**BILIMIN'IZDI SINAP KO'RIN'!**

1. Tutti'nıwshi' si'pati'nda siz qaysi' qa'sietlerge iyesiz.
2. Tutti'ni'wshi'ni'n' ha'reketine sheklengenlik mashqalasi' qanday ta'sir ko'rsetedi.
3. Tutti'ni'wshi'ni'n' da'rasatlar degende neni tu'sinesiz qa'rejetleri degende ne
4. Tutti'ni'wshi'ni'n' qandey qanday da'ramat derekleri boli'wi' mu'mkin.
5. İs haqi'ni' ayli'q is haqi', waqti'na ha'm islegen jumi'si'na qaray beriletug'ın is haqi' ha'm aralas is haqi' ko'rinisinde alatug'ın ka'sip iyelerinin' ha'r birine islewden mi'sal keltirin'.
6. Xojali'q qa'rejetleri sanap berin'. wolardi' ma'jbu'riy ha'm yerkin qa'rejetlerge ajırati'n'.

**Buni' yadta saqlan'!**

- Ha'r shan'araq wo'z byudjetin du'zip, tu'setugi'n da'ramatlari'na qarap qarejetlerdi a'melge asi'rsa maqsetke muwapi'q boladi'.
- Tuti'ni'wshi'lardi'n' birinshi — qanaatlandi'ri'li'wi' ma'jbu'riy bolg'an ha'm yekinshi — qanaatlandi'ri'li'wi' yerkin bolg'an qarji'lari' boladi'.
- Bazarda tuti'ni'wshi' to'mendegi u'sh qag'i'ydag'a boysi'nadi':

1. Tuti'ni'wshi'ni'n' da'ramati' sheklengen, wol bazarda ilaji' bari'nsha wo'zin u'nemli, ratsional tuti'wg'a ha'reket yetedi.
2. Tuti'ni'wshi' bazarda wo'z za'ru'rliklerin imkani' bari'nsha toli'q qanaatlandi'ri'p, maksimal payda ali'wg'a ha'reket yetedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 12-TEMA MU’LK HA’M MENSHI’KLESTI’RI’W



Mektep


U’y-jay


Avtobus



Poliklenika



Da'rixana


Jer maydani

## JEDELLESTI’RI’WSHI’ SORAW HA’M TAPSIRMALAR

1. Joqari’dag’i’ su’wretlerde ko’rsetilgen mu’lklerdin’ iyeleri kim boli’wi’ mu’mkin?
2. Mu’lktin’ qanday da bir jeke adamg’a tiyisli yaki tiyisli yemesligi qalay ani’qlanadi’?
3. Nege mektep ma’mleketke qarasli’?
4. Ma’mleketke qarasli’ ha’m jeke menshik poliklinikalar bir-birinen qalayi’nsha wo’zgeshelenedi?
5. Birewi ma’mleketke tiyisli, ekinshisi jeke menshik ka’rxanag’a tiyisli mikroavtobusta jo’nelisli taksi xi’zmetin ko’rsetip ati’rg’an aydawshi’lardi’n’ miynet sharayati’ arasi’nda qanday ayi’rmashi’li’q bar dep woylaysi’z?

## MU’LK

Qaysi’ bir adamg’a, shan’araqqa tiyisli ha’r qi’yli’ buyi’mlar ha’m u’y u’skeneleri bar. Mi’sali’, kiyim-kenshek, ayaq kiyim, mebel, ma’deniy-turmi’sli’q ha’m xojali’q zatlari’, televizor, suwi’tqi’sh, muzlatqi’sh, kir juwi’w mashinasi’, i’di’s-tabaq ha’m basqalar.

Ko’pshilik adamlar kvartira, jay, avtomobil, du’kan, asxana si’yaqli’ ha’r tu’rli islep shi’g’ari’w ha’m xi’zmet ko’rsetiw ka’rxanalari’na iyelik yetedi. Bul ha’r tu’rli u’y buyi’mlari’ ha’m resurslar — *mu’lk* dep ataladi’. Mu’lkke iyelik yetiwshi *mu’lk iyesi* dep ataladi’. Mu’lk iyeleri tek bir adam yaki shan’araq g’ana yemes, al, firma, ka’rxana ha’m ja’miyetlik sho’lkemler de boli’wi’ mu’mkin. Mi’sali’, firmag’a wo’ndiris imaratlari’, mashina-mexanizmler, a’sbap-u’skeneler,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

transport qurallari' ha'm basqalar tiyisli boli'wi' mu'mkin. Sonday-aq, mu'lkke iyelik yetiwshi ma'mleket te boli'wi' mu'mkin. Ma'mleketke jer maydanlari', jer asti' ha'm jer u'sti ta'biyiy bayli'qlari', quri'li's ha'm imaratlar, transport qurallari', qori'qxanalar, muzeyler ha'm basqa bir qatar mu'lkler qarasli' boli'wi' mu'mkin.

**Mu'lk** — adamlar ta'repinen wo'zlestirilgen ha'm iyelik yetiw mu'mkin bolg'an barli'q zatlar.

**Mu'lk iyesi** — mu'lkke iyelik yetetug'i'n jeke adam.

Bir *mu'lkke toli'q iyelik yetiw* degende, mu'lk iyesinin' wo'z ma'pin go'zlep:

– Mu'lkke iyelik yetiwi;

– Mu'lkten paydalani'wi;

– Mu'lkti basqari'w, yag'ni'y basqa birewge sati'wi', almasti'ri'wi' yaki sawg'a yetiwi tu'siniledi.

Mu'lk ma'mleketke tiyisli yaki tiyisli emesligine qarap, *ma'mleket mu'lki* yaki *jeke mu'lk* ko'rinisinde boli'wi' mu'mkin.

**Yekonomikali'q huqi'q tiykarlari'**

Ha'r bir jeke adam mu'lk iyesi boli'wg'a haqi'li'.

*O'zbekistan Respublikasi' Konstitutsiyasi'ni'n' 36-statyasi'.*

## MA'MLEKETLI'K MU'LK

Jer, jer asti' bayli'qlari', suw, wo'simlik ha'm haywanat du'nyasi' ha'm basqa ta'biyiy bayli'qlar, *uluwma milliy bayli'q* boli'p yesaplanadi'. Wolardan aqi'lg'a muwapi'q paydalani'w kerek ha'm wolar ma'mleket qorg'awi'nda. Ma'mleketlik sho'lkemler, ka'rxana ha'm ma'kemelerdin' mu'lkleri, ma'mleketlik a'hmiyetke iye bolg'an ma'deniy ha'm tariyxi'y bayli'qlar, yestelikler, ma'mleketlik byudjet qarji'lari', alti'n qorlari', ma'mlekettin' valyuta fondi' ha'm basqa da ma'mleket qarji'lari' yesabi'nan jarati'lg'an yamasa sati'p ali'ng'an mu'lkler *ma'mleketlik mu'lkti* quraydi'.

Ma'mleket mu'lki bolg'an mu'lk ma'mleketke tiyisli bolg'an ka'rxana, ma'keme ha'm sho'lkemlerge xojali'qti' ju'rgiziw yaki basqari'w ushi'n bekitip qoyi'ladi'. Mi'sali', mektepke tiyisli barli'q mu'lk ma'mleket mu'lki boli'p, wonnan paydalani'w huqi'qi' mektep ja'ma'a'tine, wog'an iyelik yetiw huqi'qi' rayon ha'kimiyati'na, woni' qaramag'i'na ali'w huqi'qi' bolsa ma'mlekettin' arnawli' sho'lkemi yesaplani'wshi' — ma'mleketlik mu'lk komitetine berilgen. Mektep mu'lkinen, imarati'nan bilim beriwden basqa ma'qsette paydalani'w ushi'n mektep basshi'lari', mekteptin' iyesi ha'kimiyattan ruqsat ali'wi' kerek. Sonday-aq, mektepke iyelik yetiw huqi'qi'na iye



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bolg'an ha'kimiyat mektep imarati'n ma'mleketlik mu'lk komitetinin' ruqsati'si'z qaramag'i'na ali'w huqi'qi'na iye yemes.

**Ma'mleketlik mu'lk** — ma'mleketlik ka'rxana ha'm sho'lkemlerge tiyisli mu'lk.

## JEKE MU'LK

Mu'lktin' yekinshi formasi' — jeke mu'lk boladi'. Jeke mu'lkke iyelik yetiwshisi jeke adam boli'wi' mu'mkin. Mu'lkten paydalani'w, iyelik yetiw ha'm qaramag'i'na ali'w huqi'qi' sol adamni'n' g'ana qoli'nda boladi'. Bunday jeke mu'lk — *iyesi jeke adam bolg'an jeke mu'lk* dep ju'ritiledi. Jeke mu'lktin' iyesi bir neshe jeke adamlar (soni'n' ishinde, adamlar, ka'rxana ha'm firmalar) bolg'anda mu'lkten paydalani'w, iyelik yetiw ha'm qaramag'i'na ali'w huqi'qi' usi' adamlar arasi'nda belgili kelisim boyi'nsha bo'listirilgen boladi'. Bunday jeke mu'lk geyde *ja'miyetlik mu'lk* dep te ju'ritiledi.

**Jeke mu'lk** — jeke adamg'a yamasa jeke adamlar ja'ma'a'tine tiyisli mu'lk.

## MENSHIKLESTIRIW

Mu'lk tu'ri ma'mleket mu'lkinen jeke mu'lkke wo'zgertiliwi *menshiklestiriw* dep ataladi'. Jeke mu'lkti ma'mleket mu'lkine aylandi'ri'w bolsa *natsional-izatsiyalaw* dep ju'ritiledi. G'a'rezsizlikten aldi'n respublikami'zdag'i' barli'q wo'ndiris qurallari', zavod ha'm fabrikalar ma'mleket qaramag'i'nda bolg'anli'g'i' belgili. G'a'rezsizlikke yeriskenimizden son' bazar yekonomikasi'na wo'tiw joli'n tan'ladi'q. Ka'rxanalardi'n' ko'pshiligi jeke mu'lkke aylandi'ri'ldi'. Menshiklestiriw degen atama alg'an bul protsess ele de dawam yetip ati'r. Menshiklestiriw na'tiyjesinde kishi ka'rxanalar, du'kanlar, wo'nermentshilik ustaxanalari', u'y-jaylar — iyesi bir adam bolg'an jeke mu'lkke, al, u'lken-u'lken ka'rxanalar bolsa — iyesi bir neshe adamnan ibarat jeke mu'lk — ja'miyetlik mu'lkke aylandi'ri'ladi'.

**Tsitata**

Wo'zinin' jeke mu'lkine iye bolg'an adam ha'm bunday adamlardan ibarat klass wo'zin ha'm shan'arag'i'n bag'i'wg'a, soni'n' menen birge, artti'rg'an paydasi' yesabi'nan wo'z jaqi'nlari' ha'm mu'taj adamlarg'a biyg'arez ja'rdem ko'rsetiw, yel-jurt ushi'n xi'zmet yetetug'i'n mektep, yemlewxana, ma'deniyat ha'm sport oraylari'n quri'w, bir so'z benen aytatug'i'n bolsaq, ma'mleket ha'm ja'miyet moyni'ndag'i' ko'plegen wazi'ypalardi' a'melge asi'ri'wg'a wo'z u'lesin qosadi'.

*I'.A.Karimovti'n' "Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh" kitabi'nan.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Natsionalizatsiyalasti'ri'w** — jeke mu'lkti ma'mleket qaramag'i'ndag'i' mu'lkke aylandi'ri'w protsessi.

**Menshiklestiriw** — ma'mleket mu'lkin jeke mu'lkke aylandi'ri'w protsessi.



**Alisher Nawayi**
(1441—1501)

Ulli' babami 'z Alisher Nawayi shi'g'armalari'nda yekonomikali'q ma'selelerge u'lken wori'n aji'rati'lg'an. Nawayi sawda-sati'q, wo'nermentshilik ha'm diyxanshi'li'q tarawlari'na u'lken a'hmiyet berip, wolardi' ma'mlekettin' yekonomikali'q rawajlani'wi'ni'n' tiykari dep ta'riypleydi. A.Nawayi ma'mleket a'rbabi', wa'zir si'pati'nda ma'mlekettin' yekonomikali'q siyasati'n rawajlandi'ri'wg'a u'lken u'lesin qosqan. Bunda ma'mleket yekonomika tarawi'nda watan ushi'n ha'm xali'q ushi'n za'ru'r degen pikirdi alga su'rgen.

A.Nawayi wo'z da'wirinin' talapshan' isbilermeni, u'lken mu'lk iyesi bolg'an. Wol wo'z mu'lkinin' u'lken bo'legin qayi'r-saqawat ushin sarplag'an.

A.Nawayini'n' yekonomikali'q ko'z-qarasi' ideyalari' woni'n' "Hiloliya", "Vaqfiya", "Mahbub ul-qulub", "Hotami Goyiy", "Saddi Iskandariy" shi'g'armalari'nda ko'rsetken.

## BILIMIN'IZDI SINAP KO'RIN'!

1. Ha'mme na'rsenin' iyesi — mu'lkke iye boli'wdi'n' arti'qmashi'li'g'i' ha'm kemshiligi, unamli' ha'm unamsi'z ta'replerin sanan'.
2. Ta'biyatta mu'lk bolmag'an na'rse bar ma? I'yesi joq mu'lk she?
3. Klasi'n'i'zdag'i' partan'i'zg'a qanday mu'lklik huqi'qlarg'a iyesiz?
4. Ma'mleketimizde temirjol transporti' menshiklestirilgende qanday unamli' ha'm unamsi'z wo'zgerisler ju'z beriwi mu'mkin?
5. Ma'mleket mu'lki, iyesi jeke adam ha'm ja'miyet bolg'an jeke mu'lklerge u'sh mi'saldan keltirin'.
6. Menshiklestiriwden go'zlengen tiykarg'i' maqset ne dep woylaysi'z?

## Buni' este saqlan'!

- Ha'r qanday adamda ha'm ka'rxanada belgili mug'darda mu'lk boladi', yag'ni'y wolar mu'lk iyesi.
- Mu'lktin' jeke ja'maatlik, ma'mleketlik ha'm jeke tu'rleri menen parqlanadi'.
- Ma'mleketlik mu'lk ha'm barli'q milliy mu'lkler xali'q ushin xizmet qiladi'.
- Jeke mu'lk jeke adamg'a tiyisli bolg'an mu'lk.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 13-TEMA DA’RAMAT HA’M BAYLIQ

**2012 –ji’l sherekler boyi’sha wo’zbekistan xalqi’ni’n’ wortasha da’ramatlari’ni’n arti’wi’ (2011-ji’l dekabrge sali’sti’rg’anda % yesabi’nda).**




## JEDELLESTI’RI’WSHI’ SORAW HA’M TAPSIRMALAR

Diagrammadan paydalani’p Sha’rti shan’araqti’n’ 2012-ji’lg’i’ daramatlari’ni’n’ sherekler boyi’nsha wo’siwin da’liylen’.

1. Bul shan’raq 2011-ji’l dekabrde 7 200 000 sum da’ramat qi’lg’an bolsa I,II,III ha’m IV shereklerde wortasha qanshadan da’ramat qi’lg’ani’n yesaplan’.
2. IV sherekte I sherekke sali’sti’rg’anda shan’araqti’n’ da’ramati’ neshe ma’rte wo’skenligin yesaplan?
3. Bul shan’raq qaysi’ sherekte ko’birek da’ramat qi’lg’an?

## I’NSAN KAPI’TALI

A’dette, ha’r bir adam miynet iskerligi na’tiyjesinde insanni’n’ tiykarg’i’ bayli’g’i’ — miyneti yesabi’nan belgili bir da’ramatqa yerise baslaydi’. Adamni’n’ aqi’l-oyi’, bilimi, ku’sh-quwati’, is-ta’jiriybesi, mamanli’g’i’, potentsiyali’, salamatli’g’i’ ha’m ruwxi’y du’nyasi’ woni’n’ — *insani’y bayli’g’i’n* (*kapitali’n*) quraydi’. I’nsan kapitali’ — bul adamni’n’ yekonomikali’q qa’dir-qi’mbati’n ani’qlawshi’ shama yesaplanadi’. I’nsanni’n’ ruwxi’y bayli’g’i’ — woni’n’ ko’zqarasi’, qulqi’, a’debi, ma’deniyati’ si’yaqli’ ruwxi’y du’nyasi’ menen baylani’sli’ pazi’yletleri insan kapitali’ni’n’ tiykari’n payda yetiwshi yesaplanadi’.

**I’nsan kapitali’** — adamni’n’ aqi’l-oyi’, bilimi, pa’mi, ku’sh-quwati’, is ta’jiriybesi, ka’siplik sheberligi, potentsiyali’, salamatli’g’i’ ha’m ruwxi’y du’niyasi’.

Ma’mleketimizdegi miynet resurslari’ woni’n’ barli’q puqaralari’ni’n’ insaniy kapitallari’ni’n’ ji’yi’nti’g’i’nan quraladi’. Yaponiya ma’mleketinde ta’biyiy bayli’qlar



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

joq yesabi’. Bul ma’mleket wo’z puqaralari’ni’n’ insani’y kapitallari’n rawajlandi’ri’w ha’m bayi’ti’w arqali’ ha’zirgi ku’nde u’lken yekonomikali’q potentsiyalg’a, bay kapital resurslarg’a iye bolg’an. Adamni’n’ insani’y kapitali’ qanshelli joqari’, ruwxi’y ko’zqarasi’ qanshelli go’zzal bolsa, woni’n’ yesabi’nan ali’natug’i’n da’ramat mug’dari’ — is haqi’ sonshelli joqari’ boladi’. Ha’zirgi waqi’tta, siz wo’z insani’y kapitali’n’i’zdi’ artti’ri’w maqsetinde mektepte oqi’p ati’rsi’zlar. Keyin akademiyali’q litsey, kolledj yaki universitette bilim ali’p, wo’z kapitali’n’i’zdi’ artti’rasi’z. Bul is-ha’reketlerin’izdin’ barli’g’i’ da’slep insani’y kapitali’n’i’zdi’, son’i’nan materialli’q kapital — da’ramati’n’i’zdi’ artti’ri’wg’a qarati’lg’an boladi’.

## MATERI’ALLIQ KAPI’TAL

A’ste-aqi’ri’n da’ramatlardi’n’ ko’beyip bari’wi’ na’tiyjesinde woni’ toplaw imkaniyati’ payda boladi’. Tabi’lg’an da’ramatlardi’n’ bir bo’legi sol waqi’tti’n’ wo’zinde-aq jumsaladi’, bir bo’legi bankke qoyi’lg’an pul, sati’p ali’ng’an qi’mbat bahali’ qag’azlar, zavod, fabrika, avtomobil, imarat, bezeniw buyi’mlari’ ko’rinisindegi jeke mu’lk si’pati’nda ji’ynaladi’. Bul mu’lklerdin’ barli’g’i’ adamni’n’ *materialli’q kapitali’n*, adamni’n’ insani’y ha’m materialli’q kapitali’ woni’n’ bayli’g’i’n quraydi’.

**Materialli’q kapital** — toplang’an da’ramatlardi’n’ materialli’q mu’lkke aylang’an bo’legi ha’m pul qarji’lari’.

**Bayli’q** — adamni’n’ barli’q insani’y ha’m materialli’q kapitallari’ni’n’ ji’yi’ndi’si’.

## DA’RAMATLAR

Adamni’n’ materialli’q kapitali’n qurawshi’ jeke zavod ha’m fabrikalar, ijarag’a berilgen u’y yaki avtomobil, bankke qoyi’lg’an qarji’, bahali’ qag’azlar, si’yaqli’ mu’lkleri, wog’an renta (ijara haqi’), amanat procsenti, divident ha’m isbilerm,enlik paydasi’ ko’rinisindegi qosi’msha da’ramatti’ keltiredi.

Ha’r bir adam tu’rlishe qabiylet, ku’sh ha’m potentsial iyesi boladi’. Sol sebepten, wolardi’n’ da’ramati’ni’n’ mug’dari’ da ha’r tu’rli boladi’. Da’ramatlardi’n’ ten’sizligi bazar yekonomikasi’na ta’n qa’siyet boli’p, a’ne usi’ ten’sizlik adamlardi’ jaqsi’raq jasawg’a, ko’birek da’ramat ali’wg’a umti’ldi’radi’. Da’ramatlar arasi’ndag’i’

**I’jara haqi’ (renta)** — basqani’n’ mu’lkinen paydalang’ani’ ushi’n to’lenetug’i’n haqi’.

**Amanat procsenti** — amanatqa qoyi’lg’an pul qarji’si’nan paydalang’ani’ ushi’n to’lenetug’i’n haqi’.

**I’sbilermenlik paydasi’** — isbilermenlik xi’zmeti na’tiyjesinde qolg’a kirgiziletug’i’n da’ramat.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

wo’zgeshelik keskin arti’p ketiwi de jaqsi’ aqi’betke ali’p kelmeydi, a’lbette. Sol sebepli, xali’qti’n’ da’ramatlari’ arasi’ndag’i’ keskin ayi’rmashi’li’q ma’mleket ta’repinen, puqaralar da’ramatlari’n sali’qqa tarti’w, kem ta’miyinlengen shan’araqlarg’a napaqalar beriw ha’m basqa jollar arqali’ ta’rtipke sali’ni’p turi’ladi’.

**Tsitata**

Bu’gingi ku’nde bizlerdin’ islep ati’rg’an barli’q islerimiz perzentlerimizdin’ baxti’, wolardi’n’ jarqi’n keleshegi ushi’n a’melge asi’ri’li’p ati’r. Biraq, baxi’t tek g’ana bayli’q, mal-mu’lk penen wo’lshenbeydi. A’depli, bilimli ha’m aqi’lli’, miynetsu’ygish, iymanli’ perzent ata-anani’n’ g’ana yemes, al, pu’tkil ja’miyettin’ yen’ u’lken bayli’g’i’ boladi’.

*I’.A. Karimovti’n’ “Joqari’ ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh” kitabi’nan.*

**Qa’diriyatlar**

«Bayli’q maldi’n’ ko’pliginde yemes, al, kewildin’ toqli’g’i’nda» — degen naqi’lg’a wo’z pikirin’izdi bildirin’.

## REAL HA’M NOMI’NAL DA’RAMAT

Bazar yekonomikasi’nda ni’rqlar wo’zgerip turatug’i’ni’ ma’lim. A’dette, tu’rli ji’llardag’i’ da’ramatlar wo’z-ara sali’sti’ri’li’p ati’rg’anda wolardi’n’ usi’ ji’llardag’i’ mug’dari’, yag’ni’y nominal quni’ yemes, ba’lki, ko’rsetilgen ji’lg’a sali’sti’rg’andag’i’ quni’, yag’ni’y real quni’ sali’sti’ri’ladi’. Solay yetip, nominal da’ramat da’ramatti’n’ usi’ ji’ldag’i’ ni’rqlardag’i’ quni’. Real da’ramat bolsa da’ramatti’n’ belgili bir ji’ldag’i’ ni’rqi’na sali’sti’rg’andag’i’ quni’. Real da’ramat nominal da’ramatti’ tiyisli tuti’ni’w ni’rqlari’ indeksine bo’liw arqali’ tabi’ladi’.

Tuti’ni’w ni’rqlar indeksi (TNI’) xali’q ta’repinen sati’p ali’natug’i’n belgili bir tovar ha’m xi’zmetler ni’rqi’ni’n’ belgili bir baslang’i’sh da’wirdegi ni’rqlarg’a sali’sti’rg’andag’i’ wwo’zgeriwin ko’rsyetedi. Woni’ basqasha aytqanda, ko’rilip ati’rg’an waqi’t dawami’nda ni’rqlardi’n’ wo’zgeriw da’rejesi dep te ayti’w mu’mkin. Mi’sali’, 2013-ji’l o’zbekistan xalqi’ni’n’ wortasha da’ramati’ni’n’ arti’wi’ su’wretlengen diagrammag’a qarap, IV kvartalda 2012-ji’lg’a sali’sti’rg’anda xali’qti’n nominal da’ramati’ 136,4 protsentke asqan. 2012-ji’l dekabrde puqara 1000000 swm da’ramat tapqan bolsa, 2013-ji’l IV kvartalg’a kelip 1364000 swm da’ramat tapqan. Bul — puqarani’n’ turmi’s da’rejesi 2013-ji’l aqi’ri’na kelip 2012-ji’lg’a sali’sti’rg’anda 1,364 ma’rte jaqsi’lani’p ati’rg’ani’n bildirmeydi, a’lbette. Sebebi, bul waqi’t dawami’nda ni’rqlar da artqan. Belgili bolg’ani’nday, ni’rqlar bul da’wirde wortasha 1,075 ma’rte artqan. Yeger nominal da’ramat mug’dari’n ni’rqlardi’n’ arti’w da’rejesine bo’lsek: 136.4 : 1,075 = 126,9 xali’qti’n’ real da’ramatlari’ wwo’zgeriwinin’ protsentinin’ mug’dari’ kelip shi’g’adi’.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Nominal da'ramat** — belgili bir waqi't dawami'nda wo'z aldi'na ali'ng'an jeke adam yaki shan'araq ta'repinen qolg'a kirgizilgen da'ramat mug'dari'.

**Real da'ramat** — nominal da'ramatti'n' belgili bir ji'ldag'i' ni'rqlarg'a sali'sti'rg'andag'i' quni'.

**Formula**

$$R_r = \frac{R_n}{I}$$

$R_n$ — nominal da'ramat;
$R_r$ — real da'ramat;
$I$ — tuti'ni'w ni'rqlari'ni'n' indeksi yaki ni'rqlardi'n' wo'zgeriw da'rejesi.

## BILIMIN'IZDI SINAP KO'RIN'!

1. I'nsanni'n' yekonomikali'q qa'dir-qi'mbati' ne menen wo'lshenedi?
2. I'nsanni'n' ruwxi'y bayli'g'i' degende neni tu'sinesiz? Woni'n' insan kapitali' — yekonomikali'q qa'dir-qi'mbati'ndag'i' worni' haqqi'nda ne ayta alasi'z?
3. Bayli'q degen ne? Qanday adamdi' bay adam dewge boladi'?
4. Materialli'q kapital — jeke mu'lk yaki bayli'qti' paydalani'wdan ali'natug'i'n da'ramat tu'rlerine yeki mi'saldan keltirin'.
5. Nominal ha'm real da'ramatti'n' parqi'n ayti'p berin'. I'nflyatsiya da'rejesi artqan sayi'n real da'ramatti'n' wwo'zgeriwin talqi'lan'. Nominal ha'm real da'ramatti' sali'sti'ri'n'.
6. Siz ka'rxana iyesi si'pati'nda miyneti ka'rxana ushi'n wog'ada paydali', biraq, intizamsi'z, minez-qulqi' buzi'q jumi'sshi'ni'n' jumi'sta qali'w yaki qalmasli'g'i'n qalay sheshken bolar yedin'iz?
7. Xali'qti'n' da'ramatlari' ten'sizliginin' arti'qmashi'li'q ha'm kemshilik ta'replerin sanan'?

**Buni' yadta saqlan'!**

- I'nsanni'n' yekonomikali'q qa'dir-qi'mbati' (bayli'g'i') — woni'n' insani'yli'q ha'm materialli'q kapitallari'ni'n' ji'yi'ndi'si' menen wo'lshenedi.
- Miynet resursi' — is haqi', ta'biyiy resurs — renta, kapital resurs — protsent (divident), isbilermenlik — payda ko'rinisindegi da'ramat keltiredi.
- Nominal da'ramat nominal bahada yesaplansa, real da'ramat ali'ng'an belgi bir ji'ldagi' bahalarda yesaplanadi'.
- Da'ramatti'n' real mug'dari' woni'n' ji'llar boyinsha qay da'rejede wo'zgergenligin ani'qlawg'a ja'rdem beredi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 14-TEMA TOPLAW HA'M QAMSIZLANDIRIW




O'zbekistan Milliy banki amanati'n'i'zdi' 18% ji'lli'q protsent stavkasi' menen ko'beytip beredi. Protsent mug'dari' ha'r ayda esap-lani'p, amanati'n'i'zg'a qosi'p bari'ladi'.



"I'poteka bank" aktsiyalari'n sati'p alsan'i'z, ji'li'na 20% qosi'msha da'ramat — divident alasi'z.



Qarji'n'i'zdi' "I'poteka" bankine qoyi'n'. Bul arqali' jay sali'w yamasa sati'p ali'w imkaniyati'na iye bolasi'z.



Puli'n'i'zdi' qaltan'i'zda saqlan'!



Du'kani'mi'zdan audio texnika u'skenelerin naq pulg'a yaki pul wo'tkeriw joli' menen sati'p ali'wi'n'i'z mu'mkin.

## JEDELLESTI'RI'WSHI' SORAW HA'M TAPSIRMALAR

Joqari'da keltirilgen su'wretlerde ha'r tu'rli ma'kemeler puli'n'i'zdi' toplawg'a yamasa siz ushi'n paydali' bolg'an iske jumsawi'n'i'z ushi'n wo'z xi'zmetlerin usi'ni'p ati'r. Aytayi'q sizin' 200000 sum puli'n'i'z bar ha'm woni' qanday da bir wo'zin'iz ushi'n paydali' is ushi'n jumsamaqshi'si'z.

1. Ha'r bir usi'ni'sti' ha'r ta'repleme u'yrenip shi'g'i'n' ha'm wolardi'n' unamli' ha'm unamsi'z ta'replerin talqi'lap ko'rin'.

2. Qaysi' bir usi'ni's ko'birek da'ramat (payda) keltiredi?

3. Ha'r bir usi'ni'stan keliwi mu'mkin bolg'an paydani' jeke ha'm ja'miyet ko'zqarasi'nda bahalan'?

4. Qaysi' bir usi'ni'sti'n' haqi'yqi'yli'g'i'na ko'birek isenesiz?

5. Sheshim qabi'l yetiw kestesin du'zip, ha'r bir usi'ni'sti' wo'zin'izge maqul keletug'i'n wo'lshemler boyi'nsha bahalan' ha'm tan'lawi'n'i'zdi'n' na'tiyjesin ayti'n'. Nege usi' sheshimge kelgenin'izdi tiykarlap berin'.

## TOPLAW

Adamzat a'dette, da'ramatlari'n birden jumsap jiberiwge ha'reket yetpesten, woni'n' bir bo'legin amanat ko'rinisinde saqlap qoyatug'i'ni' bolmasa



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ji'ynaytug'i'ni' belgili. Ji'ynalg'an pul bolsa *toplang'an* dep ataladi'. Bul pul keleshektegi za'ru'rliklerdi qanaatlandi'ri'w ushi'n ji'ynalatug'i'n pul boli'p tabi'ladi'.

**Toplama** — keleshektegi mu'ta'jlikti qanaatlandi'ri'w ushi'n ji'ynalg'an pul.

**Yekonomikali'q huqi'q tiykarlari'**

Bankke qoyi'lg'an amanatlar si'r saqlani'wi' ha'm miyras huqi'qi' ni'zam menen kepillestiriledi.

*(O'zbekistan Respublikasi' Konstitutsiyasi'ni'n' 36-statiyasi')*

Bayli'q qanday da bir materialli'q tovar—ko'shpes mu'lk (u'y-jay ha'm imaratlar), qi'mbat bahali' metall ha'm taslar, wolardan tayarlang'an tag'i'nshaqlar, bezeniw buyi'mlari', yaki tikkeley pul qarji'lari' ko'rinisinde toplani'wi' mu'mkin. Ha'zirgi ku'nde puldi' ju'k arasi'nda yaki sandi'qta saqlaw qolayli' yemes, sebebi, wol pul iyesine hesh qanday payda keltirmeydi. Puldi' duri's toplaw da adamnan belgili bir uqi'pti' talap yetedi.

## TOPLAW USILLARI

Pul qarji'lari'n saqlawg'a qa'niygelesken ko'plegen ma'kemeler bar. Bunday ka'rxanalar qatari'nda amanat bankleri, qor birjalari', pensiya qorlari', qamsi'zlandi'ri'w kompaniyalari', nesiyege ha'r tu'rli tovarlardi' sati'wshi' ha'm nesiyege u'y-jay quri'p sati'w m,enen shug'i'llani'wshi' ja'miyetlerdi kirgiziwimiz mu'mkin. *Amanat* dep, bankke qarji'ni' toplaw ha'm ko'beytiw maqsetinde, belgili bir u'steme haqi' — protsent penen pul qoyi'wdi' aytadi'. Qor birjalari'nan qaysi' bir ka'rxanani'n' aktsiyasi'n sati'p ali'p, ka'rxanani'n' ji'lli'q paydasi'nan dividend ko'rinisindegi da'ramat ali'wi'n'i'z mu'mkin. Qarji'n'i'zdi' pensiya qori'na qoyi'p, keleshekte kekselik payi'ti'n'izda wo'zin'izdi qarji' menen ta'miyinlewin'iz mu'mkin. Ha'r tu'rli apat, wo'rt, sel ha'm dawi'llardan mu'lkin'izge keliwi mu'mkin bolg'an zi'yandi' qaplaw, ha'r tu'rli baxi'tsi'z ha'diyseler arqali' wo'mirin'iz yamasa salamatli'g'i'n'i'zg'a zi'yan kelgende, woni' tiklew ushi'n za'ru'r bolatug'i'n qarji' menen ta'miyinlew maqsetinde qarji'lari'n'i'zdi' qamsi'zlandi'ri'w kompaniyalari'na beriwin'iz mu'mkin. Toplang'an qa'rejetti qanday ko'riniste saqlawdi' ta'nlap ati'rg'anda, tiykari'nan, yeki wo'lshemge a'hmiyet beriw za'ru'r: da'ramat ha'm isenim. Biraq, wo'kinishli jeri bul wo'lshemler ha'mme waqi'tta da bir-birine sa'ykes kele bermeydi.

**Amanat** — qarji'ni' toplaw ha'm ko'beytiw maqsetinde belgili bir u'steme haqi' — protsent yesabina bankke qoyi'w.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Tsitata**

O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ pa’rmani’na muwapi’q puqaralardi’n’ bank depozitlerindegi amanatlari’, wolardi’n’ ko’lemine qaramastan, ma’mleket ta’repinen toli’q kepillenedi.

*I’.A. Karimovti’n’ “Jahon moliyaviy-iqtisodiy inqirozi, wo’zbekiston sharoitida uni bartaraf etishning yo’llari va choralari” kitabi’nan.*

Bankler yamasa bahali’ qag’azlar shi’g’ari’p ati’rg’an firmalardi’n’ yen’ u’lken da’ramat wa’de yetiwi, a’dette, isenimsiz boladi’. Wolardi’n’ u’lken protsent yaki dividend to’lewi haqqi’ndag’i’ reklamasi’, ko’binese amanatshi’lardi’ tarti’wdi’n’ jalg’i’z usi’li’ yesaplanadi’.

## I’NFLYATSI’YA

Amanatti’n’ yen’ birinshi dushpani’, bul inflyatsiya. *I’nflyatsiya* — bul ma’mlekette wortasha ni’rq-bahani’n’ toqtamastan arti’p bari’wi’ na’tiyjesinde puldi’n’ qa’dirsizleniwi.

Yeger ma’mlekette tuti’ni’w tovarlari’ni’n’ ni’rqi’ 3 yese artsa, demek, xali’qti’n’ amanatlari’ da usi’nsha yese qunsi’zlanadi’. Soni’n’ ushi’n, ku’shli krizis waqti’nda amanatti’ pul ko’rinisinde saqlaw ma’qsetke muwapi’q yemes. Jaqsi’si’, tezlik penen keleshekte joqari’ bahada sati’w an’sat bolg’an tovarlardi’ sati’p ali’w kerek boladi’.

Tuti’ni’wshi’lardi’n’ jeke pul qarji’lari’n paydalani’lmastan bir jerde turg’ani’na qarag’anda, tiyisli ma’kemelerde saqlasa, bul tek amanatshi’ ushi’n g’ana yemes, al ma’mleket ha’m wo’ndiris firmalari’ ushi’n da paydali’ boladi’. Sebebi, bul qarji’lar wo’ndiriske jumsali’p, tovar ha’m xi’zmetler ko’leminin’ ken’eyiwine ali’p keledi. Bunnan bolsa, wo’z gezeginde, ma’mlekettin’ yekonomikasi’ payda ko’redi. Sonli’qtan, toplaw yekonomikali’q rawajlani’wdi’n’ tiykarg’i’ negizlerinen biri boli’p xi’zmet yetedi.

## QAMSIZLANDIRIW

Ha’r tu’rli ku’tilmegen jag’daylar na’tiyjesinde ju’zege keliwi mu’mkin bolg’an finansli’q mashqalalardan qorg’awg’a *qamsi’zlandi’ri’w* dep ataladi’.

Ha’zirgi ku’nde mu’lkti qamsi’zlandi’ri’w, wo’mirdi qamsi’zlandi’ri’w, meditsinali’q qamsi’zlandi’ri’w si’yaqli’ bir qatar qamsi’zlandi’ri’w tu’rleri bar. Bunday qamsi’zlandi’ri’w tu’rlerinde qamsi’zlandi’ri’w kompaniyalari’na turaqli’ qamsi’zlandi’ri’w to’lemleri to’lenedi. Qanday da bir qolaysi’z hal ju’z bergende kelip shi’g’atug’i’n finansli’q mashqala, keltirilgen zi’yan yaki jog’alti’wdi’n’ worni’ qamsi’zlandi’ri’w kompaniyasi’ ta’repinen qaplanadi’. Mi’sali’, u’y-jaydi’ qamsi’zlandi’rg’anda ha’r ji’li’ belgili bir mug’dardag’i’ qamsi’zlandi’ri’w to’lemi to’lenedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Qamsi'zlandi'ri'w** — ha'r tu'rli ku'tilmegen jag'daylar na'tiyjesinde ju'zege keliwi mu'mkin bolg'an finansli'q mashqalalardan qorg'aw.

### Shi'ni'g'i'w

2014-ji'li' sawda banklerinin' biri yen' az mug'dari' 500 000 swm bolg'an amanatti'n' protsentin ha'r ayda esaplap, amanatqa qosi'li'p bari'w sha'rti menen: 1 ay mu'ddetke — 18%; 2 ay mu'ddetke — 21%; 3 ay mu'ddetke — 24% ji'lli'q protsent stavkasi' menen qosi'msha haqi' to'lewdi ja'riyaladi'.

1. Banktin' protsent stavkasi' ne ushi'n amanatti' saqlaw mu'ddetine qarap ha'r tu'rli?
2. Yeger ji'lli'q protsent 24% qurasa, bul bir ayli'q protsent stavkasi'ni'n' neshe protsentin quraydi'?
3. Amanatti'n' procsenti ha'r ayda esaplani'p, amanatqa qosi'p bari'w sha'rtin qalay tu'sinesiz?
4. Bankke qoyi'lg'an 500 000 swm sa'ykes ra'wishte 1, 2, 3 ay saqlang'anda neshe sum boli'p qayti'wi'n esaplan'.

### BILIMIN'IZDI SINAP KO'RIN'!

1. Adamlar ne ushi'n pul toplaydi'?
2. Puldi' toplawdi'n' qanday jollari'n bilesiz ha'm wolardan qaysi' biri siz ushi'n maqul ha'm qolay? Nege?
3. Puldi' toplawdan pul iyesinen basqa ja'ne kimler ma'pdar boladi'?
4. Puldi' toplap ko'rdi'n'iz be? Pul toplaw an'sat pa yaki qi'yi'n ba? Pul toplap ati'rg'an waqti'n'i'zda wo'zin'izde qanday qolaysi'zli'qlardi' sezinesiz?
5. Qanday waqi'tta pul toplaw paydasi'z, ha'tte, zi'yan boli'wi' mu'mkin? Bunday jag'dayda qanday jol tutqan maqul?
6. Inflyatciya degen ne?
7. Qamsizlandi'ri'w degen ne? Wol ne ushi'n kerek?

### Buni' yadta saqlan'!

- Tuti'ni'wshi'lar da'ramatlari' ko'beygende woni'n' bir bo'legin toplawg'a beyim boladi'.
- Toplang'an qarji'lar ko'binese materialli'q kapitaldi' ko'beytiwge jumsaladi'.
- Toplawdi'n' tiykarg'i' dushpani' — bul puldi'n' qa'dirsizleniwi, inflyatsiyasi'.
- Toplaw keleshektegi yekonomikali'q rawajlani'w negizi yesaplanadi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 15-TEMA EKONOMI'KALIQ SHESHI'M QABILLAW

| Alternativ imkaniyatlar (sati'p ali'w mu'mkin na'rselerdin' ati') | Bahalaw wo'lshemleri (sati'p ali'wdi'n' maqsetke muwapi'qli'g'i' ha'm wonnan tu'setug'i'n payda wo'lshemleri) | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | Puldi'n' jetiwi | Za'ru'rliktin' barli'g'i' | Bilim ali'wg'a paydasi' | Salamatli'qqa paydasi' | U'ydegilerge maqul keliwi | |
| 1. Velosiped | | | | | | |
| 2. Kostuum-shim | | | | | | |
| 3. Audio-pleyer | | | | | | |
| 4. Karate seksiyasi | | | | | | |
| 5. Ingliz tili kursi | | | | | | |
| 6. ... | | | | | | |

## JEDELLESTI'RI'WSHI' SORAW HA'M TAPSIRMALAR

1. **Mashqala:** aytayi'q, sizge atan'i'z tuwi'lg'an ku'nin'izge 100000 swm pul berdi ha'm ne sati'p alsam yeken dep oylani'p qaldi'n'i'z.
2. **Alternativ sheshimler:** meyli, bul pulg'a "sheshim qabi'llaw kestesi" dep atalg'an, joqari'da keltirilgen keste qatarlari'nda jazi'lg'an to'mendegi alternativ na'rselerdi sati'p ali'wi'n'i'z mu'mkin: 1) dosti'n'i'zdi'n' velosipedin; 2) kostyum-shalbar; 3) audio-pleyer; 4) 6 ay dawami'nda pulli' karate sektsiyasi'na qatnaw; 5) 3 ay dawami'nda inglis tilinen pulli' kursqa qatnasi'w; 6) wo'zin'izge maqul bolg'an ja'ne qanday da bir na'rse. Kesteni da'pterin'izge ko'shirip ali'n' ha'm 6-na'rsenin' ati'n keyingi qatarg'a jazi'p qoyi'n'.
3. **Bahalaw wo'lshemleri:** ha'r bir na'rseni sati'p ali'wdan ko'riwin'iz mu'mkin bolg'an payda, woni'n' maqsetin'izge qanshama sa'ykes keliwi ha'm za'ru'rligin'izdi qay da'rejede qanaatlandi'ri'wi'n ko'rsetiwshi "puldi'n' jetiwi", "za'ru'rliktin' barli'g'i'", "bilim ali'w paydasi'" si'yaqli' wo'lshemler kestenin' birinshi qatari'nda keltirgen bolsi'n. Soni'n' menen birge, siz ushi'n ja'ne a'hmiyetli boli'p ko'ringen basqa wo'lshemdi de kestenin' joqari' bag'anasi'na jazi'p qoyi'n'.
4. **Ha'r bir alternativ sheshimdi wo'lshemler boyi'nsha bahalaw:** ha'r bir sheshimdi keltirgen wo'lshemler boyi'nsha bahalap, sa'ykes qatarg'a: yeger wo'lshem boyi'nsha pikir unamli' bolsa, «+», yeger unamsi'z bolsa «-», yeger unamli' da, unamsi'z da bolmasa «0», yeger belgisiz bolsa «?» belgi qoyi'p shi'g'i'n'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## SHESHI’M QABILLAW

- “Bostan” jeke fermer xojali’g’i’ni’n’ basli’g’i’ Kamal Abdullaev wo’zi jasap ati’rg’an awi’lda su’tti qayta islew tsexi’n quri’wdi’ sheshti.
- Minestrler Kabinetinin’ ma’jlisinde usi’ ji’lda ma’mleketin’izde jas shan’araqlar ushi’n zamanagoy u’y-jaylardi’ quri’w ushi’n qarar qabi’l qi’li’ndi’.

Joqari’da biri jeke ka’rxana, ekinshisi ma’mleketlik ma’kemedegi sheshim menen tani’sti’n’i’z. Kelin’ bul sheshimlerdin’ payda boli’w sebeplerin wo’zimizshe talqi’lawg’a uri’ni’p ko’reyik. A’lbette, ha’r bir sheshimdi qabi’llawdan aldi’n yekonomikali’q jag’day, bar bolg’an resurslardan paydalani’w imkaniyatlari’ toli’q u’yrenip shi’g’i’lg’an. Ekonomistlerdin’ tili menen aytatug’i’n bolsaq:

— Ne islep shi’g’ari’w kerek?
— Qalay islep shi’g’ari’w kerek?
— Kim ushi’n islep shi’g’ari’w kerek?

degen sorawlarg’a juwap izlengen. Yag’ni’y sheshim (imkaniyatlardan birewin tan’law) u’nemlilik penen *ratsional* qabi’l yetilgen. Yekinshi ta’repten bolsa, bul sheshimdi a’melge asi’rg’annan son’ ali’natug’i’n na’tiyje haqqi’nda woylap ko’rilgen. Bul na’tiyje, a’lbette, wo’zinin’ yen’ “u’lken” maksimal qi’mbatli’ paydag’a iye boli’wi’ menen aji’rali’p turi’wi’ kerek. Bolmasa, bunday sheshim qabi’llanbas yedi. Haqi’yqati’nda da, yeger Abdullaev ushi’n su’tti qayta islew tsexi’nan konserva zavodi’n quri’w ko’birek qi’mbatli’ ha’m paydali’ (na’tiyjeli) bolg’anda yedi, wol wo’z sheshimin wo’zgertken bolar yedi.

Sonday-aq, ma’mleket ko’leminde qararlar da wo’zinin’ yen’ paydali’ ha’m na’tiyjeligi menen aji’rali’p turadi’. Demek, ha’r qanday yekonomikali’q sheshim wo’zinin’ qaysi’ bir ma’nide *maksimalli’q* qa’siyeti menen aji’rali’p turi’wi’ kerek yeken.

**Ratsionalli’q** — qanday da bir resurstan wo’nimli paydalana biliw.

**Maksimalli’q** — qanday da bir ko’rsetkish boyi’nsha yen’ jaqsi’, yen’ maqul na’tiyjege yerisiw.

### Shi’ni’g’i’w

Aytayi’n, klasi’n’i’zg’a mektep basshi’lari’ ta’repinen qi’sqi’ dem ali’s ku’nlerine mo’lsherlengen, Samarqand, Buxara ha’m Xiywa qalalari’na sayaxatqa biypul jollama aji’rati’ldi’.

1. Bul jollamani’ kimge beriwdi qalayi’nsha sheshken bolar yedin’iz?
2. Bul mashqalani’ sheshiwdin’ qanday imkaniyatlari’, jollari’ bar?
3. Bul imkaniyatlardi’ qanday wo’lshemler ja’rdeminde bahalar yedin’iz.
4. Bul mashqalag’a baylani’sli’ sheshim qabi’llaw kestesin du’zin’, woni’ klasi’n’i’z benen birgelikte talqi’lan’ ha’m tolti’ri’n’.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## SHESHI’MNI’N’ QA’DI’R-QIMBATI HA’M PAYDASI

Ha’r bir sheshimnin’ qa’dir-qi’mbati’ ha’m paydasi’ bo’lip ali’ng’an jeke adamg’a ha’m ja’miyetke keltiretug’i’n quni’ menen wo’lshenedi. Abdullaevti’n’ su’tti qayta islew tsexi’n quri’w haqqi’ndag’i’ sheshiminin’ jeke qa’dir-qi’mbati’, tsexti’ ju’rgiziw na’tiyjesinde da’slep woni’n’ wo’zine keletug’i’n payda ha’m wo’z isinen qani’g’i’w sezimi si’yaqli’ payda menen tsexti’ quri’w ushi’n sarplanatug’i’n qa’rejetler ha’m qoldan jibergen imkaniyatlari’n wo’zara sali’sti’ri’w na’tiyjesinde ani’qlanadi’. Yekinshi ta’repten, bul sheshimnin’ sotsialli’q qa’dir-qi’mbati’ da boli’p, wol awi’lda qosi’msha jumi’s ori’nlari’n jarati’w, adamlardi’n’ su’t wo’nimlerine bolg’an talabi’n qanaatlandi’ri’w si’yaqli’ ja’miyetke keletug’i’n payda menen ja’miyet ta’repinen islenetug’i’n shi’g’i’nlar ha’m qoldan jiberilgen basqa alternativ imkaniyatlardi’ wo’zara sali’sti’ri’w na’tiyjesinde ani’qlanadi’. Solay yetip, ha’r bir adam sheshim qabi’llap ati’rg’anda ha’m jeke, ha’m sotsialli’q ko’zqarastan qolg’a kirgizetug’i’n uti’slari’ menen qoldan jiberetug’i’n imkaniyatlari’n a’lbette wo’z-ara sali’sti’ri’wi’ kerek yeken.

*Yekonomikali’q sheshim qabi’llaw protsessi*




### Qa’diriyatlar

“Jeti wo’lshep — bir kes”, “I’stin’ wo’zin yemes — ko’zin bil” degen naqi’llardi’ qalay tu’sinesiz?

### Tapsi’rma

Sizin’ mektebin’izde bir ji’l woqi’wi’n’i’z:

a) ata-anan’i’zg’a; b) ma’mleketke shama menen qanshag’a tu’siwin esaplap shi’g’i’n’.

Mektepte woqi’wi’n’i’zdan:

a) jeke wo’zin’izge; b) ja’miyetke qanday payda bar yekenligin ani’qlan’ ha’m joqari’da ani’qlang’an shi’g’i’nlar menen sali’sti’ri’n’. Siz bul shi’g’i’nlardi’ aqlap ati’rsi’z ba?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## BILIMIN’IZDI SINAP KO’RIN’!

1. Yekonomikali’q duri’s sheshim qabi’llawdi’n’ qanday basqi’shlari’ ha’m wo’lshemlerin bilesiz? Qanday da bir mi’sal tiykari’nda tu’sindirip berin’.
2. Ratsional is ko’retug’i’n adam degende qanday adamdi’ tu’sinesiz?
3. Keshegi ku’nin’izdi azannan keshke shekem qalay wo’tkizgenin’izdi saatlar boyi’nsha su’wretlen’. Siz ku’n dawami’nda wo’z xi’zmetin’izdi u’nemli - ratsional sho’lkemlestirdin’iz be? Siz wo’tken ku’nnen maksimal paydalana aldi’n’i’z ba? Woni’ wo’nimli ha’m jag’i’mli’ wo’tkerdin’iz be?
4. Usi’ ku’nlerdegi xi’zmetin’izden wo’zin’izge, shan’arag’i’n’i’zg’a ha’m ja’miyetke qanday payda bar dep woylaysi’z? Bul is-ha’reketlerin’iz na’tiyjesinde qanday shi’g’i’nlar, qa’rejetler payda boli’p ati’r?
5. Jeke ha’m sotsialli’q qa’dir-qi’mbatti’ bir-birine qarama-qarsi’ bolg’an sheshimge mi’sal keltirin’ ha’m wog’an wo’z mu’na’sibetin’izdi bildirin’.
6. Ko’z aldi’n’i’zg’a keltirin’, bazarg’a qanday da bir kiyim sati’p ali’w ushi’n bardi’n’i’z. Bul jerde wo’zin’izge kerek na’rseni sati’p ali’wi’n’i’zg’a shekem bir neshe na’rselerdi ko’rdin’iz. Bul sizin’ sheshimin’izdi wo’zgerte aladi’ ma? Juwabi’n’i’zdi’ tiykarlap berin’.

### Bul haqqi’nda woylap ko’rin’!

Temeki shegiwden shegiwshige qanday payda bar dep woylaysi’z? A’tiraptag’i’larg’a she?

Shegiw shegiwshi ushi’n “qansha” turadi’? A’tiraptag’i’ shekpeytug’i’nlar ushi’n she? Uli’wma, ja’miyet ushi’n she?

Ma’mleket ta’repinen shegiw uluwma qadag’an etilse bolmay ma?



**SHEKPESTEN JASLIQ DA’WRANIN SU’R !**

### Buni’ yadta saqlan’!

- Ha’r bir adamni’n’ jaqsi’ jasawi’ ushi’n ko’p ta’repten aqi’lg’a muwapi’q yekonomikali’q sheshim qabi’llawi’na baylani’sli’.
- Ha’r bir adam sheshim qabi’l yetip ati’rg’anda qolg’a kirgizetug’i’n uti’slari’ menen qoldan jiberetug’i’n imkaniyatlari’n a’lbette wo’z-ara sali’sti’ri’wi’ kerek.
- Sheshim qabi’llaw protsessinin’ basqi’shlari’:

a) mashqalani’ ani’qlaw;
b) barli’q alternativ sheshimlerin sanap shi’g’i’w;
d) bahalaw wo’lshemlerin ani’qlap ali’w;
e) ha’r bir sheshimdi wo’lshemlerge qaray bahalap shi’g’i’w;
f) bahalaw na’tiyjesine qaray, yen’ jaqsi’ sheshimdi tan’law.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 16-TEMA TUTINIWSHILARDIN’ HUQIQLARI


1

*Qari’ydar:* Bul tovardi’ qaytari’p alsan’i’z.
*Sati’wshi’:* Biz sati’lg’an tovardi’ qaytari’p almaymi’z.



2



3

## JEDELLESTI’RI’WSHI’ SORAW HA’M TAPSIRMALAR

1. 1-su’wrette keltirilgen jag’dayg’a wo’z mu’na’sibetin’izdi bildirin’. Kim haq? Sati’wshi’ ma? Qari’ydar ma? Nege? Wolar arasi’ndag’i’ kelispewshilikti kim sheshiwi mu’mkin?

2. 2-su’wrette su’wretlengen wo’nimlerdin’ yarlik qag’azlari’nda qanday mag’luwmatlar keltirilgenin ani’qlan’. Bul mag’luwmatlardi’n’ qaysi’ birewi siz ushi’n a’hmiyetli yesaplanadi’?

3. Reklama turmi’si’mi’zda qanday ori’n tutadi’? Reklamani’n’ arti’qmashi’li’q ha’,m kemshilik ta’replerin sanan’ ha’m olarg’a turmi’stan mi’sallar keltirin’ (3-su’wret).

## TUTINIWSHILAR NENI’ BI’LI’WI’ KEREK?

Ha’r birimiz bazarda tuti’ni’wshi’ si’pati’nda qatnasami’z. Xosh, tuti’ni’wshi’ si’pati’nda qanday da bir tovardi’ sati’p ali’w payi’ti’nda nelerge itibar beriwimiz kerek? Tuti’ni’wshi’ si’pati’nda qanday huqi’qlari’mi’z bar? Usi’ ha’m usi’g’an uqsas sorawlarg’a o’zbekistan Respublikasi’ni’n’ «Tuti’ni’wshi’lar huqi’qlari’n qorg’aw haqqi’nda» g’i’ ni’zami’nan juwap tabi’w mu’mkin. To’mende usi’ huqi’qlar haqqi’nda qi’sqasha mag’luwmat beremiz:

1. Tuti’ni’wshi’ tovar ha’m woni’ islep shi’g’ari’wshi’ ka’rxana haqqi’nda to’mendegi isenimli ha’m toli’q mag’luwmatti’ ali’w huqi’qi’na iye:

— tovardi’n’ tiyisli sapa ko’rsetkishlerine muwapi’qli’g’i’n tasti’yi’qlawshi’ hu’jjet;



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

— tovardi’n’ tuti’ni’w ha’m wo’zine ta’n qa’siyetlerinin’ dizimi;
— tovardi’n’ ni’rqi’;
— tovar tayarlang’an sa’ne;
— tovardan paydalani’w qag’i’ydalari’ ha’m sha’rtleri;
—tovardi’n’ xi’zmet (yaki saqlaw) mu’ddeti;
— wo’ndiriwshinin’ tovardan paydalani’w boyi’nsha kepillik minnetleri;
— tovardi’ saqlaw usi’llari’ ha’m qa’deleri

2. Tovar sanitariya-gigiena talaplari’na juwap beriwi ha’m insan salamatli’g’i’na ja’ne qorshag’an ortali’qqa qa’wipsiz boli’wi’ tiyis. Wo’ndiriwshi tovardi’n’ pu’tkil xi’zmet mu’ddeti dawami’nda, yeger wol belgilenbegen bolsa, wonda woni’n’ sati’lg’an ku’ninen baslap 10 ji’l dawami’nda tovardi’n’ qa’wipsiz boli’wi’n ta’miyinlewi tiyis.

3. Yeger tuti’ni’wshi’ nuqsanli’ tovar sati’p alg’an bolsa, wol qa’lewi boyi’nsha to’mendegilerdi talap etiwge haqi’li’:

— nuqsanli’ tovardi’ tiyisli sapag’a iye bolg’an tap sonday tovarg’a almasti’ri’w;

— basqa sog’an uqsas tovarg’a, sati’p ali’w ni’rqi’n tiyisli yesaplasi’w joli’ menen almasti’ri’w;

— wo’ndiriwshiden tovar kemshiliklerin biypul du’zetip beriwin, yaki du’zetiw qa’rejetlerin wo’ndiriw;

— nuqsanli’ tovar ni’rqi’n tiyisli mug’darda kemeytiw;

— ko’rilgen zi’yandi’ toli’q ko’lemde qaplaw sha’rti menen nuqsanli’ tovardi’ wo’ndiriwshige qaytari’w.

4. Tuti’ni’wshi’ bul huqi’qlardan tovar sati’p ali’ng’an ku’nnen baslap, tovardi’n’ kemshilikleri ani’qlang’an to’mendegi mu’ddetlerge shekem paydalani’wi’ mu’mkin:

— kepillik mu’ddeti yaki qollani’wg’a jaramli’li’q mu’ddeti ishinde;

— kepillik mu’ddeti yaki qollani’wg’a jaramli’li’q mu’ddeti belgilengen tovarlar ushi’n — 6 ay, ko’shpes mu’lk ushi’n — 2 ji’l (yeger sha’rtnamada basqa mu’ddet belgilenbegen bolsa).

5. Tuti’ni’wshi’ni’n’ talaplari’ tovardi’ tap sol wo’ndiriwshi (sati’wshi’dan) den sati’p alg’anli’g’i’n tasti’yi’qlawshi’ tiyisli hu’jjet (mi’sali’, kassa shegi, tovardi’n’ hu’jjeti) ko’rsetilgen jag’dayda g’ana ko’rip shi’g’i’ladi’.

6. Ni’zamda ko’rsetilgen bul huqi’qlar buzi’lg’anda ha’m ta’repler kelisimge kelmegende sudqa yaki ma’mlekettin’ wa’killik berilgen basqa worganlari’na ari’z yetiwi mu’mkin.

7. Tuti’ni’wshi’ni’n’ huqi’qlari’n qorg’aw maqsetinde wori’nlarda ja’miyetlik birlespelerdi sho’lkemlestiriw mu’mkin.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## REKLAMA

*Reklama* g'alaba xabar quralları'nda tuti'ni'wshi'larg'a tovar haqqi'nda mag'luwmat beriw menen wolardi'n' tovarg'a bolg'an talaplari'n artti'ri'wg'a qarati'lg'an tu'sindiriw ilajlari'. Reklama so'zi lati'nshada jar sali'w, shaqi'ri'q degen mag'anani' an'latadi'.

Reklamani'n' arti'qmashi'li'g'i'

— reklama tuti'ni'wshi'ni'n' ma'pi ushi'n xi'zmet yetedi, sebebi wol tuti'ni'wshi'lardi' bazardag'i' ni'rqlar ha'm jan'ali'qlardan xabardar yetedi;

— reklama ko'binese ni'rqlardi'n' to'menlewine ali'p keledi;

— reklama basekini xoshametleydi, bunnan tuti'ni'wshi'lar ha'm pu'tkil ja'miyet utadi';

— reklamadan tu'setug'i'n da'ramat g'alaba xabar quralları' qa'rejetlerinin' u'lken bo'legin qaplaydi'.

— reklama tuti'ni'wshi'lardi'n' talabi'ni'n' ko'beyiwi, islep shi'g'ari'wshi'lar paydasi'ni'n' arti'wi' ha'm usi'ni'n' na'tiyjesinde yekonomikani'n' rawajlani'wi'na ali'p keledi.

Reklamani'n' kemshiligi

— reklama geyde tuti'ni'wshi'larg'a naduri's mag'luwmat berip, aljasti'radi';

— reklama ko'lemli finansli'q qa'rejetlerdi talap yetedi, bul bolsa tovar ni'rqi'n artti'radi';

— tuti'ni'wshi'larda wonsha za'ru'r bolmag'an tovarg'a pul jumsaw niyetin keltirip shi'g'aradi';

— g'alaba xabar quralları' reklama beriwshilerge g'a'rezli boli'p qaladi', bul wolardi'n' yerkinligin shekleydi.

## TOVARDIN' SHTRI'X KODI

Tovardi'n' shtrix kodi' wo'zine ta'n mag'luwmat da'regi boli'p, wonnan tovardi'n' qaysi' ma'mlekette tayarlang'ani'n, qaysi' ka'rxanani'n' islep shi'g'arg'ani'n ha'm tovar haqqi'ndag'i' mag'luwmatlardi' ani'qlap ali'w mu'mkin. 13 tsifrdan ibarat 8710335230431 shtrix kodi'ni'n' birinshi yeki tsifri' 87 tovardi'n' Niderlandiyada tayarlang'ani'n keyingi 5 tsifr 10335 tovar islep shi'g'ari'lg'an firmani'n' bul ma'mlekette dizimge ali'ng'an nomerin an'latadi'. Keyingi 5 tsifr 23043 tovardi'n' qa'siyetleri haqqi'nda mag'luwmat beredi. Aqi'rg'i' tsifr 1 bolsa, tovar kodi'ni'n' qadag'alaw tsifri'nan ibarat. Tovardi'n' kodi' ja'rdeminde woni'n' qa'lbeki yaki haqi'yqi'y yekenin to'mendegi a'piwayi' arifmetikali'q yesaplaw ja'rdeminde bilip ali'w mu'mkin. Buni' joqari'dag'i' tovar kodi' mi'sali'nda ko'rsetemiz.

1) Soldan wong'a qarap jup wori'nda turg'an tsifrlar qosi'p shi'g'i'ladi':

$$7+0+3+2+0+3=15;$$

2) kelip shi'qqan na'tiyje 3 ke ko'beytiledi: $15 \times 3 = 45$;



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

3) taq wori’nda turg’an aqi’rg’i’ qadag’alaw tsifri’nan basqa tsifrlar qosi’p shi’g’i’ladi’:

8 + 1 + 3 + 5 + 3 + 4 = 24;

4) 2-na’tiyje menen 3-na’tiyje qosi’ladi’: 45 + 24 = 69;

5) kelip shi’qqan sanni’n’ aqi’rg’i’ tsifri’ 10 nan ali’nadi’:

10 — 9 = 1;

6) aqi’rg’i’ na’tiyje tovar kodi’ni’n’ qadag’alaw tsifri’ menen birdey bolsa, wonda tovar — haqi’yqi’y, kerisinshe bolsa — qa’lbeki boladi’.

| Ma’mleketler | Kodlar | Ma’mleketler | Kodlar |
|---|---|---|---|
| AQSH, Kanada | 00 – 09 | Tu’rkiya | 869 |
| Frantsiya | 30 – 37 | Rossiya | 460 |
| Germaniya | 400 – 440 | O‘zbekiston | 46 – 47 |
| Yaponiya | 49 | Ulli’ Britaniya | 50 |

**Tovardi’n’ shtrix kodi’** — tovar haqqi’ndag’i’ magluwmatlardi’ tovar yarlik qag’azi’nda ko’rsetiwshi si’zi’qlar da’stesi ha’m sanlar izbe-izliginen turatug’i’n arnawli’ belgi.

**Tapsi’rma**

Tuti’ni’wshi’lardi’n’ huqi’qlari’nan ayi’ri’mlari’n ayti’p berin’. I’slep shi’g’ari’wshi’ ha’m sati’wshi’lardi’n’ qanday huqi’qlari’ bar? Tuti’ni’wshi’lardi’n’ huqi’qlari’n qorg’ap, wog’an u’lken ahmiyet beriliwinin’ sebebi ne dep woylaysi’z?

## BILIMIN’IZDI SINAP KO’RIN’!

1. Siz, tuti’ni’wshi’ si’pati’nda du’kannan qanday da bir na’rseni sati’p alg’ani’n’i’zda tovar haqqi’nda qanday mag’luwmatlardi’ sorawg’a haqi’n’i’z bar?
2. Du’kannan qanday da bir na’rse sati’p alg’ani’n’i’zda beriletug’i’n shektin’ siz ushi’n qanday a’hmiyeti bar?
3. Reklamani’n’ siz ushi’n paydasi’ bar ma? Reklamadan kim ko’birek payda ko’redi?

**Buni’ yadta saqlan’!**

- Ba’sekisiz bazar yekonomikasi’ni’n’ boli’wi’ mu’mkin yemes.
- Sati’wshi’lar arasi’nda’i’ ba’seki tovar ni’rqi’ni’n’ tu’siwine, tuti’ni’wshi’lar arasi’ndag’i’ ba’seki bolsa tovar ni’rqi’ni’n’ wo’siwine ali’p keledi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## III BAPTI TA'KI'RARLAW USHIN SORAW HA'M TAPSIRMALAR

### A. SORAWLAR.

1. Tuti'ni'wshi'g'a ta'n yerkinlik, ratsionalli'q ha'm maksimalli'q qa'siyetleri ju'zege shi'g'atug'i'n
jag'daylarg'a bir mi'saldan keltirin'.
2. Tuti'ni'wshi'lardi'n' qanday da'ramat da'rekleri boli'wi' mu'mkin?
3. Ha'mme na'rselerdin' iyesi — mu'lkke iyelik yetiwshinin' boli'wi'ni'n' arti'qmashi'li'q ha'm kemshilik ta'replerin, unamli' ha'm unamsi'z ta'replerin sanan'.
4. Ma'mleketimizde yelektr yenergiyasi' menshiklestirilgende qanday unamli' ha'm unamsi'z wo'zgerisler kelip shi'g'i'wi' mu'mkin dep woylaysi'z?
5. Ma'mleket mu'lki, iyesi bo'lip ali'ng'an jeke adam ha'm ja'miyet bolg'an jeke mu'lklerdin' bir-birinen ayi'rmashi'li'g'i'n ayti'p berin'.
6. I'nsanni'n' yekonomikali'q qa'dir-qi'mbati' degende neni tu'sinesiz?
7. I'nsanni'n' materialli'q ha'm ruwxi'y bayli'g'i' degende neni tu'sinesiz?
8. Da'ramat ha'm bayli'qti'n' parqi'n tu'sindirin'.
9. Tuti'ni'wshi'lardi'n' da'ramat da'reklerin sanap berin'. Da'ramatlar ba'rqulla pul ko'rinisinde bola ma?
10. Tuti'ni'wshi'lardi'n' qanday qa'rejet tu'rlerin bilesiz?.
11. Shan'araq byudjeti degen ne?
12. Yengel ni'zami' ne haqqi'nda?
13. Adamlar ne sebepten pul qarji'lari'n toplaydi'?

### B. TARSIRMALAR.

To'mende da'slep atamalardi'n' atlari', son' wolardi'n' talqi'lawi' berilgen. Ha'r bir atamag'a sa'ykes talqi'lawdi' tabi'n'.

#### ATAMALAR:

1. Menshiklestiriw.
2. Materialli'q kapital.
3. I'sbilermenliktin' paydasi'.
4. Shan'araq budjeti.
5. Real da'ramat.
6. Nominal da'ramat.
7. Toplaw.

#### TALQILAWLAR:

a) isbilermenlik iskerligi na'tiyjesinde qolg'a kirgiziletug'i'n da'ramat;
b) shan'araqti'n' belgili bir da'wirdegi da'ramat da'rekleri ha'm qa'rejetleri keltirilgen finansli'q mug'dari';
d) belgili bir waqi't dawami'nda bo'lip ali'ng'an jeke adam yaki shan'araq ta'repinen qolg'a kirgizilgen da'ramat mug'dari';
e) keleshektegi za'ru'rliklerdi qanaatlandi'ri'w ushi'n toplanatug'i'n pul;



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**D. TESTLER.**

Berilgen sorawg'a mag'anasi' jag'i'nan yen' duri's ha'm toli'q juwapti' belgilen'.

**1. Naduri'si'n tabi'n'. Tuti'ni'wshi'lardi'n' da'ramat da'regine ne kiredi:**

A. Stipendiya, napaqa.
B. Qamsi'zlandi'ri'w, toplaw.
D. I's haqi', dividend.
E. Renta, protsent.

**2. To'mendegi hallardi'n' qaysi' birinde mu'lk ko'rinisi wwo'zgeredi?**

A. G'arri' balasi'na jayi'n miyras yetip qaldi'rdi'.
B. Ma'mleket sho'lkemi balalar u'yine kompyuter sawg'a yetti.
D. Fermer si'yi'ri'n bazarg'a shi'g'ari'p satti'.
E. Algirovti'n' ken' jayi' konfiskatsiya-lani'p, woqi'wshi'lar sarayi'na aylandi'ri'ldi'.

**3. Mu'lkke toli'q iyelik yetiw huqi'qi' degende neni tu'sinesiz?**

A. Woni' sawg'a yetiw.
B. Woni' sati'w yaki almasti'ri'w.
D. Wonnan wo'z za'ru'rliklerin qanaatlan-di'ri'w ushi'n paydalani'w.
E. Joqari'dag'i'lardi'n' barli'g'i'.

**4. Qaysi' topardag'i' da'ramatlar tek materialli'q bayli'qtan paydalani'w yesabi'nan artti'ri'ladi'?**

A. I'jara, napaqa, dividend.
B. Renta, protsent, ayli'q.
D. Payda, napaqa, dividend .
E. Renta, dividend, protsent.

**5. Shan'araq byudjetinde:**

A. Kemis bolmawi' kerek.
B. Tek shan'araq shi'g'i'nlari' keltiriledi.
D. Tek shan'araq da'ramatlari' keltiriledi.
E. Shan'araqti'n' belgili bir da'wirge jobalasti'ri'lg'an da'ramat da'rekleri ha'm qa'rejetleri keltirilgen boladi'.

**6. Duri's juwapti' tabi'n':**

A. Ma'mleketimizdegi da'ryalar, ko'ller, suw qorlari' mu'lk esaplanbaydi'.
B. Aspan, juldi'zlar, quyash mu'lk esaplanbaydi'.
D. Ta'biyiy bayli'qlar ma'mleketke tiyisli yemes.
E. Siz oqi'p ati'rg'an mektep, jollar ko'shelerdegi terekler, fontanlardi'n' iyesi joq.

**7. Miynet resurslari'nan qaysi' ko'rinislerde da'ramat keledi?**

A. Renta.
B. Protsent.
D. I's haqi'.
E. Payda.

**8. To'mendegi da'ramat tu'rlerinin' qaysi'lari' tek ma'mleket ta'repinen g'ana ja'rdem si'pati'nda beriledi?**

A. Si'yli'q.
B. Jumi'ssi'zli'q napaqasi'.
D. Dividend.
E. Stependiya.

**9. Naduri's juwapti' ayti'n':**

A. Da'ramat ko'beygende toplawg'a bolg'an niyet ku'sheyedi.
B. Toplaw tek materialli'q kapitaldi' ko'beytiwge g'ana jumsaladi'.
D. I'nfliyatsiya—toplawdi'n' dushpani'.
E. Toplaw keleshektegi yekonomikali'q rawajlani'w negizi yesaplanadi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## EKONOMIKALIQ PRAKTIKUM

Rayonda plastmassi' wo'nimler islep shi'g'ari'wshi' zavod quri'ladi'. Bul zavod jag'dayi' jaqsi' boli'wi' ushi'n zavod quri'wshi'lar nege, qalay kim ushi'n islep shi'g'ari'w kerek degen sorawlarg'a zavodti'n' iyeleri ha'm qa'niygeleri juwap tabi'wlari' kerek boladi'. Aytayi'q wolar, bul sorawlarg'a to'mendegishe juwap tapti'.

**1.** zavod plastmassadan woyi'nshi'qlar ha'm suw quwi'rlari' islep shi'g'ari'wi' kerek.

**2.** Zamanago'y texnologiya tiykari'nda islep shi'g'ari'w kerek.

**3.** Rayon Wa'liyat xalqi' ha'm eksport ushi'n zavod islep shi'g'ari'w ko'leminde belgilep ali'w kerek boladi'.

Sebebi Zavodi'n' imkaniyatlari' sheksiz yemes.

To'mendegi kestedede zavodti'n' ku'nlik islep shi'g'ari'w imkaniyatlari' haqqi'nda mag'li'wmat berilgen.

| Tovarlar | İmkoniyatlar | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | *A* | *B* | *D* | *E* | *F* | *G* |
| Plastmassa woyi'nshi'q (mi'n' dana) | 15 | 14 | 12 | 9 | 5 | 0 |
| Plastmassa quvurlar (mi'n' metr) | 0 | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |

Kestede berilgen mag'lıwmatlar tiykari'nda zavodti'n' ku'nlikislep shi'g'ari'w imkaniyati' tarawi'n si'zami'z. Si'zi'lmada bul tarawdi' boyab ko'rsetilgen.

Si'zi'lmada ko'rinip turg'ani'nday, zavod ten' woyi'nshi'qtan ko'bi menen a'o'-mi'n' dana islep Shi'g'ara aladı. (A. poqat ) zavod a'mi'n' metr quvi'r ha'm a'n' mi'n' dana woyi'nshi'q islep shi'g'ari'w mumkin. (B noqat) Demek a' mi'n' metr quvi'r islep shi'g'ari'w Ushi'n mi'n' dana woyi'nshi'qlardan bas keshiwge tuwra keledi. Zavod islep shi'g'ari'w ko'lemin islep shi'rari'w imkaniyatlarlari' tarawa ishinen g'ana belgiley aladi'.




Maselen koordinatalari' (3; 4) bolg'an M naqattan si'zılmadi' belgileymiz. M noqat islep shi'g'ari'w imkaniyatlari' tarawi'nan si'rtta jatadı. Sol sebepten zavod 9 mi'n' dana woyi'nshi'q ha'm 5-mi'n' metr quvi'r islep shi'g'ara almaydi'.

Yendi, koordinatalari' (3; 4) bolg'an N noqati' islep shi'g'ari'w imkaniyatlari' tarawi'nda jaylasqan yamasa zavod kunine 3 mi'n' dana woyi'nshi'q n' mi'n' metr quvi'r islep shi'g'ara aladi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE







# IV bap. Talap ha'm usi'ni's

**Usi' baptag'i' materiallardi' u'yreniw na'tiyjesinde to'mendegi bilim, sheberlik ha'm ko'nlikpelerge iye bolasi'z:**

— talap ha'm talap mug'dari', usi'ni's ha'm usi'ni's mug'dari' tu'siniklerin aji'rata ali'w;
— talap ha'm usi'ni's ni'zami'ni'n' mag'anasi'na tu'siniw.
— talap ha'm usi'ni's si'zi'qlari'n du'ze ali'w;
— talap ha'm usi'ni'sqa ta'sir yetiwshi, ni'rqqa baylani'sli' bolmag'an faktordi' biliw ha'm wolardi'n' ta'sirin bahalaw;
— turaqli' ni'rq ha'm turaqli' mug'dar tu'siniklerinin' mag'anasi'na tu'siniw;
— bazarda tovar ha'm ni'rqti'n' qa'liplesiw mexanizmlerin biliw;
— talap ha'm usi'ni's kesteleri yaki si'zi'qlari' tiykari'nda ten'lesken ni'rqti' ani'qlaw;
— talap ha'm usi'ni'sti'n' o'zgerisinin' ten'lesken ni'rqqa ta'sirin tu'sindire ali'w;
— toyi'ng'an ha'm tam-tari's bazarlardi' aji'rati'w;
— talap ha'm usi'ni's wwo'zgeriwinin' ten'lesken ni'rqqa ta'sirin shamalawdi' biliw;
— ni'rqlardi'n' bazar mexanizmi tiykari'nda ten'lesken ni'rq a'tirapi'nda terbelip turi'wi'n tu'sindire ali'w.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 17-TEMA TALAP HA’M TALAP NIZAMI










| Baha (*p*), swmda | Talap mug’dari’ (*q*), tonnada |
|---|---|
| | |
| | |
| | |




## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HA’M TAPSIRMALAR

Joqari’dag’i’ su’wrette diyqan bazari’ndag’i’ qulpi’nay sawdasi’ni’n’ may ayi’ndag’i’ jag’dayi’ su’wretlengen. Woni’ di’qqat penen ko’zden keshirin’ ha’m to’mendegi sorawlarg’a juwap berin’:

1. Su’wrette qulpi’nay sati’p almaqshi’ bolg’an qari’ydarlar sani’ni’n’ ha’r tu’rli yekenliginin’ sebebi nede dep woylaysi’z?
2. Qulpi’nay ni’rqi’ ha’m woni’ sati’p ali’w ko’lemi wortasi’nda qanday baylani’s bar yekenin ani’qlan’.
3. Meyli, ni’rq 600, 800, 1000 swm bolg’anda, qari’ydarlardi’n’ bir ha’pte dawami’nda sa’ykes ra’wishte 6, 4, 2 tonna sati’p ali’w mu’mkinligi ani’qlang’an bolsi’n. Bul mag’luwmat tiykari’nda joqari’dag’i’ talap kestesin tolti’ri’n’.
4. Koordinatalar tegisliginde sa’ykes noqatlardi’ belgilen’ ha’m wolardi’ tutasti’ri’p shi’g’i’n’. Payda bolg’an si’zi’qti’ yekonomistler talap si’zi’g’i’ dep ataydi’.

## TALAP HA’M TALAP MUG’DARI

Tovarg’a bolg’an talap qari’ydardi’n’ belgili bir waqi’t dawami’nda tovardi’ ha’r tu’rli ni’rqlarda qanshadan sati’p ali’w haqqi’ndag’i’ tilegi ha’m imkaniyatlari’n



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ani'qlaydi'. Talap mug'dari' dep, qari'ydardi'n' belgili bir waqi't dawami'nda belgili bir ni'rqta sati'p ali'wi' mu'mkin bolg'an tovar mug'dari'na ayti'ladi'.

Qanday da bir tovarg'a bolg'an talap, a'dette, keste ko'rinisinde ja'mlelenedi. Keste boyi'nsha grafik si'zi'lsa, talap si'zi'g'i' kelip shi'g'adi'. Bul ushi'n tegislikte *Op* ko'sheri vertikal, *Oq* ko'sheri gorizontal yetip si'zi'ladi'. *Op* ko'sherine tovardi'n' ni'rqi', *Oq* ko'sherindegi talap mug'dari'na tegislikte saykes noqatlari' tabi'ladi'. Bul noqatlardi' birlestiriw na'tiyjesinde kelip shi'qqan si'zi'q talap si'zi'g'i' dep ataladi'. Talap si'zi'g'i', a'dette, D ha'ribi — inglizshe "demand" (talap) so'zinin' bas ha'ribi menen belgilenedi. Talap geyde p — aq + b, (a 0, b 0) ko'rinisindegi si'zi'qli' funktsiya tu'rinde de beriliwi mu'mkin.

**Talap mug'dari'** — qari'ydardi'n' belgili bir waqi't dawami'nda belgili bir ni'rqta sati'p ali'w mu'mkin bolg'an tovar mug'dari'

**Talap** — tovardi'n' ni'rqi' ha'm talap mug'dari' arasi'ndag'i' qatnas boli'p, qari'ydarlardi'n' belgili bir waqi't dawami'nda tovardi' tu'rli ni'rqlarda qanshadan sati'p ali'w imkaniyatlari'n ani'qlaydi'.

## TALAP NIZAMI

Tovarg'a bolg'an talap, tovardi'n' ni'rqi'na baylani'sli' ha'm baylani'sli' bolmag'an faktorlar ta'sirinde wo'zgerip turadi'. Talapti'n' ni'rqqa baylani'sli' bolmag'an faktorlar ta'sirinde wo'zgeriwin keyingi sabaqta talqi'laymi'z. Bul sabaqta tovarg'a bolg'an talapti'n' tek ni'rqqa baylani'sli' qa'siyetleri haqqi'nda toqtalami'z. Bul qa'siyet talap ni'zami'nda wo'z sa'wlesin tapqan.

**Basqa sharayatlar wo'zgermegen jag'dayda, tovardi'n' ni'rqi' qansha to'men bolsa, wog'an bolg'an talap mug'dari' sonsha ko'p boladi', tovardi'n' ni'rqi' qansha joqari' bolsa, wog'an bolg'an talap mug'dari' sonshama to'men boladi'.**

Talap ni'zami' talap mug'dari'ni'n' ni'rqqa keri bolg'ani'n ko'rsyetedi. Bul qa'siyetti to'mendegi u'sh faktor boyi'nsha tu'sindiriw mu'mkin:

**1. Da'ramat faktori'.** Adamlar tovardi' arzan ni'rqta qi'mbat ni'rqtag'i'g'a qarag'anda ko'birek sati'p ali'wg'a qi'zi'g'i'wshan' boladi', sebebi, tovar ni'rqi'ni'n' to'menlewi tuti'ni'wshi'ni'n' sati'p ali'w qa'biletin artti'radi'. Mi'sali', bazarda go'shtin' ni'rqi' tu'sse, adamlar da'slep sati'p ali'p ati'rg'an shan'araqti'n' tuti'ni'w sumkasi'ndag'i' na'rselerdi azi'raq pul sarplap sati'p aladi'. Na'tiyjede, bir qansha pul awi'si'p qaladi'. Bul pulg'a qosi'msha mug'darda ja'ne go'sh yaki basqa tovardi' sati'p ali'w imkaniyati'na iye boladi'.

**2. Almasti'ri'w faktori'.** Qari'ydarlar ni'rqi' qi'mbat bolg'an tovardi', woni'n' worni'n basatug'i'n basqa arzan tovarg'a almasti'radi'. Mi'sali', jaz ku'nlerinde alma ni'rqi'ni'n' to'menlewine baylani'sli' tuti'ni'wshi'lar miywege bolg'an za'ru'rliklerin alma sati'p ali'w menen qanaatlandi'radi', sebebi, bul waqi'tta almani'n' ni'rqi' apelsin



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

yamasa banan ni’rqi’na sali’sti’rg’anda bir qansha arzan boladi’. Soni’n’ ushi’n, qi’mbat apelsin yaki banan worni’n iyeleydi.

Tovar ni’rqi’ni’n’ wo’zgeriwi bul yeki faktordi’ keltirip shi’g’aradi’ ha’m wolardi’n’ wo’z-ara ta’siri na’tiyjesinde tovarg’a bolg’an talap mug’dari’ qa’liplesedi.

Bo’lip ali’ng’an jeke adamni’n’ qandayda bir tovarg’a bolg’an talabi’ woni’n’ usi’ tovar haqqi’ndag’i’ qanday ha’m qanshelli toli’q mag’luwmatqa iye ekenligine ko’p ta’repinen baylani’sli’ boladi’. Haqi’yqati’nda da, qanday da bir tovarg’a bolg’an talapti’n’ asi’wi’ ushi’n tovardi’n’ sapali’ islep shi’g’ari’li’wi’ jeterli yemes. Bul jag’dayda tovardi’n’ sapali’ islep shi’g’ari’li’p ati’rg’ani’ haqqi’ndag’i’ mag’luwmatti’n’ tuti’ni’wshi’larg’a jetip bari’wi’ a’hmiyetlirek yesaplanadi’.

**A’meliy tapsi’rma.**

Usi’ a’meliy tapsi’rma ushin mag’luwmat jumsaw 6 ay waqti’n iyeleydi.

Da’slep shan’rag’I’mi’zda qanday miywe ha’m wo’nimler paydalaniw, wolar tiykari’nan, qay jerden sati’p alatug’I’ni’n ani’qlan’.

Son’, ha’r ha’ptenin’ bir ku’ninde miywe ha’m wo’nimlerdin’ du’kandag’I’ bahalari’n jazi’p bari’n’. Usi’ dizimge shan’rag’I’mi’z tarepinen sati’p ali’ng’an miywe ha’m wo’nimlerdin’ mug’darin ha’m jazi’p bari’n’. 6-ay dawami’nda toplang’an mag’luwmatlari’mi’zdi’ analizlen’. Buni’n’ ushi’n talap grafigin si’zi’n’. Grafikte ha’r ha’ptede sati’p ali’ng’an ha’r bir tu’rdegi miywe ha’m wo’nimlerdin’ mug’dari’n ha’m bahalari’n tochkalar menen belgilen’. Son’ payda bolg’an si’zi’q boyi’nsha wo’z pikirlerin’izdi jazba tu’rde bayan yetin’.

1) Qaysi’ ayda qaysi’ wo’nimge talap keskin arti’p (kemeyip) ketti? Bug’an ne sebep boldi’ dep woylaysiz?
2) Qaysi’ ayda qaysi’ wo’nimnin’ bahasi’ yen’ joqari’ (pa’s) boldi? Bul ayda usi’ wo’nimlerge talap qanday wo’zgerdi? Ne sebepten bunday bolg’an dep woylaysi’z?
3) Bahani’n’ ha’m talap mug’dari’ni’n’ yen’ ba’lent (pa’s) bolg’anli’g’I’na ne sebep boli’wi’ mu’mkin?
4) Grafikten paydalani’p kelesi 2-3 ay ishinde usi’ wo’nimlerge talap qanday wo’zgeriw mu’mkinligin woylap ko’rin’. Woylarin’izdi tiykarlawg’a ha’reket qi’li’n’.
5) Siz tapsi’rma ushi’n mag’luwmat toplaw dawami’nda qanday qi’yi’nshi’li’qlarg’a dus keldin’iz?
6) Tapsi’rmani’ quramalasti’ri’w ushi’n ja’ne neler islew za’ru’r dep woylaysiz?
7) Usinday tapsi’rmalar ju’rgiziwdin’ qanday paydasi’ bar?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Tapsi'rma**

Anglishan ekonomisti Robert Giffen qi'zi'q yekonomikali'q qubi'li'sti' baqlag'an. XIX a'sirde irlandiyadag'i' ashli'q waqti'nda kartoshkani'n' ni'rqi' arti'wi'na qaramastan, woni' paydalani'w artqan. Usi' waqi'tlarda ka'mbag'al adamlardi'n' tiykarg'i' azi'g'i' bolg'an kartoshka ni'rqi'ni'n' arti'wi' wolardi'n' real da'ramatlari'n azaytqan. Sol sebepli, adamlar ju'da' qi'mbat bolg'an azi'q-awqat wo'nimlerin sati'p almastan, wolardi'n' worni'na kartoshka sati'p ali'wg'a ma'jbu'r bolg'an. Ja'ne qanday tovarlar usi'nday qa'siyetke iye boli'wi' mu'mkin? Juwabi'n'i'zdi' tiykarlan'.

## BILIMIN'IZDI SINAP KO'RIN'!

1. Tovardi' qanday da bir ni'rqta sati'p ali'wg'a bolg'an tilek, za'ru'rliktin' wo'zine g'ana talap bola ala ma? Qashan bul tilek talapqa aylanadi'?
2. Talap ha'm talap mug'dari' qaysi' waqi't arali'g'i'nda qanaatlandi'ri'lg'ani'na baylani'sli' ma?
3. Talap ha'm talap mug'dari' arasi'nda qanday o'zgeshelik bar.
4. Talap ni'zami'n mi'sallar tiykari'nda tu'sindirin'.
5. Talap mug'dari'ni'n' tovar ni'rqi'na keri bolatug'i'ni'n tu'sindiretug'i'n u'sh faktordi' mi'sallar ja'rdeminde talqi'lan'.
6. Tovarg'a bolg'an talap kestede berilgen. Wog'an tiykarlani'p talap si'zi'g'i'n si'zi'n':

a)

| Baha (*p*), swmda | Talap mug'dari' (*q*), tonnada |
|---|---|
| 1000 | 8 |
| 2000 | 5 |
| 4000 | 2 |

b)

| Baha (*p*), swmda | Talap mug'dari' (*q*), tonnada |
|---|---|
| 800 | 70 |
| 1600 | 60 |
| 2400 | 50 |

7. Shan'arag'i'n'i'z bir ha'pte dawami'nda qansha go'sh paydalanatug'i'ni'n ani'qlan'. Yeger go'shtin' bahasi' yeki yese arzan bolsa, go'shti paydalani'w qanshani' quraydi'? Qari'ydarlar ko'beye me yamasa azaya ma? Yeki yese qi'mbat bolsa she? Bul mag'luwmatlarg'a qarap shan'arag'i'n'i'zdi'n' bir ha'pte dawami'ndag'i' go'shke bolg'an talap kestesin du'zin' ha'm talap si'zi'g'i'n si'zi'n'.

**Buni' yadta saqlan'!**

Tovardi'n' ni'rqi' qansha to'men bolsa, wog'an talap mug'dari' sonsha ko'p boladi', tovardi'n' ni'rqi' qansha joqari' bolsa, wonda talap mug'dari' sonsha to'men boladi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 18-TEMA TALAPQA TA'SIR ETIWSHI BASQA FAKTORLAR





| | Somsa bahasi', swmda | Sati'lg'an somsa sani', danada |
|---|---|---|
| 1- ay | 500 | 5000 |
| 2- ay | 500 | 5500 |
| 3- ay | 500 | 6000 |

| | Hot-dog bahasi', swmda | sat1lg'an hot-dog sani' |
|---|---|---|
| 1- ay | 500 | 5000 |
| 2- ay | 600 | 4500 |
| 3- ay | 700 | 4000 |

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HA'M TAPSIRMALAR

Tovarg'a bolg'an talap tovar ni'rqi' wo'zgermegende de tu'rli faktorlar ta'sirinde wo'zgeriwi mu'mkin. Bul faktorlardi'n' birin to'mendegi mi'salda ko'rip shi'g'ami'z.

**I.** Mektep asxanasi'nda tu'slikte somsa yamasa "hot-dog" sati'ladi'. Somsa ha'm "hot-dog" bir-birinin' worni'n basi'wshi' tovarlar topari'na kiredi.

U'sh ay dawami'nda "hot-dog" bahasi' ko'terildi. Somsa bahasi' bolsa wo'zgerissiz qaldi'. Joqari'dag'i' kestede bul aylardag'i' sati'lg'an somsa ha'm "hot-dog" mug'dari' berilgen.

1. Kestede keltirilgen somsani'n' ni'rqi' ha'm wog'an bolg'an talap mug'dari'na itibar berin'. Somsa ni'rqi' o'zgermese de, wog'an bolg'an talap mug'dari' ne sebepten wo'zgergen?
2. Bir-birinin' worni'n basi'wshi' tovarlardi'n' birinin' ni'rqi' arti'wi' na'tiyjesinde yyekinshisine bolg'an talap qalay wo'zgeredi yeken?
3. Birgelikte paydalani'wg'a mo'lsherlengen tovarlar bir-birin toli'qti'ri'wshi' tovarlar dep ju'rgiziledi. Bunday qa'siyetke iye tovarlar jupli'g'i'na avtomobil ha'm benzin mi'sal boladi'. Avtomobillerdin' ni'rqi' artsa, benzinge bolg'an talap qalay wo'zgeredi? Bunday qa'siyetlerge iye ja'ne qanday tovarlardi' bilesiz?

**II.** Tovarg'a bolg'an talapti'n' tovar ni'rqi'nan basqa to'mendegishe faktorlar ta'sirinde qalay wo'zgeriwi mu'mkinligin ani'qlan'. Ha'r sapari', ha'r bir faktordi' talqi'lap ati'rg'anda tovardi'n' ni'rqi' wo'zgermeydi degen boljawdan kelip shi'g'i'n' ha'm juwabi'n'i'zdi' mi'sallar ja'rdeminde tu'sindirin':



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

a) tuti’ni’wshi’lar (xali’q) sani’ni’n’ wo’zgeriwi;
b) tuti’ni’wshi’lar da’ramatlari’ni’n’ arti’wi’ yaki kemeyiwi;
d) tuti’ni’wshi’lar talg’ami’, modani’n’ wo’zgeriwi;
e) ji’l ma’wsiminin’ wo’zgeriwi;
f) wo’z ara baylani’sli’ tovar ni’rqi’ni’n’ arti’wi’ yaki kemeyiwi;
g) tovar ni’rqi’ arti’wi’ni’n’ ku’tiliwi;

**Wo’z ara baylani’sli’ tovarlar** — birewinin’ ni’rqi’ wo’zgeriwi yekinshisine bolg’an talapti’n’ wo’zgeriwine ali’p keletug’i’n tovarlar jubi’.

**Bir-birinin’ worni’n basi’wshi’** — birdey za’ru’rliklerdi qanaatlandi’ri’wg’a mo’lsherlengen tovarlar jubi’.

**Bir-birin toli’qti’ri’wshi’ tovarlar** — birge paydalani’wg’a mo’lsherlengen tovarlar jubi’.

## NIRIQQA BAYLANISLI BOLMAG’AN FAKTORLAR

Bazarda tovarg’a bolg’an talapti’n’ wo’zgeriwine bir qansha ni’rqqa baylani’sli’ bolmag’an basqa faktorlar da ta’sir yetedi. Bul faktorlar to’mendegiler:

**1. Tuti’ni’wshi’ni’n’ talg’ami’ ha’m ji’l ma’wsiminin’ wo’zgeriwi.**

Tuti’ni’wshi’lar talg’ami’, ji’l ma’wsimlerinin’ wo’zgeriwi ha’m moda wo’zgeriwi na’tiyjesinde tovarg’a bolg’an talap arti’wi’ ha’m kerisinshe to’menlewi de mu’mkin. Mi’sali’, jazda paltog’a bolg’an talap pa’seyedi.

**2. Bazardag’i’ tuti’ni’wshi’lardi’n’ sani’ni’n’ wo’zgeriwi.**

Tuti’ni’wshi’lar sani’ artsa, wolardi’n’ qanday da bir tovarg’a bolg’an talabi’ da artadi’ ha’m kerisinshe bolatug’i’ni’ ayqi’n. Mi’sali’, qala xalqi’ni’n’ sani’ni’n’ ko’beyiwi meditsinali’q xi’zmetine bolg’an talapti’n’ arti’wi’na ali’p keledi.

**3. Tuti’ni’wshi’lar da’ramatlari’ni’n’ wo’zgeriwi.**

A’dette, xali’qti’n’ da’ramati’ni’n’ arti’wi’ menen derlik barli’q tovarlarg’a bolg’an talap wo’sedi. Bunday tovarlar normal tovarlar dep ataladi’. Biraq, sonday tovarlar da bar, olarg’a bolg’an talap xali’qti’n’ da’ramati’ni’n’ kemeyiwi menen wo’sedi. Bunday tovarlardi’ yekonomistler to’mengi topar tovarlari’ dep ataydi’. Mi’sali’, xali’qti’n’ da’ramatlari’ni’n’ kemeyiwi sapasi’ to’men avtomobilge bolg’an talapti’n’ arti’wi’na ali’p keledi.

**Nominal tovarlar** — xali’qti’n’ da’ramati’ni’n’ arti’wi’ menen wog’an bolg’an talap artatug’i’n tovarlar.

**To’mengi topardag’i’ tovarlar** — xali’qti’n’ da’ramati’ni’n’ kemeyiwi menen wog’an bolg’an talap artatug’i’n tovarlar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**4. Wo'z ara baylani'sli' tovarlar ni'rqi'ni'n' wo'zgeriwi.**

Bir tovardi'n' ni'rqi'ni'n' wo'zgeriwi yekinshi tovarg'a bolg'an talapti'n' wo'zgeriwine ali'p keliwi mu'mkin. Bunday tovarlar jupli'g'i' wo'z ara baylani'sli' tovarlar dep ataladi'. Wo'z ara baylani'sli' tovarlarg'a biz joqari'da atap wo'tken bir-birinin' worni'n basi'wshi' (mi'sali', "hot-dog" ha'm somsa) ha'm bir-birin toli'qti'ri'wshi' (mi'sali', avtomobil ha'm benzin) tovarlar mi'sal bola aladi'.

5. Jaqi'n keleshekte tuti'ni'wshi'lar da'ramati' ha'm tovar ni'rqi' wwo'zgeriwinin' ku'tiliwi.

Yeger jaqi'n keleshekte xali'qti'n' da'ramatlari'ni'n' arti'wi' ku'tilip ati'rg'an bolsa, wolar sol waqi'ttag'i' ku'ndelikli qa'rejetlerin kemirek jumsay baslaydi' ha'm sol sebepli, ko'birek tovar sati'p ala baslaydi' ha'm kerisinshe. Yeger jaqi'n keleshekte geybir tovarlar ni'rqi'ni'n' arti'wi' ku'tilip ati'rg'an bolsa, tuti'ni'wshi'lar bul tovarlardan ko'birek sati'p ali'p, zapasqa da ji'ynawg'a ha'reket yetedi. Yeger keleshekte ayri'm tovarlar ni'rqi' pa'seyiwi ku'tilip ati'rg'an bolsa, tuti'ni'wshi'lar bul tovarlardi' kemirek sati'p ala baslaydi'.

## TALAP SIZIG'ININ' O'ZGERIWI

Ni'rqqa baylani'sli' bolmag'an joqari'dag'i' faktorlar ta'sirinde talap si'zi'g'i'ni'n' wo'zgeriwin tali'qlap ko'reyik. Baslang'i'sh jag'dayda tovarg'a bolg'an talap mug'dari' 1-keste ko'rinisinde berilgen boli'p, wog'an sa'ykes talap si'zi'g'i' $D_0$ ko'rinisinde bolsi'n dep alayi'q. Ni'rqqa baylani'sli' bolmag'an qanday da bir faktor ta'sirinde tovarg'a bolg'an talap arti'p, 2-keste ko'rinisin alg'an bolsi'n deyik. Bul keste tiykari'nda talap si'zi'g'i'ni'n' baslang'i'sh ha'm keyingi jag'daylari'n si'zatug'i'n bolsaq, talap si'zi'g'i' baslang'i'sh $D_0$ jag'dayi'nan, keyingi $D_1$ jag'dayi'na o'tkenligin, yag'ni'y on' ta'repke ji'li'sqani'n ani'qlawi'mi'z mu'mkin. Tap usi' si'yaqli' qanday da bir faktor ta'sirinde tovarg'a bolg'an talapti'n' 3-kestedegidey to'menlewi na'tiyjesinde talap si'zi'g'i'ni'n' baslang'i'sh $D_0$ jag'dayi'nan shep ta'repke ji'li'si'p $D_2$ jag'dayi'na o'tetug'i'ni'n ko'riwimiz mu'mkin.




1-keste

| Baha, swmda | Baslang'i'sh halattag'i' talap ko'lemi tonnada |
|---|---|
| 400 | 400 |
| 600 | 300 |
| 800 | 200 |

2-keste

| Baha, swmda | 1-halattag'i' talap ko'lemi tonnada |
|---|---|
| 400 | 500 |
| 600 | 400 |
| 800 | 300 |

3-keste

| Baha, swmda | 1-halattag'i' talap ko'lemi tonnada |
|---|---|
| 400 | 300 |
| 600 | 200 |
| 800 | 100 |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### A'meliy tapsi'rma

To'mendegi jag'daylarda tovarg'a bolg'an talapti'n' qay da'rejede ha'm ne sebepten wwo'zgeriwin tu'sindirip berin'.

I. Tovar ati': Futbol tobi'
Bahasi' 40 000 sum
1. Barli'q tuti'ni'wshi'lardi'n' da'ramatlari' 20% ke  wo'sti;
2. Futbol maydani'nan paydalani'w haqi' yeki yeseden artti';
3. Futbol boyinsha ja'ha'n chempiyonati' woyinlari' televidenie arqali' ko'rsetile basladi';
4. Qalada bir neshe tennis kordlari' quri'li'p iske tu'sirildi;
5. Jaz jamg'i'rli' keldi.

II. Tovar ati': Futbol tobi'
Bahasi': 75 000 sum
1. Barli'q tuti'ni'wshi'lardi'n' da'ramatlari' 20% ke wo'sti;
2. Futbol maydani'nan paydalani'w haqi' yeki yeseden artti';
3. Futbol boyinsha ja'ha'n chempiyonati' woyinlari' televidenie arqali' ko'rsetile basladi';
4. Qalada bir neshe tennis kordlari' quri'li'p iske tu'sirildi;
5. Jaz jamg'i'rli' keldi.

III. Tovar ati': Velosoped
Bahasi': 250 000 sum
1. Barli'q tuti'ni'wshi'lardi'n' da'ramatlari' 10% ke kemeydi
2. Qala transporti'nan paydalani'w bahasi' 30% ke artti';
3. Jaslar wortasinda  rolikli konkide ushi'w da'stu'r bola basladi';
4. Televideniye arqali' velosopedtin' reklamasi' ti'nbay ayti'la basladi';

Joqari'dag'I' jag'daylardi'n' ha'r birine talap si'zi'g'i' qaysi' ta'repke ji'li'si'win ko'rsetip berin'.

### BILIMIN'IZDI SINAP KO'RIN'!

1. Tovarg'a bolg'an talap qanday faktorlar ta'sirinde wo'zgeriwi mu'mkin?
2. Bir-birinin' worni'n basi'wshi' ha'm tolti'ri'wshi' tovarlar jupli'g'i'na yeki mi'saldan keltirin' ha'm bul tovarlarg'a bolg'an talapti'n' wo'zgeriwin talqi'lap berin'.
3. Tovarg'a bolg'an talap si'zi'g'i'ni'n' to'mendegi faktorlar ta'sirinde wo'zgeriwin ani'qlan': a) xali'qti'n' sani'ni'n' wo'siwi; b) tuti'ni'wshi'lar da'ramati'ni'n' kemeyiwi; d) tovar worni'n basi'wshi' tovar ni'rqi'ni'n' kemeyiwi; e) toli'qti'ri'wshi' tovar ni'rqi'ni'n'  arti'wi'; f) tovar ni'rqi'ni'n' arti'wi' ku'tiliwi; g) tuti'ni'wshi'lar da'ramati'ni'n' arti'wi'ni'n' ku'tiliwi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 19-TEMA

# USINIS HA'M USINIS NIZAMI

| Gu'rish bahasi' (*p*), swmda | Gu'rishtin' usi'ni's mug'dari' (q), tonnada |
|---|---|
| 3200 | 8 |
| 2800 | 6 |
| 2600 | 4 |
| 2400 | 2 |







## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HA'M TAPSIRMALAR

A'ndijan diyqan bazari'nda gu'rishtin' bahasi' 2600 sum, Ferg'ana diyqan bazari'nda bolsa 2400 sum:

1) Diyqanlar qaysi' bazarg'a ko'birek gu'rish apari'p sati'wdi' qa'leydi? Nege?
2) Bazarg'a sati'w ushi'n ali'p shi'g'i'li'p ati'rg'an tovar mug'dari' ha'm ni'rqi' arasi'nda qanday baylani's bar dep woylaysi'z.
3) Ne ushi'n wo'ndiriwshiler tovardi'n' ni'rqi' artqanda woni' ko'birek wo'ndirip sati'wg'a ha'reket yetedi.
4) Gu'rish ni'rqi' ha'm usi'ni's ko'lemi haqqi'ndag'i' mag'luwmatlar berilgen keste tiykari'nda tiyisli noqatlardi' koordinatalar tegisliginde belgilen' ha'm wolardi' tutasti'ri'p shi'g'i'n'.

## USINIS HA'M USINIS MUG'DARI

Wo'tken yeki sabaqta tovardi'n' sati'w ko'lemin qari'ydarlardi'n' ko'zqarasi'nan talqi'lag'an yedik. Bul sabaqta tovardi'n' sati'li'w ko'lemin sati'wshi'lar ko'zqarasi'nan ko'rip shi'g'ami'z.

Tovar usi'ni'si' yaki usi'ni's sati'wshi'ni'n' belgili waqi't dawami'nda tovardi' ha'r qi'yli' ni'rqlarda qanshadan sati'wg'a bolg'an tilek ha'm imkaniyatlari'n ani'qlaydi'. Usi'ni's mug'dari' dep sati'wshi'lardi'n' belgili waqi't dawami'ndag'i' belgili bir ni'rqta sati'wi' mu'mkin bolg'an tovar mug'dari'na ayti'ladi'. Qandayda bir tovar usi'ni'si' a'dette, keste ko'rinisinde sa'wlelenedi. Keste boyi'nsha grafik si'zi'lsa, usi'ni's si'zi'g'i' kelip shi'g'adi'. Usi'ni's si'zi'g'i' "*S*" ha'ribi inglizshe "supply" (usi'ni's) so'zinin' bas ha'ribi menen belgilenedi. Usi'ni's geyde p=aq+b, (a 0) si'zi'qli' funktsiya ko'rinisinde de beriliwi mu'mkin.

## USINIS NIZAMI

Tovardi'n' usi'ni's mug'dari' tovardi'n' ni'rqi'na baylani'sli' ha'm tovar ni'rqi'na baylani'sli' bolmag'an faktorlar ta'sirinde wo'zgerip turadi'. Usi'ni'sti'n' tek g'ana ni'rqqa baylani'sli' qa'siyetleri usi'ni's ni'zami'nda wo'z ko'rinisin tapqan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Basqa sharayatlar wo'zgermegen halda, tovardi'n' ni'rqi' qansha to'men bolsa, woni'n' usi'ni's mug'dari' sonsha az boladi', tovardi'n' ni'rqi' qansha joqari' bolsa, woni'n' usi'ni's mug'dari' sonsha ko'p boladi'.**

Usi'ni's ni'zami' usi'ni's mug'dari'ni'n' ni'rqqa sali'sti'rg'anda tuwri' baylani'sqani'n ko'rsyetedi, yag'ni'y ni'rq artqanda usi'ni's mug'dari' da artadi'.

Usi'ni's tu'sinigi menen tani'sqani'mi'zday, usi'ni's mug'dari'ni'n' wo'zgeriwi islep shi'g'ari'wshi'lardi'n' ha'r tu'rli mag'luwmatlardan xabardar ekenligine ko'p jag'i'nan baylani'sli' boladi'.

**Usi'ni's mug'dari'** — sati'wshi'lardi'n' belgili waqi't dawami'nda belgili bir ni'rqta sati'wi' mu'mkin bolg'an tovar mug'dari'.

**Usi'ni's** — tovar ni'rqi' ha'm usi'ni's mug'dari' arasi'ndag'i' qatnasi'q boli'p, sati'wshi'lardi'n' belgili waqi't dawami'nda tovardi' ha'r tur'li ni'rqta qansha mug'darda sati'wi' mu'mkin ekenligi haqqi'ndag'i' tilek ha'm imkaniyatlari'n ani'qlaydi'.

**Tapsi'rma**

1. Wo'zin'iz bilgen diyqan bazari'nda sati'li'p ati'rg'an awi'l xojali'q o'niminlerinen birewin tan'lan'. Usi' bazar boyi'nsha sol waqi'tta usi' o'nimge bolg'an usi'ni'sti' shamalap, usi'ni's kestesin du'zin'. Bul wo'nimnin' usi'ni'si'na qanday faktorlar ta'sir ko'rsetiwi mu'mkinligin ha'm bul faktorlar ta'sirinde usi'ni's qalay o'zgeretug'i'ni'n ani'qlan'. Juwmaqlari'n'i'zdi' si'zi'lmada sa'wlelendirin'.

2. Tovar usi'ni'si' to'mendegi кeste кo'rinisinde berilgen Woni'n' tiyкari'nda usi'ni's si'zi'g'i'n si'zi'n'.

a)

| Baha(p) sumda | Usi'ni's mug'dari'(q) tonnada |
|---|---|
| 800 | 40 |
| 1600 | 50 |
| 2400 | 60 |

b)

| Baha(p) sumda | Usi'ni's mug'dari'(q) tonnada |
|---|---|
| 1000 | 100 |
| 2000 | 150 |
| 3000 | 200 |

## BAZARDI'N' "KO'RINBES QOLI'.

Adam Smit wo'z teoriyasi'nda yekonomikali'q xizmet yyerkinligine rawajlani'w faktori' si'pati'nda qarag'an. Woni'n' pikirinshe, ha'r bir bazar qatnasiwshi'si' bazarda wo''z ma'plerin qorg'aydi'. Jeke ma'pleri woni' joqari' da'rejedegi payda keltiretug'i'n xi'zmetke bag'darlaydi'. Sol maqsette wol ko'birek wo'nim islep shi'g'ari'wg'a ha'm buni'n' ushin azi'raq da'ramat sarplawg'a ha'reket qi'ladi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bul protsesstiya ma’mleket, ya basqa bir shaxs basqaradi’. Qatnasi’wshilardi’n’ bazardag’i’ yyerkin xizmeti talap ha’m usi’ni’sti’ muwapi’qlasti’radi’. Talap ha’m usi’ni’sti’ Adam Smit bazardi’n’ “ko’rinbes qoli dep atag’an ha’m usi’ “ko’’rinbes qol’ bazardag’i’ mu’nesabetlerdi muwapi’qlasti’radi’ ha’m qatnasi’wshilar xizmetin basqari’p turadi’ dep aytqan.

Ha’r bir bazar qatnasi’wshi’si’ wo’z ma’plerin go’zlep xi’zmet ko’rsyetedi.

Bul wo’z na’wbetinde wo’nim ha’m ni’rqlardi’n’ ta’rtipsiz aralasi’wi’n payda yyetedi.

… jan’a basqa bazar qatnasi’wshi’lari’ ha’m wo’z ma’plerin go’zlegen halda wog’an ba’seki qila baslaydi’.

Yeger bir islep shi’g’ari’wshi’ ju’da ko’p da’ramat qila baslasa….

Yegerde bir islep shi’g’ari’wshi xi’zmetkerlerine ju’da’ kem is haqi’ to’ley baslasa

... basqa bir islep shi’g’ariwshi wo’z wo’nimi ni’rqi’n pa’seyittiredi ha’m birinshi islep shi’-g’ri’wshi’ni’n’ wo’nimleri sati’lmay qala baslaydi’.

... basqa islep shi’g’ari’wshi wonin’ xizmetkerlerin wo’zine wo’tkerip aladi’ ha’m birinshi firma bankrotqa ushiraydi’.

Firmani’n’ xi’zmeti isshi ku’shi ushi’n bazardag’i’day is haqi’ to’lense g’ana ha’m bazar talap qi’lg’an wo’nimlerdi tuti’ni’wshi’lar to’lewge tayar bolg’an ni’rqlarda islep shi’g’a alsa g’ana jeterli dawam yetiwi mu’kin.

**Bazardi’n’ “ko’rinbes qoli’” bazardag’I’ xizmetti basqarmaqta ha’m ja’miyet ma’plerine xizmet qilmaqta.**

## BILIMIN’IZDI SINAP KO’RIN’!

1. Usi’ni’s tu’siniginin’ ma’nisin mi’sallar ja’rdeminde tu’sindirin’.
2. 2011-ji’li’ O’zbekistanda piyaz ko’p jetistirilip, bazarlarda woni’n’ ni’rqi’ biraz arzan boldi’. 2012-ji’ldi’n’ gu’zine kelip piyazdi’n’ ni’rqi’ ju’da’ qi’mbatlap ketti. Buni’n’ sebebi nede dep woylaysi’z?
3. Yeger ma’kkenin’ ni’rqi’ jaqi’n keleshekte arti’wi’ ku’tilip ati’rg’an bolsa, ma’kkenin’ bazardag’i’ usi’ni’s mug’dari’ qalay wo’zgeredi?
4. Usi’ni’s ni’zami’n mi’sallar tiykari’nda tu’sindirip berin’.

### Buni’ yadta saqlan’!

Tovardi’n’ ni’rqi’ qansha to’men bolsa, oni’n usi’ni’s mug’dari’ sonsha az boladi’, tovardi’n’ ni’rqi’ qansha joqari’ bolsa, woni’n’ usi’ni’s mug’dari’ sonsha ko’p boladi’.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# USINISQA TA’SIR ETIWSHI BASQA FAKTORLAR

## 20-TEMA







| Shaynek ni’rqi’ (p), swmda | Shaynektin’ usi’ni’s ko’lemi (q), mi’n’ danada |
|---|---|
| 3000 | 10 |
| 4000 | 30 |
| 5000 | 60 |




### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HA’M TAPSIRMALAR

1. Shiyshe buyi’mlar bazari’nda shaynek usi’ni’si’ joqari’dag’i’ kestede berilgen. Bul kesteden paydalani’p, shiyshe buyi’mlardi’n’ usi’ni’s si’zi’g’i’n si’zi’n’.
2. Arzan shiyshe shiyki zati’ respublikami’zda wo’ndiriletug’i’n boldi’. Bul jag’day shiyshe buyi’mlar bazari’nda qanday o’zgeriske ali’p keledi? Endi shaynek ko’p islep shi’g’ari’la ma yaki az islep shi’g’ari’la ma? Shaynektin’ usi’ni’s si’zi’g’i’ qalay wo’zgeredi? Bul o’zgeristi grafik arqali’ ko’rsetin’.
3. Shiyshe buyi’mlar bazari’na ko’p mug’darda Qi’tayda islengen arzan shaynekler ali’p kelindi ha’m ko’plegen sati’wshi’lar wolardi’ sata basladi’. Bul jag’day shiyshe buyi’mlar bazari’nda qanday o’zgeriske ali’p keledi? Shaynektin’ usi’ni’s si’zi’g’i’ qalay wo’zgeredi? Bul o’zgeristi grafik arqali’ ko’rsetin’.

### USINISQA TA’SIR ETIWSHI BASQA FAKTORLAR

Tovar usi’ni’si’ to’mendegi tovar ni’rqi’na baylani’sli’ bolmag’an faktorlar tiykari’nda da wo’zgeriwi mu’mkin:

**1. Resurslar ni’rqi’ni’n’ wo’zgeriwi.** Yeger resurslar ni’rqi’ artsa, tovardi’ o’ndiriwshilerdin’ qa’rejetleri artadi’. Da’slep wolar belgili bir mug’dardag’i’ qarji’lari’n qa’rejet yetip, belgili bir mug’dardag’i’ tovar islep shi’g’ari’p ati’rg’an bolsa, endi



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bul qarji'g'a buri'ng'i'dan az mug'dardag'i' tovar islep shi'g'ara aladi'. Solay yetip, bazarda tovar usi'ni'si' kemeyedi.

**2. O'ndiris texnologiyalari'ni'n' o'zgerisi.**

Texnologiyani'n' o'zgerisi, a'dette, tovardi' o'ndiriw ushi'n sarplanatug'i'n qa'rejetlerdi kemeytedi, o'nimdarli'qti' bolsa artti'radi'. Usi' sebepten tovar usi'ni'si' artadi'.

**3. Ma'mleket ta'repinen o'ndiriwshilerge sali'natug'i'n sali'qlar ha'm jen'illiklerdin' o'zgertiliwi.**




Sali'qlar ko'beyse, tovar ushi'n sarplanatug'i'n qa'rejetler artadi'. Sol sebepten, tovar usi'ni'si' kemeyedi ha'm kerisinshe.

**4. Ni'rqti'n' wwo'zgeriwinin' ku'tiliwi.**

Yeger bazarda tovar ni'rqi'ni'n' arti'wi' ku'tilip ati'rg'an bolsa, sati'wshi'lar wo'z tovarlari'n ha'zir arzan ni'rqta satqannan, keyin qi'mbat ni'rqta sati'wdi' abzal ko'redi. Na'tiyjede tovar usi'ni'si' kemeyedi ha'm kerisinshe.

**5. Bazardag'i' sati'wshi'lar sani'ni'n' wo'zgeriwi.** Bunda tovar usi'ni'si' da wo'zgeredi.

Bul faktorlar ta'sirinde yeger usi'ni's artsa, usi'ni's si'zi'g'i' ($S_0$) on' ta'repke ji'li'sadi' ($S_1$), yeger usi'ni's to'menlese, usi'ni's si'zi'g'i' shep ta'repke ji'li'sadi' ($S_2$).

**Tapsi'rma**

Klasslaslari'n'i'zdan 8—10 adamg'a sabaqtan bos waqi'tta jumi's islew imkaniyati' bar yekenligin ayti'n'. 4 saatli' jumi's ushi'n qanday is haqi' belgilengende, wolar bul jumi'sti' islewge razi' yekenligin, yag'ni'y wo'z jumi'sshi' ku'shinin' quni'n ani'qlap, usi'ni's kestesin du'zin' ha'm usi'ni's si'zi'g'i'n si'zi'n'. Qanday da bir ayli'qqa razi' jumi'sshi'ni'n' onnanda ko'p ayli'qqa islewi mu'mkinligin keste du'zip ati'rg'anda esapqa ali'n'.

## USI'NI'STI'N' WO'ZGERIW MEXANIZMI.

Bazarda talap ko'plegen usi'llar ta'sirinde wwo'zgeriwi mu'mkin. Talap wwo'zgeriwine bazar usi'ni'si'ni'n' wwo'zgeriwi menen juwap beredi. Buni'n' ushin kimnin' shetten aralasi'wi' yaki jobalasti'ri'wi' shart yemes. Buni'n' ushin bazar qatnasi'wshi'lari'ni'n' ma'plerin go'zlep jumi's ko'rsetiw jeterli. Bul jerde bazar qatnasi'wshi'lari' degende tek firmalardi' g'ana yemes, ba'lkim islep shi'g'ari'wshi' da ba'nt bolg'an jumi'sshi ha'm qa'niygeler na'zerde tuti'lmaqta.

Firmalar ma'pi paydadan ibarat bolsa jumi'sshi ha'm qa'niygelerdin' ma'pi ko'birek is haqi' ali'w boli'p yesaplanadi'. Usi' ma'pler usi'ni'sti'n' wo'zgeriw mexanizmin ha'reketke keltiriwshi ku'shler. Bazarda usi'ni'sti'n' talaplari'na baylani'sli' ra'wishte wo'zgeriw mexanizmi a'piwayi' misali' ja'rdeminde ko'rgizbeli tu'sindiriwi mu'mkin.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




lekin, bul jagday bazarda jana firmalar kirip niriqlardi woz ta’biyiy da’rejesi tu’ sikenshe dawam yyetedi

## BILIMIN’IZDI SINAP KO’RIN’!

1. Usi’ni’sqa ta’sir yetiwshi ni’rqqa baylani’sli’ bolmag’an qanday faktorlardi’ bilesiz? Wolardi’n’ usi’ni’sqa ta’sirin mi’sallar ja’rdeminde tu’sindirin’.
2. Makoronni’n’ usi’ni’s si’zi’g’i’ ji’ldi’n’ basi’ndag’i’ jag’dayg’a sali’sti’rg’anda a) shepke; b) on’g’a ji’lji’ssa, bul neni an’latadi’? Bul o’zgeris joqari’da keltirilgen 5 faktordi’n’ qaysi’lari’ni’n’ ta’sirinde payda boli’wi’ mu’mkin?
3. “Lazzat” konditer fabrikasi’na jan’a zamanago’y texnologiyali’q us’keneler ornati’ldi’. Bul konditer tovarlari’ni’n’ usi’ni’si’na qanday ta’sir ko’rsyetedi?
4. Ma’mleket ta’repinen qaysi’ bir tovardi’ wo’ndiriwge jen’illik berilip, sali’qlar kemeytilse, bul tovar usi’ni’si’ qalay wo’zgeredi?
5. Talapti’n’ wwo’zgeriwine bazar qay tarizde juwap beredi.
6. Usi’ni’sti’n’ talap mug’dari’na baylani’sli’ rawishte wwo’zgeriwine qanday usi’llar tasir qi’ladi’?
7. Sayabanlar ha’m ko’zaynekler usi’ni’slardi’n’ wo’zgeriw mexanizmi su’wretlengen sxemasi’n analizlep berin’.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 21-TEMA  TOVARDIN’ BAZAR NIRQI

Ha’r ku’ni erte azanda Tashkent qalasi’ni’n’ «Xislat» ma’ha’llesinde qala a’tirapi’ndag’i’ xojali’qlardan keltirilgen su’t ha’m su’t o’nimleri kishi bazari’ xi’zmet ko’rsyetedi. Su’t sati’wshi’lar ha’m woni’ sati’p ali’wshi’ ma’ha’lle xalqi’nan sorag’anda bir ku’nlik jeke talap ha’m jeke usi’ni’s to’mendegi keste ko’rinisinde ekenligi ani’qlandi’.

| Su’t bahasi’, swmda | Qanydarlardi’n’ jeke talaplari’ mug’dari’, litrlerde | | | | | | | | | | Su’tke bolg’an ku’nlik talap mig’dari’, litrde |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Abdullayev | Burhonov | Davronov | Ergashev | Farmonov | G‘ulomov | Haydarov | Ilhomov | Jo‘rayev | Kamolov | |
| 2000 | 2 | 4 | 3 | 6 | 3 | 5 | 2 | 4 | 3 | 4 | |
| 2200 | 2 | 3 | 3 | 6 | 2 | 4 | 1 | 4 | 3 | 3 | |
| 2400 | 0 | 2 | 2 | 4 | 0 | 1 | 0 | 3 | 3 | 3 | |
| 2600 | 0 | 2 | 2 | 3 | 0 | 1 | 0 | 3 | 2 | 2 | |

| Su’t bahasi, swmda | Sati’wshi’lardi’n’ jeke usi’ni’s mug’dari’, litrlerde | | | Bazar boyi’nsha su’tke bolg’an ku’nlik usi’ni’s mug’dari’, litrde |
|---|---|---|---|---|
| | 1- sati’wshi’ | 2- sati’wshi’ | 3- sati’wshi’ | |
| 2000 | 0 | 10 | 10 | |
| 2200 | 6 | 15 | 10 | |
| 2400 | 11 | 20 | 15 | |
| 2600 | 16 | 25 | 20 | |

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HA’M TAPSIRMALAR

1. Berilgen kestege qarap, kishi bazardag’i’ su’tke bolg’an ku’nlik talap ha’m usi’ni’sti’ ani’qlap, aqi’rg’i’ bag’anani’ tolti’ri’n’.
2. Su’ttin’ ni’rqi’ 100 swm bolg’anda kishi bazardag’i’ talap ha’m usi’ni’s mug’darlari’ qansha boladi’?
3. Yeger ma’mleket ta’repinen su’t ni’rqi’ 1000 swm yetip qatan’ belgilense, qanday jag’day ju’zege keledi? Qansha litr su’t jetpey qaladi’?
4. Su’ttin’ ni’rqi’ 1200 swm bolg’anda kishi bazar boyi’nsha talap ha’m usi’ni’s mug’darlari’ qanshani’ quraydi’?
5. Su’ttin’ ni’rqi’ 1200 swm yetip qatan’ belgilense, qanday jag’day ju’z beredi? Qa-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

nsha litr su’t awi’si’p qaladi’?

6. Su’ttin’ ni’rqi’ 1100 swm bolg’anda kishi bazardag’i’ talap ha’m usi’ni’s mug’darlari’ qansha boladi’?



**Alfred Marshall**
(1842—1924)

Alfret Marshalldin’ yen’ tiyкarg’ı екonomiкali’q idiyasi’ usi’ni’s ha’m talapti’n’ wo’z-ara ta’siri bazar ni’rqi’ni’n’ qa’liplesiwine ali’p кeledi degen piкir bolıp tabi’lardi’.

Marshell usi’ni’s ha’m talapqa jan’asha na’zer menen qaray bildi. Wol usi’ni’s penen talap bazar ni’rqi’n qa’liplestiriw joli’nda birgeliкte ha’reкet yetiwin кo’re bildi.

Wol екonomiкali’q teoriyada matematiкani’ usi’ndı ha’m «Marshell qayshi’si’» dep atalg’an grafiкti sa’wlelendirdi.

Barli’q jag’daylardi’ bazardi’ sati’w ushi’n qansha кo’p na’rseler кiritilse wolardi’n’ woz qariydarlari’n tabalatug’i’n ni’rqi’ sonsha pa’s boladi’.

(Alfred Marshell)

## TALAP HA’M USINISTIN’ O’ZARA TA’SIRI

Tovardi’n’ bazar ni’rqi’ qalay ani’qlanadi’? Bazar yekonomikasi’ sharayati’nda tovardi’n’ bazar ni’rqi’, wog’an bolg’an talap ha’m usi’ni’s mug’dari’na qarap ani’qlanadi’.

Qanday da bir tovarg’a bolg’an bazar talabi’, bazardag’i’ ja’mi qari’ydarlardi’n’ uli’wmalasqan pikiri boli’p, tovardi’n’ ni’rqi’ tur’lishe bolg’anda woni’ sati’p ali’w tilegi ha’m imkaniyatlari’n ko’rsetetug’i’n yedi. Tap usi’g’an uqsas, tovardi’n’ bazar usi’ni’si’, bazardag’i’ ja’mi sati’wshi’lardi’n’ uli’wmalasqan pikiri boli’p, tovardi’n’ ni’rqi’ tu’rlishe bolg’anda tovardi’ bazarda sati’w tilegi ha’m imkaniyatlari’n ko’rsetetug’i’n yedi. Kelin’, ha’r yeki ta’rep — qari’ydar ha’m sati’wshi’lardi’n’ pikir ha’m tilekleri qashan betpe-bet tu’siwin talqi’lap ko’reyik. Meyli, gu’rishtin’ bazardag’i’ talap ha’m usi’ni’si’ to’mendegi keste arqali’ berilgen bolsi’n. Bul keste tiykari’nda talap ha’m

| Gu’rish bahasi’ swmda | Gu’rishke bolg’an talap mug’dari’ ($q_p$), t | Gu’rishtin’ usi’ni’s mug’dari’ ($q_s$), t |
|---|---|---|
| 3000 | 0 | 8 |
| 2800 | 2 | 6 |
| 2600 | 4 | 4 |
| 2400 | 6 | 2 |






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

usi’ni’s si’zi’qlari’n bir koordinatalar tegisliginde si’zatug’i’n bolsaq, to’mendegi si’zi’lmag’a iye bolami’z.
Payda bolg’an qayshi’g’a uqsag’an ko’rinis amerikali’ ataqli’ ekonomist ilimpaz Alfred Marshall.

## QITSHIL BAZAR

Bazarda *qatan’ ni’rq* 200 swm yetip belgilengen bolsi’n deyik. Onda bazarda gu’rishke bolg’an talap mug’dari’ 6 tonna, usi’ni’s bolsa 2 tonnani’ quraydi’. Demek, usi’ni’s yetilgen 2 tonna gu’rish tez sati’li’p, qari’ydardi’n’ ja’ne 4 tonnali’q talabi’ qanaatlandi’ri’lmay qaladi’, yag’ni’y wo’nim qi’tshi’li’g’i’ ju’zege keledi. Bazardag’i’ bunday jag’day *qi’tshi’l bazar jag’dayi’* dep ataladi’.

**Qi’tshi’l bazar** — tovardi’n’ usi’ni’s mug’dari’ni’n’ wog’an bolg’an talap mug’dari’nan to’men bolg’an bazar.

**Qatan’ ni’rq** — bazarda ma’mleket ta’repinen qatan’ ornati’latug’i’n, a’dette, bazar ni’rqi’nan to’men bolg’an ni’rq.

**Toyi’ng’an bazar** — tovardi’n’ usi’ni’s mug’dari’ni’n’ wog’an bolg’an talap mug’dari’nan joqari’ bolg’an bazar.

## TOYING’AN BAZAR

Kerisinshe, gu’rish ni’rqi’ 2800 swm yetip belgilengen bolsa, gu’rishke bolg’an talap 2 tonna, usi’ni’s bolsa 6 tonnani’ quraydi’. Na’tiyjede usi’ni’s yetilgen gu’rishtin’ tek 2 tonnasi’ sati’p ali’ni’p, 4 tonnasi’ arti’qsha boli’p qaladi’. Bazardag’i’ bunday jag’day *toyi’ng’an bazar* jag’dayi’ dep ataladi’.

## TURAQLASQAN BAZAR

Gu’rishtin’ bahasi’ 2600 swm bolg’anda bolsa, gu’rishke bolg’an talap ha’m usi’ni’s mug’dari’ wo’z ara ten’ boli’p, 4 tonnani’ quraydi’. Bul jag’dayda sati’wshi’lar ta’repinen usi’ni’s yetilgen 4 tonna gu’rishtin’ ha’mmesi 2600 swm ni’rqta qari’ydarlar ta’repinen sati’p ali’nadi’ ha’m bul jag’day ha’m qari’ydarlar ushi’n da, ha’m sati’wshi’lar ushi’n da maqul boladi’. Tovarg’a bolg’an talap ha’m usi’ni’s mug’dari’ ten’ bolg’an jag’daydag’i’ tovar ni’rqi’ *turaqli’ ni’rq* yaki tovardi’n’ *bazar ni’rqi’* dep ataladi’. Bazar ni’rqi’na sa’ykes talap (yaki usi’ni’s) mug’dari’ *turaqli’ mug’dar* dep ju’ritiledi. Joqari’da ko’rilgen bazardag’i’ gu’rishtin’ turaqli’ ni’rqi’, yag’ni’y bazar ni’rqi’ 2600 swmdi’, al turaqli’ mug’dari’ 4 tonnani’ quraydi’. Talap ha’m usi’ni’s si’zi’qlari’ni’n’ kesilisiw noqati’ (*M* noqat) *turaqli’ noqat* dep ataladi’. *M* noqati’ni’n’ *ordinatasi’* turaqli’ ni’rqqa, *abtsissasi’* bolsa, turaqli’ mug’dardi’ ani’qlaydi’.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Turaqli' mug'dar** — tovardi'n' bazardag'i' turaqli' bahasi'na sa'ykes bolg'an talap (yaki usi'ni's) mug'dari'.

**Tovardi'n' bazar (turaqli') ni'rqi'** — bazarda tovarg'a bolg'an talap mug'dari'ni'n' usi'ni's mug'dari'na ten' bolg'an ni'rq.

## Shi'ni'g'i'w

Tovarg'a bolg'an talap ha'm usi'ni's kestede berilgen.

1. Wog'an tiykarlani'p talap ha'm usi'ni's si'zi'g'i'n si'zi'n'.
2. Si'zi'lmadan tovardi'n' bazar ni'rqi' ha'm turaqli' mug'dari'n ani'qlan'.
3. Bul jag'dayda bazarda neshe sumli'q tovar' sati'li'wi'n esaplan'.
4. Talap ha'm usi'ni'sti' ani'qlawshi' si'zi'qli' funktsiya ko'rinisindegi formulalari'n tabi'n'.
5. Olardi' birgelikte si'zi'qli' ten'lemeler sistemasi' dep, sheshin'.

| Tovardi'n' ni'rqi' (*p*), swmda | Tovarg'a bolg'an talap mug'dari' ($q_p$), danada | Tovardi'n' usi'ni's mug'dari' ($q_s$), danada |
|---|---|---|
| 400 | 200 | 20 |
| 500 | 150 | 60 |
| 600 | 100 | 100 |
| 700 | 50 | 140 |

## BILIMIN'IZDI SINAP KO'RIN'!

1. Qi'tshi'l bazar jag'dayi' degen ne ha'm wol qashan ju'zege keledi?
2. Toyi'ng'an bazar jag'dayi' degen ne ha'm wol qashan ju'zege keledi?
3. Tovardi'n' bazar yaki turaqli' ni'rqi' dep nege ayti'ladi' ha'm qalay ani'qlanadi'?
4. Shi'ni'g'i'wda su'wretlengen jag'dayda tovar ni'rqi' 400 swm yetip bilgilense, bazarda qanday jag'day ju'zege keledi? Ni'rq 700 swm yetip belgilense she?
5. Ta'rezilerdin' ja'rdeminde su'wretlengen to'mendegi 3 jag'daydi' tu'sindirin'.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 22-TEMA

# TALAP HA'M USINIS NIZAMLARINA BAYLANISLI A'MELIY SHINIG'IW

**1. Turaqli' ni'rqti' talap ha'm usi'ni's kestesi arqali' ani'qlaw. Aytayi'q,** tovardi'n' bazardag'i' talap ha'm usi'ni'si' to'mendegi keste arqali' berilgen bolsi'n:

| Tovar ni'rqi' (p), swmda | Tovarg'a bolg'an talap mug'dari' ($q_p$), danada | Tovardi'n' usi'ni's mug'dari' ($q_s$), danada |
|---|---|---|
| 1200 | 0 | 8 |
| 900 | 2 | 6 |
| **600** | **4** | **4** |
| 300 | 6 | 2 |

### *Esletpe*

*Yeger tovardi'n' talap ha'm usi'ni's kesteleri wo'z aldi'na berilgen bolsa, olardi' bir kestege jazi'p ali'w maqsetke muwapi'q boladi'.*

Bul kesteden tan'lawdi'n' turaqli' ni'rqi'n ani'qlaw ushi'n talap ha'm usi'ni's mug'darlari' ten' bolg'an qatardi' tabi'w jetkilikli. Biz ko'rip ati'rg'an kestede bul u'shinshi qatar boli'p, tovar ni'rqi' 600 sum bolg'anda, talap ha'm usi'ni's mug'darlari' ten' boladi'. Demek, 600 sum tovardi'n' bazar ni'rqi', yag'ni'y turaqli' ni'rq boli'p, bul jag'dayda tovardi'n' turaqli' ni'rqi' 4 danani' quraydi'.

Yeger ha'kimiyat ta'repinen tovardi'n' ni'rqi' qatan' 300 sum yetip belgilengen bolsi'n. Bul jag'dayda usi'ni's yetilgen 2 birlik tovardi'n' barli'g'i' qari'ydar ta'repinen tez sati'p ali'ni'p, bazarda 6 – 2 = 4 birlik tovarg'a qi'tshi'li'q payda boladi'.

**2. Turaqli' ni'ri'qti' talap ha'm usi'ni's kesteleri ja'rdeminde talap ha'm usi'ni's si'zi'g'i'n si'zi'w arqali' ani'qlaw.**

Joqari'dag'i' keste tiykari'nda talap si'zi'g'i'nda jati'rg'an noqatlardi' ani'qlaymi'z. Talap kestesinin' birinshi qatari'nda 1200 ha'm 0 sanlari'ni'a talap si'zi'g'i'ni'n' A(0; 1200) noqati', yekinshi qatardag'i' 900 ha'm 2 sani'na talap si'zi'g'i'ni'n' B(2; 900) noqati' mas keledi (C (4; 600) ha'm D (6; 300) noqatlari' da usi'lay tabi'ladi') . Bul noqatlardi' koordinata tegisligindegi ori'nlari'n belgileymiz. Bul noqatlardi' tutasti'ri'p, talap si'zi'g'i'n payda etemiz. Tap usi'g'an uqsag'an usi'ni's si'zi'g'i' da si'zi'ladi'. Yeger bul grafikler bir koordinatalar tegislig-






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

inde ornati'lsa, qaptaldag'i' ko'rinis payda boladi'. Bul grafiklerdin' kesilisiw noqati' turaqli' noqat boli'p tabi'ladi'. Bizin' jag'dayda bul M noqattan ibarat. Bul noqatti'n' birinshi koordinatasi' (abstsissasi') turaqli' mug'dardi', yekinshi koordinatasi' (ordinatasi') turaqli' ni'rq boladi'. Bizin' jag'dayi'mi'zda tovardi'n' ni'rqi', yag'ni'y turaqli' ni'rqi' 600 sumdi', turaqli' mug'dari' bolsa 4 birlikti quraydi'.

## Shi'ni'g'i'w

**1.** To'mende berilgen talap ha'm usi'ni's kesteleri tiykari'nda tovardi'n' bazar ni'rqi'n ani'qlan'. Bazarda usi' tovar ni'rqi' 1800 sum dep qatan' belgilense, qanday jag'day ju'zege keledi.

| Tovar ni'rqi' (*p*), swmda | Tovardi'n' usi'ni's mug'dari' ($q_s$), tonnada |
|---|---|
| 2200 | 2000 |
| 1800 | 1500 |
| 1400 | 1000 |
| 1000 | 500 |

| Tovar ni'rqi' (*p*), swmda | Tovarg'a bolg'an talap mug'dari' ($q_p$), tonnada |
|---|---|
| 2200 | 0 |
| 1800 | 500 |
| 1400 | 1000 |
| 1000 | 1500 |

**2.** To'mende berilgen talap ha'm usi'ni's kesteleri tiykari'nda talap ha'm usi'ni's si'zi'qlari'ni'n' grafigin si'zi'n' ha'm tovardi'n' bazar ni'rqi'n ani'qlan'.

| Tovar ni'rqi' (*p*), swmda | Tovardi'n' usi'ni's mug'dari' ($q_s$), tonnada |
|---|---|
| 1000 | 600 |
| 1500 | 500 |
| 2000 | 400 |
| 2500 | 300 |

| Tovar ni'rqi' (*p*), swmda | Tovarg'a bolg'an talap mug'dari' ($q_p$), tonnada |
|---|---|
| 1000 | 100 |
| 1500 | 200 |
| 2000 | 400 |
| 2500 | 600 |

**3.** Bazarda tovarg'a bolg'an talap: qD = –4p + 800, usi'ni's bolsa qS = p + 100 funktsiyalari' menen berilgen. Tovardi'n' bazardag'i' turaqli' ni'rqi' ha'm turaqli' mug'dari'n tabi'n'.

**4.** Bazarda tavarg'a bolg'an usi'ni's $q_S = 2p + 4\ 000$ funksiyasi' menen berilgen. Talap funksiyasi' $q_p = kp + 30\ 000$ ha'm tovardi'n' turaqli' ni'rqi' 1 10 000 sum bolsa, usi'ni's ha'm talap si'zi'qlari'n si'zi'n'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 23-TEMA

# TALAP HA'M USINIS O'ZGERIWININ' BAZAR NIRQINA TA'SIRI

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HA'M TAPSIRMALAR

Wo'tken sabaqlarda tovarg'a bolg'an talap ha'm woni'n' usi'ni'si' tiykari'nda bazarda tovar ni'rqi'ni'n' qanday qa'liplesiwin talqi'lag'an yedik. Endi talap ha'm usi'ni's ni'rqqa baylani'sli' bolmag'an faktorlar ta'sirinde o'zgergende tovardi'n' bazar ni'rqi' ha'm turaqli' mug'dari' qalay o'zgeretug'i'ni'n talqi'laymi'z. Talqi'lawdi' to'mendegi jag'daylar tiykari'nda ori'nlaymi'z.

**1-jag'day.** Ma'mleket xalqi'ni'n' «Matiz» jen'il avtomobilin sati'p ali'wg'a bolg'an talabi' ha'm mashina bazari'ndag'i' bul markadag'i' avtomobillerdin' usi'ni's si'zi'qlari' 1-si'zi'lmada berilgen. Meyli, ma'mleket xalqi'ni'n' da'ramatlari' artqan bolsi'n:



1-chizma

1. Xali'qti'n' da'ramati'ni'n' arti'wi' ta'sirinde bul avtomobilge bolg'an talabi' qalay wo'zgeredi?
2. Buni'n' na'tiyjesinde talap si'zi'g'i' qaysi' ta'repke qarap ji'li'sadi'? Talap si'zi'g'i'ni'n' keyingi jag'dayi'n si'zi'n'.
3. Si'zi'lmadan avtomobildin' jan'a turaqli' ni'rqi'n belgilen'. Avtomobildin' ni'rqi' artti' ma yaki kemeydi me?
4. Si'zi'lma boyi'nsha xali'qti'n' avtomobildi sati'p ali'w ko'leminin' artqani'n yaki kemeygenin ani'qlan'.
5. Joqari'dag'i' dodalawlar tiykari'nda xali'qti'n' da'ramatlari' wo'zgeriwi na'tiyjesinde tovardi'n' bazar ni'rqi' ha'm turaqli' mug'dari'ni'n' wo'zgeriwi haqqi'nda juwmaq jasan'.

**2-jag'day.** Erte ba'ha'rde paltog'a bolg'an talap ha'm usi'ni's si'zi'qlari' 2-si'zi'lmada berilgen bolsi'n:



2-chizma

1. Jaz keliwi menen paltog'a bolg'an talap qalay wo'zgeredi??
2. Buni'n' na'tiyjesinde talap si'zi'g'i' qaysi' ta'repke qarap ji'li'sadi'? Talap si'zi'g'i'ni'n' keyingi jag'dayi'n si'zi'n'.
3. Si'zi'lmadan paltoni'n' jan'a turaqli' ni'rqi'n belgilen'. Paltoni'n' ni'rqi' artti' ma yaki kemeydi me?
4. Si'zi'lmag'a qarap xali'qti'n' palto sati'p ali'w ko'lemi artqani'n yaki kemeygenin ani'qlan'.
5. Joqari'dag'i' dodalawlar tiykari'nda ji'l ma'wsiminin' wo'zgeriwi na'tiyjesinde tovardi'n' bazar ni'rqi' ha'm turaqli' mug'dari'ni'n' wo'zgeriwi haqqi'nda juwmaq jasan'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



3-chizma

**3-jag’day.** Sali’qlar ko’beytilmesten aldi’n tovarg’a bolg’an talap ha’m usi’ni’s si’zi’qlari’ 3-si’zi’lmada berilgen:

1. Tovar islep shi’g’ari’wshi’larg’a sali’sti’rg’anda sali’qti’n’ ko’beytiliwi tovardi’n’ usi’ni’si’na ta’sir ete me yaki talapqa ma?
2. Sali’qti’n’ ko’beyiwi na’tiyjesinde tovardi’n’ usi’ni’si’ qalay wo’zgeredi?
3. Buni’n’ na’tiyjesinde usi’ni’s si’zi’g’i’ qaysi’ ta’repke qarap ji’li’sadi’? Usi’ni’s si’zi’g’i’ni’n’ keyingi jag’dayi’n si’zi’n’.
4. Si’zi’lmadan tovardi’n’ jan’a turaqli’ ni’rqi’n belgilen’. Tovardi’n’ ni’rqi’ artti’ ma yaki kemeydi me?
5. Si’zi’lmag’a qarag’anda tovar islep shi’g’ari’wshi’larg’a sali’sti’rg’anda sali’qlardi’n’ ko’beyiwi na’tiyjesinde turaqli’ mug’dardi’n’, yag’ni’y tovardi’ sati’p ali’w ko’leminin’ artqani’n yaki kemeygenin ani’qlan’.
6. Joqari’dag’i’ talqi’law tiykari’nda tovar islep shi’g’ari’wshi’larg’a sali’sti’rg’anda sali’qlardi’n’ ko’beytiliwi na’tiyjesinde tovardi’n’ bazar ni’rqi’ ha’m turaqli’ mug’dari’ni’n’ o’zgerisi haqqi’nda juwmaq jasan’.



4-chizma

**4-jag’day.** Bazarda Xiywa gileminin’ baslang’i’sh jag’daydag’i’ talap ha’m usi’ni’s si’zi’g’i’ 4-si’zi’lmada berilgen:

1. Gilem fabrikasi’ islep shi’g’ari’wdi’n’ wo’nimdarli’g’i’ joqari’ bolg’an jan’a texnologiyag’a tiykarlang’an toqi’w stanoklari’n ornati’w talapqa ta’sir ete me yaki usi’ni’sqa ma?
2. Buni’n’ na’tiyjesinde tovardi’n’ usi’ni’si’ arta ma yamasa kemeye me?
3. Bul jag’dayda usi’ni’s si’zi’g’i’ baslang’i’sh jag’dayi’nan qaysi’ ta’repke qarap ji’li’sadi’? Usi’ni’s si’zi’g’i’ni’n’ keyingi jag’dayi’n si’zi’n’.
4. Si’zi’lmadan tovardi’n’ jan’a turaqli’ ni’rqi’n belgilen’. Tovardi’n’ ni’rqi’ arta ma yaki kemeye me?

### Shi’ni’g’i’w

Joqari’dag’i’ kestede ha’r qi’yli’ tovarlar bazari’ndag’i’ jag’daylar ko’rsetilgen. Usi’ mag’luw-matlar tiykari’nda talap ha’m usi’ni’s si’zi’qlari’ni’n’ ja’dayi’ qalay o’zgeretug’i’ni’n ani’qlan’ ha’m kestenin’ u’shinshi bag’anasi’na si’zi’n’. Keltirilgen faktorlar ta’sirinde turaqli’ ni’rq ha’m turaqli’ mug’dardi’n’ arti’wi’ yaki kemeyiwin kestenin’ to’rtinshi bag’anasi’na sa’ykes strelkalar menen ko’rsetin’.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

| Tovar bazari’ | Jag’day | Si’zi’lmalar | Turaqli’ ni’rq ha’m mug’dari’ni’n’ ozgeriwi |
|---|---|---|---|
| U’lgi: Muzqaymaq | Ko’plegen firmalar muzqaymaq islep shi’g’ari’wg’a kiristi |  | P↓ Q↑ |
| Teri kurtkalar | Terinin’ ni’rqi’ artti’ |  | P Q |
| Da’pter | Woqi’wshi’lardi’n’ jazg’i’ dem ali’si’ baslandi’ |  | P Q |
| Tramvay transporti’ xi’zmeti | Benzinnin’ bahasi’ artti’ |  | P Q |
| Shiyshe i’di’slar | Shiyshe zavodlari’ jan’a, wo’nimli texnologiyani’ qollana basladi’ |  | P Q |

## BILIMIN’IZDI SINAP KO’RIN’!



5-chizma

1. To’mendegi faktorlar talap ha’m usi’ni’sti’n’ qaysi’ birewine ta’sir ko’rsetiwin ani’qlap, wolardi’n’ ta’sirinde tovardi’n’ bazar ni’rqi’ qalay wo’zgeriwin talqi’lan’ ha’m si’zi’lma ja’rdeminde tiykarlap ko’rsetin’: a) xali’q sani’ni’n’ wo’siwi; b) resurslar ni’rqlari’ni’n’ wo’zgeriwi; d) tuti’ni’wshi’lardi’n’ da’ramatlari’ni’n’ kemeyiwi; e) tovar worni’n basi’wshi’ tovar ni’rqi’ni’n’ kemeyiwi; f) ma’mleket ta’repinen islep shi’g’ari’wshi’larg’a sali’natug’i’n sali’qlar ha’m jen’illiklerdin’ wo’zgeriwi; g) toli’qti’ri’wshi’ tovar ni’rqi’ni’n’ arti’wi’; h) tovar ni’rqi’ni’n’ arti’wi’ ku’tiliwi; i) bazardag’i’ sati’wshi’lar sani’ni’n’ wo’zgeriwi.
2. Joqari’da keltirilgen b ha’m e faktorlar tovarg’a bolg’an talap ha’m usi’ni’sqa bir waqi’tti’n’ wo’zinde ta’sir etse, tovardi’n’ bazar ni’rqi’ qalay wo’zgeriwin talqi’lan’ ha’m si’zi’lma ja’rdeminde tiykarlap ko’rsetin’.
3. Tovardi’n’ turaqli’ ni’rqi’ ha’m mug’dari’ni’n’ wo’zgeriwi 5-si’zi’lmada ko’rsetilgen. Wo’zgeriw qaysi’ faktor ta’sirinde ju’z bergen boli’wi’ mu’mkin? Bul bazarda da’slep neshe sumli’q tovar sati’lg’an? Keyninen she?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# IV BAPTI TA'KIRARLAW USHIN SORAW HA'M TAPSIRMALAR

## A. SORAWLAR.

1. Tovardi' qanday da bir ni'rqta sati'p ali'wg'a degen tileginin', za'ru'rliktin' wo'zi g'ana talap bola ala ma? Qashan bul tilek talapqa aylanadi'?
2. Talap ha'm talap mug'dari' arasi'ndag'i' parqti' mi'sallar ja'rdeminde tu'sindirin'.
3. Talap mug'dari'ni'n' tovardi'n' ni'rqi'na keri baylani'sta yekenligin talqi'lan'.
4. Tovarg'a bolg'an talap qanday faktorlar ta'sirinde wo'zgeriwi mu'mkin?
5. Bir-birinin' worni'n basatug'i'n ha'm toli'qti'ratug'i'n tovarlar jubi'na mi'sal keltirin'?
6. Usi'ni's tu'siniginin' mag'anasi'n mi'sallar ja'rdeminde tu'sindirin'.
7. Usi'ni's mug'dari' qanday faktorlar ta'sirinde wo'zgeriwi mu'mkin? Mi'sallar keltirin'.
8. Qi'tshi'l ha'm toyi'ng'an bazar jag'daylari' qashan ju'zege keledi?

## B. TARSIRMALAR.

To'mende da'slep atamalardi'n' atlari', son'i'nan wolardi'n' tu'sinikleri berilgen. Ha'r bir atamag'a sa'ykes tu'sinkti tabi'n'.

### ATAMALAR:

| | | |
|---|---|---|
| 1. Talap mug'dari'. | 4. Usi'ni's mug'dari'. | 7. Toyi'ng'an bazar. |
| 2. Talap. | 5. Usi'ni's. | 8. Turaqli' mug'dar. |
| 3. Qi'tshi'l bazar. | 6. Tovardi'n' bazar ni'rqi'. | 9. Qatan' ni'rqlar. |

### TALQILAWLAR:

a) belgili bir waqi't ishinde sati'wshi'lardi'n' belgili bir ni'rqta sati'wi' mu'mkin bolg'an tovar mug'dari';
b) belgili bir waqi't dawami'nda, qari'ydarlardi'n' tovardi' ha'r qi'yli' ni'rqlarda qanshadan sati'p ali'w imkaniyatlari'n ani'qlaytug'i'n, tovardi'n' ni'rqi' ha'm mug'dari' arasi'ndag'i' qatnas;
d) bazarda tovardi'n' turaqli' ni'rqta sati'li'w mug'dari';
e) belgili bir waqi't dawami'nda qari'ydarlardi'n' belgili bir ni'rqta sati'p ali'wi' mu'mkin bolg'an tovar mug'dari';
f) tovardi'n' usi'ni'si' wog'an bolg'an talaptan to'men bolg'an bazar;
g) belgili bir waqi't ishinde sati'wshi'lardi'n' tovardi' ha'r qi'yli' ni'rqlarda qansha mug'darda sati'w imkaniyatlari'n ani'qlaytug'i'n, tovardi'n' ni'rqi' ha'm mug'dari' arasi'ndag'i' qatnas;
h) bazarda tovarg'a bolg'an talap mug'dari'ni'n' usi'ni's mug'dari'na ten' bolg'andag'i' ni'rqi';
i) tovardi'n' usi'ni'si' wog'an degen talaptan joqari' bolg'an bazar;



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## D. TESTLER.

Berilgen sorawg’a mag’anasi’ jag’i’nan yen’ duri’s ha’m toli’q juwapti’ belgilen’.

**1. Bazarda benzinnin’ ni’rqi’ 3 yese artsa, wol jag’dayda avtomobiller ni’rqi’:**

A. artadi’.
B. arti’wi’ da, artpawi’ da mu’mkin.
D. wo’zgermeydi.
E. to’menleydi.

**2. Tovar wo’ndirip shi’g’ari’w ushi’n za’ru’r bolatug’i’n resurslar ni’rqi’ o’zgergende:**

A. usi’ni’s mug’dari’ wo’zgeredi.
B. talap mug’dari’ wo’zgeredi.
D. tovarg’a bolg’an talap wo’zgeredi.
E. tovar usi’ni’si’ wo’zgeredi.

**3. Tovarg’a bolg’an talap ha’m usi’ni’sti’n’ bir waqi’tti’n’ wo’zinde kemeyiwi nege ali’p keledi?**

A. turaqli’ ni’rqti’n’ to’menlewine.
B. turaqli’ ni’rqti’n’ arti’wi’na.
D. turaqli’ mug’dardi’n’ ko’beyiwine.
E. turaqli’ ni’rqti’n’ da, turaqli’ mug’dardi’n’ da kemeyiwine.

**4. Tovar ni’rqi’ artqanda:**

A. usi’ni’s mug’dari’ ko’beyedi.
B. usi’ni’s mug’dari’ kemeyedi.
D. usi’ni’s ko’beyedi.
E. usi’ni’s kemeyedi.

**5. Yeger tovardi’n’ ni’rqi’ artsa:**

A. woni’n’ worni’n basatug’i’n tovarg’a talap artadi’.
B. woni’n’ worni’n basatug’i’n tovarg’a talap to’menleydi.
D. woni’ tolti’ri’wshi’ tovarg’a talap artadi’.
E. woni’ tolti’ri’wshi’ tovarg’a talap to’menleydi.

**6. To’mendegi faktorlardan qaysi’ biri talapqa tez ta’sir ko’rsetpeydi?**

A. tovardi’ paydalani’wshi’ xali’q sani’ni’n’ wo’zgeriwi.
B. tuti’ni’wshi’lar da’ramatlari’ni’n’ wo’zgeriwi.
D. bazarg’a tovardi’n’ ko’p mug’darda keltiriliwi
E. tovar ni’rqi’ni’n’ ko’teriliwi ku’tiliwi.

**7. Muzqaymaqqa bolg’an talap si’zi’g’i’ni’n’ shep ta’repke ji’li’si’wi’ qaysi’ faktor ta’sirinde payda bolg’an boli’wi’ mu’mkin?**

A. xali’q da’ramatlari’ni’n’ arti’wi’.
B. muzqaymaq ni’rqi’ni’n’ pa’seyiwi.
D. muzqaymaq usi’ni’si’ni’n’ kemeyiwi.
E. qi’s ma’wsiminin’ keliwi.

**8. Usi’ni’s mug’dari’ — bul belgili bir waqi’t dawami’nda:**

A. qari’ydarlardi’n’ belgili bir ni’rqta sa-ti’p ali’wi’ mu’mkin bolg’an tovar mug’dari’.
B. sati’wshi’lardi’n’ islep shi’g’ari’wi’ mu’mkin bolg’an tovar mug’dari’.
D. sati’wshi’lardi’n’ belgili bir ni’rqta sati’wi’ mu’mkin bolg’an tovar mug’dari’.
E. sati’wshi’lar ta’repinen bazarg’a ali’p shi’g’i’lg’an ja’mi tovar mug’dari’.

**9. Tovar ni’rqi’ artqanda:**

A. talap artadi’.
B. talap mug’dari’ wo’zgermeydi.
D. talap kemeyedi.
E. talap mug’dari’ kemeyedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE








# V bap. Ba'seki  ha'm bazar yekonomikasi'

**Usi' baptag'i' materiallardi' u'yreniw na'tiyjesinde to'mendegi bilim, sheberlik ha'm ko'nlikpelerge iye bolasi'z:**

— ba'sekinin' bazar yekonomikasi'nda tutqan worni'n an'law;
— ba'sekinin' tu'rlerin aji'rati'p ko'rsetiw;
— ba'seki wortali'g'i'n ju'zege keltiretug'i'n sharayatlardi' biliw;
— bazarlardi' monopoliyalasti'ri'w da'rejesine qaray tu'rlerge aji'rati'w ha'm mi'sallar keltiriw;
— monopoliyalasqan bazarlardi'n' qa'siyetlerin biliw;
— bazar yekonomikasi'ni'n' wo'zine ta'n wo'zgeshelikleri menen tani'si'w ha'm wolardi'n' a'hmiyetin an'lap jetiw;
— bazar yekonomikasi'ni'n' arti'qmashi'li'qlari' ha'm kemshiliklerin talqi'law;
— aralas yekonomikani'n' bazar yekonomikasi'na sali'sti'rg'anda arti'qmashi'li'g'i'n bahalaw;
— O'zbekstanini'n' bazar yekonomikasi'na o'tiwinin' bes printsipinin' yekonomikali'q ma'nisin tu'sinip jetiw;
— O'zbekistanda ali'p bari'li'p ati'rg'an bazar yekonomikasi'n biliw.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 24-TEMA BA’SEKI



«Kafolat-servis» ustaxanasi’

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HA’M TAPSIRMALAR

Aytayi’q, siz «Kafolat-servis» ustaxanasi’ni’n’ iyesisiz. Kishi qalada sizin’ ka’rxanan’i’zdan basqa ja’ne avtomobillerge texnikali’q xi’zmet ko’rsetiwshi «Avto-servis» ha’m «Avto-Usta» jeke menshik ustaxanalari’ da xi’zmet ko’rsyetedi. Belgili, wortan’i’zda ba’rhama ba’seki boli’p, ha’r bir ka’rxana ko’birek klientlerdi wo’zine qarati’wg’a ha’reket yetedi ha’m klientlerge ha’r qi’yli’ qolayli’qlardi’ usni’s yetedi.

To’mendegi ko’rsetilgen jag’daylarda siz wo’z worni’n’izdi saqlap qali’w ushi’n qanday jol tutqan bolar yedin’iz? Sheshimin’izdi tiykarlan’.

**1-jag’day.** «Avtoservis» kishi ustaxanasi’ klientlerdi wo’zine qarati’p ali’w ushi’n avtomobillerge xi’zmet ko’rsetiw haqi’si’n 10% ke tu’sirdi. (Bul jag’day yekonomikada *ni’rqlar qurali’ arqali’ ba’sekilesiw*, dep ataladi’).

**2-jag’day.** «Avto-Usta» ka’rxanasi’ jergilikli radio ha’m televidenie arqali’ wo’z reklama ha’m dag’azalari’n beriwdi baslap jiberdi.

**3-jag’day.** Jaqi’nda kishi qalada «GM-O’zbekistan» qospa ka’rxanasi’n jan’a texnikali’q xi’zmet ko’rsetiw shaqapshasi’n ashti’. Bul ka’rxanalar arasi’nda klientler ushi’n gu’res — ba’sekini ku’sheytip jiberdi. Shaqapshada ornati’lg’an jan’a stanoklar miynet wo’nimdarli’g’i’n ha’m won’law sapasi’n artti’ri’p jiberdi. Shaqapshada klientlerge 6 ayli’q kepillengen xi’zmet ko’rsetiw yengiziledi. (2- ha’m 3-jag’daylar yekonomikada ni’rqlar qurali’si’z ba’sekilesiw dep ataladi’.)

## BA'SEKI HA'M WONIN' MAZMUNI

Resurslardi’n’ jetispewshiligi aqi’betinde bazar qatnasi’wshi’lari’ni’n’ ma’pleri bir-birine qarsi’ keledi ha’m wolar arasi’nda wo’z-ara gu’res — ***ba’seki*** payda boladi’. Ha’r bir sati’wshi’ ko’birek tovar sati’p, ko’birek payda ali’wdan ma’pdar bolatug’i’nli’g’i’ belgili. Wolardi’n’ bul ma’pleri bazarda bir-birine qarsi’ keledi ha’m



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

sati'wshi'lar arasi'nda ba'seki kelip shi'g'adi'. islep shi'g'ari'wshi'lar shiyki zat ha'm basqa resurslardi' imkani' bari'nsha arzan sati'p ali'wg'a ma'pdar. Wolardi'n' qari'ydar si'pati'nda bul ma'pleri resurslar bazari'nda wo'z-ara qarsi' keledi. Na'tiyjede, islep shi'g'ari'wshi'lar arasi'nda gu'res — ba'seki payda boladi'.

Ba'seki basqasha konkurentsiya, dep te ataladi'. «Konkurentsiya» so'zi bolsa lati'nsha «concurrentia» so'zinen kelip shi'qqan boli'p, «qarsi'lasi'w»— degen mag'anani' an'latadi'. Ba'seki yekonomikali'q iskerlikti saqlap qali'w maqsetinde sati'wshi' ha'm islep shi'g'ari'w-shi'lardi'n' bar imkaniyatlari'n iske sali'wg'a, qari'ydarlardi' wo'zine qarati'w ushi'n ha'r tu'rli reklamalardan paydalani'wg'a shaqi'radi'. Ba'seki ortali'g'i'ni'n' ju'zege keliwi ushi'n to'mendegi sharayatlar boli'wi' kerek:

— bazarda islep shi'g'ari'wshi' firmalar ha'm qari'ydarlardi'n' ko'p boli'wi';

— firmalar belgili bir tu'rdegi tovar islep shi'g'ari'wg'a qa'nigelesken boli'wi';

— tovardi'n' bazar ni'rqi'na hesh bir firmani'n' ta'sir o'tkere almaytug'i'n boli'wi';

— basqa ba'sekiles firmalardi'n' bazarg'a kiriwi ushi'n hesh qanday da tosqi'nli'qti'n' bolmawi'.

Bazardi'n' ba'seкe belgili ni'zam ha'm qa'g'i'ydalar tiyкari'nda ta'rtipкe sali'ni'p tu'ri'ladi'. Usi' maqsette ma'mleкet arnawli' ni'zi'mlar islep shıg'aradi'. Wornati'lg'an nızam ha'm qag'ıydalar tiyкarında alıp barılıp atırg'an ba'seкe- taza ba'seкe, wornati'lg'an ni'zam ha'm qag'i'ydalarg'a qarsi' ali'p barii'li'p ati'rg'an ba'seкe bolsa hadal yemes ba'seкe dep ju'ritiledi.

Hadal yemes ba'seкege mi'sal yetip mi'sal yetip ba'seкelesкe jasalma tosi'qlar payda qi'li'w woni'n' tovarlari' ha'm xi'zmetlerine jasalma tu'rde кeri mu'na'sebet woyati', woni' bazardan qi'si'p shi'g'ari'w ushi'n woz tovar yaкi xi'zmetine waqti'nshali'q ju'da' pa's baha belgilew (« demping siyasatı) si'yaqli'lar кiredi.

Bazarda ba'seкeles wo'z qarsi'lasi'n jen'iw ushi'n tu'rli usıllardan paydalanadi'. Ni'rq qurallari' arqali' ba'seкe ba'seкelesiwdin' yen' tiyкarg'i' tu'ri boli'p tabi'ladi'. Bunda bir firma wo'z wo'nimine yeкinshi firmag'a sali'sti'rg'anda pa's ni'rq belgilew menen usi' wo'nimge iye basqa firmalarg'a qarag'anda кo'bireк wo'nim satıwg'a umti'ladi'. Ni'rq qurallarsi'z ba'seкede bolsa firma wo'nim si'pati'n jaqsi'law shi'rayli yetip woraw, reкlamani' кu'sheytiw ha'm usi' si'yaqli' ni'rq penen baylani'sli' bolmag'an qurallar arqali' bazardi'n' basqa qatnasıwshi'lari' menen ba'seкelesedi.

## QARIYDARLAR ARASINDAG'I BA'SEKI

Qari'ydarlar da belgili bir tovardi' sati'p ali'w ushi'n wo'z ara ba'sekilesedi. Bunday ba'seki, a'sirese, tovardi'n' usi'ni's mug'dari' wog'an bolg'an talap mug'dari'nan az bolg'anda ani'q ko'zge taslanadi'. Bazarda tovardi'n' az mug'darda usi'ni's etiliwi,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Ba'seki** — Bazar qatnasi'wshi'lari' ma'plerinin' qarama-qarsi'li'g'i'nan ju'zege keletug'i'n wo'z-ara gu'res.
**Ni'rq quralları' arqali' ba'sekilesiw** — tovardi'n' ni'rqi'n tu'siriw yaki artti'ri'w ja'rdeminde ba'sekileslerge ta'sir ko'rsetiw.
**Ni'rq qurallari'si'z ba'sekilesiw** — tovar ni'rqi'n wo'zgertpesten woni'n' sapasi'n jaqsi'law, reklamani' ku'sheytiw si'yaqli' faktorlar arqali' ba'sekileslerge ta'sir ko'rsetiw.

**Tapsi'rma!**
Ozin'iz bilgen bazarda sati'wshi'lar arasi'ndag'i' basekeni baqlan' ha'm baqlawdi'n' natiyjesin klaslaslari'n'i'z talqi'lan'.

tovardi'n' qi'tshi'li'g'i'n keltirip shi'g'aradi'. Tovardi' sati'p ali'w ushi'n qari'ydarlar na'wbet ku'tip turadi'. Al, na'wbette turi'wdi'n' payda boli'wi' qari'ydarlardi'n' wo'z-ara ba'sekisinen da'rek beredi. Bunday ba'seki ta'sirinde ni'rqlar ko'teriledi, tovardi'n' sapasi' tu'sedi, xi'zmet ko'rsetiw bolsa to'menleydi.

## SATIWSHI MENEN QARIYDAR ARASINDAG'I BA'SEKI

Sati'wshi' menen qari'ydar arasi'ndag'i' ba'seki joqari'dag'i'lardan o'zgeshelenedi. Wolar arasi'ndag'i' ba'seki sati'wshi' ha'm qari'ydar ma'plerinin' bir-birine qarama-qarsi' ekenliginde ko'rinedi. Qari'ydarlar wo'z tovari'na joqari' ni'rq belgilegen sati'wshi' menen, wonnan bul tovardi' sati'p almawi' menen ba'sekilesedi. Sati'wshi'lar tovari'n to'men ni'rqta sati'p almaqshi' bolg'an qari'ydar menen, wog'an bul tovari'n satpawi' menen ba'sekide boladi'.

## «KIM ZIYAT» SAWDASI – AUKTSION

«Kim zi'yat» sawdasi' — sati'wshi' yamasa arnawli' da'lda'lshi' firma ta'repinen uyi'mlasti'ri'latug'i'n sawda ilaji'. «Kim zi'yat» sawdasi'nda ne, qay jerde, qashan, qanday baslang'i'sh ni'rqta sati'li'wi' qari'ydarlarg'a aldi'nnan dag'azalanadi'. Tovardi' sati'p ali'w niyetinda bolg'an qari'ydarlap auktsiong'a qatnasi'w vznosi'n to'legennen son', dag'azalang'an ku'ni belgilengen wori'nda wolardi'n' qatnasi'wi'nda auktsion baslanadi'. Auktsionshi' ha'r bir lotti' yag'ni'y auktsiong'a qoyi'lg'an tovar, woni'n' mug'dari' ha'm baslang'i'sh bahasi'n dag'azalaydi'. Bunnan son', qari'ydarlar olarg'a aldi'nnan berilgen nomerlerin ko'terip, tovardi' joqari'raq bahada sati'p ali'w niyeti bar yekenligin baqi'ri'p aytadi'. Auktsionshi' ha'r bir bahani' baqi'ri'p u'sh ma'rte ayti'p sanay baslaydi'. Usi' waqi'tta kim bolsa da birew ja'ne de joqari'raq bahani' aytsa, sanaw ja'ne qaytadan baslanadi' ha'm tag'i' basqa. Sawda yen' joqari' ni'rqta sati'p almaqshi' bolg'an jalg'i'z qari'ydar ani'qlang'ang'a shekem dawam yetedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Bul haqqi'nda oylap ko'rin'!**

1997-ji'li' AQSH yustitsiya ministrligi qasi'ndag'i' antimonopoliya komiteti belgili Microsoft firmasi'n yerkin ba'seki qag'i'ydalari'n buzg'anli'qta ayi'plap sudqa berdi. Firma du'nyani'n' ko'plegen ma'mleketlerinde qollani'p ati'rg'an Windows-95 operatsiyali'q sistemasi'na wo'zinin' jan'a kompyuter bag'darlamalari'n bekkem baylani'sti'ri'p qoydi'. Sonday-aq, basqa firmalardi'n' bag'darlamalari' da olardan sapasi' jag'i'nan qali'spaytug'i'n yedi. Buni'n' menen Microsoft firmasi' ba'sekinin' qaysi' printsiplerin buzg'an dep woylaysi'z?

## BILIMIN'IZDI SINAP KO'RIN'!

1. Ba'seki yekonomikag'a unamsi'z ta'sir ko'rsyetedi, sebebi ba'seki sebepli ko'p firmalar si'nadi', ha'mmenin' ti'ni'shli'g'i' buzi'ladi', bir qa'lipte barati'rg'an jumi's bari'si' wo'zgeredi, firmalar bir-birine dushpan boli'p qaladi', uluwma aytg'anda, ko'birek payda ko'riw maqsetinde adamlar nelerge qol urmaydi' deysiz. Siz bul pikirge ne aytasi'z?
2. Ne sebepten, bazar yekonomikasi' sharayati'nda, ba'sekisiz yekonomika rawajlanbaydi'?
3. To'mendegiler wo'z tarawlari'ndag'i' qarsi'laslari' menen ba'sekileskende nege ko'birek a'hmiyet beriwi kerek dep woylaysi'z?
   a) go'sh jetistirip ati'rg'an fermer xojali'qlari';
   b) erler ko'ylegin islep shi'g'ari'p ati'rg'an fabrika;
   d) ha'r tu'rli xi'zmetler ko'rsetip ati'rg'an bank.
4. islep shi'g'ari'wshi'lar (sati'wshi'lar) arasi'ndag'i' ba'seki na'tiyjesinde tuti'ni'wshi'lar qanday payda ko'redi? Mi'sallarda tu'sindirin'.
5. Ba'seki protsessinde sati'wshi'lar tovardi'n' ni'rqi'n nenin' yesabi'nan to'menlyetedi?
6. Nahaq ba'seki usi'llari'na mi'sallar keltirin'.
7. Woraylasqan jobali' yekonomikada ne ushi'n ba'sekige talap bolmaydi'?
8. Ayti'n'i'zshi', "kim zi'yat" sawdasi'n qanday ba'seki tu'rine kirgiziw mu'mkin?

**Buni' este saqlan'!**

- Ba'sekisiz bazar yekonomikasi'ni'n' boli'wi' mu'mkin yemes.
- Sati'wshi'lar arasi'ndag'i' ba'seki tovar ni'rqi'ni'n' kemeyiwine, al qari'ydarlar arasi'ndag'i' ba'seki bolsa tovar ni'rqi'ni'n' arti'wi'na ali'p keledi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 25-TEMA

# MONOPOLIYA HA'M MONOPOLIYALASQAN BAZARLAR



### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HA'M TAPSIRMALAR

Siz qaladag'i' barli'q avtobus parklerin birlestirip, qala boyi'nsha jalg'i'z «Asi'lbek» jeke transport firmasi'n du'zdin'iz. Solay yetip, firman'i'z qala xali'qi'na avtobus transporti' xi'zmetin ko'rsetiw boyi'nsha jeke monopolist worni'na iye boli'p qaldi'. (Monopoliya — greksheden «jeke sataman» degen mag'anani' an'latadi').

Siz usi' firmani'n' iyesi si'pati'nda to'mende keltirilgen jag'daylarda qanday sheshimdi tan'lag'an bolar yedin'iz? Wo'z sheshimin'izdi tiykarlap berin'.

**1-jag'day.** Qalani'n' qorshag'an wortali'g'i'n qorg'aw komitetinin' pikiri boyi'nsha, avtobus bileti ni'rqi'ni'n' joqari' yetip belgileniwi, qalada jeke transport qurallari'ni'n' qatnawi'ni'n' ko'beyiwine ali'p keledi. Al, bul bolsa qala hawasi'ni'n' ja'ne de pataslani'wi'na sebep boladi'. Soni'n' ushi'n komitet sizden jol haqi'ni' kemeytiwdi soramaqta. Sizin' bug'an juwabi'n'i'z qanday boladi'?

**2-jag'day.** Avtobus aydawshi'lari'nan biri siz benen ba'sekilesiwge bel bayladi'. Wol eski avtobusti' sati'p ali'p, yen' qatnawi' ko'p bag'i'tta xi'zmet ko'rsete basladi'. Oni'n' bul ha'reketine siz qanday juwap bergen bolar yedin'iz?

**3-jag'day.** Sizin' ati'n'i'zg'a ko'plep shag'i'm xatlari' kele basladi'. Wolarda avtobuslardi'n' keshigip ju'rip ati'rg'ani', ko'rsetilip ati'rg'an xi'zmetlerdin' sapasi'ni'n' to'menligi ha'm wol bir qatar qolaysi'zli'qlardi' keltirip shi'g'ari'p ati'rg'ani', jallang'an aydawshi'lar jolawshi'lar menen kishipeyil qatnasta bolmay ati'rg'ani' haqqi'nda ayti'lg'an. Siz shag'i'm xatlari'na juwap si'pati'nda qanday sharalar ko'rgen bolar yedin'iz?

### TAZA BA'SEKi BAZARI

Aldi'ng'i' temada ba'seki ha'm woni'n' payda boli'wi' ushi'n kerek bolg'an sha'rayatlar haqqi'nda so'ylesken yedik.

Taza ba'seki bazari'na mi'sal yetip awi'l xojali'g'i' o'nimleri sati'latug'i'n diyqan bazarlari'n, ku'ndelikli za'ru'rlik zatlar sati'latug'i'n usaqlap sati'w du'kanlari'n



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

keltiriw mu'mkin. Bul bazarlarda belgili bir tu'rdegi tovar tu'ri ju'da' ko'p sati'wshi'lar ta'repinen sati'ladi'. Bul bazarlarda ni'rq yerkin boli'p, birde-bir sati'wshi' ni'rq u'stinen qadag'alaw ju'rgize almaydi'. Sonday-aq, bul bazarlarg'a kiriwge tosqi'nli'q joq, qa'legen waqi'tta qa'legen sati'wshi' usi' bazarlarda wo'z jumi'si'n baslawi' mumkin.

**Taza ba'seki bazari'** — belgili bir tovar tu'ri ju'da' ko'p sati'wshi'lar ta'repinen sati'latug'i'n, basqa sati'wshi'lardi'n' kiriwi an'sat ha'm ni'rq yerkin bolg'an bazar.

## MONOPOLIYALASQAN BAZARLAR

A'dette, ju'da' az sandag'i' bazarlar taza ba'seki qa'siyetlerine iye boladi'. Wolar qanday da bir da'rejede monopoliyalasqan boladi'.

**Monopoliya** (grekshe "jeke sataman" degen mag'anani' an'latadi')— belgili bir tovar tu'ri jeke sati'wshi' ta'repinen sati'latug'i'n, basqa sati'wshi'lardi'n' kiriwi ju'da' qi'yi'n bolg'an bazar.

Bazarlar monopoliyalasi'w da'rejesine qaray to'mendegi izbe-izlikte jaylasqan 4 tu'rge bo'linedi:

**Taza ba'seki bazari'** ⇨ **Monopolistlik ba'seki bazari'** ⇨ **Oligopoliya** ⇨ **Monopoliya**

A'dette, ju'da' az sandag'i' bazarlar taza ba'seki qa'siyetlerine iye boladi'. Wolar qanday da bir da'rejede monopoliyalasqan boladi'.

*Monopolistlik ba'seki bazari'* dep bir-birine uqsas, bir tu'rdegi tovarlar ju'da' ko'p sati'wshi'lar ta'repinen sati'latug'i'n, basqa sati'wshi'lardi'n' kiriwi an'sat ha'm sati'wshi'lar ta'repinen tovar ni'rqi'na belgili bir qadag'alaw wornati'w mu'mkin bolg'an bazarg'a ayti'ladi'. Bunday bazar tu'rine mi'sal yetip tu'rli turmi'sli'q xi'zmet bazari', uluwma awqatlani'w wori'nlari' ha'm ayaq-kiyim bazarlari'n keltiriwimiz mu'mkin.

*Woligopoliya* — bir neshe iri firmalardi'n' monopol bazari'. Bul bazarda ni'rqlar bir neshe firmalar ta'repinen qadag'alanadi' ha'm wog'an basqa sati'wshi'lardi'n' kiriwine belgili bir tosqi'nli'qlar payda boladi'. Respublikami'zdag'i' uyali' telephon baylani'si' xi'zmeti bazari', salqi'n ishimlikler bazari', muzqaymaq bazari' si'yaqli' bazarlar oligopoliyag'a mi'sal boladi'.

Taza monopol bazarlari'nda monopolist — sati'wshi' ni'rq u'stinen qadag'alaw wornatadi'. Qari'ydarlardi'n' tan'law imkaniyati' joq bolg'anli'g'i'nan wolar tovardi' monopolist belgilegen ni'rqta sati'p ali'wg'a ma'jbu'r boladi'. Monopolistlik bazarda jeke hu'kimdar bolg'anli'g'i' ushi'n woni' tovarlardi'n' sapasi', o'ndiriste jan'a texnologiyalardi' qollani'w, woni' rawajlandi'ri'w si'yaqli' ta'shwishler qi'zi'qti'rmaydi'. Qullasi', monopol bazari'ni'n' payda boli'wi' tek tuti'ni'wshi' qari'ydarlar qaltasi'na g'ana



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

zi'yan bolmastan, al, pu'tkil yekonomikani'n' rawajlani'wi'na tosqi'nli'q boladi' yeken.

**Monopolistlik ba'seki bazari'** — bir tu'rdegi tovarlar ju'da' ko'p sati'wshi'lar ta'repinen sati'latug'i'n, basqa sati'wshi'lardi'n' kiriwi an'sat ha'm sati'wshi'lar ta'repinen tovar ni'rqi'na belgili bir qadag'alaw ornati'w mu'mkin bolg'an bazar.

**Oligopoliya** — bir neshe iri firmalardi'n' monopoliyasi'nan ibarat bolg'an bazar.

## HA'R TU'RLI BAZARLARDIN' WO'ZINE TA'N WO'ZGESHELIKLERI

Ha'r tu'rli bazarlardi'n' wo'zine ta'n wo'zgeshelikleri to'mendegi kestede keltirilgen.

| 1 | Bazardi'n' wo'zine ta'n wo'zgeshelikleri | Bazardi'n' tu'rleri | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Taza ba'seki bazari' | Monopolistlik ba'seki bazari' | Oligopoliya ba'seki bazari' | Taza monopol bazari' |
| 1. | Bazardag'i' sati'wshi'lar sani' | ju'da' ko'p | ko'p | bir neshe | birew |
| 2. | Ni'rq u'stinen jeke qadag'alaw | joq | derlik joq, sheklengen | basqa ba'sekileslerge de baylani'sli' | sezilerli da'rejede bar |
| 3. | Bazarda sati'li'p ati'rg'an wo'nim tu'rleri | bir qi'yli', standartlasqan | bir birine uqsag'an, bir tu'rdegi | bir qi'yli' yaki bir birine uqsag'an, bir tu'rdegi | siyrek, worni'n basi'wshi' basqa tovar joq |
| 4. | Bazarg'a kiriwge tosqi'nli'q | joq | joq | tosi'qlar bar | o'tip bolmaytug'i'n tosi'qlar bar |
| 5. | Ni'rq qurallari'si'z ba'seki | joq | itibar ko'birek reklamag'a | barli'q tu'rlerinen paydalani'ladi' | ja'miyetlik sho'lkemleri menen baylani's reklamasi' |
| 6. | Mi'sallar | awi'l xojali'g'i' o'nimleri bazari', bahali' qag'azlar bazari' | qalalardag'i' taksi, transport xi'zmeti bazari' | avtomobiller, salqi'n ishimlikler, uyali' telefon baylani'si' xi'zmetin ko'rsetiwshiler bazari' | yelektr energiya, gaz benen ta'miyinlew, baylani's, jergilikli temir jol, ha'm avia qatnawlari' xi'zmetleri bazari' |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## TA'BIYIY MONOPOLIYALAR

Ma'mleketlik a'hmiyetke iye bolg'an geypara wo'ndiris tarawlari' ha'm tarmaqlari' bile tura monopoliyalasti'ri'lg'an boladi'. Bunday monopol ka'rxanalar ha'm tarawlar — *ta'biyiy monopoliyalar* dep ataladi'. Ta'biyiy monopoliyalarg'a temirjol xi'zmeti, aviatsiya transporti', telefon-telegraf baylani'si', yelektr yenergetikasi' tarmag'i', gaz ha'm suw menen ta'miyinlew si'yaqli' bir qatar ka'rxanalardi' mi'sal yetip keltiriw mu'mkin. Ta'biyiy monopoliyalar ma'mleket ta'repinen ta'rtipke sali'ni'p turi'ladi'. Wolar ushi'n ni'rqti'n' yen' joqari' da'rejesi belgilenip, ni'rqlardi'n' arti'wi' ha'm xi'zmetlerdin' kemeyip ketiwine ma'mleket ta'repinen jol qoyi'lmaydi'.

**Ta'biyiy monopoliya** — ma'mleketlik a'hmiyetke iye bolg'an bazi' bir islep shi'g'ari'w yamasa xi'zmet ko'rsetiw tarawlari' ha'm tarmaqlari'ni'n' bile tura monopoliyalasti'ri'li'wi'.



**Zahiriddin Muhammad Babur**
(1483—1530)

Ulli' filosof ma'mleket arbabi' ha'm ilimpaz Zahriddin Muhammed Baburdi'n' yekonomika ha'm sotsialli'q tarawlarda a'melge asi'rg'an jumislari' ha'm bildirgen ideya ha'm pikirleri shi'g'isti'n' ko'p g'ana ali'mlari'ni'n' jaqlawi'na iye bolg'an Babur Sali'q ha'm pul siyasati' tarawi'nda u'lken jumislardi' a'melge asi'rg'an. Woni'n' da'wirinde islep shi'g'ari'w wo'nimdarli'g'i'n asi'ri'w, jer wo'nimdarli'g'in jaqsi'law bari'si'nda ilajlarg'a u'lken a'hmiyet berilgen. Baburdi'n' itibari'nda bazarlardi' yyerkinlestiriw barli'q waqi't di'qati'nda bolg'an. Babur ha'm Baburiylar dawirinde sirtqi' sawda yamasa basqa ma'mleketler menen yekonomikali'q qari'm-qatnaslardi' ku'sheyittiriwge qarati'lg'an u'lken jumi'slar a'melge asi'ri'lg'an. Baburdi'n' yekonomikali'q qaraslari' wonin' shi'g'armalari' "Baburnama", "Mubayyim", "Zakat tog'risinda katta kitob" shi'g'armalari'nda wo'z sawlesin tapqan. Baburdi'n' yekonomika tarawi'nda jumislari' woni'n' a'wladlari', a'sirese Humayun (1508-1556) ha'm Akbarshan (1542-1605) dawirinde mu'nasip dawam yettirgen.

## MONOPOLIYAG'A QARSI NIZAMSHILIQ

O'zbekistanda Monopoliyadan shi'g'ari'w, ba'seki ha'm isbilermenlikti qollap-quwatlawdi'n' ma'mleketlik komiteti du'zilgen. Oni'n' wazi'ypasi' yekonomikadag'i' monopoliyani' saplasti'ri'w, isbilermenlik ha'm ba'sekini qollap-quwatlawdan ibarat.

Respublikami'zda ba'sekige sharayat tayarlaw ha'm monopoliyalarg'a qarsi' gu'resiw bazar reformalari'ni'n' a'hmiyetli ta'repi yesaplanadi'. Ba'sekini rawajlandi'ri'wg'a qarati'lg'an Prezident pa'rmanlari', hu'kimet qararlari' shi'g'ari'lg'an ha'm ni'zamlar qabi'l yetilgen. Atap aytqanda, «Monopolistlik iskerlikti sheklew haqqi'nda» g'i'



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ni'zamg'a muwapi'q bazarda sati'wshi', firmalardi'n':
— bile tura tovarlar jetispewshiligin keltirip shi'g'ari'w;
— ni'rqlar u'stinen wo'z qadag'alawi'n ornati'w;
— basqa ba'sekiles firmalardi'n' bazarg'a kirip keliwine tosqi'nli'q yetiw si'yaqli' iskerligi qadag'an yetilgen.

Bul ni'zamdi' buzg'anlar ushi'n qarsi'lasi'na keltirilgen zi'yandi' qaplaw, ja'riyma to'lew ha'm nahaqli'q penen ko'rilgen paydadan ayi'ri'w si'yaqli' yekonomikali'q jazalar belgilengen.

## BILIMIN'IZDI SINAP KO'RIN'!

1. Monopolistlik ba'seki bazari' taza ba'seki bazari'nan qaysi' o'zgesheligi menen parqlanadi'?
2. Taza monopoliyani'n' woligopoliyadan parqi' ne?
3. Ne ushi'n geybir bazarda monopoliya ju'zege keledi?
4. Monopoliyani'n' qanday yekonomikali'q zi'yani' bar?
5. Monopoliyag'a qarsi' ni'zamshi'li'q nege payda bolg'an?
6. Ta'biyiy monopoliyalarg'a mi'sallar keltirin'.
7. Respublikami'z bazar yekonomikasi'na wo'tiwinde monopoliyag'a qarsi' ni'zamlardi'n' qanday a'hmiyeti bar?
8. Yekonomikada monopoliyalardi'n' bar boli'wi' ha'r qashan jaman aqi'betlerge ali'p kele bere me?
9. Sizin'she, qaysi' tarawlarda ma'mleket monopoliyasi' saqlap qali'ng'ani', qaysi' tarawlarda monopoliyani'n' uluwma bolmag'ani' maqul dep woylaysi'z? Pikirin'izdi tiykarlan'.
10. Qalada tek yeki firma muzlatqi'sh satadi'. Wolardi'n' birewi ni'rqti' yeki yese ko'terdi. Bug'an juwap retinde yekinshi firma qanday shara ko'riwi kerek dep woylaysi'z?
11. To'mende sanap wo'tilgen tarawlardi'n' qaysi' birinde monopoliya, oligopoliya, monopolistlik ba'seki ha'm taza ba'seki bar boli'wi' mu'mkin: a) samolyotsazli'q; b) mineral suw islep shi'g'ari'w; d) ayaq kiyim islep shi'g'ari'w; e) avtomobilsazli'q; f) konditer wo'nimlerin islep shi'g'ari'w; g) uyali' baylani's xi'zmeti; h) nan pisirip sati'w.

**Buni' este saqlan'!**

• Sap ba'seкe bazari'na sati'wshılar кo'p ha'm bazarg'a yag'nıy sati'wshi'lar кiriwge hesh qanday tosi'q bolmaydi'.

• Monopolisliк ba'seкe bazari'nda sati'wshilar sani' az yag'ni'y sati'wshi'lardi'n' bazarg'a кiriwi ushi'n tosi'qlar bar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# BAZAR EKONOMIKASI

## 26-TEMA




## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HA’M TAPSIRMALAR

Kelin’, bazar yekonomikasi’ sharayati’nda «Ne?», «Qalay?», «Kim ushi’n?» islep shi’g’ari’w kerek degen sorawlarg’a juwap izlep, bazar yekonomikasi’na ta’n bolg’an wo’zgesheliklerdi ani’qlayi’q. Ani’qlaw ushi’n awi’l xojali’g’i’ tarawi’n talqi’lap ko’reyik.

1. **Ne?** Ayti’n’shi’, ma’mleketimizde awi’l xojali’g’i’ eginlerinin’ qaysi’ tu’rleri, qansha mug’darda egiwdi ha’zirgi sharayatta kim belgileydi.
2. **Qalay?** Eginlerdi qanday texnologiya boyi’nsha ta’rbiyalaw kerek, qaysi’ mexanizmlerden paydalani’w za’ru’rligin kim belgileydi?
3. **Kim ushi’n?** Jetistirilgen wo’nim ha’m wonnan tu’setug’i’n da’ramat qalay bo’listiriledi? Tashkent qalasi’ ushi’n qansha awi’l xojali’g’i’ o’nimleri kerek? Qashqada’rya wa’layati’ ushi’n she? Bul sorawlarg’a kim juwap beredi?
4. Ne sebepten bul sistema «bazar yekonomikasi’» dep ataladi’?
5. Joqari’dag’i’ sxemadan paydalani’p, to’mendegi sorawlar ja’rdeminde juwap beriwge ha’reket yetin’:

   a) bazar yekonomikasi’nda jeke mu’lkshilik ha’m yerkin yekonomikali’q iskerliktin’ a’hmiyeti qanday? b) bazar yekonomikasi’ sharayati’nda bazar qatnasi’wshi’lari’ni’n’ yekonomikali’q ma’pke, payda ali’wg’a bolg’an umti’li’wi’, qa’lewi qanshelli a’hmiyetli yesaplanadi’?

## BAZAR EKONOMIKASININ’ TIYKARG’I WO’ZGESHELIKLERI

Bazar yekonomikasi’ sharayati’nda «Ne islep shi’g’ari’w kerek?», «Qalay islep shi’g’ari’w kerek?», «Kim ushi’n islep shi’g’ari’w kerek?» — degen sorawlarg’a, tiykari’nan bazar juwap beredi. Sol sebepten, bul sistemani’ *bazar yekonomikasi’* dep ataydi’.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bazar yekonomikasi'ni'n' tiykarg'i' wo'zgeshelikleri: 1. Yerkin yekonomika; 2. Jeke mu'lkshilik; 3. Yerkin ni'rqlar; 4. Yekonomikali'q ma'pdarli'q ha'm payda ali'wg'a umti'li'w; 5. Monopoliyani' biykar yetiw; 6. Ba'seki.

Bazar yekonomikasi'ni'n' yen' tiykarg'i' wo'zgesheliklerinin' biri — *bul jeke mu'lkshilik* ha'm wog'an tiykarlang'an *yerkin yekonomikali'q iskerlik* boladi'. Bazar yekonomikasi' sharayati'nda ha'r tu'rli mu'lk formalari': jeke, ja'miyetlik ha'm ma'mleket mu'lkler bar boli'p, wolar ten' huqi'qli' rawajlanadi'. Wo'ndiris qurallari'ni'n' ko'pshilik bo'legi jeke adamlar qoli'nda boli'p, wolar wo'z yekonomikali'q iskerligin wo'z betinshe, yerkin tu'rde ali'p baradi'. Bul sistemada meyli wol islep shi'g'ari'wshi' bolsi'n, meyli wol tuti'ni'wshi' bolsi'n, wolar ta'repinen yekonomikali'q sheshim tek bazar qatnasi'qlari' ha'm ni'zamlari'nan kelip shi'g'i'p tan'lanadi'. *Ni'rqlar yerkin* boli'p, wol tovarg'a bolg'an talap ha'm usi'ni'sti'n' wo'z-ara qatnasi' arqali' qa'liplesedi.

Bazar yekonomikasi'ni'n' ja'ne bir a'hmiyetli o'zgesheliklerinen biri—bazar qatnasi'wshi'lari'ni'n' *yekonomikali'q ma'pke*, *payda ali'wg'a umti'li'wi'*, talabi'nda boladi'. Ha'r bir puqaradag'i' ko'birek payda ali'wg'a bolg'an umti'li'w, woni'n' yekonomikali'q ha'm isbilermenlik iskerligin xoshemetleydi, jan'ali'qqa jeteleydi. Al, bul bolsa, islep shi'g'ari'wshi'lar ha'm tuti'ni'wshi'lar arasi'ndag'i' ba'sekini keltirip shi'g'aradi'. *Ba'seki* — bazar yekonomikasi'ni'n' yen' a'hmiyetli o'zgesheliklerinen biri yesaplanadi'. Soni'n' ushi'n da, bazar yekonomikasi' *monopoliyani' biykar yetedi*. Sebebi, monopoliya bar jerde yerkin yekonomikali'q iskerlik ha'm ba'seki bola almaydi'.

Joqari'da keltirilgen o'zgeshelikler tiykari'nda bazar qatnasi'qlari' qa'liplesedi, bazar yekonomikasi'n ju'rgiziw ushi'n sharayatlar jarati'ladi' ha'm yekonomika basqari'ladi'.

**Bazar yekonomikasi'** — jeke mu'lkshilikke tiykarlang'an, barli'q yekonomikali'q sheshimler bazar mexanizmi ja'rdeminde ani'qlanatug'i'n yekonomikali'q sistema

Al, XX a'sirge kelip, woraylasqan jobali' yekonomikag'a tiykarlang'an bir qatar ma'mleketler payda boldi'. Na'tiyjede, bul yeki teoriya ha'm a'meldegi yeki sistema wortasi'nda ba'seki, wo'z ara jari's ju'zege keldi. Bazar yekonomikasi' ja'miyet turmi'si'ndag'i' wo'zgerislerge juwap si'pati'nda, unamli' wo'zgesheliklerdi wo'zinde tez iske asi'ri'p, bul wo'zgerislerge tezlik penen beyimlese aldi' ha'm usi'ni'n' menen yekonomikali'q progresstin' rawajlani'wi'na ti'rnaq saldi'. Al, jobali' yekonomika bolsa wo'zinin' qolaysi'zli'g'i', wo'zgerislerge tez beyimlese almag'anli'g'i' sebepli ja'miyettin' yekonomikali'q rawajlani'wi'na irkinish boli'p, woni' "buwi'ndi'ra" basladi'. XX a'sirdin' aqi'ri'na kelip, bazar yekonomikasi'na su'yengen ma'mleketler yekonomikasi' gu'llep-jasnap, yekonomikali'q rawajlani'wda ilgerilep ketti. Oraylasqan jobali' yekonomika hu'kim su'rgen ma'mleketler yekonomikasi' kriziske ushi'rap, ja'ha'n rawajlani'wi'nan biraz arqada qali'p ketti. Bu'gingi ku'nge kelip, bul



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Jon Meynard Keyns**
(1883—1946)

Yekonomika ilimine tu'p buri'li's jasag'an, ma'mlekettin' yekonomikasi' turaqlasti'ri'wdag'i' rolin tiykarlap Bergen ataqli' anglichan teoriyashi' ali'mi' Jon Meynar Keyns.

Keyns yekonomikali'q jetispewshilik ju'zege kelgen waqi'tta ma'mleket aralasi'wi'si'z sha'rayatti' an'law qi'yi'n yekenligin tiykarlap berdi. Wol wo'zinin' "Jumi's penen ta'miyinlew, protsentler ha'm pullardi'n' uluwma teoriyasi'" kitabi'nda yekonomikag'a talap ha'm usi'ni's ten/salmaqli'g'I'n yerisilgen jag'dayda da jumissi'zli'q boli'wi', jumi'ssi'zliqti' kemeyttiriw ha'm jan'a jumi's wori'nlari'n jarati'w ushin ma'leket ta'repinen talapti' ko'beyittiriw boyi'nsha is-ilaj ko'riwi za'ru'r yekenligin si'patlap bergen.

Bul qaras Adam Smittin' "bazar ma'mlekettin' aralasi'wi'si'z da talap ha'm usi'ni's (ko'rinbes qol) qurali'nda turaqli' ha'reket ko'rsete aladi'" degen pikirge ko'p ta'repten qarsi'.

Biraq ha'zirgi da'wirde de Keynstin' usi' pikiri wo'z juwapkershiligin joytpag'an. Sonin' ushi'n da Keynsti yekonomikada XX a'sirge qaray jol ashqan teoriyashi' dep ataydi'.

ma'mleketlerde de bazar yekonomikasi'na wo'tiw ha'm tariyxi'y, ha'm yekonomikali'q za'ru'rlik boli'p qaldi'.

## BAZAR EKONOMIKASININ' JARLILIG'I

A'lbette, bazar yekonomikasi' da bir qatar kemshiliklerden quri' qol yemes. Adamzat tariyxi' bug'an gu'wali'q berip turi'pti'. Bazar yekonomikasi' ma'mlekettin' yekonomikag'a aralasi'wi'n biykar yetip, ja'miyet bay ha'm ka'mbag'allarg'a bo'liniwine, mu'lktin' azshi'li'qti'n' qoli'nda toplani'wi'n, iri-iri monopolistlik ka'rxnalardi'n' payda boli'wi'na ha'm ja'miyettegi sotsialli'q ha'm yekonomikali'q ten'salmaqli' turaqli'li'g'i'na negiz jaratadi'. Bazar yekonomikasi'ni'n' inflyatsiya ha'm jumi'ssi'zli'qqa qarsi' na'tiyjeli gu'rese almaytug'i'ni' belgili boli'p qaldi'. Bulardi'n' barli'g'i'na, belgili da'rejede qarsi' turi'wshi' ku'shke, ma'mlekettin' yekonomikani' ta'rtipke sali'p turi'w iskerligine za'ru'rlik payda boldi'. Ma'mlekettin' yekonomikali'q turmi'sqa aralasi'wi' unamli' jag'day si'pati'nda moyi'nlandi'. Ma'mleketke ja'miyette yekonomikali'q ni'zam qag'i'ydalardi'n' qollani'li'wi' ushi'n za'ru'rli sharayatlar tayarlaw, wolardi'n' ori'nlani'wi'n qadag'alaw, yekonomikani' ta'rtipke sali'p turi'w, bazar sistemasi'n qorg'aw si'yaqli' wazi'ypalar ju'klenedi. Ma'mleket bazar yekonomikasi' sharayati'nda yekonomikani'n' tiykarg'i' qatnasi'wshi'lari'nan birine aylandi'. Bazar yekonomikasi'ni'n' logikali'q dawami' esaplang'an aralas yekonomikag'a jol ashi'ldi'.

Aralas yekonomikani' ja'miyet ag'zalari'ni'n' kem ta'miyinlengen bo'legin sotsialli'q qorg'aw, global abadanli'qti' ta'miyinlewge bag'darlang'anli'g'i' menen aji'rali'p turadi'. Ma'mleketimizdegi bazar yekonomikasi'na wo'tiw protsessi degende,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Tapsi’rma!**

Woylayi’q, siz mebili’ni’n’ direktori’si’z. Siz ushi’n woraylasqan planli’ ekonomika, bazar ekonomikasi’, aralas ekonomikalardan qaysi’si’nda is ju’ritiw an’sati’raq bolar yedi?

biz tap usi’ si’patlarg’a iye bolg’an sotsialli’q bag’darlang’an bazar yekonomikasi’na, yag’ni’y aralas yekonomikag’a o’tiwdi tu’sinemiz.

## BILIMIN’IZDI SINAP KO’RIN’!

1. Bazar yekonomikasi’ sistemasi’ “Ne?”, “Qalay?” ha’m “Kim ushi’n?” degen sorawlarg’a qay da’rejede juwap beriwin tu’sindirip berin’. Bazar yekonomikasi’ni’n’ tiykarg’i’ wo’zgesheliklerin sanan’.
2. Yerkin yekonomikali’q iskerlik degende neni tu’sinesiz?
3. Bazar yekonomikasi’nda jeke mu’lkshiliktin’ roli qanday?
4. Ne sebepten monopoliya bazar yekonomikasi’na qarama-qarsi’ keledi?
5. Ne ushi’n du’nyani’n’ derlik barli’q ma’mleketleri bazar yekonomikasi’n tan’lap aldi’?
6. Ha’zirgi rawajlang’an ma’mleketlerdegi bazar yekonomikasi’ qanday atama menen ataladi’?
7. Taza bazar yekonomikasi’ni’n’ boli’wi’ mu’mkin be? Nege?
8. Aralas yekonomika sharayati’ndag’i’ ma’mlekettin’ roli neden ibarat boli’wi’ kerek, dep woylaysi’z? Juwabi’n’i’zdi’ tiykarlan’.
9. Taza bazar yekonomikasi’ wori’nlay almaytug’i’n yekonomikali’q mashqalalardi’ sanan’. Bul mashqalalardi’ sheshiwdin’ qanday jollari’ bar?
10. Wo’zin’iz bilgen isbilermenlik penen shug’i’llanatug’i’n isbilermen mi’sali’nda bazar yekonomikasi’ni’n’ tiykarg’i’ wo’zgesheliklerin tu’sindirip beriwge ha’reket qi’li’n’.

**Buni’ este tuti’n’!**

- Bazar yekonomikasi’nda Ne? Qalay? Kim ushi’n? islep shi’g’ari’w kerek degen yekonomikani’n’ u’sh tiykarg’i’ sawali’na bazar juwap beredi.
- Bazar yekonomikasi’ni’n’ tiykarg’i’ wo’zgeshelikleri to’mendegiler: a) yerkin yekonomikali’q iskerlik; b) jeke mu’lkshilik; d) yerkin ni’rqlar; e) yekonomikali’q ma’pdarli’q ha’m payda ali’wg’a bolg’an umti’li’s; f) monopoliyani’ biykar yetiw; g) ba’seki.
- Aralas yekonomika yekonomikali’q sistemalardi’n’ barli’q unamli’ ta’replerin wo’zinde ja’mlegen xojali’qti’ ju’rgiziw sistemasi’ boli’p, woni’ basqasha sotsialli’q bag’darlang’an bazar yekonomikasi’, dep te ataydi’.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# O'ZBEKISTAN BAZAR EKONOMIKASINA QARAY

27-TEMA

**Prezident I'. A. Karimov islep shi'qqan bazar yekonomikasi'na wo'tiwdin' bes printsipi.**

**Ekonomikani'n' siyasattan u'stinligi**

**Bazar yekonomikasi'na basqi'shpa-basqi'sh wo'tiw**

**Ma'mleket — bas reformator**



**Jedel sotsi-alli'q siyasat ju'rgiziw**

**Ni'zamlar ha'm olarg'a boysi'ni'wdi'n' u'stinligi**

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HA'M TAPSIRMALAR

O'zbekstanini'n' bazar yekonomikasi'na o'tiwinin' bes printsipin joqari'dag'i' si'zi'lmadan itibar menen oqi'p shi'g'i'n' ha'm to'mendegi sorawlarg'a juwap tabi'wg'a ha'reket yetin':

1. Usi' ku'nlerde yekonomikani'n' siyasattan u'stin boli'wi' nelerde ko'zge taslanbaqta?
2. Bazar yekonomikasi'na wo'tiwde ma'mlekettin' roli nelerde ko'rinedi?
3. Ma'mleketimizde ju'rgizilip ati'rg'an sotsialli'q siyasatti'n' man'i'zi'n qalay tu'sinesiz?
4. Bul printsiplerden qaysi' birine a'mel qi'li'nbasa, qanday aqi'betlerge ali'p keliwin ayti'p berin'.

## O'ZBEK MODELININ' TIYKARLARI

1991-ji'li' respublikami'z wo'z g'a'rezsizligin qolg'a kirgizip, buri'ng'i' awqam qi'si'mi'nan quti'ldi'. Endi xalqi'mi'z aldi'nda g'a'rezsizlik ti'rnag'i'n bekkemlew, yerkin puqarali'q ja'miyetti quri'w si'yaqli' asa juwapkerli wazi'ypa tur yedi. Bul wazi'ypani' ori'nlawdi'n' birden-bir joli' bul bazar yekonomikasi'na wo'tiw yedi. Prezidentimiz I'. A. Karimov ta'repinen islep shi'g'i'lg'an O'zbekstanini'n' milliy, wo'zine ta'n wo'zgesheliklerin esapqa alg'an bazar yekonomikasi'na wo'tiwdin' bes printsipi tiykar yetip ali'ndi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**I’.A.Karimov** O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti, bazar yekonomikasi’na wo’tiwdin’ o’zbek modelinin’ tiykari’n sali’wshi’.

Bul printsiplerdin’ tiykarg’i’ ma’nisi Prezidentimiz I’. A. Karimovti’n’ «O‘zbekiston iqtisodiy islohotlarni chuqurlashtirish yolida» kitabi’nda ashi’p berilgen:

**1. Yekonomikani’n’ siyasattan u’stinligi.** Bul printsip boyi’nsha ha’m ishki, ha’m si’rtqi’ yekonomikali’q qatnaslar ideologiyadan azat boladi’. Artta qalg’an yekonomikani’n’ siyasiy g’a’rezsizlikke tayani’sh bola almaytug’i’ni’nan kelip shi’g’i’p, yekonomika siyasattan u’stin qoyi’ladi’.

**2. Ma’mleket — bas reformator.** Bul printsip boyi’nsha, ma’mleket’ xali’qti’n’ ma’plerinen kelip shi’g’i’p, reforma protsessinin’ baslawshi’si’ boladi’ ha’m wolardi’ a’melge asi’ri’wg’a basshi’li’q yetedi.

3. Ni’zamlar ha’m olarg’a boysi’ni’wdi’n’ u’stinligi. Bul printsip boyi’nsha reforma protsessleri ta’rtipli, si’nalg’an ha’m a’meliy ku’shke iye bolg’an ni’zamlar tiykari’nda olarg’a so’zsiz boysi’ni’w menen amelge asi’ri’ladi’. Bazar yekonomikasi’ni’n’ ni’zamshi’li’qqa tayani’wi’, demokratiyali’q jol menen qabi’l yetilgen jan’a Konstitutsiya ha’m ni’zamlar aldi’nda ha’mmenin’ ten’ligine, ni’zamlarg’a boysi’ni’w ha’mme ushi’n ha’m qari’z, ha’m pari’z yekenligin bildiredi.

4. Jedel sotsialli’q siyasat ju’rgiziw. Bul printsip boyi’nsha bazar yekonomikasi’na wo’tiw da’wirinde ja’miyette sotsial-siyasiy turaqli’li’q ta’miyinlenedi. Xali’qti’n’ turmi’s da’rejesinen kelip shi’g’i’p, sotsialli’q qorg’awdi’n’ is-ilajlari’ ko’riledi.

**5. Bazar yekonomikasi’na basqi’shpa-basqi’sh wo’tiw.** Bul printsip boyi’nsha bazar yekonomikasi’na wo’tiwdin’ reformalari’ asi’qpastan, ha’r ta’repleme puqta oylang’an halda, basqi’shpa-basqi’sh yekonomikali’q, siyasiy qi’yi’nshi’li’qsi’z a’melge asi’ri’ladi’.

## BAZAR REFORMALARI

Usi’ printsiplerden kelip shi’g’i’p, respublikami’zda wo’tken qi’sqa waqi’t ishinde du’nya ju’zine belgili wo’zgerisler amelge asi’ri’ldi’. Respublikami’zda bazar qatnasi’qlari’na tiykarlang’an milliy yekonomika tiykarlari’ jarati’ldi’. Bug’an mi’sal





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

retinde, mu'lkshilik, awi'l xojali'g'i', finans-kredit, si'rtqi' yekonomikali'q baylani'slar ha'm sotsialli'q tarawdag'i' a'melge asi'ri'lg'an reformalardi' keltiriw mu'mkin.

**Mu'lkshilikti reformalaw tarawi'nda** ma'mleket mu'lki esaplanatug'i'n zavod ha'm fabrikalar, turmi'sli'q xi'zmet ko'rsetiw ka'rxanalari', u'y-jaylar ha'm basqa ma'mleket mu'lklerin menshiklestirilip, ja'miytlik yaki jeke mu'lkke aylandi'ri'ldi'.

2012-ji'l dawami'nda 87 ma'mleket mu'lki bolg'an aktivler 27,39 mlrd sumg'a ha'm 2,5 mln AQSH dollari'na sati'ldi'.

**Awi'l xojali'g'i'ndag'i' reformalar** adamlarg'a jerden biypul paydalani'w huqi'qi'ni'n' beriliwi, jeke qi'ytaq ushi'n jer maydanlari'ni'n' ken'eytiliwi, fermer ha'm diyqan xojali'qlari'ni'n' du'ziliwi menen a'melge asi'ri'lmaqta.

2013-ji'l 1-yanvarda uluwma dizimge ali'ng'an 531,1 mi'n' ka'rxanadan 51,1% fermer ha'm diyqan xojali'qlari' yesabi'na tuwra keledi.

**Finans — kredit tarmag'i'ndag'i' reformalar** respublikami'z wo'z valyutasi'n aylani'sqa kirgiziwi, bir qansha kommertsiyali'q banklerdin' ashi'li'wi', bahali' qag'azlar bazari'ni'n' sho'lkem- lestiriliwi, jan'a sali'q sistemasi'n jarati'w si'yaqli' bazar talabi'na juwap beretug'i'n finans sistemasi'n jarati'w ja'rdeminde amelge asi'ri'li'p ati'r.

**Si'rtqi' yekonomikali'q baylani'slardag'i' reformalar** respublika-mi'zdi'n' si'rtqi' yekonomikali'q baylani'slari'n yerkinlestiriwge qara-ti'lg'an. Ko'plegen si'rt eller menen







**Tsitata**

Barg'an sayi'n teren'lesip barati'rg'an ja'handegi finansli'q krizis ma'mleketimizge ta'sir ko'rsetpeydi, bizlerdi shetlep wo'tedi, degen juwmaq shi'garmawi'mi'z kerek. Ma'seleni bunday tu'siniw wog'ada sadali'q, keshirip bolmaytug'i'n qa'te bolar yedi. Ha'mmemiz bir haqi'yqatti' an'lap jetiwimiz lazi'm — O'zbekistan bu'gin xali'qarali'q ja'miyettin' ha'm global finansli'q-yekonomikali'q bazardi'n' quramindag'i' aji'ralmas bo'legi yesaplanadi'.

*I.A. Kari'movti'n' "Jahon moliyaviy-iqtisodiy inqirozi O'zbekiston sharoitida uni bartaraf etishning yo'llari va choralari" kitabi'nan.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qospa ka’rxanalar sho’l-kemlestirilmekte. Respublikami’zdi’n’ basqa ma’mleleketler menen sawda-satli’q yetiw imkaniyatlari’ ken’eyip ati’r.

2012-ji’l dawami’nda si’rtqi’ sawda aylani’si’ 26,286 mlrd AQSH dollari’n quradi’.

**Sotsialli’q tarawdag’i’ reformalar** wo’tiw da’wirinde kelip shi’g’atug’i’n tu’rli qolaysi’z jag’daylardan xali’qti’ qorg’awg’a qarati’lg’an. Bahani’n’ ko’teriliwine sa’ykes ayli’q, stipendiya, pensiya ha’m ha’r tu’rli napaqa pullari’ni’n’ mug’dari’ arti’p barati’r.

Respublikami’z benen bir qatarda g’a’rezsizligin qolg’a kirgizgen ha’m bazar yekonomikasi’na wo’tiw da’wirin bastan keshirip ati’rg’an ma’mleketler de barshi’li’q. Bul ellerdin’ gey-paralari’nda bazar reformalari’ asi’g’i’sli’q ha’m ta’wekelshilik penen a’melge asi’ri’li’p ati’r. Usi’ni’n’ aqi’betinde bul ma’mleketlerdin’ yekonomikasi’ ju’da’ mu’shkil jag’dayda tu’sip qali’p ati’r. Bunday awhaldi’ ko’rip turi’p, bizin’ ma’mleketimizde ju’rgizilip ati’rg’an bazar reformalari’ qanshelli aqi’lg’a muwapi’q ha’m izbe-iz joldan barati’rg’ani’ ha’m a’melge asi’ri’li’p ati’rg’ani’na ko’z jetkeremiz.

**Tapsi’rma**

«O’zbekistanda bazarg’a wo’tiw protsessi» atamasi’ndag‘i’ to’mendegi punktlerdi wo’z ushine alg’an kishi referat tayarlan’:

1. O’zbekistan yekonomikasi’ni’n’ g’a’rezsizlikke shekemgi jag’dayi’ (sotsial-yekonomikali’q sistema talqi’lawi’ menen birge).
2. O’zbekstanini’n’ g’a’rezsizlik ji’llari’ndag’i’ yekonomikali’q reformalari’ni’n’ bas bag’darlari’.
3. Bazar yekonomikasi’na wo’tiwdin’ bes printsipi — reformalar ushi’n za’ru’r ko’rsetpe si’pati’nda.
4. Ha’zirgi payi’ttag’i’ yekonomikali’q rawajlani’w reformalar na’tiyjesi si’pati’nda.

## BILIMIN’IZDI SINAP KO’RIN’!

1. O’zbekistan ne sebepten bazar yekonomikasi’na wo’tiw joli’n tan’ladi’?
2. Wo’tken dawir ishinde respublikami’zda bazar yekonomikasi’na wo’tiw boyi’nsha qanday jumi’slar a’melge asi’ri’ldi’?
3. Bazar yekonomikasi’ni’n’ qanday unamsi’z ta’repleri usi’ ku’nlerde ja’miyetimizde ko’zge taslani’p ati’r? Buni’n’ sebebi ne dep woylaysi’z?
4. Bazar yekonomikasi’na wo’tiw mu’na’sebeti menen: a) mu’lkshilik; b) awi’l xojali’g’i’; v) finans; g) si’rtqi’ yekonomikali’q baylani’slar; f) sotsialli’q tarawlardi’n’ ha’r birinde kelip shi’qqan wo’zgerisler haqqi’nda ayti’p berin’. Mi’sallar keltirin’.
5. To’mendegi su’wretlerde sa’wlelengen, g’a’rezszlik ji’llari’nda quri’lg’an jan’a bilimlendiriw ha’m bank ma’kemeleri haqqi’nda ne bilesiz? Wolar qaysi’ tarawda ju’rgizilip ati’rg’an reformalardi’n’ na’tiyjesi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Buni' yadta saqlan'!**

O'zbekistanda sotsialli'q bag'darlang'an bazar yekonomikasi'ni'n' ti'rnag'i' quri'lmaqta. Bul boyi'nsha mu'lkshilik tarawi'nda, awi'l xojali'g'i'nda, finans-kredit tarawi'nda, si'rtqi' yekonomikali'q baylani'slar ha'm sotsialli'q tarawda reformalar a'melge asi'ri'lmaqta.

**Tapsi'rma.**

U'stirt gaz-ximiya kompleksi qurli'si' joybari' Britaniyani'n' Euromoney Instituti, Investor PLC ge tiyisli Infrastructure Journol baspasi'ni'n' "Neft gaz tarawi'nda 2014 ji'ldi'n' global pulti" arnawli' si'yli'gi', axborot analizagentliklerinin' si'yli'qlari' menen si'yli'qlandi.

Kompleks 4.5 mlrd kiv.t gazdi' qayta islew ha'm 400 mi'n' tonna polipropilen, 110 mi'n' tonna benzin islep shi'g'ari'wdi' ta'miyinleydi. Komplekstin' jilli'q eksporti' ko'lemi 750 mln AQSH dollari'n quraydi'.

Ka'rxana wo'nimlerin Evropa, shi'g'i's ha'm arqa-shi'g'i's Aziya bazarlari'nda satiw rejelestirilgen.

U'stirt gaz-ximiya kompleksi 2016-ji'lda paydalani'wg'a tapsi'ri'ladi'.

Joybardi' a'melge asi'ri'wshi' "Uz-Kor gaz kemical" qospa ka'rxanasi' "O'zbekneftegaz" milliy holding kompaniyasi' ha'm Qubla Koreani'n' iri kompaniyalari'ni'n' investitsion kosortsiumi ta'repinen usi'ni'lg'an.

Joybardi'n' uluwma quni' 3.9 mlrd AQSH dollari'n quraydi'. Joybar quni'ni'n' 1.4 mlrd AQSH dollari' joybar qatnasi'wshi'lari' ta'repinen 2.5 mlrd AQSH dollari' bolsa Evropa ha'm Aziya jetekshisi bankleri ta'repinen qarji'landi'ri'lmaqta.

Tekst penen tani'si'n'.

1. Joybardi'n' yen' belgili xali'q araliq sho'lkem ha'm baspalar ta'repinen jarati'li'wi' neden derek beredi?

2. Ma'mleketimiz ekonomikamiz potentsiali'na ha'm finansli'q awhali'na isenim joqari' bolmag'anda usi' joybar iri qarji' sho'lkemleri ta'repinen qarji'landi'ri'lg'an bolarmedi? Juwabi'ni'zdi' tiykarlan'.

3. Joybardi' a'melge asi'ri'wda Qubla Koreani'n' ko'zge ko'ringen kompaniyalardi'n' qatnasi'wi'ni'n' ma'mleketlerimiz wortasindag'i' birge islesiwdi rawajlandi'ri'wg'a qanday ta'sir ko'rsyetedi.

4. Sonday joybardi'n' ma'mleketimiz yekonomikasi' potentsiali'n asi'ri'wdag'i ahmiyeti haqqi'nda pikirin'izdi bildirin'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# V BAPTI TA'KIRARLAW USHIN SORAW HA'M TAPSIRMALAR

## A. SORAWLAR

1. Ne sebepten, bazar yekonomikasi' sharayati'nda ba'sekisiz yekonomika rawajlanbaydi'?
2. islep shi'g'ari'wshi'lar (sati'wshi'lar) arasi'ndag'i' ba'seki na'tiyjesinde tuti'ni'wshi'lar qanday payda ko'redi? Mi'sallar menen tu'sindirin'.
3. Monopoliyani'n' qanday yekonomikali'q zi'yani' bar?
4. Yekonomikada monopoliyani'n' bar boli'wi' ha'r qashan da jaman aqi'betlerge ali'p kele bere me?
5. O'zbekistan bazar yekonomikasi'na wo'tiwden go'zlengen maqset ne?
6. Bazar yekonomikasi'na wo'tiwdin' bes printsipi haqqi'nda ayti'p berin'.
7. Bazar yekonomikasi'na wo'tiwde ma'mlekettin' roli haqqi'nda nelerde bilesiz?
8. Ma'mleketimizde ju'rgizilip ati'rg'an sotsialli'q siyasatti'n' mazmuni' nede?
9. Wo'tken dawir ishinde respublikami'zda bazar yekonomikasi'na wo'tiw bag'dari'nda qanday reformalarr amelge asi'ri'ldi'?
10. Bazar yekonomikasi'ni'n' qanday unamsi'z ta'repleri bar dep woylaysi'z? Pikirin'izdi ma'mleketimiz mi'sali'nda tu'sindirin'.

## B. TAPSIRMALAR

To'mende da'slep atamalardi'n' atlari', son'i'nan wolardi'n' talqi'lawlari' berilgen. Ha'r bir atamag'a sa'ykes talqi'lawdi' tabi'n'.

### ATAMALAR:

1. Bazar yekonomikasi'.
2. Ba'seki.
3. Ni'rqlar qurallari'si'z ba'sekilesiw.
4.Ni'rqlar qurallari'nda ba'sekilesiw.
5. Aralas yekonomika.

6. Monopoliya.
7. Oligopoliya.
8. Taza ba'seki bazari'.
9. Yekonomikali'q sistema.
5. Aralas yekonomika.

### TALQILAWLAR:

a) Bazar yekonomikasi' ha'm woraylasqan jobali' yekonomikani'n' unamli' ta'replerin wo'zinde ja'mlegen zamanago'y yekonomikali'q sistema;
b) jeke mu'lkshilikke tiykarlang'an, barli'q yekonomikali'q sheshimler bazar mexanizmi ja'rdeminde ani'qlanatug'i'n yekonomikali'q sistema;
d) ja'miyet (ma'mleket) yekonomikali'q turmi'si'n quraw formasi' (mexanizmi);



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

e) belgili bir tovar tu’ri jeke islep shi’g’ari’wshi’ yaki sati’wshi’ ta’repinen sati’latug’i’n, basqa sati’wshi’lardi’n’ kiriwi ju’da’ qi’yi’n bolg’an bazar;
f) belgili bir tovar tu’ri ju’da’ ko’p sati’wshi’lar ta’repinen sati’latug’i’n, basqa sati’wshi’lardi’n’ kiriwi jen’il, ni’rqlar yerkin bolg’an bazar;
g) tovar ni’rqi’n wo’zgertpesten, woni’n’ sapasi’n jaqsi’law, reklamani’ ku’sheytiw si’yaqli’ faktorlar arqali’ ba’sekileslerge ta’sir ko’rsetiw;
k) bir neshe iri ka’rxana ha’m firmalardi’n’ monopoliyasi’nan ibarat bolg’an bazar;
i) tovar ni’rqi’n tu’siriw yaki artti’ri’w ja’rdeminde ba’sekileslerge ta’sir ko’rsetiw;
j) yekonomikada iskerlik ko’rsetiwshi ta’repler ma’plerinin’ bir-birine qarsi’ keliwinen ju’zege keletug’i’n wo’z ara gu’res.

## D. TESTLER

Berilgen sorawlarg’a ma’nisi jag’i’nan yen’ duri’s ha’m toli’q juwapti’ belgilen’.

**1. Qa’tesin tabi’n’.**
**Taza ba’seki bazari’nda:**
A) sati’wshi’ tovar ni’rqi’n wo’zi qa’legenin-she wo’zgerte almaydi’.
B) sati’wshi’lar arasi’nda ba’seki boladi’.
D) sati’wshi’ tovar ni’rqi’n qa’leganinshe wo’zgerte aladi’.
E) sati’wshi’ sani’ni’n’ keskin arti’p ketiwi tovarlar ni’rqi’ni’n’ to’menlewine ali’p keledi.

**2. Oligopolistlik bazarda:**
A) sati’wshi’ birew boladi’.
B) tovar ha’r tur’li boladi’.
D) ni’rqti’ tiykari’nan iri ha’m kishirek fir-malar belgileydi.
E) ba’seki bolmaydi’.

**3. Monopolistlik ba’seki bazari’nda:**
A) bir tu’rdegi tovarlar sati’ladi’.
B) monopolist sati’wshi’lar ko’p boli’p wo’z ara ba’sekilesedi.
D) sati’wshi’ birew boladi’.
E) qari’ydar birew boladi’.

**4. Sati’wshi’lar ba’sekisi na’tiyjesinde:**
A) tovar ni’rqi’ ko’teriledi.
B) tovar tu’rleri ko’beymeydi.
D) tovar ni’rqi’ tu’sedi
E) tovar sapasi’ to’menlep kyetedi.

**5. Tovarg’a bolg’an talap mug’dari’ usi’ni’s mug’dari’nan joqari’ bolg’anda, kimler arasi’nda ba’seki ju’zege keledi?**
A) qari’ydarlar.
B) sati’wshi’lar.
D) sati’wshi’lar menen qari’ydarlar.
E) islep shi’g’ari’wshi’lar menen qari’ydarlar.

**6. Ba’seki na’tiyjesinde tovarlar:**
A) sapasi’ to’menlep, ni’rqi’ ko’teriledi.
B) ni’rqi’ wo’zgermeydi, sapasi’ to’men-leydi.
D) tu’ri ko’beyiwi mu’mkin.
E) ni’rqi’ tu’sedi, sapasi’ bolsa



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**7. Qa'tesin tabi'n':**

A) bazar yekonomikasi' monopoliyag'a qarsi' gu'rese aladi'.

B) ma'mleket monopoliyag'a ta'sirin o'tkere aladi'.

D) ma'mleket monopoliyasi' da bo li'wi' mu'mkin.

E) ha'r tu'rli sheklewler na'tiyjesinde de monopoliya ju'zege keliwi mu'mkin.

**8. Qatesin tabi'n':**

A) sati'wshi'lardi'n' ba'sekilesiwi na'tiy-jesinde ni'rq to'menleydi.

B) xi'zmet ko'rsetiw tarawi'nda ba'seki bolmaydi'.

D) sati'wshi' menen qari'ydar ba'sekile siwi mu'mkin.

E) qari'ydar ba'sekilesiwi na'tiyjesinde ni'rq ko'teriledi.

**9. Qaysi' punktte bazarlardi'n' atlari' mo-nopoliyalasi'w da'rejesinin' arti'wi' ta'r-tibinde jaylasti'ri'lg'an?**

A) taza ba'seki, oligopoliya ba'seki, monopol ba'seki, taza monopol ba'seki.

B) taza ba'seki, monopol ba'seki, taza monopol ba'seki, oligopol ba'seki.

D) taza ba'seki, monopol ba'seki, oligo-pol ba'seki, taza monopol ba'seki.

E) monopol ba'seki, taza monopol ba'seki, oligopol ba'seki taza ba'seki,

**10. Ba'seki wortali'g'i' boli'wi' ushi'n qanday sharayatlar boli'wi' kerek?**

A) sati'wshi'lar ha'm qari'ydarlardi'n' ko'p boli'wi''.

B) tovar ni'rqi'na hesh bir firma ta'sir o'tkere almasli'g'i'.

E) bazarg'a kiriwge hesh qanday tos- qi'nli'qlardi'n' bolmasli'g'i'.

E) joqari'dag'i'lardi'n' barli'g'i'.

**11. To'mendegi wo'zgesheliklerdin' qaysi' biri bazar yekonomikasi'na ta'n yemes?**

A) isbilermenlik.

B) jeke mu'lkshilik.

D) monopoliyani' qollap-quwatlaw.

E) ba'seki.

**12. Bazar yekonomikasi' sharayati'nda:**

A) jumi'ssi'zli'q bolmaydi'.

B) pul qunsi'zlanbaydi'.

D) isbilermenlikke ken' jol ashi'ladi'.

E) baha ko'terilmeydi.

**13. «Ekonomikani'n' siyasattan u'stin bo li'wi'» printsipi:**

A) ma'mlekettin' bas reformator bo-li'wi'n bildiredi.

B) ni'zam ha'm ni'zamlarg'a boysi'ni'w u'stin boli'w za'ru'rligin bildiredi.

D) ha'm ishki, ha'm si'rtqi' eko-nomi- kali'q mu'na'sibetlerdi ide-ologiyadan azat yetiw za'ru'rligin bildiredi.

E) ku'shli yekonomikali'q siyasat ali'p bari'w boyi'nsha ta'sirshen' isilajlar ko'riwdi bildiredi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE





# VI bap. Sali’q sistemasi’

**Usi’ baptag’i’ materiallardi’ u’yreniw na’tiyjesinde to’mendegi bilim, sheberli’k ha’m ko’nlikpelerge iye bolasi’z:**

— sali’q ha’m woni’n’ mazmuni’n biliw;
— sali’q to’lew sawapli’g’i’n an’law;
— ma’mleket ha’m jergilikli sali’qlardi’ aji’rata ali’w;
— O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ Sali’q kodeksi haqqi’nda mag’luwmatqa iye boli’w;
— sali’q to’leminin’ wo’zine say wo’zgesheliklerin tu’siniw;
— sali’q to’lewshilerdin’ huqi’qlari’ ha’m minnetleri haqqi’ndag’i’ mag’luwmatqa iye boli’w;
— sali’q qatnasi’qlari’ni’n’ obekti ha’m subektlerin biliw ha’m wolardi’ aji’rata ali’w;
— sali’q stavkasi’ ha’m woni’n’ tu’rlerin bili’w.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 28-TEMA SALIQLAR HA'M OLARDIN' TU'RLERI




## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HA'M TAPSIRMALAR

1. Belgili bolg'ani'nday, sali'qlar ma'mleket g'a'ziynesine wo'ndiriletug'i'n, ni'zamda ko'rsetilgen ma'jbu'riy to'lemler. Ma'mleketimiz puqaralari' sali'q to'lewshi spati'nda ma'mleketke qanday sali'qlardi' to'leydi?
2. Ne sebepten sali'qlardi' to'lew ma'jbu'riy sanaladi'?
3. Sali'q to'lemleri wolardi' tolewshilerge qanday ko'rinislerde qayti'p keledi?
4. Sali'qlardi'n' wo'z waqti'nda to'lewinen birinshi na'wbette kim ma'pdar: ma'mleket pe yamasa sali'q tolewshiler me?

## SALIQLAR HA'M OLARDIN' MAZMUNI

*Sali'q* — puqara, firma ha'm ka'rxanalardan ma'mleket byudjetine wo'ndiriletug'i'n, ni'zamda ko'rsetilgen ma'jbu'riy to'lew. Sali'qlar ma'mleket byudjetinin' tiykarg'i' da'ramat da'regi yesaplanadi'.

**Sali'q** — puqara, firma ha'm ka'rxanalardan ma'mleket g'a'ziynesine wo'ndiriletug'i'n, ni'zamda ko'rsetilgen ma'jbu'riy to'lew.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ma’mlekette sali’qlardi’ yengiziwden maqset;

— sotsialli’q tovar ha’m xi’zmetlerdi islep shi’g’ari’wdi’ pul menen ta’miynlew;

— xali’q da’ramatlari’n qayta bo’listiriw;

— geybir islep shi’g’ari’w tarawlari’n qollap-quwatlawdan ibarat.

Ma’mleket ja’miyet aldi’ndag’i’ bir qatar sotsialli’q wazi’ypalardi’ wo’z moyni’na alar yeken, wog’an u’lken mug’dardag’i’ pul za’ru’r boladi’. Sol sebepli, ma’mleket ko’rsetiletug’i’n xi’zmetler ushi’n wo’z puqaralari’, firma ha’m ka’rxanalardan sali’q ko’rinisindegi to’lew wo’ndiriledi. Demek, ma’mleket puqarasi’ si’pati’nda ha’r birimiz bizge ko’rsetilip ati’rg’an meditsinali’q xi’zmet, bilimlendiriw, qorg’ani’w xi’zmeti, ja’miyetlik ta’rtipti saqlaw si’yaqli’ xi’zmetler ushi’n ma’mleketke sali’q ko’rinisinde haqi’ to’leydi yekenbiz.

Yekinshi ta’repten, ma’mleket tiyisli tarawda is ju’rgizip ati’rg’an firma ha’m ka’rxanalar to’leytug’i’n sali’qlar mug’dari’n kemeytip, olarg’a belgili sali’q jen’illiklerin beriwi mu’mkin. Bul bolsa ka’rxanalar islerin xoshametlep, islep shg’ari’li’p ati’rg’an wo’nimler ko’leminin’ ko’beyiwine ali’p keliwi mu’mkin. Demek, sali’qlar ja’rdeminde ma’mleket ka’rxanalardi’n’ yekonomikali’q iskerligin xoshametlep turi’wi’ mu’mkin yeken.

Soni’n’ menen birge, ma’mleket xali’qti’n’ kem ta’minlengen bo’leginen azi’raq, bay adamlardan ko’birek sali’q wo’ndirip, xali’q da’ramati’ni’n’ qayta bo’listiriwine u’lesin qosi’wi’ mu’mkin.

Sali’qlar ha’m basqa ma’jbu’riy to’lemler ma’mleket byudjetine yamasa ma’mlekettin’ maqsetli fondi’na kelip tu’sedi. Sali’qtan tu’sken qarji’lar bilimlendiriw, densawli’qti’ saqlaw, huqi’qti’ qorg’aw sistemasi’, ma’mleketti basqari’w organlari’ za’ru’rliklerine, g’arri’li’q napaqalari’na ha’m basqa to’lemlerdi a’melge asi’ri’wg’a jumsaladi’.

## SALIQ TU’RLERI

Ka’rxanalardan, yag’ni’y yuridikali’q ta’replerden ali’natug’i’n sali’q turlerine: ka’rxana paydasi’nan (da’ramati’nan) to’lenetug’i’n sali’q, aktsiz sali’g’i’, ka’rxana mal-mu’lkinen to’lenetug’i’n sali’q , jer sali’g’i’, qosi’msha baha sali’g’i’, ta’biyiy resurslardan paydalang’ani’ ushi’n to’lenetug’i’n sali’q ha’m basqalar kiredi. Respublikami’z ni’zamlari’na muwapi’q du’zilgen ka’rxanalar, firmalar, wo’ndiris ha’m xi’zmet ko’rsetiwshi ka’rxanalar yuridikali’q ta’repler yesaplanadi’.

Sali’qlar tuwri’ ha’m aylanba sali’q tu’rlerine bo’linedi.Puqara ha’m ka’rxanalardan tuwri’dan-tuwri’ ma’mleket g’a’ziynesine wo’ndiriletug’i’n sali’qlar tuwri’ sali’qlar dep ataladi’. Ka’rxana paydasi’nan (da’ramati’nan) ali’natug’i’n sali’q, jer sali’g’i’, da’ramat sali’g’i’ si’yaqli’lari’ tuwri’ sali’qlar qatari’na kiredi.

Puqaralar ta’repinen tuwri’dan-tuwri’ ma’mleketke yemes, al, da’slep tovarlardi’ sati’wshi’ ka’rxanalarg’a to’lenetug’i’n, son’ bolsa ka’rxana ra’repinen ma’mleketke



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

wo’tkeriletug’i’n sali’qlar aylanba sali’qlar dep ataladi’. Aylanba sali’qlarg’a qosi’msha ni’rq sali’qlari’, aktsiz sali’g’i’ si’yaqli’lar kiredi.

**Fizikali’q ta’rep** — O’zbekistan Respublikasi’ puqaralari’, shet el puqaralari’ ha’m puqarali’g’i’ bolmag’an adamlar.

**Yuridikali’q ta’rep** — O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ ni’zamlari’na muwapi’q sho’lkem-lestirilgen ka’rxanalar, firmalar, islep shi’g’ari’w ha’m xi’zmet ko’rsetiw ka’rxanalari’.

**Tuwri’ sali’q** — puqara ha’m ka’rxanalardan tuwri’dan-tuwri’ ma’mleket g’a’ziynesine wo’ndiriletug’i’n sali’q.

**Aylanba sali’q**—puqaralar ta’repinen da’slep tovardi’ sati’wshi’ ka’rxanalarg’a to’lenetug’i’n, son’ ka’rxana ta’repinen ma’mleketke wo’tkeriletug’i’n sali’q.

Ma’mleket puqaralari’nan, yag’ni’y fizikali’q ta’replerden da’ramat sali’g’i’, mal-mu’lk sali’g’i’ ha’m jer sali’g’i’ wo’ndiriledi. O’zbekistan Respublikasi’ puqaralari’, shet el puqaralari’ ha’m puqarali’g’i’ bolmag’an adamlar.

## MAMLEKETLİK HAM JERGİLİKLİ SALİQLAR.

Usi’ni’ ayti’p wo’tiwimiz кereк, bazi’ sali’qlar tuwri’dan-tuwri’ ma’mleкet g’a’ziynesine кelip tu’sedi. Bunday sali’qlar ma’mleкetliк sali’qlar dep ataladi’.

Ma’mleкet sali’qlarg’a qosi’lg’an sali’qlar qunsali’g’i’, aкsiz sali’g’ı кa’rxanalar paydasi’nan (da’ramati’nan) ali’ni’tug’i’n sali’qlar, puxaralardan ali’natug’i’n da’ramat sali’g’i’ si’yaqli’lar кiredi.



**Amir Temur**

(1336 — 1405)

Saqi’pqiran Amir Temur wo’z saltanati’nda ju’da’ ha’m na’tiyjeli sali’q dizimin qa’liplestirgen, wol ma’mlekettgi saliq siyasati’ a’dil boli’wi’na u’lken itibar bergen. “Temur tuzuklari” sali’q haqqinda bi’lay jazadi’: Xirojni ji’yi’w waqti’nda yeki wa’zir shug’ullansi’n. Birewi toplag’an maldi’ jazi’p tekserip tursin, baji’ ali’wshilar puxarag’a zulum qi’li’p wolardi’n’ ahwali’na zi’yan ko’rsetpesin.

Viloyatlarda toplang’an toli’q tovardi’ kiriw da’pterine jazi’wlari’ kerek.

Yeki vazir bolsa shig’in da’pterine jazi’p jiyilg’an mallardi’ sipoh ayli’g’ina qosi’lsi’n.

Amir Temur ma’mleket g’a’ziynesinde yesap kitaplari’ ani’q jolg’a qoyilg’an. Bul ha’zirgi zamandag’i’ ma’mlekettin’ byudjet siyasati’na uqsap kyetedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### Bilesiz be?

Ma’mleketimizde yeki ha’m wonnan da arti’q da’ramat da’regine iye bolg’an fizikali’q ta’repler ha’r ji’li’ 1-aprelge shekem wo’tken ji’l ushi’n sali’q deklaratsiyasi’n tolti’ri’p, sali’q inspektsiyasi’na tapsi’ri’wi’ sha’rt. Deklaratsiyada wo’tken ji’lg’i’ barli’q da’ramatlar ha’m wog’an to’lengen sali’q mug’dari’ ko’rseti’lgen boli’wi’ kerek.

### Tsitata

Xojali’q ju’ritiwshi subektlerdin’ sali’q ju’gin ja’ne de azayti’w, mikrofirma ha’m kishi ka’rxanalar ushi’n birden-bir sali’q to’leminin’ 10 protsentinen 8 protsentine, 2009-ji’ldan baslap 7 protsentke tu’siriliwi, fizikali’q ta’repten ali’natug’i’n da’ramat sali’g’i’ stavkalari’ni’n’ azayti’li’wi’ na’tiyjesinde song’i’ alti’ ji’l dawami’nda is ju’rgizi’p ati’rg’an kishi biznes subektleri sani’ 1,9 yese ko’beydi ha’m 2008-ji’l derlik 400 mi’n’di’ quradi’.

*I’.A. Karimovti’n’ “Jahon moliyaviy-iqtisodiy inqirozi, O’zbekiston sharoitida uni bartaraf etishning yo’llari va choralari” kitabi’nan.*

### BILIMIN’IZDI SINAP KO’RIN’!

1. Sali’qlardi’ yengiziwden maqset ne?
2. Sali’qlar ja’rdeminde qalayi’nsha adamlardi’n’ da’ramatlari’ qayta bo’listiriledi?
3. Ka’rxanalardan qanday sali’qlar ali’nadi’? Puqaralardan she?
4. Tuwri’ ha’m aylanba sali’qlardi’n’ bir-birinen parqi’ nede?
5. Sali’qlardi’ toli’q ha’m waqti’nda to’lew sha’rtpe?
6. Ha’r bir sali’q to’lewshi tapqani’ hadal boli’wi’ ushi’n aldi’n-ala ne islewi za’ru’r dep woylaysi’z?
7. Ma’mleket sali’qtan ji’ynalg’an qarji’lardi’ qanday maqsetke islyetedi?

### Buni’ yadta tuti’n’!

- Ma’mleket byudjetinin’ tiykarg’i’ da’regi yesaplang’an sali’qlarsi’z ma’mleket wo’z wazi’ypalari’n toli’q wori’nlay almawi’ mu’mkin.
- Sali’qlar ma’mleкet ta’repinen puxara, кa’rxana ha’m firmalardan majbu’riy tu’rde wo’ndiriledi.
- Sali’qlardi’n’ tuwri’ sali’q ha’m aylanba sali’q tu’rleri bar.
- Sali’q to’liwshiler yuridiкali’q ha’m fiziкali’q shaqslardan ibarat.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

29-TEMA

# SALIQQA TARTIW TIYKARLARI

**O’zbekistan Respublikasi’ SALI’Q KODEKSI**

- Sali’qlar ha’m barli’q ma’jbu’riy to’lemlerdi belgilew, qollani’w ha’m yesabi’n shi’g’ari’w;
- Sali’qlar ha’m basqa ma’jbu’riy to’lemlerde ma’mleket byujetine ha’m ma’mlekettin’ maqsetli fondi’na to’lew menen baylani’sli’ qatnasi’qlar;
- Sali’q to’lewshilerdin’ sali’q to’lew minnetlerin ori’n-lani’wi’ menen baylani’sli’ qatnasi’qlardi’ ta’rtipke saladi’.

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HA’M TAPSIRMALAR

Joqari’da O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ Sali’q kodekisinin’ 1-statiyasi’ tiykari’nda keltirilgen sxema boyi’nsha to’mendegi sorawlarg’a juwap berin’:

1. Respublikami’zda ha’r tu’rli sali’qlar ha’m basqa ma’jbu’riy to’lewler qaysi’ ni’zam hu’jjeti tiykari’nda yengiziledi?
2. Qanday da bir sali’qti’ biykar yetiw ushi’n ne tiykar boli’p xi’zmet yetiwi mu’mkin?
3. Sali’q kodeksinde ko’zde tuti’lmag’an yamasa wog’an tiykarlanbag’an sali’qti’ respublikami’zda yengiziw mu’mkin be?
4. Sali’q to’lewshiler sali’q minnetlerine boysi’nbag’an jag’dayda nege tiykarlani’p tu’rli juwapkershilikke tarti’li’wi’ mu’mkin?

## SALIQ KODEKSI — SALIQ NIZAMSHILIG’ININ’ TIYKARI

Ma’mleketimizde sali’q ha’m basqa ma’jbu’riy to’lemler O’zbekistan Respublikasi’ Sali’q kodeksi dep atalatug’i’n huqi’qi’y hu’jjet tiykari’nda belgilenedi. Sali’q ha’m basqa ma’jbu’riy to’lemlerdi belgilew, yengiziw, yesaplaw ha’m ma’mleket g’a’ziynesine, maqsetli fondlari’na to’lew menen baylani’sli’ qatnasi’qlar O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ Sali’q kodeksi tiykari’nda a’melge asi’ri’ladi’.

Sali’q kodeksi sali’qqa tarti’w haqqi’ndag’i’ barli’q ni’zam hu’jjetlerinin’ tiykari’n quraydi’ ha’m sali’q qatnasi’qlari’n ta’rtipke sali’p turadi’.

### Yekonomikali’q huqi’q tiykarlari’

Sali’qlar ha’m basqa ma’jbu’riy to’lemler usi’ kodeks penen belgilenedi, wo’zgertiledi yamasa biykar yetiledi.

*O’zbekistan Respublikasi’ Sali’q kodeksi, 2-statya.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## SALIQQA TARTIWDIN’ TIYKARG’I PRINTSIPLERI

Sali’q haqqi’ndag’i’ barli’q ni’zam hu’jjetleri to’mendegi printsiplerge tiykarlanadi’:

— *ma’jbu’riylik*, bul printsipke tiykari’nan sali’qlar barli’q puqaralar ushi’n ma’jbu’riy to’lew yesaplanadi’.

— *ani’qli’li’q* printsipi boyi’nsha, sali’q ha’m basqa ma’jbu’riy to’lemlerdi qansha mug’darda, qanday ta’rtipte to’lew tu’sinikli yetip ko’rsetilgen boli’wi’ kerek;

— *a’dillik* printsipine tiykari’nan sali’q sali’w uli’wmali’q boli’p, sali’q sestemasi’ jen’illiklerin belgilew sotsialli’q a’dillik printsipine tuwri’ keliwi ha’m adamdi’ kemsitiwge jol qoyi’lmaydi’;

— *jekkelik* printsipi boyi’nsha, sali’q sistemasi’ O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ aymag’i’nda barli’q sali’q to’lewshilerge birdey yesaplanadi’;

— *ashi’q-aydi’nli’q* printsipi boyi’nsha, sali’q sali’wdi’ ta’rtipke sali’wshi’ ha’r qanday normativ-huqi’qi’y hu’jjetler ra’smiy basi’li’mlarda ja’riyalani’wi’ sha’rt;

— *sali’q to’lewshinin’ haqli’g’i’* printsipi boyi’nsha, sali’qqa baylani’sli’ hu’jjetlerde ani’qlang’an ha’r qanday qa’te sali’q to’lewshi paydasi’na sheshiledi.

## SALIQ SUBIEKTI, OBIEKTI HA’M STAVKASI

Sali’q qatnasi’qlari’nda yeki ta’rep — sali’q to’lewshiler ha’m sali’q w’ndiriwshiler qatnasadi’. Sali’q wo’ndiriwshi ta’rep te sali’q qatnasi’qlari’ subiekti esaplani’p, wog’an ma’mleket ta’repinen sali’q wo’ndiriwge wa’killik berilgen organlar kiredi. Ma’mleketlik sali’q xi’zmeti, baji’xana, finans sho’lkemleri ma’mlekettin’ wa’killik organi’ yesaplanadi’.

Sali’q obiekti dep sali’q to’lew lazi’m bolg’an da’ramat, mal-mu’lk yamasa tovarg’a ayti’ladi’. A’melde sali’q to’lewi sali’q obiektine qarati’lg’an boladi’. Sali’q obiekti iyesi bolsa bul sali’qti’ to’lewge lazi’m boladi’. Sali’qti’n’ uluwma mug’dari’ sali’q sali’w stavkasi’na baylani’sli’. Sali’q sali’natug’i’n obiektler da’ramat, mu’lk yamasa tovarlar tu’rli wo’lshem birliklerinde o’lshenedi. Mi’sali’, da’ramat ha’m payda — pul birliginde, jer maydani’ — kvadrat metrde, tovar — danada o’lshenedi.

Sali’q stavkasi’ dep sali’q obiektinin’ ha’r bir birligi ushi’n ma’mleket ta’repinen belgilep qoyi’lg’an normasi’na ayti’ladi’.

Sali’q subiektleri — sali’q to’lewshiler ha’m sali’q w’ndiriwshiler.
Sali’q obiekti — sali’q to’lewi lazi’m bolg’an da’ramat, mal-mu’lk yamasa tovar.
Sali’q stavkasi’ — sali’q obiektinin’ ha’r bir birligi ushi’n ma’mleket ta’repinen belgilengen norma.

Sali’q stavkasi’, qatan’—pul birligine, sali’sti’rmali’—protsentlerde beriliwi mu’mkin. Ma’selen, 2010-ji’l yanvar ayi’nda avtotransport iyeleri sati’p alg’an ha’r bir litr benzin ushi’n 160 swm qatan’ sali’q to’legen. Qosi’lg’an qun sali’g’i’ bolsa ja’mi



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

jarati'lg'an qosi'msha qun ni'rqi'ni'n' 20 procsenti mug'dari'nda, yag'ni'y sali'sti'rmali' stavkada belgilengen.

Sali'q stavkalari' sali'qqa tarti'latug'i'n da'ramat obiektinin' mug'dari'na qarap: *proportsional*, *progressiv*, *regressiv* tu'rlerge bo'linedi.

*Proportsional sali'q stavkasi'*nda sali'qqa tarti'li'p ati'rg'an obiekt qanday boli'wi'na qaramastan, bir tu'rdegi u'leste sali'q to'leydi. Mi'sali', ka'rxanalardi'n' mal-mu'lkinin' quni' ko'p yamasa az boli'wi'na qaramastan wo'ndiriletug'i'n mal-mu'lk stavkasi' 3,5 protsentti quraydi'.

*Progressiv sali'q stavkasi'*nda da'ramat obiekti ko'beyiwi menen stavkasi' da ko'beyip baradi'. Bul sali'q stavkasi' ma'mleketimizde tek g'ana fizikali'q ta'repler da'ramatlari'nan wo'ndiriletug'i'n sali'qta qollani'ladi'.

*Regressiv sali'q stavkasi'*nda bolsa da'ramat wo'sip bari'wi' menen sali'q stavkasi' azayi'p baradi'.

**Bilesiz be?**

Respublikami'zda sali'qlardan ti'sqari' to'mendegi ma'jbu'riy to'lemler de yengizilgen:
— sotsialli'q fondlarg'a, atap aytqanda, Pensiya fondi'na ma'jbu'riy to'lewler;
— Respublika jol fondi'na ma'jbu'riy to'lemler;
— ma'mleketlik baji';
— baji'xana to'lemleri ha'm basqalar.

**BILIMIN'IZDI SINAP KO'RIN'!**

1. Ma'mleketimiz sali'q ni'zamshi'li'q hu'jjetleri nege tiykarlang'an?
2. Sali'qqa tarti'wdi'n' tiykarg'i' printsiplerin sanap berin'.
3. Sali'q sali'w subiekti ha'm obiektinin' bir-birinen ayi'rmashi'li'g'i'n ayti'n'.
4. Sali'q stavkasi' degen ne ha'm wol qanday ko'riniste qollani'ladi'?
5. Sali'q stavkasi'ni'n' tu'rlerin sanan' ha'm olarg'a mi'sal keltirin'.
6. Sali'qlar ha'm basqa ma'jbu'riy to'lew stavkalari' kim ta'repinen belgilenedi?

**Buni' yadta saqlan'!**

- Ma'mleketimizdegi sali'q sistemasi' ma'jbu'riyli'k, ani'qli'q, a'dillik, jekkelik, ashi'q-aydi'nli'q ha'm sali'q to'lewshilerdin' haqli'g'i' printsiplerine tiykarlanadi'.
- Sali'q stavkalari' sali'qqa tarti'latug'i'n da'ramat obiektinin' wo'zgesheligine qaray, proportsional, progressiv, regressiv tu'rde belgilenedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# SALIQ TO'LEWSHILERDIN' HUQIQLARI HA'M MINNETLERI

## 30-TEMA













### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HA'M TAPSIRMALAR

1. 1-4 su'wretlerde su'wretlengen puqaralardi'n' sali'q to'lewshi si'pati'nda qanday huqi'qlari' ha'm minnetleri boli'wi' mu'mkin?
2. 3-su'wrette su'wretlengen isbilermennin' sali'q to'lewshi si'pati'nda huqi'qi' buzi'lg'anda wol kimge mu'ra'ja'a't yetiwi lazi'm?
3. 4-su'wrette su'wretlengen sati'wshi' sali'q inspektori' aldi'nda wo'zinin' qaysi' huqi'qlari'nan paydalani'wi' mu'mkin dep woylaysi'z?
4. Sali'q to'lewshilerdin' huqi'qlari' kim ta'repinen kepillenedi?

### SALIQ TO'LEWSHILERDIN' HUQIQLARI

Sali'q to'lewshiler bir qatar huqi'q ha'm minnetlerge iye. Wolardi'n' huqi'q ha'm minnetleri a'meldegi Sali'q kodeksi, O'zbekistan Respublikasi'ni'n' «Ma'mleketlik sali'q xi'zmeti haqqi'nda»g'i' ni'zam ha'm sali'q boyi'nsha basqa huqi'qi'y hu'jjetlerinde belgilep qoyi'lg'an.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ma'mleket sali'q to'lewshilerdin' huqi'qlari'n ni'zam menen bekkemlep, sali'q to'lewshinin' ma'pin qorg'awi' menen bir waqi'tta, sali'q sistemasi'nda ju'z beriwi mu'mkin bolg'an a'dilsizliklerdin' aldi'n aladi'. Sali'q to'lewshinin' wo'z huqi'qlari'n biliwi bolsa wog'an wo'z ma'pin qorg'aw ushi'n mu'mkinshilik jaratadi'. Sali'q to'lewshilerdin' huqi'qlari' ma'mleket ta'repinen kepillenedi.

Sali'q to'lewshilerdin' tiykarg'i' huqi'qlari' to'mendegilerden ibarat:

—sali'qqa tiyisli ma'seleler boyi'nsha sali'q organlari'nan za'ru'r ma'sla'hat ha'm tu'rli mag'luwmatlar ali'w;

—ma'mleket ta'repinen belgilengen sali'q jen'illiklerinen paydalani'w;

—belgilengeninen arti'qsha to'lengen sali'qlardi' qaytari'w boyi'nsha sali'q worganlari'na mu'ra'ja'a't yetiw;

—sali'q organlari'nan wo'zinin' byudjet aldi'ndag'i' sali'qlar boyi'nsha qari'zi' bar yamasa joq ekenligi haqqi'nda za'ru'r mag'luwmatlardi' ali'w;

—wo'zinin' sali'q to'lewshi si'pati'nda huqi'qlari' buzi'lg'an jag'dayda tiyisli jerlerge ari'z yetiw;

—sali'qshi' to'leniwi tiyis bolg'an sali'q ji'yi'nlari'n yesaplag'anda qa'tege jol qoyg'an bolsa, usi' qa'teni wo'z i'qti'yari' menen wo'z betinshe du'zetiw.

## SALIQ TO'LEWSHILERDIN' MINNETLERI

Ha'r bir fizikali'q yamasa yuridikali'q ta'rep sali'q to'lewshi si'pati'nda ja'miyetimiz ha'm ma'mleketimiz aldi'nda bir qatar minnetlerdi wo'z moyni'na ali'wi' ha'm ori'nlawi' sha'rt. Sebebi, sali'q to'lewshiler moyni'ndag'i' wazi'ypalardi' ori'nlap, sali'q to'lemlerin wo'z waqti'nda a'melge asi'rsa bunnan pu'tkil ja'miyet ma'pdar boladi'.

Sali'q to'lewshilerdin' minnetleri to'mendegilerden ibarat:

—sali'q to'lewshi fizikali'q yamasa yuridikali'q ta'rep boli'wi'na qaramastan, belgilengen mu'ddette sali'q organlari'nan dizimnen wo'tiw;

— ka'rxana ma'kan jayi' wo'zgergen waqi'tta jergilikli sali'q worganlari'na bul haqqi'nda wo'z waqti'nda xabar beriw;

—sali'qlardi'n' ni'zamda belgilengen mug'dari'n wo'z waqti'nda to'lew;

—sali'q to'lewshi fizikali'q ta'rep da'ramatlar haqqi'ndag'i' deklaratsiyani' ha'm yuridikali'q ta'repler bolsa sali'qlar boyi'nsha za'ru'r esap-kitaplardi' jergilikli sali'q worganlari'na wo'z waqti'nda tapsi'ri'w;

—sali'q boyi'nsha jen'illiklerden paydalang'an waqi'tta usi' jen'illikler huqi'qi'n tasti'yi'q-laytug'i'n hu'jjetlerdi jergilikli sali'q worganlari'na wo'z waqti'nda tapsi'ri'w;

—sali'q ni'zami' buzi'lg'anda sali'q organlari'ni'n' buni' saplasti'ri'w boyi'nsha talaplari'n wori'nlaw.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sali'q to'lewshinin' joqari'da sanap wo'tilgen minnetlerin atqari'wi', sali'q sistemasi'nda ni'zamg'a qarsi' ha'reketler boli'wi'ni'n' aldi'n aladi'. Oni'n' wo'z minnetlerin biliwi ha'm shi'n kewilden ori'nlawi' sali'q wo'ndiriwshi — ma'mleket ushi'n g'ana yemes, al, sali'q to'lewshinin' wo'zi ushi'n da a'hmiyetli. Sebebi, bul woni'n' qolaysi'z jag'dayg'a tu'sip qali'wi'ni'n' aldi'n aladi' ha'm ti'ni'shli'qta is ju'rgiziw ushi'n sharayat jaratadi'.

Sali'q to'lewshiler joqari'da keltirilgen minnetlerge boysi'nbasa, sali'q ni'zamshi'li'g'i'nda ko'zde tuti'lg'an ta'rtipte juwapkershilikke tarti'ladi'.

### Yekonomikali'q huqi'q tiykarlari'

Fizikali'q ta'replerdin' sali'qqa tiyisli huqi'qti' buzg'ani' ushi'n juwapkershiligi on alti' jastan baslap iske tu'sedi.

*O'zbekistan Respublikasi' Sali'q kodeksi, 107-statya.*

### Tariyxqa na'zer

Ulli' babami'z Alisher Nawayi' a'piwayi' adamlarg'a «Sali'qti' to'lewden bas tartpawi'n ma'sla'ha't berdi, sebebi, bunday ha'reket, wo'z sheriklerine zi'yan keltiriw menen barabar» dedi. Alisher Nawayi'ni'n' sali'q haqqi'ndag'i', baj-hiraj to'lew haqqi'ndag'i' pikirleri g'a'rezsiz ma'mleketimiz sali'q sistemasi' haqqi'ndag'i' bilimlerdin' tariyxi'y tiykarlari'n bilip ali'wg'a ja'rdem beriwi ta'biyiy.

A'mir Temur yekonomikali'q ko'zqaraslari'nda sali'q ma'selesine ayri'qsha a'hmiyet bergen. Saxi'pqi'ran wo'z da'wrinde sali'q siyasati'n xali'q ma'pinen kelip shi'qqan halda a'melge asi'rg'an. Wol yeger xali'q sali'q sistemasi' sebepli ka'mbag'allasi'p ketse, ma'mleket te aqi'ri'nda ka'mbag'allasadi', xali'qti'n' bayda'wletli boli'p jasawi' ushi'n a'dil sali'q sistemasi' za'ru'r dep yesaplag'an.

### BILIMIN'IZDI SINAP KO'RIN'!

1. Sali'q to'lewshilerdin' qanday huqi'qlari' bar?
2. Bul huqi'qlar kim ta'repinen ha'm qanday kepillenedi?
3. Ma'mleket sali'q to'lewshi huqi'qlari'ni'n' kepillewinin' sebebi nede dep woylaysi'z?
4. Sali'q to'lewshinin' wo'z huqi'qlari'n biliwi wog'an qanday payda beredi?
5. Sali'q to'lewshinin' minnetlerin sanap berin'.
6. Sali'q to'lewshinin' minnetlerin shi'n kewilden atqari'wi'nan kim ma'pdar?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# VI BAPTI TA'KIRARLAW USHIN SORAW HA'M TAPSIRMALAR

## A. SORAWLAR

1. Sali'q ha'm basqa ma'jbu'riy to'lemlerdi to'lew sali'q to'lewshi si'pati'nda ha'r bir adam ushi'n ha'm qari'z, ha'm pari'z degen pikirdi qalay tu'sindiresiz?
2. Sali'q to'lewdin' sawap is yekenligin tiykarlan'.
3. Ma'jbu'riy to'lemlerdin' qanday tu'rlerin bilesiz?
4. Sali'qlar ha'm basqa ma'jbu'riy to'lemlerden tu'sken qarji'lar qanday maqsetlerde isletiledi?
5. Ulli' babami'z Alisher Nawayi'ni'n' sali'q haqqi'ndag'i' pikirleri haqqi'nda ayti'p berin'.
6. Sali'q kodeksi haqqi'nda nelerdi bilesiz?
7. Sali'qqa tarti'wdi'n' tiykarg'i' printsiplerin sanap berin'.
8. Sali'q to'lewdin' wo'zine ta'n wo'zgesheliklerin sanap berin'.
9. Sali'q to'lewshilerdin' tiykarg'i' huqi'q ha'm minnetleri haqqi'nda ayti'p berin'.
10. Ma'mleketlik ha'm jergilikli sali'qlardi'n' bir-birinen parqi' nede?
11. Ulli' babami'z A'mir Temurdi'n' sali'q haqqi'ndag'i' ko'z qaraslari' haqqi'nda ne bilesiz?
12. Sali'q to'lewshi yuridikali'q ha'm fizikali'q ta'replerdin' parqi'n tu'sindirip berin'.
13. Sali'qlardi'n' qanday tu'rlerin bilesiz?
14. Tuwri' ha'm aylanba sali'qlarg'a mi'sal keltirin'. Wolardi'n' bir-birinen ayi'rmashi'li'g'i' nede?

## B. TAPSIRMALAR

To'mende da'slep atamalardi'n' atlari', son' wolardi'n' talqi'lawlari' berilgen. Ha'r bir atamag'a say talqi'lawdi' tabi'n'.

**ATAMALAR:**

1. Sali'q
2. Sali'q kodeksi
3. Fizikali'q ta'rep
4. Yuridikali'q ta'rep
5. Sali'q obiekti
6. Sali'q subiekti
7. Sali'q stavkasi'
8. Sali'q to'lewshiler
9. Wa'killikli organlar

**TALQILAWLAR:**

a) sali'q to'lew tiyis bolg'an da'ramat, mal-mu'lk yamasa tovar;
b) O'zbekistan Respublikasi' puqaralari', shet el puqaralari' ha'm puqarali'g'i' bolmag'an adamlar;
d) sali'qqa tarti'w haqqi'ndag'i' barli'q ni'zam hu'jjetlerinin' tiykari'n quraytug'i'n ha'm sali'q qatnasi'qlari'n ta'rtipke sali'wshi' hu'jjet;



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

e) sali'q to'lewshiler ha'm wa'killikli organlar;
f) puqara, firma ha'm ka'rxanalardan ma'mleket g'a'ziynesine wo'ndiriletug'i'n, ni'zamda ko'rsetilgen minnetli to'lem;
g) sali'qlar ha'm basqa ma'jbu'riy to'lemlerdi a'melge asi'ri'w minneti moyni'nda bolg'an ha'r qanday fizikali'q ha'm yuridikali'q ta'rep;
k) O'zbekistan Respublikasi'ni'n' ni'zamlari'na muwapi'q sho'lkemlestirilgen, wo'z mu'lki menen sudta dawager ha'm juwapker bola alatug'i'n sho'lkem;
i) ma'mleket ta'repinen ni'zam tiykari'nda sali'q ha'm basqa minnetli to'lemlerdi o'ndiriw wazi'ypasi' qoyi'lg'an ha'm wa'killik berilgen ma'mleket organlari' ha'm sho'lkemleri;

## D. TESTLER

Berilgen sorawg'a ma'nisi jag'i'nan yen' tuwri' ha'm toli'q juwapti' belgilen'.

**1. To'lengen sali'qlar qay jerge bari'p tu'sedi?**
A) Napaqa fondi'na.
B) Ma'mleket byudjetine.
D) Ka'rxanalar esabi'na.
E) Fondlarg'a.

**2. Sali'qlardan tu'sken qarji'lar qaysi' tarawlarg'a jiberiledi?**
A) Bilimlendiriw.
B) Ma'mleketlik basqari'w organlari'.
D) Densawli'qti' saqlaw.
E) Ba'rshe juwaplar duri's.

**3. Sali'q to'lemlerin yengiziw, sali'q stavkalari'n belgilew ha'm sali'q to'lew menen baylani'sli' basqa qatnasi'qlar qaysi' ni'zam hu'jjeti tiykari'nda a'mel-ge asi'ri'ladi'?**
A) Puqarali'q kodeksi.
B) Sali'q kodeksi.
D) Konstitutsiya.
E) Sali'q komitetinin' qararlari'.

**4. Tuwri'dan-tuwri' ma'mleket g'a'ziy-nesine kelip tu'setug'i'n sali'qlar qalay ataladi'?**
A) Tuwri' sali'qlar.
B) Aylanba sali'qlar.
D) Ma'mleket sali'qlari'.
E) Jergilikli sali'qlar.

**5. Ma'mleketimizde wo'tken ji'ldi' yeki ha'm wonnan arti'q da'ramat da'regine iye bolg'an puqaralar usi' ji'ldi'n' qaysi' sa'nesine shekem sali'q dekloratsiya-lari'n tolti'ri'p sali'q inspektsiyasi'na tapsi'ri'wi' sha'rt?**
A) 1-yanvarg'a shekem.
B) 1-martqa shekem.
D) 1-aprelge shekem.
E) 31-dekabrge shekem.

**6. Qaysi' juwapta sali'q to'lewshilerdin' huqi'qlari'ni'n' birewi keltirilgen?**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

A) Sali'q jen'illiklerinen paydalani'w.
B) Sali'q organlari'nan dizimnen wo'tiw.
D) Sali'qlardi' wo'z waqti'nda to'lew.
E) Sali'q dekloratsiyasi'n wo'z waqti'nda tapsi'ri'w.

**7. Qaysi' juwapta tek g'ana ma'mleket sali'qlari' keltirilgen?**

A) Yuridikali'q ta'replerden ali'natug'i'n payda sali'g'i', aktsiz sali'g'i'.
B) Fizikali'q ta'replerden ali'natug'i'n da'ramat sali'g'i', qosi'lg'an qun sali'g'i'.
D) Jer asti' ha'm jer u'sti resurslari'n paydalang'ani' ushi'n sali'qlar.
E) Barli'q juwaplar duri's.

**8. Qaysi' juwapta tek g'ana jergilikli sali'qlar ko'rsetilgen?**

A) mal-mu'lik sali'g'i' ha'm aktsiz sali'g'i'.
B) jer sali'g'i' ha'm qosi'lg'an qun sali'g'i'.
D) mal-mu'lik sali'g'i' ha'm jer sali'g'i'.
E) qosi'lg'an qun sali'g'i' ha'm aktsiz sali'g'i'.

**9. Yeger adamlar sali'q sistemasi' arqali' ka'mbag'allasi'p ketse, ma'mleket te aqi'bette ka'mbag'allasadi', xali'qti'n' bayda'wletli jasawi' ushi'n a'dil sali'q sistemasi' za'ru'r dep yesaplag'an ulli' babami'z kim?**

A) Alisher Nawayi'.
B) A'mir Temur.
D) Mi'rza Ulug'bek.
E) Zaxriddin Muxammed Babur.

**10. Qaysi' juwapta tek yuridikali'q ta'rep biyligine iye sali'q to'lewshiler keltirilgen?**

A) respublikadag'i' ka'rxanalar ha'm O'zbekistan puqaralari'.
B) shet el ka'rxanalari' ha'm shet el puqarasi'.
D) O'zbekistan puqaralari' ha'm shet el puqaralari'.
E) respublikami'zdag'i' ka'rxanalar ha'm shet el ka'rxanalari'.

**11. O'zbekistan Respublikasi'ni'n' sali'q stavkasi'ni'n' qaysi' tu'rleri a'melde qollani'ladi'?**

A) progressiv.
B) proportsional.
D) tuwri' ha'm aylanba.
E) joqari'dag'i'lardi'n' ha'mmesi.

**12. Qaysi' juwapta sali'q qatnasi'qlari'ni'n' subiektleri keltirilgen?**

A) sali'q to'lewshiler ha'm wa'killik organlari'.
B) shet el puqaralari'.
D) ma'mleket puqaralari' ha'm ka'rxanalar.
E) napaqadag'i'lar ha'm jumi'sshi'lar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## BILIMIN'IZDI SINAP KO'RIN'

**8-klass boyi'nsha o'tilgenlerdi ta'kirarlaw ushi'n test sorawlari' (juwmaqlawshi' baqlaw jumi'si'ni'n' u'lgisi)**

**1. Tan'lawdi'n' alternativ quni' — bul:**
A. imkaniyatlar ishinen paydali' ja-g'i'nan yekinshi wori'nda turatug'i'ni'.
B. Tan'lang'an imkaniyatti'n' wo'zi.
D. Tan'law na'tiyjesinde bas tarti'lg'an imkaniyatlardi'n' barli'g'i'.
E. Tan'law na'tiyjesinde bas tarti'lg'an, yen' u'lken paydag'a beretug'i'n im-kaniyat.

**2. Tuwri' qatardi' tabi'n'. insan za'ru'rlikleri...**
A. Sheklengen, sebebi insan sanawli waqi't arali'g'i'nda o'mir kes-hiredi.
B. Sheksiz, sebebi insan a'rman-tileginin' shegi joq.
D. Sheklengen, sebebi resurslar shek-lengen.
E. Sheksiz, sebebi biz jasap ati'rg'an ma'kanni'n' shegarasi' joq.

**3. Ekonomikani' ne sebepten u'yrenemiz?**
A. Ekonomikani' bilgen adam u'nemli boladi'.
B. Ekonomikani' bilgen adam jaqsi' isbilermen boladi'.
D. Ekonomikani' jaqsi' bilgen adam aqi'l menen yekonomikali'q sheshim qabi'llay aladi'.
E. Joqari'dag'i'lardi'n' ha'mmesi duri's.

**4. Natuwri' qatardi' ani'qlan'.**
A. Barli'q yekonomikali'q siste-malar tan'-law mashqalasi'na dus keledi.
B. insan ruwxi'y za'ru'rliklersiz jaqsi' turmi's keshire almaydi'.
D. insan sheksiz ma'kanda jasay-di', sol sebepli yekonomikali'q resurslardi'n' da shegi joq.
E. insan za'ru'rliklerinin' shegi joq.

**5. Ekonomikani'n' tiykarg'i' mashqalasi' — bul:**
A. Ta'biyiy resurslardi'n' sheklen-genligi.
B. insan za'ru'rliklerinin' sheksi-zligi.
D. insan za'ru'rliklerin qanaatlandi'ri'w.
E. insanni'n' sheksiz za'ru'rliklerin qanaatlandi'ri'w ushi'n za'ru'r resurs-lardi'n' sheklengenligi.

**6. Wo'ndiris faktorlari' — bul:**
A. Miynettin' bo'listiriliwi ha'm qa'nigelesiwi.
B. Tek imarat, quri'li'slar, a'sbap-u'skeneler ha'm stanoklar.
D. Tek jumi'sshi'lar sheberligi ha'm texnologiya.
E. Ta'biyiy faktor, miynet faktori',



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

kapital ha'm isbilermenlik faktori'.

**7. Qaysi' juwap uluwmalasti'ri'p berilgen? Miynet wo'nimdarli'g'i' — bul...**

A. Bir resurs birliginen paydalani'p, islep shi'g'ari'lg'an wo'nim mug'dari'.
B. Waqi't birligi ishinde islep shi'g'ari'lg'an tovar ko'lemi.
D. Bir jumi'sshi' islep shi'g'arg'an wo'nim mug'dari'.
E. Bir jumi'sshi' islep shi'g'arg'an wo'nimnin' puldag'i' quni'.

**8. Miynet bo'listiriliwi:**

A. Ni'rqlardi'n' o'siwine ali'p keledi.
B. Miynet wo'nimdarli'g'i'n kemeytedi.
D. Da'ramatlardi' tegis bo'listiriw mu'm-kinshiligin beredi.
E. Miynet wo'nimdarli'g'i'n artti'radi'.

**9. Miynet wo'nimdarli'g'i'na ne ta'sir ko'rsyetedi?**

A. Texnologiyalardi' qollaw.
B. Qa'nigelesiw.
D. Jumi'sshi'lardi'n' ka'siplik sheberligi.
E. Joqari'dag'i'lardi'n' ha'mmesi.

**10. To'mendegi o'zgesheliklerdin' qaysi' biri woraylasqan jobali' yekonomikag'a ta'n yemes?**

A. Jobali' wo'ndiris.
B. Belgilengen ni'rqlar.
D. Buyri'qpazli'q.
E. Yerkin ni'rqlar.

**11. Bazar yekonomikasi' degende neni tu'si-nesiz?**

A. Bazar qatnasi'qlari' qag'i'ydalari' tiykari'nda basqari'latug'i'n ekonomi-ka.
B. Shan'araq, u'y xojali'g'i'n ju'rgiziwde bazar qatnasi'qlari'n esapqa ali'w.
D. Sati'wshi' ha'm qari'ydar arasi'ndag'i' ni'rqti'n' bazar ta'repinen belgileniwi na'tiyjesindegi yekonomika.
E. Adamlar ortasi'ndag'i' yerkin ekonomikali'q baylani's, qatnas.

**12. «Ne, qalay ha'm kim ushi'n islep shi'g'ari'w kerek»? degen mashqalag'a qay jerde dus keledi?**

A. Tek g'ana da'stur'iy yekonomikada.
B. Tek woraylasqan jobali' yekonomikada.
D. Tek bazar yekonomikasi'nda.
E. Ha'r qanday yekonomikali'q sistemada.

**13. Yeger islep shi'g'ari'wshi' barli'q resurs-lari'n iske salsa, ko'bi menen 100 dana A tovardan ha'm 200 dana B tovardan islep shi'g'aradi' A tovardan 120 dana islep shi'g'ari'wg'a qalay yerisiw mu'm-kin?**

A. Hesh bir sharayatta bug'an erisip bolmaydi'.
B. Qatti' u'nemlilik penen yerisiw



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

mu'mkin.

D. B tovardi' islep shi'g'ari'wdi' kemeytiw arqali' yerisiw mu'mkin.

E. Tek g'ana qosi'msha qa'rejet sarplap yerisiw mu'mkin.

**14. Aralas yekonomika qaysi' yekonomikali'q sistemalardi'n' elementlerin wo'z ishine aladi'?**

A. Tek woraylasqan ha'm da'stu'riy yekonomikani'n'.

B. Tek da'stu'riy ha'm bazar yekonomikasi'ni'n'.

D. Barli'q yekonomikali'q sistemani'n'.

E. Oraylasqan ha'm bazar yekonomikasi'ni'n'.

**15. To'mende keltirilgen wo'ndiristi sho'lkemlestiriwde miynetti bo'listiriw a'melge asi'ri'lg'an ba?**

A. Bir fabrika asxana mebeli, ekinshisi bolsa jataqxana ushi'n jumsaq mebel islep shi'g'aradi'.

B. Bir firma kompyuter, ekinshisi bolsa printer islep shi'g'aradi'.

D. Bir boyawshi' diywaldi' boyawg'a tayarlaydi', ekinshisi bolsa boyaydi'.

E. Braziliya kofe, Hindistan shay islep shi'g'aradi'.

**16. Bazar-bul:**

A. Sati'wshi' ha'm qari'ydarlar ushi'rasa-tug'i'n jer.

B. Tovar ha'm xizmetler almasti'ri'latug'i'n jer.

D. Wo'ndiristi tuti'ni'w menen baylani'sti'ratug'i'n qural.

E. Naduri's juwap joq.

**17. Tovardi'n' narqi' bul:**

A. Sati'wshi'ni'n' tovar ushi'n almaqshi' bolg'an pul mug'dari'.

B. Qari'ydardi'n' tovar ushi'n to'lemekshi bolg'an pul mug'dari'.

D. Tovardi' islep shi'g'ari'w ushi'n sarp-lang'an ja'mi qa'rejet mug'dari'.

E. Sati'wshi' tovardi' sati'wg'a ha'm qari'ydar bolsa tovar ushi'n to'lewge razi' bolg'an pul mug'dari'.

**18. Pul qanday qa'siyetlerge iye boli'wi' kerek?**

A. Qolay ha'm i'qsham.

B. Bekkem ha'm turaqli'.

D. Siyrek ha'm qalbekilestiriw qi'yi'n.

E. Joqari'dag'i'lardi'n' barli'g'i'.

**19. Tovar islep shi'g'ari'w ushi'n za'ru'r bolatug'i'n resurslar ni'rqi' o'zgergende:**

A. Usi'ni's mug'dari' wo'zgeredi.

B. Talap ta, usi'ni's ta wo'zgermeydi.

D. Tovarg'a bolg'an talap wo'zgeredi.

E. Tovar usi'ni'si' wo'zgeredi.

**20. To'mendegi faktorlardan qaysi' biri talapqa ta'sir etpeydi:**

A. Tovardi' paydalani'wshi'lar sani'ni'n' wo'zgeriwi.

B. Tuti'ni'wshi'lar da'ramati'ni'n' wo'zgeriwi.

D. Bazarg'a tovardi'n' ko'p mug'darda



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ali’p keliniwi.

E. Tovar ni’rqi’ni’n’ arti’wi’ ku’tiliwi.

**21. Usi’ni’s mug’dari’ belgili bir waqi’t dawami’nda:**

A. Qari’ydarlardi’n’ belgili ni’rqta sati’p ali’wi’ mu’mkin bolg’an tovar mug’dari’.

B. Sati’wshi’lardi’n’ islep shi’g’ari’wi’ mu’mkin bolg’an tovar mug’dari’.

D. Sati’wshi’lardi’n’ belgili bir ni’rqta sati’wi’ mu’mkin bolg’an tovar mug’dari’.

E. Sati’wshi’lar ta’repinen bazarg’a ali’p kelingen uluwma tovar mug’dari’.

**22. Tovarg’a bolg’an talap mug’dari’ woni’n’ usi’ni’s mug’dari’nan ko’p bolsa, bazarda:**

A. Tovar sati’lmastan toplani’p qaladi’.

B. Tam-tari’sli’g’i’ ju’zege keledi.

D. Ten’salmaqli’q payda boladi’.

E. Sati’wshi’lar arasi’nda ba’seki ju’zege keledi.

**23. Ba’seki na’tiyjesinde tovarlar:**

A. Sapasi’ jamanlasadi’, ni’rqi’ ko’teriledi.

B. Ni’rqi’ wo’zgermeydi, sapasi’ jamanlasadi’.

D. Tu’ri ko’beyiwi mu’mkin.

E. Ni’rqi’ tu’siwi, sapasi’ bolsa jaqsi’lani’wi’ mu’mkin.

**24. To’mendegi wo’zgesheliklerdin’ qaysi’ biri bazar yekonomikasi’na ta’n yemes?**

A. isbilermenlik.

B. Jeke mu’lkshilik.

D. Monopoliyani’ quwatlaw.

E. Ba’seki.

**25. «Ekonomikani’n’ siyasattan u’stinligi» printsipi:**

A. Ma’mlekettin’ bas reformator boli’wi’.

B. Ni’zam ha’m ni’zamg’a boysi’ni’wi’ bekkem boli’w za’ru’rligin bildiredi.

D. Ha’m ishki, ha’m si’rtqi’ ekonomikali’q mu’na’sibetlerdin’ ideologiyadan azat boli’wi’n bildiredi.

E. Ku’shli sotsialli’q siyasat ali’p bari’w boyi’nsha ta’sirshen’ shara-ilajlar ko’riwdi bildiredi.

**26. Ekonomikag’a baylani’sli’ da’slepki ki- tap kim ta’repinen jazi’lg’an?**

A. Adam Smit.

B. Aristotel.

D. Ksenofont.

E. Alfred Marshall.

**27. Tovarg’a bolg’an talap ha’m usi’ni’s to’mendegi keste ko’rinisinde berilgen. Tovardi’n’ turaqli’ ni’rqi’ (swm), turaqli’ mug’dari’ (dana) ha’m sati’w ko’lemin ani’qlan’.**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| *Tovardi’n’ ni’rqi’* | 400 | 800 | 1200 | 1600 |
| *Tovardi’n’ mug’dari’* | 15 | 10 | 5 | 0 |
| *Usi’ni’s mug’dari’* | 8 | 10 | 14 | 20 |

A. 400 swm, 10 dana, 4000 swm.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

B. 800 swm, 10 dana, 4000 swm.
D. 800 swm, 10 dana, 8000 swm.
E. 1200 swm, 10 dana, 8000 swm.

**28. Sali'qqa tarti'latug'i'n da'ramat, mal-mu'lk yamasa tovar qalay ataladi'?**
A. Sali'q subiekti.
B. Sali'q obiekti.
D. Sali'q stavkasi'.
E. Sali'q.

**29. Fizikali'q ta'rep esaplanatug'i'n sali'q to'lewshi qaysi' juwapta keltirilgen?**
A. Ayaq-kiyim islep shi'g'ari'wshi' jeke firma.
B. Un islep shi'g'ari'wshi' zavod.
D. Baspaxana jumi'sshi'si'.
E. Barli'q sali'q to'lewshiler.

**30. Yuridikali'q ta'rep esaplang'an sali'q to'lewshiler qaysi' juwapta keltirilgen?**
A. Ayaq-kiyim islep shi'g'ari'wshi' jeke firma.
B. Oqi'ti'wshi'.
D. Baspaxana jumi'sshi'si'.
E. Barli'q sali'q to'lewshiler.

**31. Qaysi' juwapta sali'q to'lewshinin' minnetlerinen birewi keltirilgen?**
A. Ma'mleket ta'repinen belgilengen sali'q jen'illiklerinen paydalani'w.
B. Sali'qlardi'n' belgilengen mug'dari'n wo'z waqti'nda to'lew.
D. Wo'zinin' toli'q to'lewshi yesabi'nda huqi'qlari' buzi'lg'anda tiyisli jerlerge arza beriw.
E. Sali'q organlari'nan sali'qtan qari'zi' bar yamasa joq ekenligi haqqi'nda mag'luwmat ali'w.

**32. Sali'q obiektinin' ha'r bir birligi ushi'n ma'mleket ta'repinen belgilep qoyi'lg'an norma?**
A. Sali'q.
B. Sali'q stavkasi'.
D. Sali'q obiekti.
E. Sali'q subiekti.

**33. Bir puqara wo'zinin' 300 birlik da'ramati'nan 36 birlik, yekinshi puqara 440 birlik da'ramati'nan 44 birlik da'ramat sali'g'i'n to'ledi. Bularg'a tiy-karlang'an da'ramat sali'g'i' stavkasi' qanday?**
A. Proportsional.
B. Progressiv.
D. Regressiv.
E. Duri's juwap berilmegen.

**34. Bazarda tovarg'a bolg'an talap mug'dari'ni'n' usi'ni's mug'dari'na ten' bolgandag'i' bahasi'….**
A. tovardi'n' turaqli' bahasi'
B. tovardi'n' haqi;yqi'y bahasi'
D. tovardi'n' yyerkin bahasi'
E. tovardi'n' bazar bahasi'



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# GEYPARA EKONOMIKALIQ ATAMALAR SO'ZLIGI

A

**Almasi'w** – bir wo'nimdi sati'w yaki sati'p ali'w yamasa basqasi'na almasti'ri'w.

**Aralas yekonomika** — bazar yekonomikasi' ha'm woraylasqan jobali' yekonomikani'n' maqul ta'replerin wo'zinde ja'mlegen zamanago'y yekonomikali'q sistema.

**Alternativ imkaniyat —** birewin tan'lag'anda basqasi'nan bas tarti'latug'i'n imkaniyat.

**Amanat** — qarji'ni' toplaw ha'm ko'beytiw maqsetinde belgili bir u'steme haqi' — protsent yesabi'nan bankke qoyi'w.

**Amanat procsenti** — amanatqa tapsi'ri'lg'an pul qarji'si'nan paydalang'anli'g'i' ushi'n to'lenetug'i'n haqi'.

**«Ali'w-sati'w» protsessi –** tovar ha'm xi'zmetler pulg'a, al, pul bolsa tovar ha'm xi'zmetlerge almasti'ri'latug'i'n protsess.

**Aymaqli'q qa'nigelesiw** — sharayat, da'stu'rler, jergilikli imkaniyatlar sebepli pu'tkil bir aymaq wo'nimnin' qanday da bir tu'rin islep shi'g'ari'wg'a bey-imlesiwi.

**Aylanba sali'q** — puqaralar ta'repinen tuwri'dan-tuwri' ma'mleketke yemes, al, yen' da'slep tovarlardi' sati'wshi' ka'rxanalarg'a to'lenetug'i'n, son' bolsa ka'rxana ta'repinen ma'mleketke wo'tkeriletug'i'n sali'q.

**Ayli'q is haqi'** — jumi'sshi'g'a bir ay dawami'ndag'i' miyneti ushi'n qatan' belgilengen pul mug'dari'.

B

**Bir-birinin' worni'n basatug'i'n tovarlar** — birdey talaplardi' qanaatlandi'rwg'a mo'lsherlengen tovarlar jubi'.

**Bir-birinin' worni'n tolti'ri'wshi' tovarlar** — birgelikte paydalani'wg'a mo'lsherlengen tovarlar jubi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Bayli'q** — adamni'n' barli'q insaniy ha'm maretialli'q kapitallari'ni'n' ji'yi'ndi'si'.

**Bazar** — qari'ydar ha'm sati'wshi'lardi'n' «ali'w-sati'w» protsessin a'melge asi'ratug'i'n, ushi'rasatug'i'n worni'.

**Bazar infrastrukturasi'** — bazardi'n' wazi'ypalari'n a'melge asi'ri'wda tikkeley qatnaspastan, wog'an ja'rdem beretug'i'n, xi'zmet ko'rsetiwshi ka'rxa-na, sho'lkem ha'm ma'kemeler.

**Bazar yekonomikasi'** — jeke mu'lkshilikke tiykarlang'an, barli'q ekono-mikali'q sheshimler bazar mexanizmi ja'rdeminde ani'qlana-tug'i'n yekonomikali'q sistema.

**Bazar qatnasi'wshi'lari'** — ma'mleket, islep shi'g'ari'wshi'lar ha'm xojali'qlar.

**Ba'seki** — yekonomikada iskerlik ko'rsetiwshi ta'repler ma'plerinin' bir-birine qarsi'lasi'wi'nan ju'zege keletug'i'n wo'z-ara gu'res.

**Byudjetten ajirati'lg'an subsidiya** — ma'mleket ta'repinen ani'q maqsetler ushi'n byudjet yesabi'nan beriletug'i'n pul qarji'lari'.

D

**Da'ramat** — adamni'n' (shan'araqti'n') belgili bir waqi't ishinde islep tapqan yamasa qolg'a kirgizgen barli'q materialli'q ha'm pul tu'simleri.

**Da'stu'riy yekonomika** — yekonomikani'n' tiykarg'i' sorawlari'na ja'miyettegi da'stu'rlerge tiykarlani'p juwap beretug'i'n yekonomikali'q sistema.

**Dividend** — aktsiya yesabi'nan beriletug'i'n da'ramat.

E

**Yerkin qa'rejetler** — birinshi na'wbette za'ru'r bolmag'an za'ru'rlikler ushi'n qa'rejetler.

**Yekonomika** — insanni'n' turmi's keshiriwi ushi'n za'ru'r o'nimlerdi jarati'wg'a qarati'lg'an xojali'q ju'rgiziwshi sistema.

**Yekonomikali'q sistema** — ja'miyet (ma'mleket) tin' yekonomikali'q turmi'sti' sho'lkemlestiriw formasi' (mexanizmi).

**Ekonomikani'n' quram bo'lekleri** — ta'biyat, adamlar ha'm adamlar ta'repinen jarati'lg'an barli'q na'rseler.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**F**

**Fond birjalari’** — qi’mbat bahali’ qag’azlar ali’p-sati’w menen shug’i’llani’wshi’ da’ldalshi’ sho’lkem.

**Finans bazari’** — pul ha’m bahali’ qag’azlar “ali’w-sati’w” protsessleri a’melge asi’ri’latug’i’n bazar.

**Fizikali’q ta’rep** — O’zbekistan Respublikasi’ puqaralari’,, shet el puqaralari’ ha’m puqarali’g’i’ bolmag’an adamlar.

**X**

**Xi’zmetler** — materialli’q na’rse jaratpaytug’i’n, na’tiyjesi za’ru’rliklerdi qanaatlandi’ratug’i’n yekonomikali’q iskerlik.

**i**

**ijara haqi’ (renta)** — birewdin’ mu’lkinen paydalang’ani’ ushi’n to’lenetug’i’n haqi’.

**ijara (lizing) to’lemi** — ijarashi’ (lizing ali’wshi’) du’zilgen ijara (lizing), sha’rtnamasi’ tiykari’nda ijarag’a beriwshige (lizing beriwshige) to’leytug’i’n summa.

**insan kapitali’** — adamni’n’ aqi’l-oyi’, bilimi, zeyini, ku’sh-quwati’, is ta’jiriybesi, mamanli’g’i’, ka’siplik sheberligi, mu’mkinshiligi, salamatli’g’i’ ha’m ruwxi’y du’nyasi’.

**intellektual tovarlar bazari’** — aqi’l miynetinin’ wo’nimi bolg’an tovarlardi’n’ «ali’p-sati’w» protsessi a’melge asi’ri’latug’i’n bazar.

**investitsiya (qarji’landi’ri’w)** — qarji’ni’ o’ndiristi rawajlandi’ri’wg’a ha’m ken’eytiwge jumsaw.

**is haqi’** — ka’rxana ta’repinen jallani’p islep ati’rg’an xi’zmetkerge ori’nlang’an jumi’si’ ushi’n to’lenetug’i’n pul.

**isbiler menlik** — adamlardi’n’ yekonomikali’q sheshim qabi’llawi’ menen baylani’sli’ tovar ha’m xi’zmetler islep shi’g’ari’w iskerligi.

**isbilermenlik paydasi’** — isbilermenlik xi’zmeti na’tiyjesinde qolg’a kirgiziletug’i’n da’ramat.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**inflyatsiya** — ma'mlekettegi wortasha ni'rqti'n' toqtamastan ko'terilip bari'wi'.

**islep shi'g'ari'wshi'lar** — tovar ha'm xi'zmetlerdi isleytug'i'n ka'rxanalar.

J

**Jalpi' da'ramat** — firmag'a tovardi' sati'wdan tu'sken pul tu'simi.

**Jeke mu'lk** — bo'lip ali'ng'an adamg'a yamasa adamlarg'a tiyisli mal-mu'lk.

**Jeke za'ru'rlikler** — bo'lip ali'ng'an adamg'a g'ana tiyisli bolg'an za'ru'rlikler.

K

**Kapital resurslar** — insan ta'repinen islengen ha'm basqa wo'nimler tu'rlerin islewde qatnasatug'i'n resurslar.

**Kelisimli tan'law** — bir waqi'tti'n' wo'zinde bir neshe imkaniyatlardan az-azdan paydalani'w.

Q

**Qi'tshi'l bazar** — tovardi'n' bazardag'i' usi'ni's mug'dari'ni'n' wog'an degen talap mug'dari'nan to'men bolg'an bazar.

**Qamsi'zlandi'ri'w** — ha'r tu'rli ku'tilmegen jag'daylar keltirip shi'g'ari'wi' mu'mkin bolg'an finansli'q mashqalalardan qorg'aw.

**Qari'ydar** — bazarda puli'n tovarg'a almasatug'i'n, yag'ni'y tovardi' sati'p alatug'i'n ta'rep.

**Qi'mbat bahali' qag'azlar —** belgili mug'dardag'i' qarji'g'a yamasa mu'lkke iyelik etiwdi, yaki olarg'a mu'na'sibetti tasti'yi'qlawshi' arnawli' pul ko'rinisindegi hu'jjet.

**Qa'nigelesiw** — qanday da bir wo'nim tu'rin islep shi'g'ari'w boyi'nsha ka'rxanalar arasi'ndag'i' miynet bo'listiriliwi.

M

**Ma'jbu'riy qa'rejetler** — ku'ndelikli turmi'sta wolarsi'z jasap bolmaytug'i'n qa'rejetler.

**Materialli'q kapital** — toplang'an da'ramatlardi'n' materialli'q mu'lkke aylang'an bo'legi ha'm pul qarji'lari'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Ma’mleketlik mu’lk** — ma’mleket, ka’rxana ha’m sho’lkemlerge tiyisli mal-mu’lk.

**Menshiklestiriw** — ma’mleket mu’lkin jeke mu’lkke aylandi’ri’w protsessi.

**Miynet bazari’** — jumi’sshi’ ku’shi «ali’w-sati’w» protsessleri amelge asatug’i’n bazar.

**Miynet resurslari’** — miynet etiwge jaramli’ adamlar, wolardi’n’ bilimi, is ta’jiriybesi ha’m sheberligi.

**Miynet birjasi’** — ka’rxanalar ha’m jumi’s izlep ju’rgen adamlar arasi’nda da’ldalshi’li’q xi’zmetin atqaratug’i’n sho’lkem.

**Miynettin’ bo’listiriliwi** — wo’nim islep shi’g’ari’w protsessin jumi’sshi’lar arasi’nda jumi’sti’ bo’listiriw tiykari’nda sho’lkemlestiriw.

**Miynet is haqi’** — jumi’sshi’g’a tayarlag’an wo’nimnin’ mug’dari’na qarap to’lenetug’i’n pul mug’dari’.

**Miynet wo’nimdarli’g’i’** — resurs birliginen paydalani’p, islep shi’g’ari’lg’an wo’nimnin’ mug’dari’.

**Monopoliya** — belgili bir tovar tu’ri jeke islep shi’g’ari’wshi’ yaki sati’wshi’ ta’repinen sati’latug’i’n, basqa sati’wshi’lardi’n’ kiriwi ju’da’ qi’yi’n bolg’an bazar.

**Mu’lk** — adamlar ta’repinen o’zlestirilgen ha’m iyelik yetiwi mu’mkin bolg’an barli’q na’rseler.

**Mu’lk iyesi** — mu’lkke iyelik yetetug’i’n jeke adam.

N

**Ni’rqlar qatnasi’wi’si’z ba’seki** — tovar ni’rqi’n wo’zgertpesten, woni’n’ sapasi’n jaqsi’law, reklamani’ ku’sheytiw si’yaqli’ faktorlar arqali’ ba’sekileslerge ta’sir ko’rsetiw.

**Nesiye** — qanday da bir bahali’ tovar ushi’n to’lewdi keshiktirip sati’p ali’w.

**Natsionalizatsiya** — jeke mu’lkti ma’mleket mu’lkine aylandi’ri’w protsessi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Nominal da'ramat** — da'ramatlardi'n' pul tu'rindegi ko'rinisi.

**Normal tovarlar** — xali'q da'ramatlari'ni'n' arti'wi' menen talap ku'sheyetug'i'n tovarlar.

**Ni'rq** — bir birlik tovar yaki xi'zmet ushi'n qari'ydar to'lewge, sati'wshi' bolsa woni' sati'wg'a razi' bolatug'i'n pul mug'dari'.

**Ni'rqlar arqali' ba'seki** — tovar ni'rqi'n tu'siriw yaki ko'teriw arqali' ba'sekileslerge ta'sir ko'rsetiw.

O

**Oligopoliya** — bir neshe iri ka'rxana ha'm firmalardi'n' monopoliyasi'nan ibarat bazar.

P

**Pul** — wo'nim ha'm xi'zmetler ushi'n to'lewdi a'melge asi'ri'wg'a mo'lsherlengen universal almasi'w qurali'.

**Protsent** — ha'r qanday tu'rdegi qari'z talaplari'nan ali'ng'an da'ramat, atap aytqanda, obligatsiyalar ha'm basqa qi'mbat bahali' qag'azlar, sonday-aq, depozit yesap betleri ha'm basqa qari'z minnetlerinen ali'ng'an da'ramat.

R

**Ratsionalli'q** — qanday da bir resurstan u'nemli paydalani'w qa'siyeti.

**Real da'ramat** — da'ramatti'n' qa'dir-qi'mbati', yag'ni'y tovar ha'm xi'zmetlerdi sati'p ali'w quwati'n ani'qlawshi' shama.

**Reklama** — tuti'ni'wshi'larg'a tovar haqqi'nda mag'luwmat beriw menen wolardi'n' tovarg'a bolg'an talabi'n ku'sheytiwge qarati'lg'an u'git-na'siyat ilaji' (reklama so'zi lati'nsha jar sali'w, shaqi'ri'q degen ma'nisti an'latadi').

**Resurslar** — insan za'ru'rliklerin qanaatlandi'ri'w ushi'n kerek bolatug'i'n barli'q na'rseler.

S

**Sotsialli'q za'ru'rlikler** — adamlardi'n' birge, birgelikte turmi's keshiriwi menen baylani'sli', birlesip qanaatlandi'ratug'i'n uli'wmali'q za'ru'r-likleri.

**Sati'wshi'** — bazarda tovarlardi' pulg'a almasti'ratug'i'n, yag'ni'y tovardi' satatug'i'n ta'rep.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Sali'q** — puqara, firma ha'm ma'kemelerden ma'mleket g'a'ziynesine wo'ndiriletug'i'n, ni'zamda ko'rsetilgen ma'jbu'riy to'lem.

**Sali'q qatnasi'qlari'ni'n' subiektleri** — sali'q to'lewshiler ha'm wa'killikke iye organlar.

**Sali'q sali'w obiekti** — sali'q to'lewi kerek bolg'an (to'leniwi tiyis bolg'an) da'ramat, mal-mu'lk yamasa tovar.

**Sali'q stavkasi'** — sali'q obiektinin' ha'r bir birligi ushi'n ma'mleket ta'repinen belgilep qoyi'lg'an norma.

**Sali'q to'lewshiler** — sali'qlar ha'm basqa ma'jbu'riy to'lemlerdi a'melge asi'ri'w minnetin alg'an ha'r bir fizikali'q ha'm yuridikali'q ta'rep.

**T**

**Taza payda** — paydani'n' sali'qlardi' to'legennen keyingi qalg'an bo'legi.

**Taza ba'seki bazari'** — ani'q bir tovar tu'ri ju'da' ko'p sati'wshi'lar ta'repinen sati'latug'i'n, basqa sati'wshi'lardi'n' kiriwi an'sat, ni'rqlar yerkin bolg'an bazar.

**Talap** — tovardi'n' ni'rqi' ha'm mug'dari' arasi'ndag'i' qatnas boli'p, qari'ydarlardi'n' belgili bir waqi't dawami'nda tovardi' ha'r tu'rli ni'rqlarda, qanshadan sati'p ali'w imkaniyatlari'n ani'qlaydi'.

**Talap mug'dari'** — qari'ydarlardi'n' belgili bir waqi't dawami'nda belgili ni'rqta sati'p ali'wi' mu'mkin bolg'an tovar mug'dari'.

**Talap si'zi'g'i'** — talapti'n' tegisliktegi grafikali'q ko'rinisi.

**Tan'law** — sheklengen resurslardan paydalani'w imkaniyatlari' arasi'nan birewin tan'law.

**Tan'lawdi'n' alternativ quni'** — tan'law na'tiyjesinde bas tarti'lg'an, yen' u'lken payda beretug'i'n imkaniyat.

**Texnologiya** — wo'nimdi islep shi'g'ari'wda qaysi' resurslardan qalay paydalani'w, qanday usi'l ha'm izbe-izlikte islep beriw jol-jori'g'i'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Ta’biyiy resurslar** — tovar ha’m xi’zmetlerdi islep shi’g’ari’wda tikkeley qollani’latug’i’n ta’biyatti’n’ barli’q bayli’qlari’.

**Turaqli’ mug’dar** — tovardi’n’ bazardag’i’ turaqli’ ni’rqi’na sa’ykes talap (yaki usi’ni’s) mug’dari’.

**Tovar** — almasi’w maqsetinde islep shi’g’ari’lg’an wo’nim.

**Tovar birjasi’** — tovarlardi’ u’lken-u’lken ko’lemde, ko’tere sati’p ali’w ha’m sati’wdi’ uyi’mlasti’ratug’i’n da’ldalshi’ sho’lkem.

**Tovardi’n’ bazar (turaqli’) ni’rqi’** — bazarda tovarg’a bolg’an talap mug’dari’ni’n’ usi’ni’s mug’dari’na ten’ bolg’andag’i’ ni’rqi’.

**Tovardi’n’ shtrix-kodi’** — tovar haqqi’ndag’i’ mag’luwmatlardi’ tovardi’n’ jarli’g’i’nda sa’wlelendiriliwshi si’zi’qlar da’stesi ha’m tsifrlar izbe-izliginen ibarat arnawli’ belgi.

**Toyi’ng’an bazar** — tovardi’n’ bazar usi’ni’si’ mug’dari’ni’n’ wog’an degen talap mug’dari’nan joqari’ bolg’an bazar.

**To’men da’rejeli tovarlar** — xali’q da’ramatlari’ni’n’ arti’wi’ menen talap kemeyetug’i’n tovarlar.

**Tuti’ni’w krediti** — qanday da bir qi’mbat bahali’ tovardi’ sati’p ali’w ushi’n bankten ali’ng’an qari’z.

**Tuti’ni’w tovarlari’ bazari’** — xali’q, xojali’qlardi’n’ za’ru’rlikleri ushi’n za’ru’r tovar ha’m xi’zmetler sati’latug’i’n bazar.

**Tuti’ni’wshi’lar** — islengen tovar ha’m xi’zmetlerdi tikkeley tuti’ni’wshi’ yaki wolardan paydalani’wshi’lar.

**Toplaw** — keleshektegi za’ru’rlikti qanaatlandi’ri’w ushi’n toplanatug’i’n pul.

**Usi’ni’s** — sati’wshi’lardi’n’ belgili bir waqi’t dawami’nda tovardi’ ha’r tu’rli ni’rqlarda qansha mug’darda sati’w mu’mkinligi haqqi’ndag’i’ tilek ha’m imkaniyatlari’n ani’qlaydi’. U

**Usi’ni’s si’zi’g’i’** — usi’ni’sti’n’ tegisliktegi grafikali’q ko’rinisi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Usi'ni's mug'dari'** — sati'wshi'lardi'n' belgili bir waqi't dawami'nda belgili bir ni'rqta sati'wi' mu'mkin bolg'an tovar mug'dari'.

W

**Waqi'tli' is haqi'** — jumi'sshi'g'a islegen waqti'ni'n' mug'dari'na qarap to'lenetug'i'n pul mug'dari'.

**Woraylasqan jobali' yekonomika** — derlik barli'q wo'ndiris quralları' ma'mleket qaramag'i'nda boli'p, yekonomikali'q sheshimler woraylasqan halda ma'mleket ta'repinen qabi'l etiletug'i'n ha'm joba boyi'nsha a'melge asi'ri'latug'i'n yekonomikali'q sistema.

**Wo'ndiris** — za'ru'rliklerdi qanaatlandi'ri'w ushi'n za'ru'r o'nimlerdi islep shi'g'ari'w.

**Wo'ndiris qurallari' bazari'** — ka'rxana ha'm firmalar za'ru'rlilkleri ushi'n za'ru'r tovar ha'm xi'zmetler sati'latug'i'n bazar.

**Wo'nim** — insan miynetinin', yekonomikali'q iskerliginin' jemisi.

**Wo'z-ara baylani'sli' tovarlar** — birewinin' ni'rqi' wo'zgeriwi yekinshisine baylani'sli' bolg'an talapti'n' wo'zgeriwine ali'p keletug'i'n tovarlar jubi'.

Z

**Za'ru'rlikler** — insanni'n' belgili bir sharayatta jasawi' ha'm wo'sip-wo'niwi ushi'n za'ru'r bolg'an na'rselerge mu'ta'jligi.

Sh

**Shan'araq byudjeti** — shan'araqti'n' belgili bir da'wirge jobalasti'rg'an da'ramat da'rekleri ha'm qa'rejetleri esap-kitabi'.

**Sheklengenlik mashqalasi'** — resurslardi'n' jetkilikli da'rejede bolmawi'.

Y

**Yuridikali'q ta'rep** — O'zbekistan Respublikasi'ni'n' ni'zamlari'na muwapi'q sho'lkemlestirilgen, wo'z mu'lki menen sudta dawager ha'm juwapker bola alatug'i'n ma'keme.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## TA’KIRARLAW USHIN BERILGEN TEST HA’M TAPSIRMALARDIN’ JUWAPLARI:

### I bapti’ ta’kirarlaw ushi’n test ha’m tapsi’rmalardi’n’ juwabi’:

**B. Atamalar ha’m talqi’lawlar.**

| Atama nomeri | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Juwabi’ | ä | ç | á | æ | a | å | ã | â | è | ê | ì | í | ë |

**D-Teñòòåð**

| Atama nomeri | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Juwabi’ | D | B | E | B | E | E | D | B | A | B |

### II bapti’ ta’kirarlaw ushi’n test ha’m tapsi’rmalardi’n’ juwabi’:

**B. Atamalar ha’m talqi’lawlar.**

| Atama nomeri | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Juwabi’ | e | b | g | f | a | l | j | k | i | h | d | m |

**D-Testler**

| Testler | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Æîîáó | B | B | E | E | E | D | B | B | B | E | E | B |

### III bapti’ ta’kirarlaw ushi’n test ha’m tapsi’rmalardi’n’ juwabi’:

**B. Atamalar ha’m talqi’lawlar.**

| Atama nomeri | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Juwabi’ | f | h | a | b | g | d | e |

**D-Testler**

| Testler | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Juwabi’ | B | E | E | E | E | B | D | B | B | D | E |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## IV bapti' ta'kirarlaw ushi'n test ha'm tapsi'rmalardi'n' juwabi':

### B. Atamalar ha'm talqi'lawlar.

| Atama nomeri | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Juwabi' | e | b | f | a | g | h | i | d | j |

### D-Testler

| Testler | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Juwabi' | E | E | E | A | A | D | E | D | E | D |

## V bapti' ta'kirarlaw ushi'n test ha'm tapsi'rmalardi'n' juwabi':

### B. Atamalar ha'm talqi'lawlar.

| Atama nomeri | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Juwabi' | b | j | g | i | a | e | h | f | d |

### D-Testler

| Testler | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Juwabi' | D | D | D | D | A | E | A | B | D | E | D | D | D | D | A | D |

## VI bapti' ta'kirarlaw ushi'n test ha'm tapsi'rmalardi'n' juwabi':

### B. Atamalar ha'm talqi'lawlar.

| Atama nomeri | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Juwabi' | f | d | b | h | a | e | j | g | i |

### D-Testler

| Testler | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Juwabi' | B | E | B | D | D | A | E | D | B | E | E | A | E | D | E |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**S32** Sariqov Ergashvoy Sotvoldiyevich.
**Ekonomikali'q bilim tiykarlari':** Uli'wma orta bilim beretug'i'n mekteplerinin' 8-klasi' ushi'n sabaqli'q /E.S.Sariqov, B.Q.Haydarov. — T.:«O'zbekiston milliy ensiklopediyasi» Ma'mleketlik ilimiy baspasi', 2014—160 b.

I. Muallifdosh
ISBN 978-9943-07-299-2

**UO'K 37.015.6(075)**
**KBK 65.01ya721**

Sariqov Ergashvoy Sotvoldiyevich
Haydarov Bahodir Qayumovich

# IQTISODIY BILIM ASOSLARI

**8-sinf uchun darslik**

*Qoraqalpoq tilida*

*Qayta ishlangan va to'ldirilgan 3-nashri*

«O'zbekiston milliy ensiklopediyasi» Davlat ilmiy nashriyoti, 2014.
Toshkent-129, Navoiy ko'chasi 30-uy.

Original-maket "Huquq va Jamiyat" nashriyoti tomonidan tayyorlandi.

| | |
|---|---|
| Redaktor | A. Zulpixarov |
| Tex. redaktor | M. Sadirov |
| Bosh dizayner | H. Sariqov |
| Operator | S. Quchqarova |

Litsenziya AI №160, 14.08.2009 yil.
Basi'wg'a ruxsat etildi 21.07.2014-j. Formati' $70\times90^{1}/_{16}$. Tayms garniturasi'. Kegli 11 shponli'. Ofset usi'li'nda basi'ldi'. 11,7 sha'rtli baspa tabaq. 10,94 esap baspa tabaq.
Nusqasi' 8688 dana. Buyi'rtpa 14-265.

O'zbekstan Baspaso'z ha'm xabar agentliginin'
«O'zbekiston» baspa-poligrafiyali'q do'retiwshilik u'yinde basi'ldi'.
Tashkent-129, Nawayi' ko'shesi, 30-u'y.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## ijarag'a berilgen sabaqli'q jag'dayi'n ko'rsetetug'i'n keste

| T/s | Oqi'wshi'-ni'n' ati', a'kesinin' ati' | Oqi'w ji'li' | Sabaqli'qti'n' ali'ng'an-dag'i' jag'dayi' | Klass basshi'-si'ni'n' qoli' | Sabaqli'qti'n' tapsi'ri'lg'an-dag'i' jag'dayi' | Klass basshi'-si'ni'n' qoli' |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |

## Sabaqli'q ijarag'a berilip, oqi'w ji'li' aqi'ri'nda qaytari'p ali'ng'anda joqari'dag'i' keste klass basshi'si' ta'repinen to'mendegi bahalaw o'lshemlerine tiykarlani'p tolti'ri'ladi'

| | |
|---|---|
| Jan'a | Sabaqli'qti'n' birinshi ret paydalani'wg'a berilgendegi jag'dayi'. |
| Jaqsi' | Muqabasi' pu'tin, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'liminen aji'ralmag'an. Barli'q betleri bar. Ji'rti'lmag'an, betleri almasti'ri'lmag'an, betlerinde jazi'w ha'm si'zi'qlar joq. |
| Qanaat-landi'-rarli' | Muqaba jelingen, bir qansha si'zi'li'p, shetleri qayri'lg'an, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'liminen ali'ni'p qali'w jag'dayi' bar, paydalani'wshi' ta'repinen qanaatlanarli' qa'lpine keltirilgen. Ali'ng'an betleri qayta jelimlengen, ayi'ri'm betlerine si'zi'lg'an. |
| Qanaat-landi'-rarsi'z | Muqabag'a si'zi'lg'an, ji'rti'lg'an, tiykarg'i' bo'limnen aji'ralg'an yamasa pu'tkilley joq, qanaatlanarsi'z islengen. Betleri ji'rti'lg'an, betleri toli'q yemes, si'zi'p, boyap taslang'an. Sabaqli'qti' qayta tiklew mu'mkin yemes. |

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE